**Джон Стотт**
ШІОШЪХЪУНЫГЪЭМ ЫЛЪАПС

Джон Стотт

# ШІОШЪХЪУНЫГЪЭМ ЫЛЪАПС

СВЕТ НА
ВОСТОКЕ

Originally published by
Inter Varsity Press as BASIC CHRISTIANITY
by John Stott © 1958 John Stott

Copyright © 2003 by «Light in the East»

«Основание Христианства» на адыгейском языке
© 2003 «Свет на Востоке»

# Дэтхэр

**Пэубл**

1. ЕкIолIэкIэ тэрэзыр .................................... 11

**Апэрэ Iахь. Христос ицIыф гъэпсыкI**

2. Христос зылIэужыгъор – Ежь къызэриIуагъэмкIэ .. 21
3. Христос ишэн гъэпсыкI .................................... 37
4. Христос лIагъэхэм къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэр ... 49

**ЯтIонорэ Iахь. ЦIыфыр зыфэныкъор**

5. ПсэкIодыр зэрэщыIэри ыкIи ар зылIэужыгъори ... 67
6. ПсэкIодым къыхэкIырэр .................................... 78

**Ящэнэрэ Iахь. Христос къытфигъэхъагъэр**

7. Христос илIакI .................................... 91
8. Христос тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьыгъэр .... 111

**ЯплIэнэрэ Iахь. ЦIыфым иджэуап**

9. ЫIуасэ къэплъытэзэ .................................... 121
10. Ипхъухьащтым укъекIуалIэзэ .................................... 136
11. Христианэу ущытыныр .................................... 147

# Пэубл

«Чылысыр агъэпыи, ау Исус Христос фэдэгъух». Мыщ фэдэ гущыIэхэр непэ цIыфыбэмэ, анахьэу ныбжьыкIэмэ, къяпIолIэн плъэкIыщт.

Ау щытми, ахэм пыгъэзыкI ашIырэр чылысыр ары нахь Исус Христосэп.

Христиан шIошъхъуныгъэм лъапсэ фэзышIыгъэмрэ чылысэу Ащ ыгъэпсыгъэм непэ изытетрэ зэмыкIуныгъэу азыфагу илъхэр алъэгъушъ ары, ахэм агухэм римыхьыхэрэр ыкIи агухэр зыкIэчъыIэхэр. Ау Ежь Исус Христоси, Ащ цIыфхэр зыфигъасэхэрэми джыри тилъэхъан узIэпамыщэнэу щытэп. ПIопэн зыхъукIэ, щыIэкIэ шапхъэу щыIагъэхэм Ар Ежьыри ишъыпкъэу апэуцужьыщтыгъэ, игущыIэ зырызхэми щыIэныгъэр зэзыхъокIырэ мэхьанэ яIагъ. Нафэ къызэрэхъурэмкIэ, Ащ игухэлъ лъапIэхэр зэщымыкъохэу къэнэжьыщтыгъэх. Тыдэ кIуагъэми, Ащ шIулъэгъумрэ мамырымрэ янурэ къыпыкIыщтыгъэ. Ащ къыхэбгъэхъон фае – Тхьэм игущыIэхэу къыIощтыгъэхэм атефэу Ежь сыдигъокIи псэущтыгъэ.

Ау Исус шъыпкъэ дэдэу дунаим тетыгъа?

Джыри христиан шIошъхъуныгъэр алэжьэу алъытэу унагъуабэхэр щыIэх. Ау къин чъыпIэ хафэхэ зыхъукIэ, мэхьанэ куу дэдэ зиIэ чIыпIэхэу шIошъхъуныгъэм къыхафэхэрэр зэхафынэу ашIоигъоп. Ащ ычIыпIэ шIошъхъуныгъэ Iофхэр IэкIыб ашIы нахь ашIопсынкIэшъ.

Нэбгырэ пчъагъэхэри христиан шIошъхъуныгъэм пэчыжьэу къэтэджых, е тхьэ пчъагъэхэм афэлажьэх, е Тхьэр щымыIэу алъытэ.

Ау адрэхэми мыдрэхэми, Исус ехьылIагъэхэм яджэхэ зыхъукIэ алъэгъу, аущтэу къодыекIэ щыбгъэзыен умылъэкIынэу уфэзыкъудыйрэ нэшанэхэр Ащ зэрэхэлъхэр.

Щэч хэмылъэу Ар дунаим тетыгъ. Христиан тхакIохэми, нэмыкI тхакIохэми ар къаушыхьатыжьыгъ.

Ар Тхьэу ыкIи цIыфэу щытыгъ. Ащ цIыфым ыIэпкълъэпкъ иIагъ, цIыфым изэхэшIыкIыныгъэхэр иIагъэх.

Назарет щыщ пхъашIэр Тхьэм Ыкъо закъоу зэрэщытым-

кӀэ, умыгъэшӀэгъон умылъэкӀын шӀошъхъуныгъэу христианмэ яӀэр, къэзыгъэшъыпкъэн шыхьат горэ щыӀа?

Ары – пстэуми лъапсэ афэхъурэ упчӀэр. Ащ ушъхьарыкӀын плъэкӀыщтэп. Зафагъэ пхэлъын фае. Исус цӀыф пкъынэ-лынэ зиӀэ Тхьэу щымытыгъэмэ, ащыгъум христиан шӀошъхъуныгъэр щымыӀэжьэу плъытэн фае.

Ау Исус Тхьэ гъэпсыкӀэ зэриӀэр къэзыгъэшъыпкъэрэ шыхьатхэр щыӀэх. Исус Христос Ежь зыфихьыжьэу зимыгъэинэу къыӀогъагъэхэр зыми ебгъэпшэн умылъэкӀын шэнэу хэлъыгъэр. Ежь ыкӀуачӀэрэ, ишъырытыгъэрэ, шӀокӀ зимыӀэ шъыпкъагъэу ыкӀи гукӀэгъу къабзэу хэлъыгъэр, сабыймэ зэрафэгумэкӀыщтыгъэр, пыдзы ашӀыгъэ цӀыфмэ шӀулъэгъоу афыриӀагъэр, ишӀугъэхэмкӀэ зэратекӀырэмрэ, ыпсэ цӀыфхэм афитынэу зэрэхьазырыгъэмрэ зэрэдунаеу щагъэшӀэгъуагъ. Анахьэу пшӀошъы зыгъэхъурэ шыхьатэу щыӀэр, Ар лӀагъэхэм къазэрэхэтэджыкӀыжьыгъэ шӀыкӀэр ары.

Исус Христос Тхьэм Ыкъоу тшӀошъы дгъэхъугъэмэ, Ащ иӀофшӀэн гъэпсыкӀэу иӀагъэр зэдгъэшӀэн фае. Сыд пае цӀыфмэ ядунаи къэкӀуагъа? КъэбарышӀум ащ джэуап къыреты: «ПсэкӀод зышӀэхэрэр мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэм пае Исус Христос мы дунаим къэкӀуагъ». Назарет щыщ Исус ары тэ, псэкӀодышӀэхэм, КъэгъэнэжьакӀоу тищыкӀагъэр. Къытфигъэгъунхэу тищыкӀагъ типсэкӀодхэу Тхьэм пэчыжьэ тызышӀыгъэхэр Тхьэ ЛӀапӀэм дэжь фэдгъэзэжьын фае. Лыящэу шӀу зызэрэтлъэгъужьырэр зыщыдгъэгъупшэнышъ, шӀу тызэрэлъэгъуным зыфэдгъэсэн фае, ныбджьэгъури пыйри тизэфэдэу. «УмыкӀодэу укъэнэжьыным» джары къикӀырэ шъыпкъэр. Джары Христос ихьадэгъукӀэ къытфыдихыгъэр.

Ащыгъум Тхьэм Ыкъоу – Исус, дунаир мыкӀодэу къыгъэнэжьынэу къызэрэкӀуагъэр тшӀошъы хъун закъор ара, христиан шӀошъхъуныгъэм лъапсэу фэхъурэр? Хьау. Тхьэ щытыкӀэ зыхэлъ НэбгырэмӀэрылъхьэ зыфэпшӀыныр, цӀыфхэр мыкӀодхэу къэгъэнэжьыгъэнхэ зэрящыкӀагъэр ыкӀи Христос ар иӀофэу зэрэщытым уеуцолӀэныр икъурэп. Христиан шӀошъхъуныгъэр – шӀошъхъуныгъэ закъоу щытэп, Ӏоф пшӀэнэуи ащ къекӀы. УишӀошъхъуныгъэ нафэу Ӏоф гъэцэкӀагъэкӀэ къэбгъэлъэгъон фае.

Адэ сыда пшIэн фаер? Ори, угуи, псэуи, лъэкIэуи уиIэри, уиуни, уигъашIи, зи къэмыгъанэу узэрэпсаоу Исус Христос ептыжьыпэн фае. ТымыкIодэу тыкъыгъэнэжьынэу къызэрэкIуагъэмкIэ цыхьэ фэтшIынышъ, ти-Зиусхьан Iэрылъхьэ зыфэтшIын фае. ЕтIанэ чылысым тыфэшъыпкъэу тыздэпсэухэрэмкIи пшъэдэкIыжь зиIэ цIыфхэм афэдэ тыхъунышъ, тичIыпIэ тиуцожьын фае.

Джары – христиан шIошъхъуныгъэм ылъапсэхэри, мы тхылъым къыIуатэрэри. Ау Исус Христос Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр къэзыушыхьатырэм тыфемыжьэзэ, ар зэбгъэшIэным екIолIэкIэ тэрэзэу иIэр къыгъэлъагъоу пэублэ шIыгъэн фае. Христианмэ Исус Христос Тхьэр къыхэбгъотэн плъэкIыщт аIо. Ащ имэхьанэ зэхэтфы зыхъукIэ, Ежь Тхьэр къызэрэтлъыхъоу, тэри Тхьэм тылъыхъун зэрэфаер зэхэтшIыкIымэ, ащ ишIуагъэ къытэкIын ылъэкIыщт.

## 1. ЕкIолIэкIэ тэрэзыр

«УблапIэм Тхьэр щыI...» Библием мы иапэрэ гущыIищ дунаир къызэригъэшIыгъэм ихъишъэ е Мусэ пегъымбарым иапэрэ тхылъэу «УблапI» зыфиIорэм язэгъэшIэн ипэублэ къодыехэу плъытэ хъущтэп. Библиер изэрэщытэу къызэрэдгурыIон фаем ахэр иIункIыбзэх. Библием къыIотэрэ шIошъхъуныгъэр – Тхьэр кIэщакIо зыфэхъугъэ шIошъхъуныгъэу зэрэщытыр ахэмэ къаIо.

Тхьэр ошIэ-дэмышIэу уубытын плъэкIыщтэп. Ащ ышIэщтыр къэпшIэн плъэкIыщтэп. Ар сыдигъуи апэ ешъы. Ар сыдигъуи ублапIэм щыI. ЦIыфыр зыщэмыIэми, Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ. Тхьэм лъыхъунэу цIыфым зимыгъэсысызэу, Тхьэр цIыфым лъыхъущтыгъэ. IапэкIэ лъыхъозэ, Тхьэм ыдэжь кIорэ цIыфыр арэп тэ Библием итлъагъорэр, зыIэ цIыфым къыфэзыщэйрэ Тхьэр ары нахь.

Бэмэ къащэхъу Тхьэр зи къымыIоу, чыжьэу щыIэ тахътэ горэм тесэу. Ащ фэдэ еплъыкIэм шъыпкъэ гори хэлъэп. Библием тэ Тхьэу къытигъэлъэгъурэр: цIыфыр шIункIымрэ псэкIод шIэнымрэ ахэтэу, Тхьэм зыфигъэзэнэу ыгу къихьаным джыри пэчыжьэзэ, Ар итахътэ къехышъ, щытхъур щегъэзыешъ, цIыфым лъэхъунэу еублэ ыкIи ар къегъотыфэ гупсэф иIэп.

А Iофхэу Тхьэм зэрихьэхэрэр пстэуми апшъэхэу пэублэ афэхъужьырэр бэмэ къахэщы. Ары къэгъэшIынымкIэ кIэщакIор. Ары дунэишхори, ащ тет пстэури къэзыгъэшIыгъэр. «УблапIэм дэжь Тхьэм уашъомрэ чIыгумрэ къыгъэшIыгъэх». Тхьэр ары Ежьыр зыфэдэр къаригъэлъэгъуным икIэщакIоу хъугъэр. Шэнэу ыкIи лъэкIэу иIэхэр цIыфхэм къафызэIуихыгъэх: «Пасэм Тхьэр пегъымбархэм ажэкIэ бэрэ ыкIи зэтефыгъэу тятэжъхэм къадэгущыIэщтыгъ. Ау мы уахътэм, мы дунаем иаужырэ дэдэ мафэхэм, Ыкъо ыжэкIэ тэ къыддэгущыIагъ. Тхьэм Iоф пстэури Ыкъо иIэхьышIоу хъунэу ыгъэнэфагъ, ащи дунаер къыригъэгъэхъугъ». Ежьыр къэгъэнэжьыным икIэщакIор: «Ау джы Тхьэм псэкIодым илъэкIыныгъэ шъукъыIэкIихыжьи, шъхьафит шъуишIыжьыгъ, Тхьэми пщылI шъуфэхъугъ. Ащ шIугъэу къыхэкIырэр гукъэбзагъэм

игъогу шъузэрэрыкIорэр ары, Iэхьышlоу къышъулъысыщтри мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары». (1 Мусэ 1:1; Еврей. 1:1; Рим 6:22; Лука 1:68).

Тхьэм къыгъэшIыщтыгъэ. Тхьэр къэгущыIэщтыгъэ. Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ. Джа лъэныкъо зэфэшъхьафищымкIи Тхьэр кIэщакIоу зэрэщытыгъэр пшIошIы зыгъэхъурэ еплъыкIэхэр арых, кIэкIэу къэпIощтмэ, Библием къыIотэрэ шIошъхъуныгъэм къикIырэр. Мы тхылъым тэ ятIонэрэ, ящэнэрэ еплъыкIэхэр арых щызэхэтфыщтыхэр, сыда пIомэ, христиан шIошъхъуныгъэр Исус Христос къыщырегъажьэ. Тхьэр къэгущыIэщтыгъэ ыкIи Iоф ышIэщтыгъэ. Тхьэм Iофэу ышIэщтыгъэмэ анахь IофышIоу Ащ ышIагъэр Исус Христос иIэмыркIэ дунаим ипсэкIодхэр зэрипщыныжьыгъэхэр ары.

Тхьэм Исус ХристоскIэ къэгущыIэщтыгъэ ыкIи Iоф ышIэщтыгъэ. Ащ Iоф горэхэр зэшIуихыгъэх. Ащ зыгорэхэр къыIуагъэх. Ащ къикIырэр – христиан шIошъхъуныгъэр Тхьэм фэгъэхьыгъэ псалъэ къодыеу щытэп. Ар КъэбарышIу – Паул къызэриIорэмкIэ, «А КъэбарышIур Ыкъо ехьылIагъ. Ар цIыфэу къэхъугъэу, пачъыхьэ Даутэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ. Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ Тхьэм Ыпсэ ЛIапIэ ар Тхьэм зэры-Къор лъэкIыныгъэкIэ къыгъэнэфагъ. Ежьыр ары Исус Христосэу ти-Зиусхьаныр». (Рим 1:1-4) Апэрэу ащ къикIырэр – Iофхэм афежьэнэу цIыфым къеджэу арэп, апэрэ дэдэу ащ къикIырэр – тэщ фэдэ цIыфхэм апае Тхьэм Исус ХристоскIэ ышIагъэр къеIуатэ.

**Тхьэр къэгущыIагъ**

Бэ дэдэ мэхъу цIыфым зэригъашIэ шIоигъор. Ащ изэхэшIыкI рэхьатыгъо къекIун ымылъэкIынэу гъэпсыгъэ. Ащ ымышIэрэм ренэу зыфегъазэшъ хаплъэ. КIочIэ мыух хэлъэу ар сыдигъуи шIэныгъэм лъэхъу. Ащ игъашIэ – шIэныгъакIэхэр зыщигъотырэ гъогу. ЦIыфыр ренэу мэупчIэ, еуплъэкIу, зэрегъашIэ, зэпеплъыхьэ. Сабый упчIэу «Сыда?» зыфиIорэр ащ ренэу къыIо зэпытыщт. Ау Тхьэм зызыфигъазэкIэ, цIыфым изэхэшIыкI зэщэкъо. ИзэхэшIыкIыныгъэхэм икуупIэхэм ащыIэо-лъаоу еублэ. Ар бгъэшIэгъонэуи щытэп, сыда

пIомэ Тхьэр – гъунэнчъ, тэ – зэгорэм дунаир тхъожьынэу тыкъэхъугъ ныIэп. Тхьэр – тэ икъоу зэхэтшIыкIын тлъэкIынэу тыщытэп. Джащ къыхэкIэу тэ тиакъыл нэмыкI шIэныгъэхэмкIэ къэтэшъхьапэми, мыщ дэжьым псынкIэу IэпыIэгъу къытфэхъущтэп. Тхьэм изэхэшIыкIэу гъунэ зимыIэм тиакъылкIэ тыхэхьан тлъэкIыщтэп. Ащ лъэое едзыгъэп, гъуни-нэзи зимыIэ хыдэкIыпIэ екIу ныIэп. «Тхьэм игупшысэ куухэр зэбгъэшIэнхэ плъэкIыщта?» – еупчIыгъэх Еюб. ПлъэкIыщтэп.

Джаущтэуи гъэшIэным щытыщтгъагъэ, Тхьэм зэкIэми апэу Iофыр къымыублэгъагъэмэ, хэкIыпIэ щыIэным пае. ЦIыфыр къэнэжьыщтыгъэ Понтий Пилат фэдэу къэупчIэу: «Шъыпкъагъэу зыфапIорэр сыда?», ау джэуапым ныбжьи кIэдэIукIыныеп, ар хэгъэкIыри, джэуапыр ыгъотынэуи щыгугъыныеп. ЦIыфым Тхьэм шъхьащэ фишIыщтгъагъэ, ар ишэн Iахьышъ, ау къурмэн шIыпIэу иIэ пстэуми атетхэгъэщтгъагъэ: «Тхьэу амышIэрэм пае...»

Ау Тхьэр къэгущыIагъ. Ащ Ежь-ежьырэу зыкъыгъэлъэгъонэу рихъухьагъ. Ащ игущыIэ шъхьэихыгъэу гъэпсыгъэ акъыл куу дэдэ хэлъ. ТэркIэ шъэфэу къэнэн ылъэкIыщтыгъагъэхэр Тхьэм тиакъылы къыфызэIуихыгъ. Ащ игущыIэ иIахьыгъохэр дунэим тыхаплъэмэ хэтэлъагъох.

*Тхьэм ищытхъу уашъохэм аIуатэ, ыIэхэмкIэ ыгъэпсыгъэхэри чIыгум нафэ къешIых. (Гугъэ орэдхэм 18:2).*

*Тхьэм ехъылIагъэу цIыфмэ ашIэшъущтыр ахэмкIэ нафэ, Тхьэм ар къафигъэнэфагъ. Сыда пIомэ Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу, ежь ищытыкIэу амылъэгъушъурэм Тхьэм къыгъэхъугъэхэмкIэ цIыфхэм нафэу гу лъатэн алъэкIы. ИщытыкIэ амылъэгъушъоу зыфасIорэр илъэкIыныгъэшхоу мыкIодыжьыщтри ары, ежьыр Тхьэу зэрэщытри ары. Арышъ, цIыфхэм зызэрагъэхыен зи щыIэп. (Рим 1:19-20).*

«Пстэуми» апаеу Тхьэм зыкъаригъэлъэгъугъэкIэ еджэх ащ. Тхьэм зыкъарегъэлъэгъу. Ау щытми ар икъоу къэIуагъэ хъурэп. Шъыпкъэ, дунаим тыхаплъэмэ, Тхьэр зэрэщыIэр, Ащ иIэшIагъэхэр Ащ илъэкI ыкIи ишъыпкъагъэ хэтэлъагъо. Ау Тхьэр зыфэдэр ишъыпкъапIэкIэ цIыфхэм ашIэ ашIои-

гъомэ, Тхьэм нахь игъэкIотыгъэуи, иIофхэмкIи зыкъаригъэлъэгъун фае. Тхьэм зыкъаригъэлъэгъу зыхъукIэ, ащ къыдиубытын фае Ащ икъэбзагъи, ишIулъэгъуи, псэкIодшIагъэхэр афигъэгъунхэмкIэ лъэкIэу иIэри. Тхьэр игуапэу ахэри къытитыгъэх. Ар – «зыфэдэ мыхъурэ» гурыIоныгъэу къытфызэIуихыгъэр ары, сыда пIомэ ар Тхьэм къыхихыгъэ цIыф лъэпкъым паеу щытыгъ. ЦIыфэу къыхихыгъэхэм Тхьэм зыкъаригъэлъэгъугъагъ къаригъэIоным пае ахэр. Ар Тхьэм «шIэгъо» къэгъэлъэгъуакIэкIэ зыкъызэраригъэлъэгъугъэ шIыкIэр ары.

Тхьэм Ежьым игущыIэхэр цIыфхэм агухэм къырилъхьэхи къыгъэгущыIагъэх, лъэкIэу иIэмкIэ зыкъаригъэшIагъ. Ар анахьэу къызщылъэгъуагъэр Исусрэ ыкIи Ащ иIофшIагъэхэмрэкIэ ары.

Ахэр къыдгурыIоным пае Библием къеIуатэ Тхьэм къыIощтыгъэр. ТэркIэ пстэуми анахь IэшIэхыр тызэдэгущыIэныр ары. ГущыIэхэмкIэ тэ тизэхэшIыкI къэтэгъэлъагъо. Ар анахьэу къызщышъыпкъэрэр Тхьэм тегупшысэ зыхъукIэ ары. Пегъымбарэу Исайас къызэриIорэмкIэ, уашъор чIыгум зэрэнахь лъагэм фэдизэу, Тхьэм игупшысэхэр тэ тигупшысэхэм анахь лъагэхэшъ, Ащ ахэмэ гущыIэ шъуашэ ащимылъэгъагъэмэ, тэ егъашIэми ахэр къыдгурыIонхэ тлъэкIыщтыгъагъэп. Арышъ, Исус Христос цIыфхэм адэжь къакIоу, «ГущыIэр цIыф хъуи, тэ къытхэтын» охъуфэ Зиусхьаным игущыIэ пегъымбарыбэхэм къафакIощтыгъэ (Иуан 1:1,14).

Джаущтэ шъыпкъэу Паул афитхыгъ Коринф дэт чылысым: «...ицIыфхэм язэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэмкIэ Тхьэр зыфэдэр ашIагъэп, ау тэ дгъэIурэ къэбарышIоу ахэмэ делагъэу къашIошIырэмкIэ ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу Тхьэм игъоу ылъытагъ. ЦIыфхэм ежьхэм яакъылкIэ Тхьэр зыфэдэр зэрагъашIэрэп, Тхьэм Ежь къыIогъэ гущыIэхэмкIэ зэрагъашIэ нахь». ЦIыфым изэхэшIыкIэп Тхьэр зэрэзэригъашIэрэр, Ежь Тхьэм гурыIоныгъэ шъыпкъэу къыфызэIуихыгъэмкIэ ары нахь. Тхьэм Христос къытфигъакIуи, АщкIэ зызэрэтигъэлъэгъугъэр ары христианхэм яцыхьэ зытелъыжьэу рыгущыIэнхи, араIотэни, Паул афин цIыфхэм язэIукIэшхо зэрэриIуагъэм фэдэу,

фиты зышIыхэрэр: «Шъо шъумышIэрэ Тхьэу, жъугъэлъапIэрэм икъэбар ары сэ шъо шъозгъэIурэр».

Ащ имэхьанэ осэ тэрэз фэшIыгъэ зэрэмыхъугъэм къыхэкIэу, шIэныгъэмрэ динымрэ азыфагу зэмыкIуныгъэу бэ къихьэрэр. Дунэе зэхашIэм къытырэ шIэныгъэр диным изэгъэшIэн щыбгъэфедэн плъэкIынэу щытэп. Дунаим ишIэныгъэ куухэр зэрэлъыкIуатэхэрэр – цIыфым ежь ыуплъэкIузэ, лъыплъэзэ ары. А шIэныгъэр пкъынэ-лынэм зэхашIэу къытIэкIигъахьэрэ къэбархэм афэлажьэ. Ау тэ метафизикэ шIэныгъэм зызфэдгъазэкIэ, ащ псынкIэу къэбар къыкIэрытхын тлъэкIыщтэп. Джыдэдэм Тхьэм утеIэбэни, плъэгъуни, зэхэпхыни плъэкIыщтэп. Ау Тхьэм къэгущыIэнэуи, плъэгъунэуи ыкIи зэхэпшIэнэуи зыщырихъухьэгъэ лъэхъани щыIагъ. 1 Иуан иапэрэшъхьэ мэущтэу къырегъажьэ: «УблапIэм къыщегъэжьагъэу щыIагъэу, тэ зэхэтхыгъэу, тынэхэмкIи тлъэгъугъэу, тызэплъыгъэу, тIэхэмкIи тызтеIэбагъэр – цIыфхэм щыIэныгъэ язытырэ ГущыIэр ары, ежьыри ары зикъэбар къэтIуатэрэр... Ар тлъэгъугъэ, шыхьати тыфэхъугъ» (1 Иуан 1:1-2).

## Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ

КъэбарышIум къызэриIорэмкIэ Тхьэр къэгущыIэщтыгъэ зэриIорэм изакъоп зыфэгъэхьыгъэр. Теубытагъэу ащ къеIо – Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ.

ЦIыфыр зыщыкIэрэр зэришIэрэм къыхэкIэу Тхьэр тIумкIи кIэщакIо хъугъэ. Тэ шIэныгъэу тиIэр зэрэмакIэм изакъоп ныIа, псэкIодхэри тэшIэх. ЗэрэхъурэмкIэ, шIэныгъэ зэрэтимыIэр зыдытигъэшIэжьыным пае закъоп, Тхьэм нафэ зыкъызыкIытфишIыгъэр. ПсэкIодхэм ялъэкIыныгъэ тыкъаIэкIихыными фэшIи ары. Ахэр Апэрэ Зэзэгъыныгъэм имафэхэм ригъэжьэгъагъ. Ащ Ибрахьим Урэ къырищыгъагъ. Ибрахьимрэ ащ къытехъукIыщтхэмрэ цIыф лъэпкъ атыришIыкIынэу, гъэрэу Мысыр хэгъэгум имысыжьынхэм пае, Синай къушъхьэм зэзэгъыныгъэ щызэдашIынэу, пшэхъолъэ шъоф нэкIым зэпырищынхэшъ, ахэр къызэригъэгугъэгъэ чIыгум рищэнхэу ыкIи Ежь къыхихыгъэ лъэпкъэу къырищэкIынхэм ыкIи ыгъэсэнхэм пае.

Ау Тхьэм Христос къыгъэкIонышъ, АщкIэ цIыфхэм ашъ-

хьэхэр ыщэфыжьынхэмкIэ анахь Iофышхо дэдэу Ежь зэрихьащтым а пстэури ифэухьазырэу щытыгъ ныIэп. Мысыр гъэрыпIэу имыIэжьынэу е фитыгъуаджэкIэ Бавэл амыщэжьынэу пшIыныр арэп ищыкIэгъагъэр цIыфым, псэкIод шIэным гъэры, фитыгъуаджэ емыхъулIэнэу ары нахь. Джары шъыпкъэу Исус Христос къызыфэкIуагъэр. ЦIыфмэ я-КъэгъэнэжьакIоу Ар къэкIуагъ.

*«…о Ащ цIэу фэуусыщтри Исус, сыда пIомэ Ащ ылъэпкъ ипсэкIодхэм ялъэкIыныгъэ къыIэкIихыжьынышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьыщтых» (Маттэ 1:21).*

*«ПсэкIод зышIэхэрэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, Исус Христос мы дунаим къэкIуагъ…» (1 Тим.1:15).*

*«Сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым ЫIкъо къызфэкIуагъэр цIыфхэу кIодыгъэхэм алъыхъуньшъ, мыкIодэу къыгъэнэжьынхэр ары» (Лука 19:10).*

Ар имэл Iэхъогъу зы мэл хэкIодыкIымэ, ар къегъотыжьыфэ гупсэф ымыгъотэу лъыхъорэ мэлахъор арыгъэ (Лука 15:3-7).

Христиан шIошъхъуныгъэр – умыкIодэу укъэзыгъэнэжьыщт шIошъхъуныгъэ ыкIи Тхьэу, шIулъэгъу цIыфхэм къафызиIэу, псэкIодэу ашIагъэм екIодылIагъэхэр къыгъэнэжьынхэн пае къафэкIуагъэм икъэбарэу къыIуатэрэмкIэ нэмыкI динхэр ащ ебгъэпшэнхэ плъэкIыщтэп.

**ЦIыфым иджэуап**

Тхьэр къэгущыIэщтыгъэ. Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ. Тхьэм игущыIэхэри, иIофхэри тхыгъэхэу ыкIи ахэр къызэрэбгурыIощтхэр Библием къыдэбгъотэщтых. ЦIыфыбэхэм апае ахэр Библием дэтых. А гущыIэхэм ыкIи Тхьэм Iофэу зэшIуихыгъэхэм афэгъэхьыгъэу къэпIощтмэ, Тхьэм къыIуагъэмрэ Iофэу зэшIуихыгъэмрэ блэкIыгъэ мафэхэм къафэнэжьых. БлэкIыгъэм къыхэкIхэу – непэрэм джыри къыхэхьагъэхэп, Библием къикIхэу – щыIакIэм щыщ хъугъэхэп. Тхьэм къыIощтыгъэ, ау Ащ игущыIэ тэ тедэIущтыгъа? Тхьэм Iоф ышIэщтыгъэ, ау Ащ ышIагъэм щыщ горэ тэ къытлъыIэсыгъа?

Тызэрэпсэун фае шIыкIэр мы тхылъым дэдгъотэщт.

Джыдэдэм къэIогъэн фаер зы: тэ тылъыхъон фае. Тхьэр тэ къытлъыхъугъ. Ар тэ джыри къытлъэхъу. Ащ тылъыхъун фае. Шъыпкъэр къэпIопэщтмэ, тэ Ащ анахьэу ыгу къызфытабгъэрэр тызэрэмылъыхъорэр ары.

«*Ошъогум щыIэу, Зиусхьаным дунаим ицIыфхэм ынаIэ къатыридзагъ, акъыл зиIэрэ, Тхьэм лъыхъурэ ахэт зэригъэлъэгъунэу. ЗэкIэхэри Тхьэм игъогу текIыгъэх зэфэдэу зыми имыщыкIэгъэжъы хъугъэх; шIу зышIэрэ ахэтэп, зы нэбгыри щыIэп» (Гугъэ орэдхэм 13:2-3).*

Ау Исус къыIуагъ: «Шъулъыхъори, жъугъотыщт». Умылъыхъомэ – егъашIэми бгъотыщтэп. Мэлэу кIодыгъэр къегъотыжьыфэ, мэлахъор лъыхъуагъэ. Ахъщэ жъгъэеу кIодыгъэр къегъотыжьыфэ, бзылъфыгъэр лъыхъуагъэ. УмыгумэкIыми хъунэу сыда къызкIытшIошIырэр? Тхьэм шIоигъу цIыфхэм Ар къагъотынэу, – ау лъыхъохэрэр арых ныIэп Ар къэзыгъотыгъэхэр.

Тхьэм угу бгъэIэсагъэу Iэрылъхьэ зыфэпшIыгъэу улъыхъун фае. ГумыIуныр – зымэ пэрыохъу къафэхъу, пэгагъэм – ащ нахь лъэшыжьэу ыкIи ащ нахьыбэхэр егъэохъух.

Угу етыгъэу улъыхъон фае. «Зэрэтегушхорэм фэдизэуи цIыфыр шъхьахын»,– ытхыщтыгъэ Эмерсон. Ау мэхьэнэ ин зэриIэр къыдгурыIоу, тигъашIэ къыдэтштэгъэ шъхьахынагъэмрэ гумыIуныгъэмрэ тафырикъунышъ, тизэхэшIыкI лъыхъоным фэдгъэIорышIэн фае. Тхьэм шъхьахынэхэм щыIэгъэ ин къафыриIэп. Тхьэм игъогу лъыхъухэрэм «IэхьышIу ареты». (Еврей. 11:6).

ТхьаIоф хэмылъэу тэ тиакъыл закъокIэ Тхьэр зэдгъэшIэн зэрэтымылъэкIыщтым теуцолIэн фае. ТигупшысакIэ ыкIуачIэ икъукIэ тымыгъэфедэн фаеу сэ сIорэп. Хьау, Гугъэ Орэдхэр къэзыIорэмэ ащыщ горэм шэу зэхэшIыкI зимыIэм е къыдырым афэдэ тымыхъунэу ыIуагъ. Тиакъыл дгъэфедэн фае, ау ащ иамалхэм гъунэ зэряIэм темыуцуалIэ хъущтэп. Исус ыIуагъ:

«*Сят, уашъоми чIылъэми я Зиусхьан, мы Iофхэр цIыф Iушхэмрэ цIыф губзыгъэхэмрэ ашIоушъэфыгъэу, сабыйхэм зэрябгъэшIагъэмкIэ щытхъу пфэсэшIы» (Лука 10:21).*

Исус сабыйхэр шIу зыкIилъэгъухэрэм ар зэу ащыщ. Ахэр бгъэсэнхэ плъэкIыщт. Ахэр пагэхэп, шъхьэщытхъужьхэп, къыодэощтхэп. Сабый цIыкIум нафэу, шъырытэу, епIорэр ыштэу иIэ акъылым фэдэ, тэри зэдгъэгъотын фае.

Зэфагъэ пхэлъэу улъыхъон фае. Пэгагъи пхэмылъэу, зыбгъэIэсагъэу, уиакъыли зэIухыгъэу, Тхьэм иIофхэм уякIолIэн фае. Хэтрэ кIэлэеджакIуи студенти ашIэ, шIэныгъакIэу зэбгъэшIэн фаем еплъыкIэ гъэнэфагъэ фэпшIыгъахэу уфежьэ зэрэмыхъущтыр. Ау щытми Тхьэм игъогу лъыхъурэмэ ащыщыбэхэр ашIэн фаер рахъухьэгъахэу Библием еджэнхэу фежьэх. Ау гукъэбзагъэ хэлъэу лъыхъорэр ары Тхьэм икъукIэ ыгъэгугъэрэр. «Сэ шъукъыслъыхъури сыкъэжъугъотыщт, шъугу етыгъэ шъыпкъэу шъукъыслъыхъури» (Еремие 29:13). Арышъ, еплъыкIэу уиIэхэр, уишIошIхэр щыбгъэзыенышъ, христиан шIошъхъуныгъэр шъыпкъэу къычIэкIын зэрилъэкIыщтым уиакъыл къыфызэIупхын фае.

Тхьэм уфэIорышIэу улъыхъон фае. Ау ар гъэцэкIэгъуае. Тхьэм улъыхъу зыхъукIэ, гуилъэу уиIэхэм уахэплъэжьыным имызакъоу, уищыIакIи зэблэпхъуным уфэхьазырын фае. Христиан къэбарыр цIыфыгъэ шапхъэм еплъыкIэу афыуиIэмэ къядао. Къэбарыр шъыпкъэу щытмэ, къызэрэодаорэр пштэн фае. ЩыIэныгъэм емыпхыгъэу, джау сыдми узлъыплъэн горэу Тхьэр щытэп. Микроскопым ычIэгъ чIэлъэу е телескопымкIэ Тхьэм уеплъын плъэкIыщтэп: «Сыдэу гъэшIэгъоны!» – пIозэ. Тхьэр гъэшIэгъонэп. Ащ лъэшэу угу хигъэкIын ылъэкIыщт. А дэдэр къепIолIэн плъэкIыщт Исус Христоси.

*«Акъыл-зэхэшIыкIым ылъэныкъокIэ тэ Ар зэдгъашIэ зыхъукIэ тэлъэгъу тэ Ащ гум-псэм ылъэныкъокIэ тызэрэзэригъашIэрэр. ЧIыпIэхэмкIэ тызэхъожъыгъ… Аристотель ишIэныгъэ зэтэгъашIэшъ, ащ тиакъыл къегъэсэжъы. Исус зэтэгъашIэшъ, гу-псэкIэ гумэкIышхо зэхэтэшIэ… ТыгукIи, лъэкIэу тиIэмкIи Исус фэгъэхьыгъэу зыгорэ итхъухьан фаеу тэхъу. ЦIыфым акъыл закъокIэ, ыгу зыфикъудыйрэр къыдимылъытэу, Исус зэригъэшIэн ылъэкIыщт, ау ыгукIэ лъэныкъогъазэ зимышIын ылъэкIыщтэп… Зибырақъ тычIэтыр къэтIон фае. Исус тызэригъусэм занкIэу ащ тыкъыфещэ. Рэхьатэу еджэныр тыублэгъагъэ, ау джы*

*тыгукIэ унашъо зыфэтшIыжъынэу къытаджэ» (П. Карнеги Симпсон «Христос иIоф», 1930, Джемс Кларк къыдигъэкIыгъ, 1952, н. 23,24).*

ЗэрэхъурэмкIэ, Тхьэр зышIошъ мыхъурэ джуртмэ адэгущыIэ зэхъум, джары Исус къыригъэкIыгъэр. Ащ къыIуагъ: «Тхьэр зыфаер зыгъэцэкIэнэу фаем гущыIэхэу сэ цIыфхэм язгъашIэхэрэр Тхьэм ыдэжь ар къэкIыхэми, сэ садэжь къикIыхэми ышIэщт» (Иуан 7:17).

Исус тыкъызэригъэгугъагъэр нафэ: Исус шъыпкъэмэ, е Ащ пылъ къэбарыр нэпцIымэ, Ащ тызфигъасэщтыгъэхэр Тхьэм ыдэжь къызэрикIырэр зэдгъэшIэн тлъэкIыщт. Ау, Исус тыкъызэригъэгугъагъэр типсэукIэ-зекIуакIэ епхыгъэу щыт. Исус къыIорэр тшIошъы хъуным имызакъоу, ар дгъэцэкIэн фае. Тхьэм Ежь зыфаер къытфызэIуихымэ, ар дгъэцэкIэным тыфэхьазырын фае.

КъэсэшIэжьы, еджапIэр къызэриухэу, Лондон IофшIэныр щызыублэгъагъэ кIэлакIэ горэ садэжь къызэрэкIогъагъэр. Ащ къысиIуагъ чылысым кIон зэримылъэкIыжьышъурэр. Сыда пIомэ пцIыусэу зыкъыщэхъужьы, ТхьэкIэ шIошъхъуныгъэ иIэу къыIон ылъэкIырэп. ШIошъхъуныгъэ иIэжьыгъэп. ИгущыIэ къызеухым, сэ ащ сеупчIыгъ: «ЗэкIэ уиупчIэмэ джэуап къястыжьэу, уиакъыли уизэхэшIыкIи икъоу згъэразэхэмэ, уищыIакIэ зэблэпхъун плъэкIыщта?» Ар макIэу IущхыпцIыкIи, плъыжьы къэхъугъ. Нафэ къызэрэхъугъэмкIэ, иакъылэп Iофыр зэпхыгъагъэр, псэукIэ-зекIуакIэхэм еплъыкIэу афыриIэхэр ары нахь.

Арышъ, джаущтэу тылъыхъозэ тылъыкIотэн фае. ГугъуемылIыныгъэу тхэлъыри, типэгагъи, шIошIыныгъэ нэпцIэу тиIэхэри ыкIи псэкIодшIагъэхэри зэкIэ щыдгъэзыенхэшъ, къыкIэлъыкIожьыщтым тимыгъэгумэкIэу Тхьэм тылъыхъун фае. Тхьэм уфэзыщэрэ гъогум улъыхъу зыхъукIэ анахьэу зэпычыгъуае къыпфэхъущт пэрыохъухэр: шIошIыныгъэ нэпцIэу иакъылкIэ цIыфым ышIыгъахэмрэ ыкIи ыгу къыдэчъаерэхэм зэрафэпщылIырэмрэ. А пэрыохъуитIуми цIыфыр лъыхъоным зэращыщынэрэр къагъэлъагъо. Щтэр – шъыпкъагъэм ныбжьи емызэгъын пыеу иI. Щтэм тигъэлъыхъорэп. Улъыхъозэ, Исус Христос къэбгъотынышъ, ар угукIэ

пштэным къиныгъохэр зэрепхыгъэхэр тэ тэшIэ. Дунэе еплъыкIэу уиIэхэр зэкIэ зэблэпхъунхэшъ, икIэрыкIэу уищыIакIэ бгъэпсын фае. Тиакъыли тыгуи зэрэщынэхэрэр ары щэчыр къытхэзылъхьэрэр. Тылъыхъорэпышъ ары къызкIэтымыгъотырэр. Тылъыхъорэп – къэдгъотынэу тыфаепышъ, тэшIэ, къэмыгъоты пшIоигъомэ, анахь IэшIэхыр – умылъыхъоныр ары.

Адэ ащыгъум, шъухэукъон зэрэшъулъэкIыщтым шъуеуцуалIэба. Христос шъыпкъэнкIи мэхъуба. ШъугукIэ шъуеуцолIагъэу, зэфагъэ шъухэлъэу, шъудэIон шъулъэкIэу шъулъыхъонэу шъуфаемэ, Ар зыфэдэр зыщытагъэлъэгъурэ тхылъым зыфэжъугъаз. Анахьэу шъузэджэщтхэр Исус Христос игъашIэ къэзыIотэрэ КъэбарышIухэр арых. КъышъуIукIэнэу ыкIи зэрэшъыпкъэр къышъуигъэлъэгъунэу амал ежъугъэгъот. Шъуиакъыли, шъуизэхэшIыкIи, лъэкIэу шъуиIэри икъоу зыдэшъушIэжьхэу, шIошъхъуныгъэ фэшъушIыным ыкIи шъудэIоным шъуфэхьазырэу ыдэжьы шъукIу, Тхьэм шъушIошI ыгъэхъумэ. Сыда Марк е Иуан я КъэбарышIухэм шъузфямыджэщтыр? Зэ тIысыгъокIэ тIумэ язырэм уеджэн плъэкIыщт – икъу шъыпкъэу зэхэпшIэным пае. Ащ ыужы джыри зэ уеджэжьымэ хъущт, ау мафэ къэс зы шъхьэ уеджэзэ. Шъуеджэнэу шъутIысыным ыпэкIэ Тхьэм мыщ фэдэу уелъэIумэ хъущт:

> *«Тхьэр, О ущыIэмэ (аущтэу щытмэ сэ сшIэрэп) ыкIи силъэIу зэхэохымэ (зэхэохми сэ сшIэрэп), сэ къыуасIо сшIоигъу сыгу къабзэу шъыпкъэм сызэрэлъыхъурэр. Къысэгъэлъэгъу, Исус О Пкъоу ыкIи дунаим и-КъэгъэнэжъакIоу зэрэщытыр шъыпкъэмэ. Ар сшIошъы бгъэхъумэ, Ащ сымыкIодэу сыкъыгъэнэжъынэу цыхъэ фэсшIынышъ, си-ЗиусхъаныкIэ сштагъэу Ащ игъогу сырыкIощт».*

Аущтэу Тхьэм елъэIурэр кIэгъожьыщтэп. ЦIыфым ичIыфэ гори Тхьэм телъэп. Зыгу къабзэу лъыхъорэ пстэуми Ащ лъытэныгъэ афешIы. Тхьэм лъыхъурэ пстэуми Ар къяшIушIэ. Христос тызэригъэгугъэрэр гурыIогъошIу дэд: шъулъыхъори, жъугъотыщт.

# Апэрэ Iахь. Христос ицIыф гъэпсыкI

## 2. Христос зылIэужыгъор – Ежь къызэриIуагъэмкIэ

Къэбгъоты пшIоигъомэ, улъыхъон зэрэфаер тлъэгъугъэ. Адэ улъыхъоныр тыда зыщебгъэжьэщтыр? Христианмэ къызэраIорэмкIэ, зыщебгъэжьэн закъоу щыIэр хъишъэм ицIыфэу Назарет щыщ Исус ары; Тхьэр къэгущыIэу ыкIи Iоф ышIэу щытыгъэмэ, ар икъу дэдэу ыкIи шъыпкъэ дэдэу къызщылъэгъуагъэр Исус Христос ары. Анахь мэхьанэ зиIэ упчIэр: Назарет щыщ пхъашIэр Тхьэм Ыкъоу щытыгъа?

Христиан шIошъхъуныгъэм изэгъэшIэн Христос къыщебгъэжьэн фаеу зышIырэр IофыгъуитIу. Апэрэр – христиан шIошъхъуныгъэр ылъэпсэ шъыпкъэкIэ Ежь Христос ары. Христос ицIыф гъэпсыкIэрэ Ащ Iофхэу ышIагъэхэмрэ арых христиан шIошъхъуныгъэр кIуачIэу зыхэшIыкIыгъэр. Ар Ежь зыщыщэу зыфиIуагъэр мышъыпкъэмэ ыкIи Ежь къызэриIуагъэу зэшIуихын фаеу къызфэкIуагъэр зэшIуимыхыгъэмэ, ащыгъум христиан шIошъхъуныгъэм лъапсэ имыIэжьы мэхъушъ, унэр зэрэпсэоу зэхэо. Христиан шIошъхъуныгъэм Христос хэпхымэ, ащ ыкIоцI иохышъ, зи къэнэжьырэп. Христос христиан шIошъхъуныгъэм игупч, нэмыкI пстэури ащ къешIэкIыгъ. Тэ джыдэдэм Ащ ифилософие къызпкъырыкIырэм, Ащ ишIэныгъэ ыуасэм ыкIи Ащ иэтикэ идэгъугъэм тарыгущыIэнэу арэп. Тэ анахьэу тызыгъэ-гумэкIырэр Ащ ицIыф гъэпсыкI ышъхьэ изэрэщыт шъыпкъэр ары. Хэтыгъа Ар?

ЯтIуанэрэмкIэ, Исус Христос зыфэдэ къэмыхъугъэ Тхьэм дэжь къикIыгъэ цIыфышъхьэу тэпашъхьэ къызиуцокIэ, нэмыкI Iофыгъуабэхэр ежь-ежьырэу зэшIокIыгъэ мэхъух. Исус Тхьэм дэжь къикIыгъэу къэхъугъэмэ, – Тхьэр зэрэщыIэри, Ащ игъэпсыкIи къэушыхьатыгъахэх. УпчIэхэм яджэуапхэр дгъотынхэу тэублэ: цIыфым къырыкIощтыр ыкIи ар къызфэхъугъэр, зылIэрэм ыуж ащ щыIакIэу иIэщтыр, Апэрэ Зэзэгъыныгъэр зыфэгъэзагъэр ыкIи ыуасэр, къащым имэхьан –

сыда пIомэ Исус ахэмэ къатегущыIэщтыгъэ, Ежь цIыфхэр зыфигъэсагъэхэр шъыпкъэнэу щыт, Тхьэм дэжь къикIыгъэмэ.

Арышъ, зэдгъэшIэнэу, зэхэтфынэу зыуж тихьагъэр Исус Христос къыщыублэгъэн фае, ау Христос зыфэдэр зэбгъэшIэным пае, КъэбарышIухэм зафэбгъэзэн фае. ДжырэкIэ ахэр Тхьэм цIыфхэм агу къырилъхьагъэхэу, аригъэтхыгъэ гущыIэхэу умыштэгохэми хъущт; хъишъэ мэхьанэ зиIэ тхылъэу уяплъыми икъущтыгу, ары, уемыхъырэхъышэжьынэу, зэрэщыт шъыпкъэри. Ахэр тхыгъэ зэрэхъугъэхэм иIофи джыдэдэм тытегущыIэн тлъэкIыщтэп (КъэбарышIур уицыхьэ зытебгъэлъын хъущт тхылъэу зэрэщытым фэгъэхьыгъэу еплъ Ф.Ф. Брюс ытхыгъэм: «КъэбарышIум идокументхэр: ахэм уицыхьэ атебгъэлъышъущта ?» ятфэнэрэ тедзэгъу, 1990). Ахэр зытхыгъэхэр зэкIэ христианэу зэрэщытыгъэхэр къапIоми екъу, христианхэр цIыф гукъабзэх, шъыпкъаIох, хъугъэ шъыпкъэр зылъэгъугъэмэ атхыгъэхэр КъэбарышIум зэфехьысыжьых. Ау тэ джырэкIэ Исус игъашIэрэ, ишIэныгъэрэ тэрэзым тетэу КъэбарышIум ит тхылъхэм къызэраIуатэрэр ары тынаIэ зытетыщтыр. Аущтэу зытшIыкIэ, гурыIогъое тхыгъэхэу, къызэрэдэкIыгъэхэри цыхьэшIэгъуаджэу щыт тхылъ горэхэм тарыгъозэщтэп. ЗэкIэми афэпхьын плъэкIыщтэу ыкIи анахь къызэрыкIом ткIуачIэ етхьылIэщт.

Тэ гухэлъэу тиIэр – Исус Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр къэдгъэшъыпкъэжьыныр ары. Гъэнэфагъэ гори хэмылъэу Тхьэм дэжь къызэрикIырэр тIомэ икъущтэп. Тхьэм дэжь къикIэу Тхьэу зэрэщытыр дгъэшъыпкъэжьын фае. Тэ тшIошъ мэхъу Ар, нэмыкI горэми фэмыдэу, мыкIодыжьынэу ыкIи щыIэм ылъэпсэ шъыпкъэкIэ Тхьэм зэрепхыгъэр. ЦIыф плъышъо зиIэ Тхьэуи, е Тхьэм ишэнхэр зыхэлъ цIыфэуи тэ Ар тлъытэрэп, Тхьэу-цIыфэу ары тэ Ар зэрэтшIэрэр. Исус хъишъэм зэрэхэтыгъэр тэ тшIошъ мэхъу, Ащ гъэнэфагъэу ыкIи Тхьэу ыкIи цIыфэу щытыгъ. Арышъ щыкIэгъэнчъэу ыкIи егъашIэм зыфэдэ къэмыхъужьын закъоу щытыгъ. Ащ фэдэу щыт зыхъукIэ ары ныIэп Ар лъэшэу бгъэшIэгъони ыкIи бгъэлъэпIэни зыплъэкIыщтыр.

Шыхьаты пшIын плъэкIыщтыр, анахь макIэми, щэу зэхэт: изэрэщытэу Ежь къыIуагъэм, ишэнэу къаригъэлъэгъу-

гъэм ыкIи лIагъэхэм къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэм афэгъэхьыгъэх. Ахэмэ ащыщэу зы горэми ежь ихьатыр закъокIэ зэфэхьысыжь уигъэшIырэп. Ау шыхьатищри зэкIолIэжьы ыкIи кIэухым уращалIэ.

КъызэрэтIуагъэу, апэрэ шыхьатыр – Ежь Христос къыIорэр ары. Архиепископэу Уильям Гемпл къызэриIорэмкIэ, «Христосэу, зэрэщыIэр зыгорэущтэу къэуушыхьатын плъэкIыщтыр – гъэшIэгъон дэдэхэр къэзыIорэ Нэбгырэ шIагъоу зэрэщытым еуцолIагъэх». Шъыпкъэ, Исус зыфиIожьыгъэхэр шыхьаты хъурэп, ау утегущыIэн, къызэхэпфын фаеу щыт Iофыгъоу тапашъхьэ къеуцо. Ар нахь нафэ къызфэтшIынэу, Христос Ежь зыфиIожьыгъэ IофыгъуиплIымэ такъытегущыIэщт.

## Ежь фэгъэхьыжьыгъэу Исус цIыфхэр зыфигъасэщтыгъэхэр

Исус цIыфхэм аригъашIэщтыгъэхэм анахь гъэшIэгъон дэдэу ахэтыр – ренэу Ежь къызэрэзытегущыIэжьырэр ары. Шъыпкъэ, Тхьэу Ятэм ыкIи Тхьэм и-Тетыгъошхо бэрэ Ащ ягугъу къышIыщтыгъ. Ау Ащ сыдигъокIи къыхигъэхъожьыщтыгъэ Ежь Тхьэм Ыкъоу, Тхьэм и Тетыгъошхо мы дунаим къыригъэхьанэу къызэрэкIуагъэр. Ащ игущыIэхэм зэрафыщытыгъэхэм елъытыгъэщт цIыфхэр Тхьэм и-Тетыгъошхо чIэхьан алъэкIыщтмэ, амылъэкIыщтмэ. Ыгу щэч къимыхьэу, Тхьэм и-Тетыгъошхо Ежь и-Тетыгъошхоу ылъытэщтыгъэ.

Исус цIыфхэр зыфигъасэщтыгъэр Ежь фэгъэхьыжьыгъэу зэрэщытым Ар нэмыкI дин егъэджэкIо инэу щыIагъэмэ псынкIэу ахеушъхьафыкIы. Ахэмэ диным илъэныкъо горэ къагъэлъагъоти, къаIощтыгъэ: «Мары сэ шъыпкъагъэр зэрэслъэгъурэр, ащ шъуфэлажь». Христос ежь пстэуми апэу зигъэуцужьыщтыгъэ.

Исус ыIощтыгъэ: «Сэры шъыпкъагъэр, саужы шъуитэу шъукъакIу«. ЦIыф лъэпкъ дин зыгъэпсыгъэ горэми ащ фэдэ къыIонэу рикугъэп. Ащ игущыIэмэ тяджэ зыхъукIэ, ыцIэ ренэу тынаIэ зытрытегъадзэ. ГущыIэм пае:

*«ЦIыфмэ щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъур Сэры; Садэжь къакIо-*

*рэр мэлэкIэжъыщтэп, сэркIэ шIошIхъуныгъэ зиIэр егъашIэми псыфалIи лIэжъыщтэп» (Иуан 6:35).*

*«Дунаем инэфынэр Сэры. Сэ сауж къырыкIорэр шIункIым хэтэу зекIощтэп, щыIэныгъэм инэфынэ ыгъотыщт нахь» (Иуан 8:12).*

*«ЛIагъэхэр къэзыгъэтэджыжьхэу, щыIэныгъэр язытрэр сэры: сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр лIэми щыIэщт; хэти ащ фэдэ щыIэныгъэ зиIэ хъоу, сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр егъашIэми лIэжъыщтэп» (Иуан 11:25-26).*

*«Гъогури, шъыпкъагъэри, щыIэныгъэри сэры; Сэ сигъогу рымыкIомэ, Ты лъапIэм ыдэжь цIыф зи кIошъущтэп» (Иуан 14:6).*

*«ЗэкIэ улэугъэхэу, хъылъэ онтэгъу зытелъхэр садэжь шъукъакIори, гупсэфыныгъэ шъостыщт; Сэ сибжъы зытешъулъхьи, сэ къасIорэр зэжъугъашIэ» (Маттэ 11:28-29).*

Ащ цIыфхэр зыфигъасэщтыгъэхэм яапэрэ Iахьэгъу узфищэрэ упчIэр мыщ фэдагъ: «Хэтэу ара сэ сызэрэшъулъытэрэр?» Ибрахьим Ар къызелъэгъум зэрэгушIуагъэри, Мусэ Ежь къыфэгъэхьыгъэу зэритхыгъэри, Тхылъ ЛъапIэм Ащ фэгъэхьыгъэ шыхьатхэр зэритхэри ыкIи Апэрэ Зэзэгъыныгъэм иIахьэгъу инищми Тэурат Хабзэр, пегъымбархэр, адрэ тхыгъэхэр – «Ащ фэгъэхьыгъэр» зэрарытхэгъэ шъыпкъэр Христос къыушыхьатыжьыгъэх (Марк 8:29; Иуан 8:56, 5:46, 5:39; Лука 24:27, 44).

Исус Ежь зыщыщ къуаджэу Назарет дэт синэгогум зэрэчIэхьэгъагъэр, Лука игъэкIотыгъэу къетхыжьы. Апэрэ Зэзэгъыныгъэм щыщхэр зытетхагъэхэр къызыратхэм, ахэмэ къяджэным пае Ар къэтэджыгъ. Пегъымбарэу Исайас итхылъ щыщ пычыгъу Ащ ыIыгъыгъэр – 61:1-2:

*Зиусхьаным ЫIпсэ ЛъапIэ Сэ сыгу илъ хъугъэ;*
*сыда пIомэ Тхьэм дагъэ лъапIэр къысщифагъ.*
*КъызкIысщифагъэр тхьамыкIэхэм къэбарышIур язгъэIуныр ары.*
*Зыгу кIодыгъэхэр згъэхъужьынхэуи, хьапсчIэсхэр шъхьафит*
*зэрэхъужьыщтхэр язгъэIунэуи, нэшъухэр къэзгъэплъэжьынхэуи,*
*къин зыщэчхэр шъхьафит сшIыжьынхэуи Тхьэм сыкъигъэкIуагъ.*
*Зиусхьаным ынэшIу цIыфхэм къазыщифэщт*
*илъэсыр къызэрэсыгъэм*
*икъэбар язгъэIунэуи сыкъигъэкIуагъ.*

Ащ тхылъыр зэгуипIожьыгъ ыкIи зэкIэ щытхэр къеплъыхэзэ, синэгогу IофышIэм ритыжьи, тIысыгъэ. ГущыIэ гъэшIэгъонхэр Ащ кIым-сымыр къызэпиути къыщиIуагъэх: «Тхьэм мы игущыIэ тхыгъэхэр непэ къэшъыпкъэжьыгъэх». НэмыкI гущыIэхэмкIэ къэпIощтмэ, «Исаиас Сэ къысэхьылIагъэу ытхыгъэх».

Аущтэу зэплъыжьрэр цIыфхэр игъогу рыкIонхэу зэрариIощтыгъэм бгъэшIэгъон хэлъэп. Зытет шъыпкъэмкIэ, Ащ цIыфхэр ригъэблагъэщтыгъэхэ закъоп, Ащ унашъо къышIыщтыгъэ. «Садэжь шъукъакIу, – ыIощтыгъэ Ащ,– сауж шъукъихь». ЦIыфхэр ыужы ихьэхэ къодыемэ, егъэзыгъэмэ якъин къафигъэпсынкIэнэу, мэлэкIалIэмэ гъомлапхъэ къаритынэу, псэ гъукIагъэм зыфаер фишIэнэу Ащ ыгъэгугъэщтыгъэх. Ащ нэужым игъогу техьагъэхэр IорышIэ фэхъунхэ ыкIи цIыфмэ апашъхьэ шыхьатэу Ащ пае уцунхэ фэягъ. Ащ игъогу рыкIорэхэм Исус ащ фэдэ фитныгъэ ин дэдэхэр зэрепэсыгъэхэм еуцолIэгъагъэх, ыкIи Паули, Петри, Якъуби, Иуди Ащ фэлэжьэнэу зэджагъэхэр насыпыгъэкIэ зыфалъытэжьыщтыгъэ.

Ары пакIошъ, Ащ иуахътэ щыпсэущтыгъэмэ Ежь шIошъхъуныгъэ фыряIэнэу ыкIи шIу алъэгъунэу къариIуагъ. Тхьэр ышIошъ хъунэу цIыфыр гъэпсыгъэ; ары шъхьае Ар Ежь ашIошъ хъунэу къяджэщтыгъэ. «Мары Тхьэ Iофыр, – ыIощтыгъэ Ежь, – Ащ къыгъэкIуагъэр пшIошъ хъуныр ары». Исус шIошъхъуныгъэ фыриIэныр цIыфым иапэрэ пшъэрылъэу щытыгъ, Ащ шIошъхъуныгъэ фыуимыIэныр анахь псэкIод инэу арыгъэ (Иуан 6:29, 3:36, 8:24, 16:8-9).

ЕтIани къэIогъэн фаер, апэрэ ыкIи анахь мэхьанэ зиIэ унашъом къызэриIорэмкIэ, Тхьэр угукIи, упсэкIи, зэхэшIыкIэу уиIэмкIи къогъанэ умышIэу шIу плъэгъун фае. Аущтэу зэрэщытзи, цIыфым ианахь шIулъэгъу ины Исус къыкIэдэущтыгъэ. Хэтми янэ, ятэ, ыпхъу е ыкъо Исус шIу зэрилъэгъурэм нахьи нахь шIу елъэгъухэмэ, ар Ежь зэрипэсыщтыгъэп – джаущтэу Ащ ыIуагъ. Ары зэрэщыт шъыпкъэри, зэдимыштэхэрэр, джурт шIыкIэм тетэу къыгъэлъагъохэ шIоигъоу, Ащ къыпигъэхъожьыгъ: «Хэтми сэ шIу сызэрилъэгъурэм нахьи, яти, яни, ишъузи, ибынхэри, ышхэри, ышыпхъухэри нахьышIу зылъэгъурэм, Сэ сигъогу рыкIохэрэм ащыщ хъун ылъэкIыщтэп» (Маттэ 10:37; Лука 14:26).

Тхьэм гухэлъэу иIэм изэшIохын Ежь ыпшъэ дэлъын фаеу зэрилъытэрэм къыхэкIэу, Ащ уашъом зигъэзэжькIэ, ычIыпIэ ихьащтыр къыгъэкIонэу рихъухьагъ. Ар Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр ары. Христос Ащ «цIыфхэм ягукъаохэр Ашъхьэщызыхыжьхэрэ кIэ» еджэщтыгъэ. Грекыбзэм кIэ джары ащ къикIырэр. «Ар СэркIэ шыхьаты хъущт», – ыIощтыгъэ Исус. ЕтIани: «Ащ Сэ щытхъу къысфишIыщт, сыда пIомэ Сэ къышъуасIорэм къыхихынышъ, шъо шъуигъэшIэщт» (Иуан 15:26, 16:24). Арышъ, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр дунаим ыпашъхьэкIэ Исус Христос шыхьат фэхъу, чылыс зэIукIэми Исус Христос зыфэдэр зэхырегъэшIыкIы.

Джащ фэдэу дунэе пчэгум Ежь зызщыригъэуцожьрэ уахътэ горэм Ащ къэхъун фаер къыIуагъ: «Ау цIыфхэм Сэ сыкъызаIэтыкIэ, цIыф пстэури садэжь къэсщэщтых» (Иуан 12:32). БзылъфыгъэхэмкIи хъулъфыгъэхэмкIи узфэзыкъудыйрэ кIуачIэ къащым хэлъы зэрэхъущтыр Ащ ышIэщтыгъэ. Ау, Ежь зэриIощтыгъэмкIэ, пстэуми апэу цIыфхэр зыфэкIощтхэр чылысэп, шъыпкъагъэр арэп е шъыпкъагъэ зыхэлъ гукъабзагъэр арэп, Ежьыр нахь. Ежь фэщагъэ зыхъухэкIэ ары ныIэп адрэхэми зафэкIощтхэр.

Христос Ежь фэгъэхьыжьыгъэу зыфигъасэщтыгъэ Iофхэу зигугъу къэтшIырэм анахь бгъэшIэгъонэу хэлъыр – мыпагэу, шъырытэу, IорышIэу ущытын фаеу зыIорэм, ащ фэдэхэр цIыфхэм Ежь зэраригъашIэщтыгъэхэр ары. Игъогу рыкIохэрэр ашъхьэ нэмыкI зи зэримыгъэгумэкIхэрэр Ащ ыумысыщтыгъэ. ЦIыф цIэрыIо хъухэмэ зэрашIоигъор фэщэчыщтыгъэп. Ары шъхьае нэмыкIмэ агуригъаIо шIоигъом Ежь рыкIожьыщтыгъэба? Сабый цIыкIур ышти, шапхъэкIэ аригъэштэнэу азфагу ригъэуцуагъ. Адэ Ежь шэпхъэ шъхьаф иIагъа?

### Ежьым шъхьэихыгъэу зыфиIожьыгъэхэр

Апэрэ Зэзэгъыныгъэм зэригъэгугъэщтыгъэхэ Христосэу Мессихьэу Исус зызэрилъытэжьыщтыгъэр гъэнэфагъэ. Пегъымбар зэкIэлъыкIомэ Тхьэм и-Тетыгъошхоу зыфаIогъагъэр ыгъэпсынэу Ар къэкIуагъ.

Озэ псалъэу Христос къышIырэмэ яапэрэ гущыIэу атхы-

гъэр – «Уахътэр къэсыгъ, Тхьэм и-Тетыгъошхуи къэблэгъагъ» (Марк 1:15). ЦIыф Лъэпкъым Ыкъу зыфиIорэ лъытэныгъацIэр Ащ зыфиштэжьыгъ, зэкIэми зэрэзэдаштагъэу, джары Мэссихьэу зэреджэщтыгъэхэр – Тхьэм пегъымбар Даниел фигъэлъэгъуагъэ горэм къыхахыгъагъэу. Дин пэщэшхом дэгущыIэ зэхъум «Тхьэм Ыкъу» зыфиIорэ цIэр зыфиштэжьыгъ, Гугъэ Орэдхэм (2:7) къыхэхыгъэу, ари джыри зы лъытэныгъацIэу Мэссихьэм иIэ хъугъэ. Ащ ипшъэрылъ зэрилъэгъущтыгъэр – пегъымбарэу Исайас ытхыгъэ тхылъ иаужырэ Iахьэгъу зэритым фэдэу, Зиусхьаным фэлажьэрэм къинэу ыщэчырэм фэдэ къин ыщэчыныр ары. Игъогу рыкIорэ пшIыкIутIур Ащ зыфигъасэщтыгъэхэм гупчэ мэхьанэ афэхъугъэр Кайсарфилиппие къалэу зэджэщтыгъэхэм къыщыхъугъэр ары – Симон Петр Исус шIошъхъуныгъэу фишIыгъэр ащ къыщиIуагъ: «Оры Христосэу щыIэныгъэр къыздикIырэ Тхьэм Ыкъор». НэмыкIхэм Исус пегъымбармэ ащыщ горэу къашIошIыщтыгъэнкIи мэхъу, ау пегъымбармэ зигугъу къашIыщтыгъэр арэу Симоны Исус ыштагъ. Джыри зы тамыгъэ-нэшанэ горэу Ар щытыгъэп, джары тамыгъэнэшанэхэм узфащэщтыгъэр (Марк 14:61-62; 8:27-29).

Исус Iофэу ышIагъэ пстэуми узяплъыкIэ, Тхьэм пегъымбарыхэм къаригъэIуагъэхэр шъыпкъэ къызэрэхъугъэхэр а Iофхэм къахэщы. «Шъо шъунэхэм алъэгъурэр зылъэгъурэ нэхэр гъогу мафэ ежьагъэх! – къыIуагъ зэгорэм, игъогу рыкIохэрэм изакъоу къалъэхэнагъэу. – Сыда пIомэ Сэ шъосэIо, пегъымбар Iаджи, пачъыхьэ Iаджи шъо шъулъэгъурэр алъэгъунэу фэягъэх, ау алъэгъугъэп, шъо зэхэшъухырэри зэхахынэу ашIоигъуагъ, ау зэхахыгъэп» (Лука 10:23; Маттэ 13:16-17).

Ау Ежьыри зыфиIуагъэхэу мы тызэрыгущыIэхэрэр, Исус Христосэу (Мэссихьэу) зэрэщытыгъэм имызакъоу, Ар Тхьэу зэрэщытыгъэми епхыгъэх. Тхьэм Ыкъоу зызэрилъытагъэр – Христосэу зызэрилъытагъэм нахьи нахьыб. Ащ къикIырэр – зыми фэмыдэу ыкIи егъэшIэрэу Исус Тхьэм епхыгъэу зэрэщытыгъэр ары. Исус аущтэу зыфиIуагъэр щысэу къэпхьын плъэкIыщт щэ.

АпэрэмкIэ, «Тым» фэдэу Тхьэм пытэу Ар зэрепхыгъэр тэлъэгъу, ащ ренэу Ежь игугъу къешIы. Илъэс пшIыкIутIу

нахь ымыныбжьэу зыщэтым, Ежь Ятэу уашъом щыIэм иIоф Ар фэщэгъэ дэдэу зэрэщытыгъэр янэрэ ятэрэ амыгъэшIэгъон алъэкIыщтыгъэп. Моущтэуи Ащ къыIуагъ:

*«Джы къызнэсыгъэми Сэ Сятэ Iоф ешIэ, сэри Iоф сэшIэ» (Иуан 5:17).*
*«Ты лъапIэмрэ Сэррэ тыз» (Иуан 10:30).*
*«Сэ Тым сыщыщ, Тыри Сэ сщыщ» (Иуан 14:10-11).*

Шъыпкъэ дэдэмкIэ, игъогу рыкIохэрэри Тхьэм Тым фэдэу фыщытынхэу Ащ ыгъасэщтыгъэх, ау Христос Тхьэм Ыкъо фэдэу зэрэфыщытыр тэ Тхьэм тызэрэфыщытым лъэш дэдэу текIышъ ары а фыщтыкIэр къыгъэунэфын фаеу зышIыгъэр. ХристоскIэ Тхьэр – «Сэ Сят». Джары Магдалэ къалэм щыщ Мерэм Ащ зыкIыриIуагъэр: «Сэ Сятэ ыкIи ори уятэ ыдэжь сыдэкIуае». КъэпIон плъэкIыщтыгъэпышъ ары – «Сэ Тятэм ыдэжь сыдэкIэуае».

Мы усэ сатырхэр КъэбарышIур Иуан къызэриIотагъэм къыдэхыгъэх, ау Тым зыфэдэ къэмыхъугъэ епхыкIэу фыриIэр Маттэ къызэриIотагъэми Исус къыщеIо (Маттэ11:27):

*«Сятэ щыIэ пстэури къысIэкIилъхьагъ. Къо ЛъапIэр зыфэдэр Ты ЛъапIэм нэмыкI зыми ышIэрэп; Ты ЛъапIэр зыфэдэри Къо ЛъапIэмрэ Къо лъапIэм зэригъэшIэнхэ фэе цIыфхэмрэ анэмыкI зыми ышIэрэп».*

Тхьэм пэблэгъэ шъыпкъэу Исус зэриIощтыгъэр нэужым джуртхэр зэригъэгубжыгъэхэм къеушыхьатыжьы. «Ащ Тхьэм Ыкъоу зишIыжьыгъ» (Иуан 19:7) – аIощтыгъэ ахэмэ. Тхьэм зызэрэфигъадэрэм ишыхьатэу, Исус ышъхьэкIэ цIыфхэр къызэрэфыщытхэмрэ Ежь Тхьэм зэрэфыщытымрэ зэфихьыщтыгъэх.

*Арышъ,*
*Ар пшIэным къикIыщтыгъэр – Тхьэр пшIэныр ары;*
*Ар плъэгъуным къикIыщтыгъэр – Тхьэр плъэгъуныр ары;*
*Ар пшIошъхъуным къикIыщтыгъэр – Тхьэр пшIошъ хъуныр ары;*
*Ащ угохьаным къикIыщтыгъэр – Тхьэм угохьаныр ары;*

*Ар плъэгъу мыхъуным къикIыщтыгъэр – Тхъэр плъэгъу мыхъуныр ары;*
*Ар бгъэлъэпIэным къикIыщтыгъэр – Тхъэр бгъэлъэпIэныр ары (Иуан 8:19; 14:7; 12:5; 14:9; 17:44; Марк 9:37; Иуан 15:23; 5:23).*

Мыхэр Исус Тхьэм фыщытыкIэ гъэшIэгъон дэдэу фыриIагъэм фэгъэхьыгъэу къыIощтыгъэмэ ащыщ заул. Нахь нафэуи Исус тIоуцогъо ащ къытегущыIагъ. Къэбарышlур Иуан къызэриIотагъэ ияенэрэ шъхьэм икIэухы зыр ит. «Шъыпкъэ дэдэр къышъосэIо: Сэ сигущыIэ зыгъэцакIэрэр ныбжьи лIэщтэп». Христос идэогъухэм ар егъэлыекIыгъащэу алъытагъ. «Ибрахьим лIагъэ, – къедаощтыгъэх ахэр, – пегъымбархэри лIагъэх; тэ тятэу Ибрахьимэ О унахь ина? Сыдым фэдэу О узэплъыжьыра?»

«Шъуятэжъышхо Ибрахьимэ симафэ зэрилъэгъущтымкIэ гушIощтыгъэ: Ар ылъэгъугъ ыкIи гушIуагъэ», – къариIожьыгъ Исус.

Джуртхэр ащ нахь аIон амышIэу хъугъэх: «Илъэс шъэныкъо умыныбжьэу ау щытми Ибрахьимэ плъэгъугъэу оIо».

Ащ дэжьым Исус анахь гушхуагъэ зыхэлъэу къышIыгъэ псалъэмэ ащыщыр къыIуагъ: «Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо: Ибрахьим къэхъуным ыпэкIэ Сэ сыщыI».

Джащыгъум ахэмэ Исус еонхэу мыжъохэр къаштагъэх. Мусэ ыгъэуцугъэ хабзэмкIэ, Тхьэр зыгъэпцIырэр ары мыжъокIэ заощтыгъэхэр, арышъ апэрэ еплъыгъомкIэ бгъэшIэгъон плъэкIыщт: Христос къыIуагъэм Тхьэр ыгъэпцIыгъ епIолIэнэу, сыда халъэгъуагъэр? Шъыпкъэ, Ибрахьим къэмыхъоу Ежь щыIагъэу къыIуагъ, Исус ащ бэрэ къытегущыIагъ. Ар «уашъом къехыгъ ыкIи Тым къыгъэкIуагъ». Ащ фэдэу къызэриIорэр фэбгъэгъун плъэкIыщт. Ау тылъыкIотэн. «Ибрахьим ыпэкIэ сыщыIагъ» ымыIоу, «Сэ сыщыI» зэриIуагъэм тынаIэ тетыдзэн. Ащ къикIырэр Ибрахьим ыпэкIи Исус сыдигъуи щыIагъэу ары. Ау ари икъурэп. «Сэ сыщыI» зэриIуагъэм мыкIодыжьын гъашIэ уиIэным нахьыбэ къекIы. Тхьэу зэрэщытыр ары къыригъэкIырэр. «Сэ сыщыI» – ар Тхьэм ыцIэу, машIор къызкIэнэгъэ куандэм хэтэу Тхьэм Мусэ зыкъызэрэ-ригъэшIагъэр ары. «Сэ ЩыIэр ары ... джаущтэу Израил цIыфхэм яIу, ЩыIэм шъуадэжьы сыкъы-

гъэкIуагъ» (2 Мусэ 3:15). Тхьэм ыцIэ лъапIэр Исус мыгумэкIыхэу зыфиштэжьыгъ. Джары джуртхэм, Тхьэр зэригъэпцIыгъэм пае агъэпщынэнэу, мыжъохэр къызфаштагъэхэр.

ЯтIонэрэ щысэр, Исус Тхьэу зызэрэзыфиIуагъэмкIэ икIэрыкIэу Исус къызэрэхъужьыгъэм нэужы хэтэлъагъо (къэхъужьыгъэ шъыпкъэу тыкъеуцуалIэмэ). Иуан къызэриIуатэрэмкIэ (20: 26-29), Пасхэм къыкIэлъыкIогъэ тхьаумафэм, Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр зышIошъ мыхъурэ Фомэ Исус адрэ цIыфхэу Исус игъогу рыкIохэрэм ягъусэу унэу зэрысыгъэм Исус къихьагъ. УIагъэу телъмэ къатеIэбэнэу Фома риIуагъэти, ащ зэрмыры ышIыгъ ыкIи мэкъэ лъэшкIэ къыIуагъ: «Си-Зиусхьан ыкIи си-Тхь!» Исус а цIэ лъапIэхэр зыфиштэжьыгъэх. Лъытэныгъэ инэу къыфишIыгъэм паеп Фома зыфегыигъэр, Тхьэм шIошъхъуныгъэ зэрэфыримыIэм пае нахь.

### Ежьым шъхьэимыхыгъэу зыфиIожьыгъэхэр

Христос Тхьэу зэрэщытыр шъхьэихыгъэу, шъхьэимыхыгъэуи, ау зэфэдэу кIуачIэ иIэу къыIуагъ. Джы Тхьэм игущыIэу ариIощтыгъэмэ чIэгъ-чIэлъ мэхьанэу яIагъэр – Ежьыр хэт зыщыщыр шъхьэихыгъэу къызэриIощтыгъэм фэдэкъабзэу, ЕжьыркIэ шыхьаты мэхъух. Тхьэ закъор зэрэзекIощтым фэдэу Ар бэрэ зекIощтыгъэ. Ащ фэдэ щысэу плIы къэпхьын плъэкIыщт.

АпэрэмкIэ, псэкIодхэр афегъэгъухэу Ащ ыIощтыгъэ. КъэбарышIум чIыпIитIу къыхэфэ псэкIод зышIагъэмэ Исус афигъэгъугъэу (Марк 2:1-12; Лука 7:36-50). Апэрэм Исус зыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытэгъэ лIы къыфащагъ. Сымаджэм иныбджэгъухэм а уахътэм Исус зэрысыгъэ унэм ышъхьэ зэпкъырахи, зыпкъ ыубытыгъэр пIуаблэм телъэу къыратIупщэхыгъ. Сымаджэм иуз ыпкъынэлынэ зэремыпхыгъэр Исус къышIагъ ыкIи къеплъакIорэмэ амыгъэшIэгъон алъэкIыгъэп ащ риIуагъэр: «СикIал! УипсэкIодхэр къыпфэгъугъэх».

ЯтIуанэрэм – хэтакIоу ашIэщтыгъэ бзылъфыгъэм зэрэфигъэгъурэр риIуагъ. Исус фарисеим иунэ исэу шхэзэ, ар къыкIэрыхьи, ылъакъохэр нэпскIэ ыгъэшъокIыгъэх, ышъ-

хьацхэмкIэ ахэр ылъэкIыжьхи, ябэугъ ыкIи мэ IэшIухэр зыпихрэ дагъэхэри ащифагъэх. Исус ащ риIуагъ: «УипсэкIодхэр пфэгъугъэх».

АпэрэмкIи ятIонэрэмкIи хъугъэр зылъэгъугъэмэ агъэшIагъоу анапцэхэр аIэтыгъэх: «Хэт мыр? Сыд пае Тхьэр ыгъэпцIыра? Тхьэм нэмыкIэу хэта псэкIодхэр афэзыгъэгъунхэ зылъэкIыщтыр?» А упчIэхэр тэрэз дэдэу къаIуагъэх. Зыгорэмэ тыл зэрагъэузрэр афэдгъэгъун тлъэкIыщт; ау Тхьэм пэшIуекIоу тшIэрэ псэкIодхэр Тхьэ закъор ары къытфэзгъэгъунхэ зылъэкIыщтыр.

Христос, цIыфмэ щыIэныгъэ аритзэ, Тхьэу зэрэщытыр ашIошъы ыгъэхъущтыгъэ. Ежь фэгъэхьыгъэу Ащ ыIощтыгъэ: «ЩыIэныгъэ къыозытрэ хьалыгъу», «щыIэныгъ», «лIагъэхэр къэзыгъэтэджыжьыгъэу», «щыIэныгъэ язытырэр». Игъогу техьагъэхэр Ежь къызэрепхыгъэхэр Ащ афигъадэщтыгъэх сэнэшъхьэ бжалэхэр зытет къутамэмэ зэрагъашхэхэрэм. Самарие хэкум щыщ бзылъфыгъэм Ащ щыIэныгъэ къыозытырэ псым ригъэшъонэу фигъэшъошагъ, тхьэмэтэ бай ныбжьыкIэм риIуагъ Ежь игъогу къытехьэмэ, мыкIодыжьын щыIэныгъэ ритынэу. Мэлэхъо дэгъумкIэ Ар зэджэжьыщтыгъэ – имэлхэм апае ищыIэныгъэ зэритыщтым имызакъоу, щыIэныгъэ аритынэу ариIощтыгъэ. Ащ ыIощтыгъэ Тхьэм цIыф пстэури ыIэ къырилъхьагъэу, Тхьэм къыритыгъэмэ зэкIэмэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ аритынэу ыкIи къариIуагъ «Тхьэм Ыкъо зыфаер къегъэхъужьэу» (Иуан 6:35, 14:6, 11:25, 15:4, 4:10-15; Марк 10:17-21; Иуан 10:28, 17:2, 5:21).

Гъэнэфэгъэ шъыпкъэу а гущыIэхэр къызэриIуагъэхэм къыхэкIэу Исус игъогу рыкIохэрэм ахэр зэрэшъыпкъэхэр нафэу алъэгъугъ. Исус джы ахэмэ абгынэн алъэкIыщтыгъэп. «Тыдэ тыкIощта?» – къэупчIагъ Петрэ. – «О мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытэзытырэ гущыIэхэр къэоIох».

ЩыIэныгъэр хырыхыхьэм фэд. Зэрэгъэпсыгъэри къызхэкIыгъэри къэшIэгъуаех. Ар зылIэужыгъори, къыздэкIырэри тэ зэхэтфын тлъэкIыщтэп. Тхьэм итын лъапIэкIэ теджэн тлъэкIыщт ныIэп. Ар Исус къытитынэу зыфиIогъагъэр ары.

Ящанэрэу, шъхьэимыхыгъэу Исус зыфиIожьыгъэр – шъыпкъагъэр зэрэтигъашIэрэр ары. ЗанкIэу, шIошъхъуны-

гъэ ин хэлъэу къызэрэгущыIэрэр ары шъыпкъагъэу къыIорэмэ анахьэу тэ дгъэшIагъорэр. Исус дэпсэущтыгъэмэ лъэш дэдэу ашIогъэшIэгъоныгъ Ащ акъылышIоу иIагъэр.

*«Мы лIым къыIохэрэр тыдэ къырихыгъэха? Сыдэу акъылышхуа Тхьэм Ащ къыритыгъэр? Мерэм ыкъо пхъашIэр арыба мыр?» «Емыджагъэу, Ащ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр зэришIэхэрэр?»*

Ау ащ нахьи нахь агъэшIэгъуагъ тетыгъошхоу иIэр зэрэзыдишIэжьырэр:

*«А лIыр къызэрэгущыIэрэм фэдэу, зы цIыфы егъашIэми гущыIагъэп».*

*«Тетыгъошхо иIэу адэгущыIагъ».*

*«Исус къэгущыIэныр къызеухым, Ащ къыIуагъэхэр цIыфмэ гъэшIэгъон дэдэ ащыхъугъэх, сыда пIомэ тетыгъошхо иIэу къэгущыIэщтыгъэ, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ афэмыдэу». (Марк 6:3; Иуан 7:15,46; Лука 4:32; Маттэ 7:28-29).*

Ащ итетыгъо – Тэурат егъэджэкIо пащэхэмэ афэмыдагъэмэ, пегъымбармэ ятетыгъуи ар фэдагъэп. Таурат егъэджэкIо пащэхэм Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр, щысэу къамыхьэу рагъаджэщтыгъэхэп. Пегъымбархэр Зиусхьаным ыцIэкIэ къэгущыIэщтыгъэх. Исус Ежь итетыгъокIэ, ыкIуачIэкIэ къэгущыIэщтыгъэ. «Джаущтэу Зиусхьаным къеIо, – ыIощтыгъэп Ащ, – шъыпкъэр къышъосэIо», – ыIощтыгъэ. Зэрэщыт шъыпкъэмкIэ, ригъаджэхэрэр Ащ Ежь иехэу къыIуатэщтыгъэп, Тым, къэзыгъэкIуагъэм иеу ары нахь. Ау щытми, Ащ ышIэщтыгъэ Ежьыр ары Тхьэм цIыфхэм зэхаригъэшIыкIынэу фаер языIощтыр ыкIи ащ къыхэкIэу ицыхьэ зытелъыжьэу гущыIэщтыгъэ. Щэч ыгу илъыгъэп, къысфэгъэгъу сэ сыхэукъуагъ къыIон ищыкIагъэп. ИгущыIэ зэкIихьажьынэу е ар зэблихъунэу ищыкIэгъагъэп. ЗанкIэу къыбгурыIон фаеу щыт Тхьэм игущыIэхэр Ащ къыIощтыгъэх. «Тхьэм къыгъэкIуагъэм Тхьэм и ГущыIэ къыIощт». ШIошъхъуныгъэ ин фыриIэу ащ къэхъун фаер цIыфхэм ариIуагъ. ЦIыфыгъэ шапхъэм фэгъэзэгъэ шъыпкъэхэу унашъохэр къышIыщтыгъэх: «Уипый шIу лъэгъу», «Неущырэ мафэм шъуфэмы-

гумэкI», «Шъумыгъэмысэхэри, шъори Тхьэм шъуигъэмысэжьыщтэп». ЗэригъэцэкIэжьыщтым щэч гори химылъхьэу Ащ гущыIэ аритыщтыгъэ. «ШъукъэлъаIори, Тхьэм къышъуитыщт». ИгущыIэмэ хэбзэ кIуачIэ яIэу, ныбжьи мыкIодыжьыщтхэу Ащ ыIощтыгъэ. КъедэIухэрэм ариIощтыгъэ цIыфхэр зыфигъасэхэрэм къызэрапэгъокIхэрэм елъытыгъэу ящыIэныгъи зэрэкIощтыр: джуртхэм ящыIэныгъэ Тхьэм джэуапэу ратыжьыгъэм епхыгъэу зэрэхъугъэм фэдэу.

Дунаим ицIыфхэм хьыкум атыришIыхьэнэу фитэу Исус зыфиIожьыгъэ. Арын фае Ежьым зыфиIожьыгъэ пстэуми анахь гъэшIэгъоныгъэр. Ахърэт мафэм дэжь Ащ къыгъэзэжьыщтэу гъэсэпэтхыдэ заулэмэ къащеIо, ащ пае Ахърэт мафэм Ежь дунаим къэкIожьфэ зэкIахьагъэ. ЛIагъэхэр Ежь къыгъэхъужьынхэшъ, зэкIэ цIыф лъэпкъхэр ыпашъхьэ щызэрэугъоищтых. Щытхъушхо иIэу итахътэ Ар тесыщт ыкIи Тым фит ышIыщт Исус цIыфхэм хьыкум атыришIыхьэнэу. Джащыгъум ащ цIыфхэр зэхидзыщтых, мэлахъом мэлхэмрэ пчэнхэмрэ зэрэзэхидзыхэрэм фэдэу. Тхьэм дунаир къызщигъэшIыгъэм къыщегъэжьагъэу Тхьэм афиухьазырыгъэ мыкIодыжьын щыIэныгъэр зымэ аритыщт, адрэмэ гущыIэ щынагъохэр зэхахыщтых: «Садэжь шъуIукI, Тхьэм ынае зыщифагъэхэр, шэйтанымрэ ащ имэлэIичхэмрэ Тхьэм афигъэхьазырыгъэ мыкIосэжьын машIом шъукIу» (Маттэ 25:31, Иуан 5:22, 28-29).

Ау Исус хьыкум атыришIыхьэ зыхъукIэ цIыфхэр зэрэзэхидзхэрэм екIолIакIэу иIэщтыр Ежь къызэрэфыщытхэм елъытыгъэщт, ар Ежь «ышхэм» Исус зэрафыщытыгъэхэр, е Ащ игущыIэхэм зэрапэгъокIыгъэхэр ары. Исус игъогу зэрэрыкIохэрэр цIыфхэм апашъхьэ къыщызыIохэрэр Ежьыри Тхьэм ыпашъхьэкIэ игъогу рыкIохэрэм зэращыщхэр щыIощт; Исус щызгъэзыягъэхэм Ежьыми ыкIыб афигъэзэщт. Зэрэщыт шъыпкъэмкIи, уашъом цIыфыр къырифыхыным пае, Исус моущтэу къыIомэ екъу: «Сэ шъо ныбжьи шъусшIэщтыгъэп». (Иуан 12:47-48; Маттэ 10:32-33, 7:23).

А гущыIэмэ къарыкIырэм уасэ фэшIыгъуай. Непэ дин пащэм моущтэу къыIоу къызшIожъугъэшI: «Шъуишъыпкъэу шъукъысэдэIу. Ащ елъытыгъэщт Ахърэт мафэм шъузыдэкIощтыр. Ахърэт мафэм хьыкум къышъутесшIыхьанэу сэ

къэзгъэзэжьыщт ыкIи шъукъызэрэсэдэIущтыгъэм елъытыгъэщт къышъорыкIощтыр». Ащ фэдэ дин пащэм полициеми е психиатрэм Iоф дыриIэнкIэ енэгуягъо.

## Исус зыфиIожьыгъэхэр къызэригъэшъыпкъэжьыгъэхэр

Тэ къытфэнэжьырэ закъор – Исус Iоф гъэшIэгъонхэу къыгъэлъэгъуагъэхэм тахэплъэжьыныр ары, Ежьым зыфиIожьыгъэхэу, къэшъыпкъэжьыгъэхэкIэ ахэмэ уяджэ хъущт.

Iоф гъэшIэгъонхэр хъунхэ алъэкIыщтмэ е ахэр зыфэгъэхьыгъэхэм тишъыпкъэу татегущыIэщтэп. КъатIомэ икъущт: Христос ыгъэхъэгъэ Iоф гъэшIэгъонхэм уасэ афэзышIыхэрэр цIыфым ыIэ къикIын Iофхэр арэп, мэхьанэу яIэр ары нахь. Iоф гъэшIэгъонхэм фэдэ къабзэу, ахэр узыгъэгъозэрэ нэшанэуи щытыгъэх. Аущтэу щыт къодыекIэ е Исус ифедэкIэ ахэр ыгъэхъагъэхэп, илъэкIыныгъэ къыгъэлъэгъоным, е цIыфхэр къеуцолIэнхэм паеп ахэр къызфигъэлъагъощтыгъэхэр. Пкъынэ-лынэм иамалхэм анахьэу, ахэмэ цIыфыгъэ шIыкIэ-зекIуакIэмэ акIуачIэ къагъэлъагъощтыгъэ. Зэфэхьысыгъэу къэпIощтмэ, ахэр – Ежь Исус къыгъэшъыпкъэжьыгъэ гъэсэпэтхыдэх. КъыIощтыгъэхэр ахэмэ нэрлъэгъу къашIы. Ыгъэхъэгъэ Iофхэм игущыIэхэр къагъэшъыпкъэжьых.

Иуан ар нафэу ылъэгъущтыгъэ. Ащ нэшэнэ гъэшIэгъон зы-хыбл (еплъ 20:30-31) атырешIыкIы и-КъэбарышIу ыкIи Ежь – Тхьэу ЩыIэр арэу зэриIощтыгъэмэ ахэр арепхы. Апэрэ нэшэнэ гъэшIэгъоныр – Галилей хэкум щыщ къуаджэу Канэ щыIэгъэ нысэщэ ешхэ-ешъошхом псыр санэ зэрэщишIыгъэр ары. Ежь а нэшэнэ гъэшIэгъоным апэрэ еплъыгъомкIэ угукIи, упсэкIи осэшхо хэлъэу пIон плъэкIыщтэп. Ащ имэхьанэ лъэгъугъошIоп. Иуан къеIуатэ «ащ мыжъом хэшIыкIыгъэхэу псызехьэу хы щытыгъэу, джуртхэм зызэраукъэбзыжьырэ хабзэм теткIэ гъэуцугъэхэу» (Иуан 2:6). Джары тэ тызлъыхъурэ IункIыбзэ Iухыр. Псым къикIырэр ижъырэ диныр ары, Иуан ияплIэнэрэ шъхьэм Якъубэ ипсынэу Апэрэ Зэзэгъыныгъэм бэхэмкIэ епхыгъэу хэтым фэдэу. Сэнэпсым къикIырэр Исус идин ары. Ащ псыр сэнэпс

зэришIыгъэм фэдэу, КъэбарышIуми Тэурат хабзэр зэблихъущт. А хабзэм къыIощтыгъэу Ащ лъэкIэу иIэмкIэ гъэпсыкIакIэ ыгъэуцун фитэу. Ар Христосэу (Мэссихьэу) щытыгъ. Бэ темышIэу ащ Самарие хэкум щыщ бзылъфыгъэм риIощт: «Христосыр – Сэры».

Джащ яхьщырэу, нэбгырэ мин ыгъэшхэкIи, гум игъаблэ ыгъэкIодын зэрилъэкIыщтыр Ащ къыгъэлъэгъуагъ. «ЦIыфхэм щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъур Сэры» – джаущтэу Ащ ыIощтыгъэ уахътэ тешIагъэу. Нэшъоу къэхъугъэм Ащ ынэхэр къыгъэплъагъэх. Ащ ыпэкIэ къыIуагъ: «Дунаим инэфынэ Сэры». Нэшъур къыгъэплъэжьын ылъэкIыщтыгъэмэ, ащыгъум Тхьэр алъэгъуным ыкIи къагурыIоным пае Ащ цIыфхэм анэхэр къыгъэплъэжьын ылъэкIыщтыгъ. Лазар зыцIэ цIыфэу мэфиплIырэ ыпсэ хэмытыжьэу щылъыгъэр Ащ къыгъэхъужьи, къыIуагъ: «ЦIыфхэр къэзыгъэхъужьхэу ыкIи щыIэныгъэр язытырэр Сэры». ЛIагъэр Ащ къыгъэхъужьыгъ. Ар узыгъэгъозэрэ нэшанэу щытыгъ. Пкъым игъашIэ псэм игъашIэ уегъэлъэгъу. Тхьэм шIошъхъуныгъэ физиIэр зыщылIэщтым дэжь Ежь Христос ащ ищыIэныгъэ ичIыпIэ хъун ылъэкIыщтыгъэ ыкIи ар зылIэкIэ, Христос ар къыгъэхъужьын елъэкIы. А Iофышхо гъэшIэгъонхэр зэкIэ мэхьанэ зыхэлъ гъэсэпэтхыдэх, сыда пIомэ а цIыфхэр зэкIэ гу-псэкIэ мэлэкIалIэх, нэшъух ыкIи хьадэх. Христос закъу ары ахэмэ ямэлэкIалIэ зыгъэкIодыщтыр, къэзгъэплъэжьыщтхэр ыкIи щыIэныгъакIэм пае къэзгъэхъужьынхэ зылъэкIыщтыр (Иуан 6:35, 8:12, 11:25).

## Зэфэхьысыжьыр

А пстэури хэбгъэкIын плъэкIыщтэп Назарет щыщ пхъашIэм ишIэныгъэу цIыфхэр зэригъаджэщтыгъэм. КъэбарышIур зытхыгъэмэ ахэр къаугупшысыгъэхэу е зыдамышIэжьэу рагъэлыекIыгъэу пIон плъэкIыщтэп. Ахэр игъэкIотыгъэу ыкIи зэфэдэу КъэбарышIу зэфэшъхьафмэ, КъэбарышIухэр къызхэхыгъэмэ ахэгощагъэх; къэугупшысыгъэ Iоф зэрэхэмылъыр къыуегъашIэ зэкIэри зэгъэкIугъэу ыкIи зэдиштэу зэрэщытыми.

Христос зыфиIожьыгъэхэр тэлъэгъух. Аущтэу щыт къо-

дыеу ежьхэм уяплъыкIэ ахэр Исус Тхьэу зэрэщытым ишыхьаты хъунхэ алъэкIыщтэп. Ахэм шъыпкъэ ахэмылъыгъэнкIи мэхъу, ау къарыкIырэр къызгурыгъэIогъэн фае. Ежь фэгъэхьыжьыгъэу Исус хэукъощтыгъэмэ – ары цIыфхэр зэригъаджэхэрэм анахь мэхьанэ иIэу хэтыр – ащыгъум Ащ егъэджэкIо ин дэдэу уеплъыжьын плъэкIыщтэп. ШIэныгъэлэжьэу бэмэ мыщ ыгъэгумэкIхэу лъэшэу зегъэины зыфэпIоныр къырагъэкIыгъ.

*«ЦIыф къызэрыкIом ащ фэдэхэр ежъым зыфиIожъыхэрэмэ къарыбгъэкIын плъэкIыщтыр – империе псэу пIэ илъ фэдэу, ин дэдэу зыкъыпшIошIыжъыным нэсэу пшъхъэ плъытэжъыныр ары» (П.Т. Форсит «Джъырэ ыкIи нэужъырэ щыIэныгъэр», 1947).*

*«ЦIыфыгъэ шIыкIэ-псэукIэм фэгъэхъыгъэ шIэныгъэу куоу, акъылыгъэ хэлъэу ыкIи (къыхэзгъэхъонэу изын къысэшъут) чыжъэу рилъэгъукIэу Ащ зэрихъэрэмрэ шъхъэшIошIыжъыгъэ ин дэдэу Тхъэм фэгъэхъыгъэ ымыгъэуцуфэ шIэныгъэу зэрихъэрэмрэ хэгъэбылъхъэгъэн фаемрэ шъыпкъэм теткIэ Ар Тхъэу щымытмэ – азфагу илъ зэмызэгъыныгъэр зэгорэми джы нэсфэ уигъэрэзэнэу къызэхафыгъэп» (К.С.Лъюис «Iоф гъэшIэгъон», 1947).*

Ащыгъум ышIэзэ Ащ тигъапцIэщтыгъэба? ИеплъыкIэхэр цIыфхэм аригъаштэным кIэдэути, нэужым шъыпкъэмкIэ имыIэгъэ Тхьэ тетыгъор Ежь зэрипэсыжьыщтыгъэу ара? Ар шIошъы гъэхъугъуай. Исус тхьагъэпцIыгъэр зыхэзымыдэрэ горэ хэлъ. Ащ шъорышIыгъэр нэмыкIмэ афигъэгъущтыгъэп, Ежьыри ыгу илъ шъыпкъэм нэмыкI къыIощтыгъэп.

Хьаумэ зыдимышIэжьэу хэукъощтыгъа? НэпIэхъым зыхишIыкIыгъа? Аущтэу зыIуи щыI, ау ахэр зыхэт нэпIэхъыр нахь инэу уегуцэфэни плъэкIыщт. ГъэпцIагъэхэр е гъощагъэхэр къызэрэтщыхъухэрэм фэдэу, Исус уеплъын плъэкIырэп. Ащ ишэн-нэшанэхэр къыIорэмэ къагъэшъыпкъэжьых, тэри джащ тырыгъуазэзэ, тизэхэфын лъыдгъэкIотэщт.

## 3. Христос ишэн гъэпсыкI

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ синэIосэ кIэлакIэ горэм итхыгъэ къысIукIагъ. «ГъэшIэгъон дэдэ горэ къычIэзгъэщыгъ, – къытхыщтыгъэ ащ. – ЛъэкI пстэури зиIэ Тхьэм къуитIу иIагъ. Исус апэрагъ, сэ ятIонэрэр». Тхыгъэр къызыдэкIырэм сеплъыгъ. ЗэлъашIэрэ сымэджэщэу зэкIокIыгъэхэр зычIэлъхэм къыритхыкIыщтыгъэ.

Зигъэинынэу ыкIи Тхьэу щытэу къашIуигъэшIы шIоигъоу цIыфыбэ щыIагъ. ЗэкIокIыгъэмэ зыщяIазэхэрэ сымэджэщмэ хэукъоу цIыф макIэп ачIэлъыр, ахэмэ Юлий Цезарэу, премьер министрэу, Японием ипачъыхьэу, Исус Христосэу зыкъагъэлъагъо. Ау ахэмэ къаIорэр зыми ышIошъ хъурэп.

Ежьхэм анэпэмыкI зи гъэпцIагъэ хъурэп. Ахэмэ рагъэджэн щыIэп, ежьхэм афэдэ сымаджэхэм анэпэмыкI. Ахэмэ къаIорэр зыми ышIошъ агъэхъун алъэкIырэп, сыда пIомэ зыкъызэрагъалъагъорэм фэдэу зекIонхэ алъэкIырэп. ЯцIыф шэн-гъэпсыкIэ къаIорэм диштэжьырэп.

Джыдэдэм христианмэ Христос шIошъхъуныгъэу фыряIэр Ар Ежь зыкъызэригъэлъэгъуагъэм зэрэтет шъыпкъэр зэраштэрэм къегъэлъэшы. Ащ игущыIэхэмрэ иIофхэмрэ зэтекIхэрэп. УкIэмыупчIэжьынэу, Ащ къыIуагъэхэр къэбгъэшъыпкъэнхэм пае зыфэдэ къэмыхъурэ шэн ищыкIагъ, ау тэ къызэрэтшIошIырэмкIэ, джащ фэдэ шэн-гъэпсыкI Исус иIагъэр. Ащ ишэны къыIуагъэхэр къыгъэшъыпкъэхэрэп, ау хэпшIыкIэу ишIуагъэ къякIы. Ащ къыIуагъэхэр блэкIыгъэу гъэшIэгъоныгъэх, Ащ ишэн зыфэдэ къэмыхъугъэ шэн. Джон Стюарт Милл «ыпэкIэ щыIэгъэ цIыфхэм зэрафэмыдэу, игъогу рыкIуагъэхэми афэмыдэ цIыфышъхьэ гъэшIогъон дэдэу» ыIуагъ (У.Х.Гриффит Томас тхылъэу «Христиан диныр – Христос ары» зыфиIорэм къыхитхыкIыгъ, 1909).

Карнеги Симпсон ытхыщтыгъэ:

*«Ныдэлъф нэшанэу тхэлъымкIэ Ар тэ зы куп горэми хэдгъахъэрэп. ЦIыфыцIэ зэкIэлъыкIохэу, Конфуцие къыщегъэжьагъэу С. ГетекIэ ыухыжьрэмэ Ащ ыцIэ ахэтэу тыкъызеджэкIэ, гъэшIэ хабзэ горэр армырэу, Iэдэбныгъэр зэрэтыукъорэр зэхэтэшIэ.*

*Исус – цIыфышхо дэдэмэ ащыщ горэп. Шъуфаемэ, ацIэ къешъуIу Александрэ Иным, Наполеон Иным, Чарлз Иным... Исус шъхъафэу щыт. Ар – Инэп. Ар – Закъо. Ар – Исус ныIэп. Ащ зи хэбгъэхъон плъэкIыщтэп... Ар тэ зэхэфын амалэу тиIэм къыхъырэп. ЦIыф гъэпсыкIэм еплъыкIэу фытиIэхэр Ащ къызэщегъакъох. ЗэхэфынымкIэ кIуачIэу тхэлъым тишъхьэ нахь лъагэу тыдигъэпкIэен фаеу Ащ тырегъэзы. Тпсэ Iэрылъхьэ фэтшIы тшIоигъоу тешIы. Чарлз Лэм къыIуагъэ горэ щыI: Шекспир мы унэм къихьэгъагъэмэ, шIуфэс етхынэу тыкъэтэджын фаеу хъущтгъэ, ау а ЦIыфышъхьэр къихьан фэягъэмэ лъэгонджэмышъхьэкIэ тытIысынышъ, ищыгъын къуапэ тебэу тшIоигъоу тыгоIэщтыгъэ (П.Карнеги Симпсон «Христос ишъыпкъэныгъ», 1930).*

ЗэрэхъурэмкIэ, Исус шэн шэпхъэ шъхьаф зэритыр къэдгъэлъэгъон фае. Дунаим зэгорэм тетыгъэ цIыф пстэуми Ар анахь инэу къытшIошIыным тигъэрэзэжьырэп. Исус зыгорэм едгъэпшэнышъ, зыгорэм нахь дэгъу тIоныри къедгъэкIужьырэп. Зэпэтэгъэуцух нахь, зэдгъапшэхэрэп.

«Сыда цIыфышIукIэ Сэ укъызкIысаджэрэр?» – еупчIыгъ Ар тхьэматэ ныбжьыкIэ горэм. «ЩыIэп, Тхьэм нэпэмыкI шIу гори щыIэп». «Шъыпкъэ дэд!» – къэтIонэу къыттефэщтыгъэ тэ. «О адрэ цIыф пстэуми уанахь дэгъур арэп. Аужыпкъэм О цIыф пстэуми уанахь цIыф дэгъу, тIоми икъущтэп, О ушIу – Тхьэм гъунэ зимыIэ ишIугъэ дэдэкIэ ушIу».

Ащ къикIырэр къагурэIон фае. ПсэкIодыр – цIыфмэ ныдэлъф узэу яI. АщкIэ зэкIэхэри сыдрэ уахъти тхьаусхэщтыгъэх. Ау Назарет щыщ Исус псэкIод ышIагъэп. Ар тэ цIыфэу тшIэрэмэ афэдагъэп. Ащ псэкIод имыIагъэмэ, Ар тэ тфэдагъэп.

*«Ащ ишэн-гъэпсыкIэ Iоф гъэшIэгъон ин дэдэу тэ тшIэрэмэ анахъ гъэшIэгъоныгъ». (Карнеги Симпсон Теннисон ытхыгъэмэ къахихыгъ).*

*«ПсэкIод зышIагъэмэ Ар зэрафэмыдэр – аукъодые Iофэу щытэп гъэшIэгъон дэдэ гор нахь. Ар – типсэкIодхэр тфэгъунхэмкIэ тызыгъэгугъэрэр ары. Ар – Христос ишIушIагъэу, ар хэмылъыгъэмэ КъэгъэнэжъакIокIэ уеджэн озымгъэлъэкIыщтгъагъэр ары тэ тфэдэкъабзэу, Ежьыри къэбгъэнэжьын фаеу хъущтгъэ». (Джеймс Дэнни «ТеологиемкIэ узэджэщтхэр», я 9-рэ тедзэгъу, 1909).*

Христос псэкIод ымышIагъэу зэрэщытыр мыщ къыкIэлъыкIоу чIыпIиплIмэ ащызэфэтхьысыжьмэ, ишIуагъэ къэкIонкIи мэхъу.

### Ащ ехьылIагъэу Ежь Христос къыIуагъэхэр

ПсэкIод ымышIагъэу зэ е тIо Христос занкIэу къеIо. ХэтэкIо бзылъфыгъэр Христос ыдэжь къызащэм, ар зыгъэмысэхэрэм зэрмыры узышIын фэдэ гушыIэ Ащ ариIуагъ: «Шъуащыщэу псэкIод зымышIагъэр апэрэу ащ мыжъокIэ ерэу». Игъорыгъоу зэкIэ зэбгырыкIыжьи, зы нэбгыри къэнагъэп. ТIэкIу тебгъашIэмэ а шъхьэ дэдэм (Иуан 8) итхагъ Исус джыри зэ янэкъокъоу, мызгъэгурэм Ежь фэгъэхьыжьыгъэу: «Хэта шъуащышэу сэ псэкIодшIагъэ сиIэу къэзыушыхьатыр?» Зыми джэуап къытыгъэп. Ыгъэмысэхэ зыхъукIэ, цIыфхэр зэбгырыкIыжьынхэм пылъыгъэх. Ау Ежь къагъэмысэнэу зялъэIум, къэуцунышъ, къызэреупчIхэрэр ыщэIэн ылъэкIыгъ. Ахэр зэкIэ псэкIодышIэхэу щытыгъэх. Ежь псэкIодшIагъэ иIагъэп. Ар Ятэ Iэрылъхьэ шъыпкъэ зыфишIыгъэу, Ащ фэIорышIэу, Ар зышIоигъор ыгъэцэкIагъ. «Сэ сыдигъокIи Ащ къыIорэр сэгъэцакIэ,– Ащ шIоигъор». А гущыIэхэм шъхьэщытхъужьыгъэ гори ахэлъыгъэп. Ар рэхьатэу къэгущыIэщтыгъэ, гузэжъогъуи нэшIошIыгъи хэмылъэу.

Джащ фэдэкъабзэу, ишIэныгъэ тегъэпсыкIыгъэу, Ащ Ежь-Ежьырэу зекIокIэ шIыкIэм шэпхъэ шъхьафым зыригъэуцуагъ. Шъыпкъэ, джащ фэдэкъабзэу зекIуагъэ рэзэныгъэ зэриIэр зышIошIыжьызэ Тхьэм иунэшхо къыщызыIогъэ фарисеир: «Адрэ цIыф пстэуми сызэрафэмыдэм пае щытхъу пфэсэшIэ». Ау Исус зыми зэрэфэмыдэр зызкIыфихьыжьыщтыгъэр Ежь ышъхьэкIэ рэзэныгъэ ыгъотыным паеп. Ащ анаIэ къытыраригъэдзэныр Ежь ищыкIэгъагъэп. Ар къыхэбгъэщынэу ищыкIэгъагъэп, сыда пIомэ ау щытми ар нафэу щытыгъ. НэмыкI цIыф пстэури мэл гъощагъэмэ афэдагъэх. Ахэр къыгъотынхэшъ, мэлэхъо дэгъум фэдэу, мыкIодынхэу къыгъэнэжьынхэу Ар къэкIуагъ. НэмыкI цIыф пстэури псэкIодшIэным иузы ригъэзыгъэх. Ахэмэ Iэзэгъу афэхъунэу Ежь къэкIуагъ. Адрэ цIыф пстэури псэкIодшIэнымрэ мышIэныгъэмрэ яшIункIы хэтыгъэх. Ежь дунаем инэфынэу

щытыгъ. Адрэ цIыф пстэури псэкIодышI; Ежь къэхъугъ ахэмэ я-КъэгъэнэжьакIо хъунэу – япсэкIодхэр ыгъэгъунхэм пае ыгъэчъэнэу илъ. Адрэ цIыф пстэури мэлэкIэлIагъ; Ежь щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъоу щытыгъ. Адрэ цIыф пстэуми псэкIод амышIэн амылъэкIынэу, хьадэгъур къяжэщтыгъэ; ахэмэ непэ щыIэныгъэ язытынэу, нэужым лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьынхэ ылъэкIыщтыгъэ. А къэIокIэ пстэуми Христос зекIокIэ-хабзэм ылъэныкъомкIэ зыми зэрэфэмыдэр зэрэзыдишIэжьыщтыгъэр къарэкIы.

Арышъ, шэйтаным Исус псэкIод ригъэшIэным зэрэпылъыгъэр тэшIэми, псэкIод ышIагъэу зыкIи зэрэзэхэтымыхыгъэр гъэшIэгъонэп. Ащ псэкIод зэримышIагъэм пае, псэкIод горэ Тхьэм ыпашъхьэ рилъхьэнэу ищыкIагъэп. Игъогу рыкIохэрэм Ежь аущтэу ашIэнэу ариIуагъэми, зыгорэм къысфэгъэгъу риIонэу ищыкIагъэп. ИзекIуакIэ ныбжьи хэукъуагъэп. Енэгуягъо мысагъэр зыфэдэмрэ Тхьэм укIэрычыгъэнымрэ зэхимышIэхэрэкIэ. Ар зэраумэхъыгъагъэр, Иуан УмэхъакIом зэриIогъагъэу, «укIэгъожьыным иумэхъынэу» щытыгъэ шъыпкъ. Арышъхьае Исус ыумэхъын зэхъум зэшIэгъуае хъугъэу Иуан зэ къызэтеуцогъагъ, Ежь Исус заригъэумэхъынэу къызкIэкIуагъэр псэкIод ышIагъэу еуцолIагъэкIэ арэп, «сыд лIэужыгъорэ шъыпкъагъэри ыгъэцэкIэнышъ», нэмыкIхэм япсэкIодхэм зафигъэдэнэу ары нахь.

ЦIыфышIугъэ зекIокIэ шапхъэ гори ыукъуагъэу зэрэзыдимышIэжьырэу ыкIи Тхьэм фыщытыкIэ фыриIэм нэцIэкI гори зэримыIэр лъэныкъуитIукIэ гъэшIэгъоны. Апэрэр – цIыфым изэрщыт-игъэпсыкIэ шъыпкъэр куоу рилъэгъукIыщтыгъэ. «Ащ цIыфым игъэпсыкIэ шъыпкъэр ышIэщтыгъэ». Куп зэхэтыр зэхъырэхъышэрэмрэ зыгъэгумэкIрэмрэ Ащ къышIэщтыгъэу бэрэ КъэбарышIум къыхэфэ. Сыдрэри IупкIэу къызэрэгурыIорэм ихьатыркIэ Ащ фарисеймэ янэпитIугъэ щынэ ымышIэу къычIигъэщын ылъэкIыгъ. Ахэмэ яшъорышIыгъэ Ащ фэлъэгъущтыгъэп. Апэрэ Зэзэгъыныгъэм ипегъымбармэ афэдэу, Ар зэкIэми зэхахэу фарисеймэ тхьамыкIагъэ къафэкIонэу лъаIощтыгъэ. Шъхьащытхъужьынымрэ нэшIошIыгъэмрэ Ащ фэлъэгъущтыгъэхэп, Ау зэрэщытышъ, куоу ыкIи чыжьэу плъэн зылъэкIырэм Ежь псэкIод ышIагъэу зыхилъэгъожьыщтыгъэп.

ЯтIуанэрэр – Ежь зыдишIэжьырэ къэбзагъэу хэлъыр гъэшIэгъон дэдэ къыпщызыгъэхъурэр, цIыф зыгу къэбзэ дэдэми, мистикхэми афэдэпышъ ары. Тхьэм нахь пэблагъэ ухъу къэс, уипсэкIодхэри нахь зэрэзыдэпшIэжьхэрэр христианхэм ашIэ. А лъэныкъомкIэ цIыф къабзэр зыгорэущтэу шIэныгъэлэжьым яхьыщыр. ШIэныгъэлэжьым нахьыбэ кIэу къыгъоты къэс, джыри къыгъотын фаеу, ымышIэу къэнагъэм нахь уасэ фешIы. Джащ фэдэу, христианым ишIошъхъуныгъэ нахь ин хъу къэс, Христосрэ ежьыррэ азфагу илъ гъогур зэрэиныр нахь зэхешIэ.

Акъылэу уигъашIэкIэ бгъотыгъэр зэримыкъурэр, христианмэ ащыщ горэм игъэшIэ гъогу рыплъэри къыбгурыIощт. Щысэ къэпхьын плъэкIыщт. Я XIX-рэ лIэшIэгъум ипэублэм штатэу Делавэр щыпсэурэ цIыф лъэпкъмэ адэжь апэрэ миссионерэу кIогъагъэмэ Дэвид Брайнерд ащыщыгъ. Христос фэшъыпкъэ дэдэу ар зэрэщытыгъэр мафэ къэси ихъугъэ-шIагъэхэр зыдэт тхылъымрэ адрэ итхыгъэхэмрэ къаушыхьаты. Лыуз къин зэхишIэу, ипсаунынгъэкIи хъыбыеу щытыгъэми – ахэр ары илъэс 29-рэ нахь ымыныбжьэу зыгъэлIагъэхэри – ащ IофшIэным зыригъэстыщтыгъэ. Шыоу ар мэз цунэмэ апхырыкIыщтыгъэ, сыпшъыгъ ымыIоу, шIошъхъуныгъэм игъогу агуригъаIощтыгъэ ыкIи ригъаджэщтыгъэх, бгъашъхьэ имыIэу чъыещтыгъэ, унэ зэтегъэпсыхьагъи ыкIи унагъуи иIагъэхэп. «СыгукIэ силъэпIэ индейцэхэр» зыфэпIощтым фэдэхэр, тхьэлъэIухэр, Тхьэм фэгъэхьыгъэ щытхъу гущыIэхэр ихъугъэ-шIагъэхэр зыдэт тхылъым дизых.

УкIэмыупчIэжьынэу, ар цIыф къэбзэ дэдэмэ ащыщыгъ, иIофшIэни игъашIи псэкIодыр макIэу анэсыгъагъэми ары ныIэп. Ау щытми, итхылъ инэкIубгъохэр зэпырыдгъазэхэзэ зыхъукIэ, цIыфыгъэ шапхъэхэмкIэ мыкъабзэу ыIозэ бэрэ зэрэтхьаусхэрэр тэлъэгъу. Тхьэм макIэрэ елъэIоу, Исус шIулъэгъоу фыриIэри макIэу еIошъ, мэтхьаусхэ. «Хьамылыу насыпынчъэкIэ», «хьэ лIагъэкIэ», «ямыщыкIэгъэхэ псэушъхьэ тхьамыкIэу» зэджэжьы. Ар иакъыл ушIоркъыгъэкIэ арэп. Христос пэгъунэгъоу псэущтыгъэшъ ары ыкIи лыуз къиныр зэрэзэхапшIэу, псэкIодынчъэу зэрэщымытыр зэхишIэщтыгъэ.

Ау зэрэщытзэ, Исус Христос, хэти фэмыдэу, Тхьэм пэблэгъагъэу, псэкIодшIагъэ имыIэу зилъытэжьыщтыгъэ.

## Исус иныбджэгъумэ аIощтыгъэр

Христосэу ыкIи Тхьэм Ыкъоу зызэрилъытэжьырэм фэдэкъабзэу, Исус псэкIодынчъэу зызэрилъытэжьыщтыгъэр хэткIи нафэ. Ау хэты ышIэра, адрэмкIи мыдрэмкIи хэукъощтыгъэмэ шIэ? Игъогу рыкIохэрэр сыдэущтэу Ащ еплъыщтыгъэха? Ар Ежь зэрэзэплъыжьыщтыгъэм фэдэу, адрэхэри еплъыщтыгъэха?

Христос игъогу рыкIохэрэр ащ фэдизэу цыхьэ зыфэпшIын шыхьатэу щымытыгъэхэу зыгорэ егупшысэнкIи мэхъу. Христос шIулъэгъоу фыряIэм дихьыхыщтыгъэхэу ыкIи Ащ епэсыгъэм блэкIэу гъэкIэрэкIагъэу къагъэлъагъоу аIозэ бэрэ зэнэкъокъух. МыщкIэ апостолхэр бзэгу зэрахьыщтыгъэхэм иягъэ къэкIуагъ. Ахэмэ шыхьатэу къахьыхэрэр дэдзыхыгъошIухэп, цыхьэ афэозыгъэшIынхэри щыIэх.

АпэрэмкIэ, Исус игъусэхэу ахэр илъэсищрэ зэдыщыIагъэх. Зэдашхэщтыгъэх ыкIи зэдэчыещтыгъэх. ЗэхэгукIагъэхэу зы къуашъом зэдисыгъэх. Зы ахъщалъэ яIагъ (ащ тефэу къэпIон, зы банкэм уиахъщэ зэхэлъэу зэдиплъхьэмэ, боу узэщигъэхьан ылъэкIыщт!). Исус игъогу рыкIохэрэр зэрэгъэгубжыжьыщтыгъэх, зэщыхьэщтыгъэх. Ау ныбжьи япсэкIодхэм афэдэхэр Исус халъагъощтыгъэхэп. Узпэблэгъэ цIыфыр зэмыпэсы пшIыжьэу бэрэ къыхэкIы. Ау мыщ дэжьым ащ фэдэ къыхахьэрэп. Шъыпкъэ ыкIи, Исус псэкIодынчъэу зэрэщытымкIэ анахь шыхьат дэгъуитIоу иIэр (ар тапэкIэ къэнэфэщт) – Петрэрэ Иуанрэ. Ахэр куп макIэу, хэхыгъэу фитныгъэ шъхьафхэр Исус зэритыгъэхэу щытыгъэх, арышъ ыгукIэ нахь къыпэблагъэхэу зыдэгущыIэщтыгъэхэм (Петр, Якъуб, Иуан) ащыщыгъэх.

ЯтIуанэрэмкIэ, Христос игъогу рыкIорэмэ мыщкIэ къаIорэр пшIошъы бгъэхъу хъущт, сыда пIомэ ахэр джуртыгъэх ыкIи Апэрэ Зэзэгъыныгъэм ит шIэныгъэр яакъыл хэхьагъэу щытыгъ. Апэрэ Зэзэгъыныгъэм идоктринэмэ ащыщэу, укIэмыупчIэжьынэу ахэр зыфэнэIосагъэхэм къеIо, псэкIодшIэныр цIыф пстэуми зэрянэшанэр:

> *ЗэкIэхэри дэхыгъэх, зэфэдэу пшъхьапэ мыхъужьынхэу хъугъэх; шIу зышIэрэ шыIэп, зы гори щыIэп (Гугъэ Орэдхэм 13:3).*

*ЗэкIэхэми мэлмэ афэдэу, тыгъощагъэу тыхэтыгъ, шъхьаджи ежь игъогу дищэхыгъ (Исайас 53:6).*

Библием ишIэныгъэ урыгъуазэмэ, аукъодыекIэ ахэмэ зыгорэм псэкIодынчъагъэр зэрэрамыпэсыщтыр къэошIэ.

ЯщанэрэмкIэ, Исус игъогу рыкIорэмэ Ар псэкIодынчъэу зэраIорэр пшIошъы зыкIэхъун фаер – ар занкIэу къаIорэпышъ ары. Исус псэкIодшIагъэ зэримыIагъэр зырагъэукIыхьэзэ ахэмэ къаIуатэрэп. Джау сыдми игугъу къашIы ныIэп. Зыгорэм тегущыIэхэзэ, мэхьани рамытэу, ащ емыгупшысэхэу, Ащ псэкIод зэримыIэр къыдаIо.

Мары ахэмэ аIорэр. Ыпэ рапшIэу Петрэ «псэкIодшIагъэ зимыIэ Шъынэ къабзэ» фэдэу Исус къегъэлъагъо, нэужым къеIо Исус «псэкIод гори ымышIагъэу ыкIи щытхъу нэпцI ыжэ къыдэмыкIыгъэу». (1 Петрэ 1:19, 2:22). Иуан зэкIэми афэгъэхьыгъэу къеIо зэкIэ цIыфхэр зэрэпсэкIодышIэхэр ыкIи псэкIодшIагъэ тиIэп зытIокIэ, тэр-тэрэу зызэрэдгъэпцIэжьырэр, Тхьэри пцIыусы тэшIы. Ау нэужым ащ къеIо типсэкIодхэр зыштэнэу Тхьэм фиты къышIыгъэ Христос «псэкIодшIагъэ имыIэу» (1Иуан 1:8-10, 3:5).

Петрэрэ Иуанрэ мы шыхьатэу къахьырэмэ къахэбгъэхъожьын плъэкIыщт Паул ытхыгъэ гущыIэхэри. Ахэмэ къагъэлъагъо Исус «псэкIод ымышIэщтыгъэу», нахь тэрэзэу къэпIощтмэ, «ер ымышIэу, ТхьэмкIэ къабзэу, псэкIодшIагъэ имыIэу, псэкIод зышIэрэмэ ахэушъхьафыкIыгъэу». Ар шъыпкъэ дэдэмкIэ «шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу зэрэпылъым фэдэу, лъэныкъо пстэумкIи Исус псэкIод ригъэшIэнэу пылъэу щытыгъ, ау псэкIод ригъэшIэшъугъэп». (2 Кор. 5:21; Еврей. 7:26, 4:15).

## Христос ипыйхэр зэуцуалIэщтыгъэхэр

Христос ипыймэ къыраIуалIэщтыгъэр къыдэтлъытэмэ, ткIуачIэ нахь зэхытигъэшIэнкIи мэхъу. Ахэмэ шIошъ нэпцI яIагъэп – Ащ ишIуагъэ екIынэу. КъэбарышIумэ арытхагъ ахэр Ащ лъыплъэщтыгъэхэу – къыIохэрэмкIэ зыгорэм раубытылIэн ямурадэу. Хэти зэрэщыгъуазэу, зэнэкъокъур шъыпкъагъэ зыхэлъ шыхьаткIэ къыдэпхын умылъэкIырэмэ,

зэдэогъухэр бэрэ зэрэушъхьакIужьынхэм нэзэрэгъэсых. Факт зэрэщымыIэр гущыIэ шIойхэмкIэ зэблэпхъун плъэкIыщт. Джаущтэу къяхъулIагъ Исус ипыйхэми.

Ахэмэ Христос зэраумысыщтыгъэр Марк уцогъуиплIэу къегъэлъагъо (2:1-3:6). Апэрэу зэрагъэмысэщтыгъэр – Тхьэр ыгъэпцIэу аIощтыгъэ. Исус цIыфым ипсэкIодхэр фигъэгъугъэх. Джаущтэу Тхьэм ичIыпIэ иуцуагъэ фэдэу хъугъэ Тхьэр ыгъэпцIэу, зигъэпагэщтыгъ, аIуагъ ахэмэ. Ау аущтэу аIозэ мыщ фэдэ упчъэ къатыгъ: «Ар шъыпкъэу Тхьэу щытыгъэмэ, цIыфым ипсэкIодхэр фигъэгъунэу фитныгъэ иIагъэба?»

Ар хьакъулахь ахъщэр къаIызыхрэмэ адашхэщтыгъэ. Бзылъфыгъэ хэтакIохэр къекIолIэнхэу фит ышIыгъэх. Фарисей горэми ащ фэдэу зекIонэу ышъхьэ къыхьэныеп. Ищыгъын къыштэжьыныешъ, ащ фэдэ бзэджэшIэ куп дэмыгущыIэу IукIыжьыщтыгъэ. Джаущтэу ышIызэ, Тхьэм ыпашъхьэкIэ къабзэу зыкъыщыхъужьыщтыгъэ. Ахэмэ къагурыIон алъэкIыщтыгъэп Исус игукIэгъурэ ишъэбагъэрэ. «ПсэкIодышIэмэ ахэушъхьафыкIыгъэу» щытыгъэми, Ащ лъытэныгъэ цIэ лъапIэу «псэкIодышIэмэ яныбджэгъур» къызфилэжьыжьыгъ. ИтIанэ Исус псэкIодышIэхэр зызэригъэгъусагъэхэр, ямыгуапэу алъэгъугъ. Ащ фэдэ цIыфхэм яунэ ихьагъ.

Ящанэрэу зэрагъэмысэщтыгъэр – Ащ идин емыкIугъэ халъагъощтыгъэ. Фарисейхэм, аужыпкъэм Иуан УмэхъакIом игъогу рыкIохэрэм афэдэу, ынэкIыщтыгъэп. Ар «шхэнэу ыкIи ешъонэу» къэкIогъэ «бэшхыгъ ыкIи ешъокIуагъ». Аущтэу зэрэтебанэхэрэм уишъыпкъэу упэуцужьынэу ищыкIагъэн фаеп. Исус нэщх-гущхэу зэрэщытыгъэр шъыпкъэ, ау Ар ишъыпкъэу диным зэрэпылъыгъэм уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп.

ЯплIанэрэмкIэ, шэмбэтыр Ащ зэриукъуагъэм ахэр зэщифыгъэх. Шэмбэт мафэм Ащ сымаджэхэр ыгъэхъужьыщтыгъэх, игъогу рыкIохэрэр аужыпкъэм шэмбэт мафэм губгъом ихьэхи, натрыфыр къыгуачымэ, аукъэбзымэ ашхызэ къыщакIухьагъ – ар лэжьыгъэр Iупхыжьыным ыкIи пIожьыным афагъадэу Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ аущтэу пшIын уфимытэу аIозэ, пхъашэу афагъэпытэщтыгъэ. Ау Исус Тхьэм ихабзэ зэрэфэIорышIагъэм хэти ехъырэхъышэн ылъэкIыщтэп. Ежьыри а хабзэм фэIорышIагъ, къэзы-

гъэмысэ-хэхэми ащ фэIорышIэнхэу яджэщтыгъэ. Джаущтэуи Ащ ыIощтыгъэ шэмбэтыр Тхьэм цIыфым итхъагъо пае ыгъэпсыгъэу. Ау «шэмбэтым и Зиусхьанэу» щытыти, ышIэщтыгъэ цIыф хэбзэ нэпцIхэр щыбгъэзыенхэшъ, Тхьэм ихабзэ цIыфмэ тэрэзым тетэу агурыбгъэIон фаеу зэрэщытыр.

Исус зэрагъэмысэщтыгъэ пстэуми е шъыпкъагъэ ахэлъыгъэп, е упчIэхэр къагъэтэджых. ГущыIэм пае, аукIыным пае иIоф зэхэзыфрэ хьыкумэшIмэ апашъхьэ къызеуцом, Ар зыгъэмысэрэмэ шыхьат нэпцIхэр аубытынхэ фаеу хъугъагъэ. Ау джащыгъуми ахэмэ зэгурыIонхэ алъэкIыгъэп. КъэпIопэн зыхъукIэ, мысэгъэ закъоу фызэхалъхьагъэри цIыфыгъэ шапхъэм епхыгъагъэп, политикэ Iоф хэлъыгъ нахь. Ау къэралыгъо бзэджашIэм иIоф аIонэу Исус цIыфмэ апашъхьэ къызеуцом, ар ренэу зи имылажьэу Iофым хагъэкIыщтыгъэ. Пилат, зэрэщынэрэр къыхэщэу, унашъор ымышIы шIоигъоу заулэрэ рилъэшъухьагъ, етIанэ, «а цIыфым ылъэу агъэчъагъэмкIэ зи имылажьэу» къыIуагъ. Ирод Ащ лажьэ горэ иIэу къыIон ылъэкIыгъэп. Иудэ къумалэ, лъэшэу кIэгъожьыгъэу, дин пащэхэм тыжьын щэкIыр аритыжьыгъ, моущтэу къариIозэ: «ЛIы хыер къышъуIэкIэзгъэхьагъэшъ, псэкIод сшIагъэ».

ХъункIакIоу кIэгъожьыгъэр къащым теIулIагъэу Исус зэриушъхьакIугъэм пае ишъэогъу егыигъ ыкIи ащ къыпигъэхъожьыгъ: «Ащ зи мыхъун ышIагъэп». Исус къинэу кIэхэкIыгъэр ыкIи Ар зэрэлIэгъэ шIыкIэр зылъэгъугъэм дзэкIолI нэбгыришъэмэ япащэу мэкъэ лъэшкIэ къыIуагъ. «Шъыпкъэ, а цIыфыр шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу щытыгъ!» (Маттэ 27:24; Лука 23:15; Маттэ 27:3,4; Лука 23:41-47).

### Тэр-тэрэу тлъэгъун тлъэкIыщтыр

Исус ишэн-гъэпсыкIэ уасэ фэтшIы зыхъукIэ, нэмыкI цIыфмэ шыхьатэу къахьырэ закъомэ тарэгъуазэкIэ хъущтэп, тэр-тэрэуи ащ еплъыкIэ фытиIэн тлъэкIыщт. ЩыкIагъэ зимыIэу, Ежь емызэщыжьэу зигугъу къышIыщтыгъэу, иныбджэгъухэми къаушыхьатыщтыгъэу, ипыйхэри фэмыяхэхэу къызэуцолIагъэхэр ишъыпкъапIэкIэ КъэбарышIум къегъэлъагъо.

Тэр-тэрэу еплъыкIэ ащ фэтшIынымкIэ амал дэгъу щыI. КъэбарышIур зытхыгъэмэ ар лъэныкъуабэхэмкIэ тагъэлъэ-

гъугъ. Илъэсищым цIыфмэ ахэтэу Тхьэм зэрэфэлэжьагъэр ары къатхыгъэр. Ау ицIыкIугъом фэгъэхьыгъэу тшIэрэр мэкIэ дэд, Лука тIо игугъу къешIы Ар амышIэу Назарет зыдэсым ыныбжьи, иакъыли, ыпси дэгъоу зэрахахъощтыгъэм, Тхьэми цIыфхэми шIулъэгъоу афыриIэр багъощтыгъэ.

Игъогу рыкIохэрэр кIыгъухэу цIыфхэм апэчыжьэ зишIыгъэу тэлъэгъу, цIыфыбэмэ ахэтэуи тылъэплъэ. Галилей жэкум итэуи тапашъхьэ къеуцо, лIыхъужъ фэдэу цIыфмэ агъашIоу. ЛIыгъэкIэ аубытынышъ, цIыфмэ Ар пщы ашIы ашIоигъуагъ. Ерусалим Тхьэм иунэшхо тыдычIэхьэ, ащ фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ щызэгохьэгъагъэх, иIоф гъунэм нэсэу щызэхафы ашIоигъоу. Ау гъэхъэгъэ ин дэдэхэр зыщишIыгъэхэми, ыгу кIодыгъэу, изакъоу, зыхамыдэжьэу зыщэтми, Ар зытетыгъэ Исусым тетэу къэнэжьыгъ. Ащ зызэрихъокIырэп. Ыгу щыхъурэ-щышIэрэмэ зарарigъапцIэрэп. Зызэблихъурэп.

ЕтIани, Ащ ыгу изытет исурэт зыпкъ ит. Акъыл псынкIагъэкIэ хьаламэт зекIуакIэхэр къызхэзгъэфэных ыIорэп. Зэригъаджэхэрэм шIошъхъуныгъэ ин фыриI, ау фанатикэуи щытэп. ИшIэныгъэ цIыфмэ зэлъашIэрэп, ау ащ пае ямышIыкIаеу зишIырэп. Тхьэу зэрэщытыгъэмкIэ шыхьатэу тиIэм фэдиз цIыфэу зэрэщытыгъэмкIи тиI. Ар мэпшъы. Адрэ цIыф пстэуми афэдэу, Ар чъыен, шхэн, псы ешъон фае. ЦIыфым зэхашIэу иIэмэ Ежьыри аIэкIэлъ – шIулъэгъум, губжым, гушIуагъом, нэшхъэигъом. Ар зэрэпсаоу цIыфы. Ау зэрэщытзи етIани ар цIыф закъоп, ар цIыфым нахьи нахьыб.

Ежь ышъхьэ пае зыми зэрэкIэмыхъопсырэр пстэуми апэу къэIогъэн фае. Арары зэкIэми анахь гъэшIэгъоныр. Ежь Тхьэу зилъытэжьыщтыгъэми, зигъэпагэу лъытэныгъэ къызфаригъэшIыным кIэдэущтыгъэп. Зигъэиныщтыгъэп. Зыфэрэзэжь зыфэпIон гори хэплъагъощтыгъэп. Зимыгъэпагэу щытыгъ.

Джа зэфэмыдэ-зэкIур ары умыгъэшIэгъон умылъэкIырэри: Ежь фэгъэхьыжьыгъэ цIыфхэр зэригъаджэхэрэмрэ изекIуакIэу цIыфхэм афэгъэхьыгъэмрэ зэрэзэдиштэхэр. ЫгукIэ Ежь апэрэу зигъэуцужьыщтыгъэ, Iофэу ышIэхэрэмкIэ аужы зишIыщтыгъэ. ЩыIэ пстэуми анахь зышIодэгъоу,

щыIэ пстэуми анахьэу нэмыкIхэм къурмэн зафишIын ылъэкIыщтыгъэ. ЦIыф пстэуми я-Зиусхьанэу зэрэщытыр зыдишIэжьыщтыгъэ, ау яунэIуты зишIыгъ. Дунаем хьыкум тыришIыхьанэу къэкIуагъэу ыIуагъ, ау игъогу рыкIохэрэм алъакъохэр афитхьакIыгъэх.

Зы нэбгырэ горэми ащ фэдиз цIыфмэ афишIагъэп. Ежьыри тэри тэIо псэкIод зыхэмыт мыкIодыжьын щыIакIэу иIэн ылъэкIыщтыгъэр, мы дунаим игухэкIхэмкIэ ыхъожьи, чIыгум гукъао щыриIэным пае уашъом игушIуагъохэр щигъэзыягъэх.

Зыми ымышIэрэ къуаджэу Вифлеем дэс джурт бзылъфыгъэ къызэрыкIом Ар унэ шIоим къыщилъфыгъ. Сабый цIыкIоу янэ кIыгъоу Мысыр хэгъэгум кIожьыгъэ. ЗэкIэми ащыгъупшэжьыгъэ къоджэ цIыкIоу Назарет къащагъ. ПхъашIэм ипхъэнтIэкIу тесэу Iоф ышIэщтыгъэ, янэрэ унагъом ис сабыйхэмрэ ыгъэшхэнхэм пае. Агъэнэфэгъэ пIалъэр къызэсым, къыкIухьэзэ, Тхьэм иIоф фэлажьэу ыублагъ, мылъкуи имыIэу, уни гупсэфыгъуи имыIэу. Пцэжъыешэ къызэрыкIохэм, хьакъулахь ахъщэр зыугъойхэрэм ныбджэгъухэр ахигъуатэщтыгъэх. Шъоджэ уз зиIэхэм атеIабэщтыгъэ, бзылъфыгъэ хэтакIохэр Ежьыри къызтыригъэIабэщтыгъэх, сымаджэхэм яIэзэным, цIыфхэм IэпыIэгъу афэхъуным, ригъэджэнхэм ыкIи Тхьэм игущыIэхэр къафиIотэнхэм игъашIэ афигъэлэжьагъ.

Ежь зыфэдэри Ащ ишIэныгъэ зыфэдэри тэрэзэу къагурыIуагъэп. Дэгъоу гъэбылъыгъэ гухэлъхэмрэ шIошъ нэпцIхэмрэ Ар якIодылIагъ. Зыщыщ лъэпкъым Ар къыридзэщтыгъэп ыкIи къызхифыщтыгъэ, иныбджэгъухэми абгынагъ. Ащ къызэригъаощтыгъэх, ынэгу къыкIигъэужъунтхэщтыгъэх, пэнэпцIэ къэгъагъ зэхэблагъэр ышъхьэ къытырarigъэлъхьагъ, Рим къащ къызэрыкIом гъучIыIунэхэмкIэ ылъакъохэри ыIэхэри раригъэIулIыгъэх. Пэчэчан жъалымхэр ыпкъы зыхахьэхэм, хьазаб езыгъэщэчхэрэм Тхьэм афелъэIунэу зэпигъэугъэп: «Тят, афэгъэгъу, сыда пIомэ ашIэрэр зылIэужыгъор къагурыIорэп».

Ащ фэдэ цIыфын зыфэдгъэдэн тлъэкIыщтэп. Тэ къыддэхъун тымылъэкIырэр Ащ къыдэхъугъ. Сыдрэ лъэныкъокIи, зыпэпшIын умылъэкIынэу, Ар тэщ нахь дэгъугъ. ЗэкIэ афи-

гъэгъущтыгъэ. Зыми ыгу хигъэкIыщтыгъэп, губжыщтыгъэп, ащ фэдиз щэIэныгъэ иIагъэти, Ежь зышIоигъом ыуж ихьагъэп, цIыфлъэпкъым шIу фишIэнэу Тхьэм Iэрылъхьэ зыфишIыщтыгъэ. «Сэ сызышIоигъом ыуж ситэп, – ыIощтыгъэ Ащ, – ыкIи Сэ сищытхъу сылъыхъурэп». Паул зэритхыщтыгъэу: «Сыда пIомэ Христос Ежь ишIуагъэ ыуж ихьагъэп».

Джащ фэдэу Тхьэмрэ цIыфхэмрэ уафэлажьэзэ зыкъимыдзэжьыхэным унэсыныр ары Библиер шIулъэгъукIэ заджэрэр. ШIулъэгъум пшъхьэ ишIуагъэ уегупшысэныр зыхидэрэп. ШIулъэгъум къикIырэ шъыпкъэр – къурмэн зафэпшIыныр ары. Анахь цIыф дэйми ащ фэдэ цIыфышIугъэ ыгу къыдэчъэен ылъэкIыщт, ау Христос игъашIэ ар мыкIосэрэ нэфынэу ренэу къыхэжъыукIыщтыгъэ. Исус псэкIодшIагъэ иIагъэп, сыда пIомэ Ежь пае зи лъыхъужьыгъэп. НэмыкIхэм апае пшъхьэ иIоф щыбгъэзыеныр ары шIулъэгъу зыфаIорэри. Тхьэр – шIулъэгъу.

# 4. Христос лIагъэхэм къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэр

Исус тхыдэкIэ кыIуагъэхэмрэ ишэн-гъэпсыкIэрэ зэхэтфыгъэ. Джы хъишъэм къызэриIоу, лIагъэмэ къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэм ишыхьатмэ тахэплъэщт.

Уемынэгуенэу, шъыпкъэу Исус лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэмэ, ащ имэхьанэ ин дэд. Назарет щыщ Исус лIагъэмэ къахэтэджыкIыжьыгъэмэ, ащыгъум Ар, укIэмыупчIэжьынэу, зыфэбгъэдэн щымыIэ цIыфэу щытыгъ. ТызэрыгущыIэрэр ыпсэ къызэрэнэжьыгъэр арэп, ыпкъыкIи къызэрэхъужьыгъэри арэп, тызэрыгущыIэрэр – хьадэгъур къызэрэдихыгъэр, шIыкIэ шъхьаф шъыпкъэкIэ щыIэнэу къызэрэхъужьыгъэр ары. Ащ фэдэ зэпызычыгъэ гори щыIагъэу тэ тшIэрэп. Джары непэрэ цIыфхэм Ар пхъэтэпэмыхьыгъэкIэ зыкIашIощхэныр, Афин ифилосэфмэ зэрашIощхэныгъэу: ареопагым Паулэ игущыIэхэр зыщызэхахым, «ЛIагъэмэ къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэр зызэхахым, зыхэр дэхьащхыщтыгъэх...» (Апостол. 17:32).

Ар къызэрэхъужьыгъэм Ар Тхьэу зэрэщытыр къыгъэшъыпкъэжьэу, тянэкъокъоу арэп, ау къызэрэхъужьыгъэр Ар Тхьэу зэрэщытым дештэ, джары Iофыр зыдэщыIэр. Мы дунаим щымыщ цIыфышъхьэр адрэ цIыфхэм афэмыдэу, ныбжьи къэмыхъугъэ шIыкIэкIэ мы дунаим къытехьанэу ыкIи ехыжьыми гъэшIэгъон зи хэтэп. Джа дэдэр ары КъэбарышIум къыIуатэрэри, джа дэдэр ары чылыс зэIукIэми ренэу ышIошъ хъущтыгъэр. Ащ икъэхъукIэ цIыф гъэшIэ хабзэ хэлъыгъ, ау бзылъфыгъэм ышъо зэрэхэфагъэм цIыф гъэшIэ хабзэ хэлъыгъэп. ИлIакIэ тидунэе хабзэ хэлъыгъ, ау икъэхъужьыкIэ дунэе хабзэ хэлъыгъэп. Iофышхо гъэшIэгъон хэлъэу ыпсэ зэрежьагъэми къызэрэхъужьыгъэми Ар Тхьэу зэрэрэщытыр къагъэшъыпкъэжьырэп, ау зэдештэх (Исус икъэхъукIэ пылъ къэбарыр мыщ щызэхэтфырэп, сыда пIомэ КъэбарышIум Ар Христосэу зэрэщытыр ыкIи Тхьэу зэрэщытыр тшIошъы ыгъэхъуным пае, къызэрэхъужьыгъэр зэригъэфедэу, икъэхъукIэ ыгъэфедэрэп. Джеймс Орр итхылъэу «Христос икъэхъукIэ шIагъор», 1907, зыфиIорэм, Дж.

Гришем Мейчен итхылъэу «ШIэгъо къэхъукI» зыфиIорэми 1936, Христос икъэхъукIэ дэхэкIаеу лъапсэ фашIы).

Ежь Исус лIакIэу фэхъущтыр зэ нэмыIэми къыIуагъэп, къызэрэхъужьыщтыр къыпимыгъэхъожьэу, ащ дакIоуи икъэхъужьыкIэ нэшанэ зэрэхъущтыр къыриIотыкIыщтыгъэ. Рим дэсмэ афитхыгъэ тхылъым ипэублэ Паул къыщитхыгъ Исус «ЛIагъэмэ къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэм ихьатыркIэ... Тхьэм Ыкъоу кIуачIэ иIагъэу». Апостолхэм Iофэу ашIагъэхэр зыцIэ тхылъым пчъагъэрэ къаIо Исус къызэрэхъужьыгъэмкIэ Тхьэм цIыфмэ атырилъхьэгъагъэр атырихыжьи, Ыкъо ыухыижьыгъэу.

Егугъупэзэ ишъыпкъэу тхыдэр зытхыщтыгъэ Лука Исус къызэрэхъужьыгъэм ехьылIагъэу «шыхьатыбэ щыI» еIо. Христос къызэрэхъужьыгъэр «хъишъэм анахь къэгъэшъыпкъэгъэ фактэу хэт» Томас Арнолд зэриIуагъэм фэдэ дэдэу тфэIонэп, ау, укIэмыупчIэжьынэу, шIэныгъэлэжьыбэмэ, зыми зыдрамыгъэхьыхэу, Христос икъэхъужьыкIэ къэзыушыхьатхэрэм цыхьэ афэпшIын фаеу алъытэ. ГущыIэм пае, сэр Эдвард Кларк К.С. Преосвященствэу Е.Л.Мэккейс фитхыгъагъ:

> *Юрист шIэныгъэу сиIэхэр згъэфедэхэзэ, Пасхэм иапэрэ мафэ къыщыхъугъэхэр къэзыушыхьатыхэрэр куоу зэзгъэшIэнхэм сыпылъыгъ. Шыхьатым пшIошIы ыгъэхъоу сэ сэлъытэ ыкIи IупкIэ дэдэу къэмыIотэгъэ шыхьатхэмкIэ зэфэхъысыжьэу ашIыгъэхэм Апшъэрэ ХьыкумышIым сыщыIэу пчъагъэрэ дезгъэштагъ. Шыхьатым ащ кIэух гущыIэу фашIыгъэр къыкIэлъэкIо, шъыпкъагъэ зыхэлъ шыхьатыр сыдигъокIи къызэрыкIоу щыт, гъэшIэгъонэу зыкъыпщигъэхъуным Ар ыгъэгумэкIырэп. Джахэмэ афэдэ шъыпкъ Христос къызэрэхъужьыгъэм ишыхьатэу КъэбарышIум итыр ыкIи сэ сыюристышъ, пцIы зымыусрэ цIыфмэ къагъэшъыпкъэжьын алъэкIыгъэ фактмэ яшыхьатэу ар сэштэ.*

Адэ сыд шыхьата ар? IофыгъуиплIымэ ар япщэлIэн плъэкIыщт.

## Хьадэр кIодыгъэ

Христос къызэрэхъужьыгъэм икъэбар КъэбарышIухэу плIэу щыIэхэми Пасхэ тхьаумафэм ипчэдыжьы бзылъфыгъэхэр къэунэм зэрэIухьагъэхэмкIэ къырагъажьэ. Ащ къызэкIохэм, агъэшIагъоу ыкIи агучIэ изыгъэу Зиусхьаным ихьадэ зэрэкIодыгъэр ахэмэ алъэгъугъ.

Ащ ыужы бэ темышIэу Исус къызэрэхъужьыгъэр апостолмэ цIыфмэ араIуатэу аублагъ. Джары мэхьанэ шъхьаIоу ахэмэ уазэу къаIорэм хэлъыгъэр. Ау мыжъобгэу Иосиф икъэунэ зычIэтым къин хэмылъэу унэсынышъ, ащ Исус ихьадэ зэрилъыр плъэгъунэу щытыгъэмэ, апостолмэ къаIорэр цIыфмэ ашIошъ хъунэу ущыгугъынэу щытыгъэпщтын. Хьау! Къэунэр нэкIыгъ. Хьадэр кIодыгъэ. Ащ щэч хэплъхьанэу щытыгъэп. Ар зэрэхъугъэр зэбгъэшIэныр ары къэнэжьыгъагъэр.

АпэрэмкIэ, бзылъфыгъэхэр нэмыкI къэунэ екIолIагъэхэу зыIохэрэр щыIэх. ШIункIыгъэ, ежьхэри тхьамыкIэгъошхом хэтыгъэх. Апэрэ еплъыгъомкIэ, ащ уезэгъын фэдэу къыпщэхъу, ау уегупшысапэмэ, шъыпкъагъэ зэрэхэмылъыр нэрлъэгъу. ЫпэрапшIэу къапIо хъущт, ащ фэдизэу ащ зэрэщымышIункIыгъэр. Шъыпкъэ, Иуан къызэриIорэмкIэ, бзылъфыгъэхэр къызэсхэм, «джыри шIункIыгъэ», ау Маттэ ытхыгъэ КъэбарышIум итэлъагъо ар «нэфшъагъом» зэрэхъугъэр (28:1). Лука «джыри жьыгъэ» еIо, «тыгъэм икъыкъокIыгъом» ар хъугъэу IупкIэу къеIо.

ЕтIани къэIогъэн фае, а бзылъфыгъэхэр зыкIи делагъэх пIон плъэкIыщтэп. Сыд Io фаеми, ахэмэ ащыщэу нэбгыритIумэ Юсыфрэ Никодимрэ хьадэр зыдагъэтIылъыгъэр алъэгъугъ. «Къэунэм игупаплъэу щысхэу» зэрагъэтIылъыгъэр зэкIэ алъэгъугъ. А бзылъфыгъитIур Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм, Исус янэу Мерэм, Саломей, Иуаннэ ыкIи «нэмыкI бзылъфыгъэхэри» ягъусэхэу нэфшъагъом къагъэзэжьыгъ, арышъ зыр хэукъуагъэми, адрэмэ къагъэтэрэзыжьын алъэкIыщтыгъэ. ЫкIи Магдэлэ къуаджэм щыщ Мерэм апэрэмкIэ чIыпIэр къымышIэжьыгъагъэмэ, пчэдыжь нэфынэшхом а хэукъоныгъэ дэдэр ышIыжьыныеу къызшIогъэшIыгъуай, етIанэ къыгъэзэжьи, Исус елъэгъуфэ, чъыг хатэм зыдэтым.

ЕтӀани, гукъэошхом изакъоу арэп жьэу ахэр къэунэм дэжь къэзыщагъэхэр. Гухэлъ гъэнэфагъэ яӀэу ахэр къэкӀуагъэх. Ахэмэ мэ ӀэшӀу зыпихрэ щыфэхэр къыздахьыгъэх, Зиусхьаным ихьадэ щыфэ фэшӀыныр аухынэу, мэфитӀукӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ шэмбэтыр къызэрэблагъэрэм яӀофшӀэн аригъэухыгъагъэп. Ащ фэдэу шъыпкъагъэ зыхэлъ бзылъфыгъэ чанхэр псынкӀэу бгъэпцӀэнхэу е аухымэ ашӀоигъо ӀофшӀэныр чӀябгъэдзынэу щытыгъэхэп. ИкъэунэкӀэ хэукъуагъэхэу къызшӀобгъэшӀыгъэр арыми, зэхахыгъэр ауплъэкӀунэу Петрэрэ Иуанрэ зэчъэхэм, а хэукъоныгъэ дэдэр ахэми ашӀыщтгъагъа? Адэ адрэхэр, Иуани Никодими зэрахэтэу, гъогу тэрэз зэрэтетхэм емыхъырэхъышэхэу, тӀэкӀу тешӀагъэу чъэгъагъэхэр?

Къэунэр зэрэнэкӀыгъэр ятӀуанэрэмкӀэ къыбгурызыгъэӀонэу зэрэпылъыхэр фэгъэхьыгъэ теориер ары. Ащ дезгъаштэрэмэ Исус къащым темылӀыхьагъэу, мэхыгъагъэу тшӀошъы агъэхъу ашӀоигъу. Нэужым къэунэм зыкъыщишӀэжьи, ащ къычӀэкӀи, игъогу рыкӀохэм зыкъаригъэлъэгъугъ.

А теорием упчӀабэ къегъэтэджы. Ащ фактэу щыӀэмэ пхэндж шъыпкъэу уарегъэплъы. Шыхьатхэр ащ занкӀэу пэуцужьых. Шъыпкъэм теткӀэ, Исус ыпсэ зэрэхэмытыжьыр Пилат ыгъэшӀэгъуагъ, ау ар ышӀошъ хъунымкӀэ дзэкӀолӀишъэмэ япащэ къыриӀуагъэр ригъэкъугъ ыкӀи Исус къащым къыпихыжьынэу Иуан фит ышӀыгъ. Дзэ пащэм Исус зэрэлӀагъэр ышӀошъ хъугъэ, сыда пӀомэ ар Ӏутыгъэн фае «дзэкӀолӀмэ ащыщ горэм пчыпыджыныр Ащ ыцагэмэ запхырегъэкӀым, ащ лъыпытэу лъымрэ псымрэ къыкӀэчъыгъэх». ЗэрэхъурэмкӀэ, Иуанрэ Никодимрэ хьадэр къыпахыжьи, чэфынапхъэхэр къыращэкӀыгъэх ыкӀи Иосиф икъэунакӀэ чӀалъхьагъ.

Ащ фэдизым Исус мэхыгъэ къодыеу щытыгъэу пшӀошъ бгъэхъун плъэкӀына? Жъалымыгъэу рахыгъэхэм, хьыкумышӀэхэм къинэу рагъэлъэгъугъэмэ ауж, дэхьащххи, утын рахи, къащым зытраӀулӀэм ыуж мыжъо къэунэм чъыӀэу, мышхэу, еӀэзэн щымыӀэу сыхьат 36-рэ щыгъэшӀэжьыгъэу пшӀошъы бгъэхъун плъэкӀына? ЕтӀанэ ищыкӀэгъэщт кӀуачӀэм фэдиз къызхигъотэжьынышъ, цӀыфым иамал къымыхьыщтыр ышӀэнэу – Рим къэрэгъулэмэ къаримыгъашӀэу

къэунэ чIэхьэгъум Iулъ мыжъор IуигъэукIорэикIынэу? ЕтIанэ хъыбэй хъугъэу, хьазаб ыщэчыгъэу, гъаблэми ыгъалIэу игъогу рыкIохэрэм апашъхьэ къихьанышъ, хьадэгъум текIуагъэу къашIуигъэшIын ылъэкIына? ЫкIи зэлIэм ыуж къэхъужьыгъэу ыIонэу, дунаир зыщыкIодыжьыщтым къэкIонэу ариIонышъ, игъогу рыкIохэрэр цIыфмэ ахитIупщыхьанхэу? Зыгорэм зыщигъэбылъзэ, джыри мэфэ тIокIитIу, загъорэ зыкъигъэлъагъозэ, ыгъэшIэжьынышъ, етIанэ зи къымыIожьэу кIодыжьынэу? Аущтэу псынкIэу ар пшIошъ хъуныр Фомэ зэхъырэхъышэщтыгъэмэ анахьи нахь къызшIогъэшIыгъуай.

ЯщанэрэмкIэ, тыгъуакIомэ хьадэр ахьыгъэу зыIохэрэр щыIэх. Ар къызэрэбгъэшъыпкъэжьын гори щыIэп. ТыгъуакIомэ Рим къэрэгъулэхэр зэрагъэделагъэхэри къаIорэп. Хьадэр ашти, тыгъуакIомэ чэфынапхъэхэр къызкIагъэнагъэхэри къызшIогъэшIыгъуай, аущтэу зыкIашIын фаягъэри ары.

ЯплIанэрэмкIэ, игъогу рыкIохэрэм хьадэр къэунэм чIахыгъэу аIо. Маттэ зэриIорэмкIэ, а къэбарыр джуртмэ ащ лъыпытэу атIупщыгъ. Ащ къетхы, Христос ихьадэ къыпихыжьынэу Иуанэ фит зышIыгъэ Пилат дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ зэрэригъэблэгъагъэхэр. Ахэмэ къаIуагъ:

> *«Тхъэматэ, а пцIыусым джыри псау пэтэу, 'мэфищ нэужым лIагъэхэм сыкъахэтэджыкIыжьыщт' ыIуи зэриIогъагъэр тыгу къэкIыжьыгъ. Арышъ ящэнэрэ мафэм нэсыфэ къэунэм фэсакъызэ ухъумакIохэм унашъо афэшI. Армырмэ игъогу рыкIохэрэр къэкIонхэшъ, ихьадэ атыгъунышъ, цIыфмэ араIощт: 'ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт'. А ауж ырэ пцIыр апэрэ пцIым нахьи нэхъ дэеу хъущт». (Маттэ 27:63-64).*

Пилат къезэгъыгъ. «УхъумакIохэр шъосэтых, зэрэшъулъэкIэу къэунэр къэшъуухъум», ариIуагъ ащ ыкIи «джуртхэр кIохи, къэунэм ухъумакIохэр IуагъэуцуагъэхI, мыжъоми мыхъур тырадзагъ». Маттэ къетхы мыжъори, мыхъурри, ухъумакIохэри Исус къэхъужьыным пэрыохъу фэхъужьынхэ зэрамылъэкIыгъэр ыкIи ухъумакIохэр къалэм дахьэхи, хъугъэр дин пэщэшхохэм зэрараIуагъэр. Мыдрэхэр, зэдэгущыIэжьхэшъ, дзэкIолIмэ къуалъхьэ аратыгъ ыкIи араIуагъ:

*«Чэщым тэ тызыхэчъыем, Исус игъогу рыкIохэрэр къакIохи, ихьадэ атыгъугъ, шъуIон фае. А къэбарыр Iэшъхьэтетым зызэхихыкIэ, дгъэсамбырыныщъ, шъо зи къышъуимыIонэу тшIыщт. Арэущтэу ухъумакIохэм ахъщэр ашти, араIуагъэм тетэу зекIуагъэх. Непэ нэсыфэ а къэбарыр джуртмэ зэрахъэу ахэлъ».*

Ау а къэбарыри шIошъхъурае. УхъумэкIо дэгъоу къыхахыгъэхэр, Рим щыщхэу е джуртхэуи шIы, унэшъо пытэ афашIыгъэзэ, ухъумапIэм щычъыенха? Ау мычъыягъэхэр шъыпкъэмэ, сыдэущтэу ахэмэ бзылъфыгъэхэр ябгъукIохи, мыжъор IуагъэукIорэикIыгъа?

Христос игъогу рыкIохэрэм Ащ ихьадэ чIахын алъэкIыгъэу къызшIобгъэшIыгъэми, а теориер зэрэмытэрэзыр къырыпшIэнэу джыри зы гулъытэ щыI. Апостолмэ апэрэ дин уазэу къашIыщтыгъэмэ теIункIэхэзэ Христос къэхъужьыгъэу зэраIощтыгъэр Апостолхэм Iофхэу ашIагъэхэр зыцIэ тхылъым иапэрэ уцогъу къыщытэшIэ. «Шъо Ар шъуукIыгъ, ау Тхьэм Ар къыгъэхъужьыгъ ыкIи тэ ащ тырищыхьат», – ренэу ахэмэ аIощтыгъэ. АшIэзэ пцIы аусыщтыгъэу сыдэущтэу тшIошъы дгъэхъуна? Ежьхэм Исус ихьадэ аштагъэу щытыгъэмэ, Ар къэхъужьыгъ аIоным къикIырэр – ашIапэзэ мышъыпкъэр аIоныр ары. Ау ахэмэ Исус къызэрэхъужьыгъэр цIыфмэ зэрарагъашIэрэм имызакъоу, яшIошъхъуныгъэ паий къин ащэчыщтыгъ. Хьапсым чIэтIысхьанхэуи, утын къызэрарагъэхынэуи, зарагъэукIынэуи хьазырыгъэх – адэ а пстэури пшысэу къаугупшысыгъэм пае ащэчынэу арыгъа?

Ар шъыпкъэм пэчыжь. Ащ фэдэ хъун ылъэкIынэу къызшIогъэшIыгъуай. КъэбарышIухэмрэ Апостолхэм Iофхэу ашIагъэхэмрэ зыцIэ тхылъхэм зыгорэ нафэу ахэтмэ, ар апостолхэм пцIы зэрамыусыщтыгъэр ары. АгъэпцIагъэхэу шъуIон шъуфит, ау ежьхэм пцIы аусыщтыгъэп. НэпитIухэмрэ къинлъэгъухэмрэ зы тхьацум хэпшIыкIынхэ плъэкIыщтэп.

Ятфанэрэу ыкIи анахьэу акъыл зэгъэкIугъэ хэмылъэу, Христос ихьадэ зэрэкIодыгъэ шIыкIэр къызэраIуатэрэр Рим е джуртмэ яхэбзэзехьэмэ ар атыгъугъэу зэраIорэр ары. Аущтэу языгъэшIын ушъхьагъухэр яIагъэх. Исус къэхъужьы-

нэу зэриIогъагъэр зэхахыгъагъ ыкIи агъэпцIэнхэм тещыныхьэщтыгъэх. Арышъ (къызэрэдгурагъаIорэмкIэ), амыгъэпцIэнхэм пае сакъыныгъэ къызхагъафи, хьадэр атыгъугъ.

Ау гуфаплъэу узеплъыпэкIэ, хъугъэ шъыпкъэхэу къызшIобгъэшIзэ зэпыбгъэуцожьхэрэр зэбгырэтэкъужьых. Исус зылIагъэм тхьэмэфэ заулэ нахь темышIагъэу христианхэм мыщтэхэу Ар къызэрэхъужьыгъэм икъэбар зэрараIуатэщтыгъэр тлъэгъугъэ. А къэбарыкIэр псынкIэу зэлъашIагъэ. Назарет къыщежьэгъэ IофыгъуакIэм джурт диным ипытапIэхэр зэхигъэтэкъонхэ ыкIи Ерусалим ирэхьатныгъэ зэщигъэкъон ылъэкIыщтгъэ. Джуртхэр зэхъокIыныгъэмэ ащыщынэщтыгъэх, Рим тетыгъо зиIэхэм бырсыр къикIын ашIошIыщтыгъэ. Хэбзэзехьэмэ ашIэнэу къэнэжьыгъагъэр зы – хьадэр арагъэлъэгъунышъ, ашIагъэмкIэ къэбар агъэIунэу арыгъэ.

Ащ ычIыпIэкIэ ахэмэ зи амыIоу жъалымагъэ хэлъэу агъэпщынэхэу фежьагъэх. Апостолхэр арагъэубытыщтыгъэх, агъэщынэщтыгъэх, утын арахыщтыгъэ, хьапсым чIадзэщтыгъэх, аушъхьакIущтыгъэх, аукIыщтыгъэх. Хэбзэзехьэмэ Исус ихьадэ яIагъэмэ, а пстэури ищыкIэгъэщтыгъагъэп. Исус къызэрэхъужьыгъэр ары чылысим лъапсэ фэхъугъэр. Исус къэмыхъужьыгъэу ашIошъ гъэхъури, чылысыр щыIэжьыщтэп. Ау ахэмэ ар ашIэн алъэкIыщтгъэп, сыда пIомэ хьадэр яIагъэп. Хэбзэзехьэмэ зи зэрамыIощтыгъэм, апостолмэ яшыхьатмэ афэдэкъабзэу, Христос къызэрэхъужьыгъэр къегъэшъыпкъэ.

Къэунэ нэкIымрэ, хьадэр зэрэкIодыгъэмрэ шъыпкъэу апылъыр зэхафыным пае, джащ фэдэ теориехэр цIыфмэ къаугупшысыгъэх. Ахэмэ ащыщ горэми уигъэразэрэп ыкIи хъишъэм къыщышъыпкъэжьыгъэ шыхьат гори щыIэп. Ахэмэ апыщыт еплъыкIэ зэхэзых зышIоигъомэ къытфагъэгъункIи хъун, Пасхэм иапэрэ мафэ икъэбар къызэрыкIоу ыкIи акъылыгъэ хэлъэу КъэбарышIухэм зэрарытхагъэм тетэу къэтIуатэмэ. ЦIыфмэ Исус ихьадэ аштагъэп. Ар Тхьэм къыгъэхъужьыгъагъ.

**Чэфынапхъэмэ зи анэсыгъэп**

Исус ихьадэ зэрэкIодыгъэм фэгъэхьыгъэ къэбармэ, чэфынапхъэхэр зыдэщылъыгъэхэм зэрэщылъхэу къэнагъэхэу, зэраIорэр умыгъэшIэгъон плъэкIыщтэп. Иуан ар анахьэу къыхегъэщы, сыда пIомэ а пчэдыжьым жьэу Петрэ игъусэу къэунэм дэжь чъэгъагъ. Ащ фэгъэхьыгъэу ежь къыIотэжьырэм (20:1-10) а Iофым зэрэхэтыгъэр дэгъоу къыхэщы. Ар Петрэ ыпэ ишъыгъагъ, ау къэунэм зынэсым, Петрэ къэсэу къэунэм чIэхьэфэ ежь ащ чIаплъэу щытыгъ ныIэп. «Джащыгъум адрэ лIэу Исус игъогу рыкIорэр апэу къэунэм къэсыгъагъэри чIэхьагъ ыкIи ылъэгъуи, ышIошъ хъугъэ». УпчIэр мары къызэрэуцурэр: ышIошъ ыгъэхъунэу, сыда ащ ылъэгъугъэр? Къэбарым къызэрэхэщырэмкIэ, хьадэр зэрэчIэмылъыгъэ закъор арэп ыгъэшIэгъуагъэр – чэфынапхъэхэр ячIыпIэ щылъыгъэх, ар хэгъэкIыри, ахэмэ зи анэсыгъагъэп.

Хъугъэ пстэури зэпыдгъэуцожьын тлъэкIымэ тежъугъэплъ (Генри Лэтем итхылъэу «Къэхъужьыгъэ Зиусхьаныр», 1904), зыфиIорэм зэрэщишIыгъэм фэдэу. Иуан къызэриIуатэрэмкIэ (19:38-42), Юсыф хьадэр чIыригъэхыжьынэу Пилат елъэIоу щэтыфэ, Никодим «смирнэмрэ алоемрэ ахэшIыкIыгъэу литришъэ фэдиз щыфэн дагъэхэр» къыхьыгъ. ЕтIанэ ахэмэ «Исус ихьадэ ашти, мэIэшIухэр зыпихрэ чэфынапхъэхэр къыращэкIыгъэх», джуртмэ хьадэр зэрагъэтIылъырэм фэдэу. НэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, чэтэн щэкIхэр фашIыхэ зэхъум, зэлъапIэхэми мэIэшIу зыпихырэ уцхэр адатэкъуагъэх. ЩэкI шъхьаф ышъхьэ къыращэкIын фаеу щытыгъ (Лазар чэфынэу фашIыгъагъэхэр Иуанэ къызэритхыжьырэмкIэ ар къэошIэ. Ар Исус къызегъэхъужьым, «лIагъэр, ыIэхэми ылъакъохэми чэфынхэр къящэкIыгъэхэу, ынэгуи щэкI фыжь ещэкIыгъэу къычIэкIыжьыгъ» – 11:44). ЗэрэхъурэмкIэ, ыпкъи ышъхьи чэфынхэр къаращэкIыгъэх, къохьапIэм щыпсэурэмэ яхабзэ къызэриIоу, ынэгурэ ыпшъэрэ мыупIыцIагъэхэу къагъанэхи. ЕтIанэ гъочIэгъ-къэунэм идэпкъ къыхэщырэ мыжъо пхъэмбгъум хьадэр тыралъхьагъ.

Исус къызэхъужьым, къэунэм тычIэтыгъэу къызшIодгъэшIын. Сыда тлъэгъущтгъагъэр? Исус зыкъыгъэсыси, ыжэ зэкIэкIи, зикъудыи, къызэрэтэджыгъэр ара? Хьау. ЩыIэны-

гъэм Ащ къыфигъэзэжьыгъэу тэ къытщыхъурэп. Мэхыгъагъэуи къэхъужьыгъэп. Ар лIи – къэхъужьыгъ. ЗыкъышIэжьыгъэп, къэхъужьыгъ нахь. ГъэшIэгъон Iоф хэлъэу Ар хьадэгъум къыхэкIыжьи, щыIэкIэ шъхьаф шъыпкъэ ихьагъэу гъашIэ ыгъотыжьыгъ. А чIыпIэм тыщыIагъэмэ, сыда тлъэгъущтгъагъэр? Хьадэр зэкIэм зэрэкIодыгъэр тлъэгъущтгъагъэ. НэмыкI горэу, шIагъо горэу хъугъагъэмэ, зытетыгъэм фэмыдэжьыхэу, ащыгъум «тумы хъущтыгъэ». Ар къещэкIыгъэмэ апхырыкIынышъ, нэужым пчъэ зэфэшIыгъэхэм анэмысыгъэу пIоми хъунэу зэрапхырыкIыщтыгъэм фэдэу тлъэгъущтгъагъэ. «ПIоми хъунэу» тэIо, сыда пIоми хьадэр зэкIодым, фунтишъэ зионтэгъугъэ чэфынхэр къефэхыныехэшъ, зэщизэу щылъыщтыгъэх. Ахэмрэ ышъхьэ кIэпхэгъагъэмрэ азфагу чIыпIэу къыдэнагъэмрэ, Ащ ышъхьэрэ ыпшъэрэ зыдэщыIагъэхэм дэжь. Ежь шъхьатехъор, шIыкIэ шъхьафкIэ, зэблэдзыгъэу ышъхьэ зэрэкIэпхэгъагъэм къыхэкIэу, курб иIэу къэнэщтыгъэ, тюрбаным яхьыщырэу, ау шъхьэр имылъыжьэу.

Иуан къыIуатэхэрэр уишъыпкъэ дэдэу зызэхэпфхэкIэ, нафэ къыпфэхъу хьэдэ чэфынхэм яплъы зэхъум джа зигугъу къэтшIыгъищмэ ынаIэ зэратыридзагъэр. АпэрэмкIэ, чэфынэу «щылъыгъэхэр» ылъэгъугъэх. А гущыIэр тIо къеIожьы, апэрэ къэIогъум урым гущыIэухыгъэм нахь къызщылъэгъощт чIыпIэм щегъэуцу. Ар моущтэу зэбдзэкIын плъэкIыщт: Ащ ылъэгъугъэх чэтэн техъохэу щылъхэр. ЕтIанэ тэлъэгъу шъхьащэкIыр «чэфынхэм ахэмылъэу, ау... чIыпIэ шъхьафым» щылъэу. ЗэхацIыщIи, къогъум къуадзагъэу ащ къигъэкIыгъуай. Ар джа мыжъо пхъэмбгъу дэдэм телъыгъ, ау чэфынхэм дэхэкIаеу апэчыжьагъ. ЯщанэрэмкIэ, а шъхьащэкI дэдэр «шIыкIэ шъхьафкIэ щыхьагъэу» щылъыгъ. ЗэдзэкIыгъэ зырызмэ «зэкIоцIыщыхьагъэу» зыфэпIощтмэ афэдэ гущыIэмэ уащыIокIэ. Ау ахэр тэрэзэу зэдзэкIыгъэхэп. «Щыхьагъэу» зыфиIорэ гущыIэм зытетыгъэм тетэу къэнэжьыгъэ шъхьащэкIыр зэрэхъурэягъэр тэрэз шъыпкъэу уегъэлъэгъу.

Апостолхэр къэунэ нэкIым зекIуалIэхэм алъэгъугъэр къызшIогъэшIыгъуаеп: мыжъо пхъэмбгъур, чэфынэу къефэхыгъэхэр, шъхьащэкI «шъуампIэр» ыкIи ахэмэ азфагу къыдэнэгъэ чIыпIэр. БгъэшIэгъонэу щытэп алъэгъуи, ашIошъ

зэрэхъугъэр. А чэфынхэр зэрэплъэгъугъэхэм лъыпытэу Исус къызэрэхъужьыгъэри ар зэрэхъугъэ шъыпкъэри пшIошъы хъущтыгъэ. Чэфынхэм зи анэсыгъэп, зыми ахэр ыщыхьагъэхэп: ахэмэ цIыф атеIэбагъэп. ХьампIырашъор къызэрыбыбыкIыгъэ пкIэшъэхъу унэ цIыкIоу къызтырадзыжьыгъэм ахэр яхьщырыгъэх.

Чэфынхэр зэрэщылъыгъэхэ шIыкIэм анаIэ зэрэтырадзэн фэягъэр къыдгурэIо. Христос къызэрэхъужьыгъэр къыушыхьатэу ащ къыкIэлъыкIорэр: Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм (Петрэрэ Иуанрэ къэбарыр зареIуатэм, къэунэм къыгъэзэжьыгъагъ) «къэунэм зытыриуфагъ» ыкIи мэлэIичитIу, хьадэр зыдэщылъыгъэ чIыпIэм, щыгъын фыжьхэр ащыгъхэу, зыр ышъхьэ, адрэр ылъакъохэм адэжь щысхэу ылъэгъугъ. Ащ къикIырэр: ахэр мыжъо пхъэмбгъум тесыгъэх, чэфынхэр азфагоу щылъыгъэх. Марки Матти къаIо мэлэIичитIумэ язырэм къыIуагъэу: «Ар мыщ щыIэп: Ар къэхъужьыгъ, зэриIогъагъэу; шъуекIуалIэри, Зиусхьаныр зыдэщылъыгъэ чIыпIэм шъуеплъ» (Иуан 20:11-12; Маттэ 28:6; Маркэ 16:6). Мыщ еджэрэм мэлэIичхэр ышIошъ мэхъуми, мыхъурэми, Исус зыдэщылъыгъэ чIыпIэр къызэраIуатэрэм, мэлэIичхэр зэрэщысыгъэхэ шIыкIэм ыкIи ахэмэ ягущыIэхэм КъэбарышIур зытхыгъэмэ къагурыIуагъэр къагъэшъыпкъэжьы: хьэдэ чэфынхэр зэрэщылъыгъэхэмрэ хьадэр зэрэщымыIэжьыгъэмрэ Исус къызэрэхъужьыгъэр къаушыхьатыщтыгъэ.

## Зиусхьаныр алъэгъугъ

КъэбарышIумэ яджагъэ пэпчъ Исус къызэхъужьым ыуж игъогу рыкIохэрэм зыкъызэраригъэлъэгъущтыгъэмэ афэгъэхьыгъэ къэбархэу адэтхэр къешIэжьых. Зиусхьаныр къызэхъужьым, Петрэ «анахь хэхыгъэ шыхьаткIэ» заджэрэмэ пшIэ унае зэралъэгъугъэр тэшIэ. Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм, къэунэм къэкIыжьыщтыгъэ бзылъфыгъэхэм, Петрэ, Эммаус къуаджэм кIорэ гъогум тетыгъэхэ игъогу рыкIохэрэ нэбгыритIумэ, игъогу рыкIохэрэ нэбгыripшIэу унэм щызэрэугъоигъэмэ; етIанэ тхьамафэ тешIагъэу Фомэ зэрахэтэу нэбгырэ пшIыкIузмэ, «нэбгырэ шъитфым къехъурэ зэкъошмэ зэлъэгъоу», Галилей дэт Iуашъхьэм дэжьын фае, игъогу

рыкIохэрэ нэбгырэ заулэмэ, Петрэ, Фомэ, Нафанаил, Якъубэ, Иуан зэрахэтхэу Галилей щыIэ псыхъураем дэжь. ЕтIанэ нэмыкIыбэхэми Вифание пэмычыжьэу щыт Елеон Iуашъхьэм дэжь Зиусхьаныр ошъогум дэкIоежьы зэхъум зыкъаригъэлъэгъугъ. А къэбарыр КъэбарышIумэ арыт. Дамаск кIорэ гъогум къыщыхъугъэхэм къатегущыIэзэ, Паул къеIо Исусэу къэхъужьыгъэр зылъэгъугъэмэ ахэтыгъэу (1 Кор. 15). Апостол. 1:3 Лука къызэрэщиIорэмкIэ, «Исус къин зещэчым ыуж, щэч хэмылъэу лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр бэрэ афигъэшъыпкъэжьэу ахэмэ заригъэлъэгъущтыгъ. Мэфэ тIокIитIум къакIоцI апостолхэм бэрэ заригъэлъэгъущтыгъ». Арышъ, къамытхыжьыгъэми нэмыкIхэми аIукIэгъэн ылъэкIыщт.

Исус къызэрэхъужьыгъэр зылъэгъугъэхэм къаIорэр щыбгъэзые хъущтэп. А къэбар пстэури зыгорэущтэу зэхэпфын фае. Ахэмэ къяпIолIэн плъэкIынэу тэ къытшIошIырэр: апэрэр – а къэбархэр зэкIэ къаугупшысыгъэх, ятIуанэрэр – къапэшIошIыхьагъэх, ящанэрэр – къызэраIотэжьырэм фэдэу щытыгъ.

А къэбархэр къэугупшысыгъэхэу щытыгъа? Ахэр къызэрамыугупшысыгъэхэм бэрэ утегущыIэнэуи ищыкIагъэп. Христос къэхъужьи, зыкъызэригъэлъэгъуагъэм ащ пылъ къэбархэр къызэрамыугупшысыгъэхэр нафэ. АпэрэмкIэ, къэбархэр зэкIэ акъылыгъэ хэлъэу, Iэжэгъэ-сакъыгъэ хэлъэу къэIотагъэх. ЯтIуанэрэмкIэ, ахэр IупкIэу, къэзыIотэжьрэмэ ежьхэм зэралъэгъугъэ шъыпкъэр пкъыгъо зэфэшъхьафхэмкIэ къаушыхьатыжьэу гъэпсыгъэх. Исус игъогу рыкIохэрэр къэунэм зэрэчъэгъагъэхэмрэ, Эммаус кIорэ гъогум зэрэщыIукIагъэхэмрэ зэрэхъугъэхэ шъыпкъэм щэч хэплъхьан плъэкIырэп.

ЕтIани, а пстэури дэгъоу къэугупшысыгъэх зыми ыIон ылъэкIыщтэп. Къызэрэхъужьыгъэр къэтыугупшысынэу тыфэягъэмэ, ащ нахь дэгъоу ар зэхэтлъхьан тлъэкIыщтыгъ. КъэбарышIумэ къэбархэр зэтемыфэу зэрарытым фэдэу тшIыныеп. Апостолхэм джэнджэш агу къызэрихьагъэри зэрэщынагъэхэри хэдгъэкIыныех. Къызэрэхъужьыгъэм ехъылIагъэу драматичнэ гъэпсыгъэ къэбар ттхыни (къэугупшысыгъэу ыкIи апокриф шIыкIэм тетэу тхыгъэ КъэбарышIумэ джары зэрашIырэр) – Исус хьадэгъум илъахъэхэр зэпиутхи,

текIоныгъэр къыдихыгъэу къэунэм къычIэкIыжьы зэхъум кIуачIэу къыхэфагъэмрэ щытхъоу къызфихьыжьыгъэмрэ дахэу къэдгъэлъагъозэ. Ау ар зэрэхъугъэ шъыпкъэр зыми ылъэгъугъэп ыкIи аущтэу къэIотэжьыгъэ къэбар тэри тиIэп. Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм апэрэ шыхьатэу къэдгъэлъэгъоныеп.

Къэбархэр къэугупшысыгъэх зэраIорэм нахь лъэшэу узэрэпэуцужьынхэри щыIэх. Ащ зэ игугъу къэтшIыгъах: апостолмэ, арышъ КъэбарышIур зытхыгъэхэмрэ апэрэ чылысэу щыIагъэмрэ Исус къызэрэхъужьыгъэр лъэшэу ашIошъы хъущтыгъэ. ТекIоныгъэмрэ шIошъхъуныгъэ пытэ зэряIэмрэ яжьы лъэш КъэбарышIум зэфэдэкIэ щызэхэошIэ. Ар зытхыгъэхэр ятхьамыкIагъокIэ агъэпцIэгъэнхэкIи мэхъу, ау, щэч зыхэмылъыр, тэ ахэмэ ашIэзэ тызэрамыгъапцIэрэр ары.

Адэ къэбархэр къаугупшысыгъэхэу щымытыгъэмэ, ащыгъум зыгорэкIэ анэхэм къапэшIошIыгъэмэ шIэ? Ащ фэдэ еплъыкIэ зэрэщыIэр дэгъоу ашIэщтыгъэ ыкIи гъэнэфагъэу къаIуагъэуи щытыгъ, ащ фэдэ мымакIэу мэхъу. Нэм къыпэшIошIыныр – «ежь пкъыгъор щымыIэу, ау ар нэхэмкIэ плъэгъуныр ары», ащ фэдэр къызэхъулIэу алъытэхэрэри зинервэхэр мыпсаужьхэр ары, яакъыл щымыуагъэми. ГъэшIэгъон горэхэр зэхахэу ыкIи алъэгъоу, ежьхэм къызшIуагъэшIырэ дунаем загъорэ е ренэу щыпсэурэ цIыфхэр тащыщыбэмэ янэIуасэх. Апостолхэр ахэмэ афэдагъэхэу, яакъыл зыпкъ имытыгъэу пIон плъэкIыщтэп. Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм ащ фэдагъэнкIи хъун, ау Петрэ шъхьащытхъужьи, цыхьэмышI Фоми ахэмэ афэдэгъэнхэу къэIогъуай.

Псаунгъэ тэрэз зиIэ цIыфхэми къыпэшIошIхэр алъэгъоу къыхэкIы, ащ фэдэ зыхъукIэ IофыгъуитIу къыхэбгъэщын фае. Апэрэр: ащ фэдэу мэхъу цIыфым къехъулIэ шIоигъоныгъэ ин горэ иIэу, лъэшэу егупшысэ зыхъукIэ. ЯтIуанэрэр: ащ фэдэ цIыфым къехъулIэным ищыкIэгъэ пстэури щыIэ зыхъукIэ ары (уахътэр, чIыпIэр, ыгу-игупшысэмэ языгет). Ащ дэжьым угукIэ лъэшэу зыгорэм укIэхъопсын фае ыкIи чIыпIэу узэрытри ащ диштэжьын фае.

Исус къызэрэхъужьыгъэм фэгъэхьыгъэ къэбархэу КъэбарышIум итхэм зафэдгъэнэIуасэ зыхъукIэ, къызфэтIуагъэмэ афэдэ горэми тырихьылIэрэп. Лъэш дэдэу алъэгъу

ашIоигъуагъ пIоныр хэгъэкIыри, нэфэшъхьаф шъыпкъ зэгупшысэщтыгъэхэр. Бзылъфыгъэмэ къэунэр зэрэнэкIыр залъэгъум, «щынэгъошхо зэхашIэу ыкIи агучIэ изыгъэу» ахэмэ кIатхъугъ, сыда пIомэ «щынэщтыгъэх». Исус зэрэпсэур Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэмрэ адрэ бзылъфыгъэхэмрэ къызаIуатэм, апостолмэ «ашIошъ хъугъэп», бзылъфыгъэмэ къаIотагъэр ахэмэ «пшысэ мышъо-мылэу» къащыхъугъ. Ежь Исус къакIуи, къызахэуцом, ахэр, аIон амышIэу ыкIи къэщынагъэхэу, хьэдэ джадэ горэ алъэгъоу къашIошIыгъ, арыти ашIошъ зэрэмыхъурэм ыкIи яжъалымыгъэ пае ахэмэ Исус къягыигъ. Исус иуIагъэхэр елъэгъуфэхэ, ахэмэ атеIэбэфэ нэс Фомэ ышIошъ бгъэхъун плъэкIынэу щытыгъэп. Нэужым, Галилей щыIэ Iуашъхьэм тетыгъэ апостол пшIыкIузмэ ыкIи адрэ цIыфхэу игъогу рыкIохэрэмэ Исус къызахахьэм, зыхэм Ар залъэгъум, шъхьащэ фашIыгъ, адрэмэ ашIошъ хъугъэп. Зыми лъэшэу ылъэгъу шIоигъуагъэп, игулъытэ зэрэмакIэм къыхэкIэу шъхьэпсынкIагъэкIэ ышIошъ хъугъэп, акъыл нэшъукIи зэхишIагъэп. Исус игъогу рыкIохэрэр гъэпцIэгъошIугъэхэп, ахэр сакъыгъэх, ехъырэхъышалэхэу, «агукIи жъажъэхэу» щытыгъэхэшъ, псынкIэу ашIошъ хъущтгъагъэп. Зыгорэ анэ къыпэшIошIынэуи щытыгъэхэп. НэмыкI горэхэу къапэшIошIын ылъэкIыщтгъагъэми агъэрэзэщтыгъэхэп. Аушэтыгъэмрэ факт шъыпкъэхэмрэ арых ахэмэ яшIошъхъуныгъэ лъапсэу иIагъэр.

Исус Ежь епхыгъэу агъэлъэпIэрэ чIыпIэ заулэмэ къащылъэгъуагъэу щытыгъэмэ, ащ фэдэ горэ алъэгъуным цIыфхэри паплъэщтыгъэхэу, ащыгъум зыгорэмэ тягуцэфэныекIи мэхъу. Унэм зэрэщыIукIагъэхэм щэхъу тымышIэщтыгъэми, джэнджэш зэрэтшIын ушъхьагъу тиIэщтыгъ. Исус иаужырэ дунэе гъэшIэ сыхьатхэр зыщадырихыгъэ чIыпIэ агъэлъапIэу, апостол пшIыкIузыр ащ щызэрэугъоигъэу, мэфэ хьалэмэтэу агъэшIагъэхэр агу къагъэкIыжьхэу, къэкIожьынэу къызэригъэгугъагъэхэри агу къэкIыжьэу, къэкIожьына шъуIо аIоу, а гугъэм иплъырстырыгъэ Ащ къегъэзэжьыфэ хэтыгъэхэмэ, ащыгъум, шъыпкъэмкIи, жъалымыгъэ зыхэлъ нэпцI горэм IэкIэфагъэхэу тегупшысэн тлъэкIыщтыгъ.

Ау ащ фэдэ гори къэхъугъэп. Зытет шъыпкъэмкIэ, пшIэ

унае Христос къызэрэлъэгъуагъэм шIыкIэ зэфэшъхьафхэр, фэшIэу ащ егупшысагъэх пIоми хъунэу, хэлъых – цIыфхэр, чIыпIэр, нэмыкIэу ахэмэ япхыгъэгъэ Iофыгъохэр, хъугъэшIагъэхэр зэкIэлъыкIохэ зэхъум. Ар нэбгырэ зырызмэ алъэгъугъ (Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм, Петрэрэ Якъубэрэ), алъэгъугъ куп макIэ хъухэрэм, нэбгырэ 500 къехъурэ цIыф купым. Къэунэм дэжь щыт чъыг хатэм, Ерусалим дэжь, унэм, Эммаус кIорэ гъогум, Галилей пэблэгъэ псыхъураем, Галилей дэт Iуашъхьэм ыкIи Елеон Iуашъхьэм къащылъэгъуагъ.

ЧIыпIэхэр, цIыфхэр зэрэзэтемыфэхэрэм фэдэу, нэмыкIрэ IофыгъохэмкIи зэралъэгъугъэр зэтекIы. Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм гъыщтыгъэ, бзылъфыгъэхэр щтэгъагъэх ыкIи гъэшIэгъонышхоу ащыхъугъ. Петрэ лъэшэу кIэгъожьыгъагъ, Фомэ ышIошъ хъугъэп. Эммаус кIощтыгъэ нэбгыритIур блэкIыгъэ тхьэмэфитIум рыгущыIэщтыгъэ. Галилей щыщхэу игъогу рыкIохэрэр пцэжъые ешэщтыгъэх. Ау зэрэщытзи, джэнджэш агу къихьагъэми, щынагъэхэми, ашIошъ мыхъугъэми, Iоф яIагъэми, къэтэджыжьыгъэ Зиусхьаным зыкъаригъэшIагъ.

ЗэIыхьэгъэ акъылым къыпэшIошIыгъэ горэхэу Зиусхьаным зыкъызэраригъэлъэгъугъэр плъытэ хъущтэп. Ау ахэр къэугупшысыгъэхэу ыкIи къапэшIошIыгъэхэу щымытыгъэхэмэ, ащыгъум къэнэжьырэр зы: пстэури хъугъэ шъыпкъ. Зиусхьанэу къэхъужьыгъэр цIыфмэ алъэгъугъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэр зэхъокIыгъэ хъугъэх

Исус игъогу рыкIохэрэм зэхъокIыныгъэхэр зэрафэхъугъэр Ар къызэрэхъужьыгъэм ианахь шыхьат лъэшынкIи мэхъу, сыда пIомэ ахэр гухэлъ гъэнэфагъэ яIэу къаугупшысыгъэхэп. «Тэ шъукъытэплъ» ахэмэ къытаIорэп, къэунэ нэкIым, чэфынэу къефэхыгъэхэм, ежьхэм алъэгъугъэ Зиусхьаным шъуяплъ аIорэп. Тэр-тэрэуи ахэмэ зэхъокIыныгъэу афэхъугъэхэр тэлъэгъух. КъэбарышIуми инэкIубгъомэ къахэфэгъэ цIыфхэр зэхъокIыгъэхэу, шъхьаф шъыпкъэ хъугъэхэу Апостолхэм ашIэгъэ Iофхэм ащытэлъэгъух. Язиусхьан зэрэщымыIэжьым ахэр къыуфагъэх, гугъэнчъэхэу, агухэр кIоды-

пэным нэсыгъэх. Ау Апостолхэм ашӀэгъэ Іофхэм къащэлъагъох ахэр Зиусхьанэу Исус Христос пае апсэ атынэу, дунаер агъэушъорэкӀынэу.

Адэ сыда ахэр зыкӀызэхъокӀыгъэхэр? ШӀошъхъуныгъэу ыкӀи кӀуачӀэу, гушӀуагъоу ыкӀи шӀулъэгъоу кӀэу ашӀыгъэмэ сыда алъапсэр? УкӀэмыупчӀэжьынэу, зы Іахьыгъэу кӀэ Пэнтэкост имафэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэр къызэрехыгъэр ары; ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэр къызафехыгъэр Исус къэхъужьи, уашъом зыдэкӀоежьым ыуж ары. Исус къызэрэхъужьыгъэм, агукӀэ-апсэкӀэ кӀочӀэ лъэшхэр шъхьафит ышӀыгъэхэу къыпщэхъу. Щысэ тӀу къахэщы.

Апэрэр – Симон Петр. Христос агъэмыси, къащым тыраІулӀэ зэхъум Петрэ иакъыл тхьамыкӀагъокӀэ ушӀункӀыгъагъэ. Ар щэ унае сэ Христос сшӀэрэп ыӀуи гокӀыжьыгъагъ. Исус ифэмэ-бжьымэу щэІагъэ къыхэзылъхьэщтыгъэр ныбжьи зэхимышӀагъэ фэдэу, ар бгэщтыгъэ ыкӀи цӀацӀэщтыгъэ. Чэщым зигъэгъыкӀынэу кӀожьыгъэ. Исус зэлӀэм ыуж, «джуртмэ зэращыщынэхэрэм» къыхэкӀэу зипчъэхэр егъэтыгъэ унэм ис игъогу рыкӀохэрэм ежьыри ахэхьагъ, ыгукӀэ къинышхо ылъэгъоу.

Ау КъэбарышӀум инэкӀубгъуитӀу горэ джыри зэпырыжъугъазэри, ар джы шъулъэгъущт унэ дэкӀояпӀэмэ атетэу, джа унэ дэдэу Ерусалим дэтыр арынкӀи мэхъу, цӀыф купышхом ыпашъхьэ къыщыгущыӀэу – игущыӀэмэ кӀуачӀэу ыкӀи гушхуагъэу ахэлъым ихьатыркӀэ нэбгырэ минищмэ Христос ашӀошъ хъугъэ ыкӀи зэрагъэумэхъыгъ. КъыкӀэлъыкӀоу «Апостолхэм Іофхэу ашӀагъэхэм» арыт шъхьэмэ зафэтэгъазэшъ, ежь синедрион шъыпкъэу, Исус укӀ тезылъхьагъэм зэрапэуцужьырэр тэлъэгъу, Ащ ыцӀэ ыгъэлъапӀэзэ емыкӀу къызфихьыжьыным кӀэгушӀу, нэужым – аукӀыным паплъэу ихьэпсэ унэ чэщым щэчъые.

Симон Петрэ – цӀыфыкӀ. Пшэхъо зэхэтэкъур ІуилъэсыкӀыгъ; Исус ащ цӀэ фишӀыгъэм диштэу, ар джы – мыжъобг. Адэ сыда зэзыхъокӀыгъэр?

Е, гущыӀэм фэшӀ, Ерусалим чылысым иапэрэ цӀыфы хъугъэ Якъуб. Ар «Зиусхьаным изэкъошмэ» ащыщ, а зэкъошхэр КъэбарышӀу пстэуми Исус ашӀошъ мыхъоу къагъэлъагъох: «аужыпкъэм Ащ ышмэ Ар ашӀошъ хъущтыгъэп», ау Апос-

толхэм ашIагъэ Iофхэм яапэрэ шъхьэ тызнэскIэ, Христос игъогу рыкIохэрэу къэзэрэугъоигъэхэр Лука къепчъыхэшъ, моущтэу къеухыжьы: «ыкIи... ышыхэр игъусэхэу». Джыдэдэм Якъубэ – щэч хэмылъэу Исус зышIошъ хъурэ цIыф. Адэ сыда зэзыхъокIыгъэр? ТищыкIэгъэ лъэгъо гъуазэр Апостол Паул Коринф къалэм дэсхэм афитхыгъэм апэрэ тхылъым итын фае (15:7). Ащ Паул, Христос зылъэгъугъэхэр къыпчъыхэзэ, къыпегъэхъожьы: «ЕтIанэ Исус Якъубэ зыкъыригъэлъэгъугъ».

Исус къызэрэхъужьыгъэр ары Петрэ зэрэщынэщтыгъэм ычIыпIэкIэ гушхо зышIыгъэр, Якъубэ джэнджэшэу зэхишIэщтыгъэр шIошъхъуныгъэкIэ зэблэзыхъугъэр. Исус къызэрэхъужьыгъэр ары шэмбэтыр тхьаумафэкIэ зэблэзыхъугъэр, иудаизмэм къыкIэныжьыгъэ тIэкIу-шъокIухэр христиан чылыс зэIукI зышIыгъэр. Исус къызэрэхъужьыгъэр ары фарисееу Савлэ – апостолэу Паулэ зышIыгъэр, ащ ыпэкIэ ыгъэкIоды шIоигъоу зыуж итыгъэ шIошъхъуныгъэр, ыгъэIунэу зышIыгъэр. «ЗэкIэми аужы, – ытхыщтыгъэ Паулэ, – сэри Исус зыкъысигъэлъэгъугъ». Джащ фэдэх Исус къызэрэхъужьыгъэм ишыхьатхэр. Хьадэр кIодыгъэ. Чэфынхэр зэрэщытыгъэхэу ахэмэ зи янэсыгъэп. Зиусхьаныр алъэгъугъ. Игъогу рыкIохэрэр зэхъокIыгъэ хъугъэх. «Зиусхьаныр шъыпкъэмкIэ къэхъужьыгъ!» – ашIошъ хъоу христианмэ джа гущыIэ лъэшэу къаIорэмэ анэпэмыкI а пстэуми къарыбгъэкIын плъэкIыщтэп.

* * *

Хъишъэм ианахь цIыф гъэшIэгъон зыфэдэгъэ шъыпкъэр зэдгъашIэ тшIоигъоу мы тхылъым иIахьыгъуищмэ тащытегущыIагъ: Ар Назарет щыщ пхъэшIэ къызэрыкIоу, Тхьэм игущыIэхэр зыгъэIоу иIотэкIо тхьамыкIэу, бзэджашIэм тефэрэ хьадэгъу зыгъотыгъэр ары.

Ащ къыIохэрэр гъэшIэгъон дэдэу къащыхъущтыгъэх.

ЦIыфыгъэу хэлъымкIэ Ар щыкIэгъэнчъэу икъугъэу къыпщэхъу.

Ар лIагъэмэ къахэтэджыкIыжьыгъ.

Шыхьат пстэуми акIуачIэ зэфэхьысыжь пшIынымкIэ ищыкIагъэм къехъу.

А зэфэхьысыжьым акъылыгъэ шъыпкъэ хэлъэу шIошъхъуныгъэм иаужырэ лъэубэкъу тегъэшIыжьы: лъэгонджэмышъхьэкIэ Ащ ыпашъхьэ тырегъэтIысхьэшъ, шIошъхъуныгъэ зимыIэ Фомэ зэуцолIагъэр къытегъаIо – «Исус ары си-ЗиусхьаныкIи си-Тхь!»

# ЯтIонэрэ Iахь. ЦIыфыр зыфэныкъор

## 5. ПсэкIодыр зэрэщыIэри ыкIи ар зылIэужыгъори

Назарет щыщ Исус Тхьэ щытыкIэ зэриIэм фэгъэхьыгъэ шыхьатмэ язэхэфын охътабэ тедгъэкIодагъ ыкIи Ар Зиусхьанэу, Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр тшIошъ хъугъэ. Ау щытми, КъэбарышIур, Ар зылIэужыгъом нэмыкIэу, къызкIэкIуагъэми къытегущыIэ. Уашъом къехыгъэ Зиусхьан закъоу арэп Ар къызэригъэлъагъорэр, псэкIод зышIагъэмэ я КъэгъэнэжакIоуи ары нахь. ШъыпкъэмкIи, а нэшэнэ шъхьаIитIоу хэлъыр зэгопчынхэ плъэкIыщтэп, сыда пIомэ Iофэу зэрихьэрэм кIуачIэу хэлъыр Ар Тхьэу зэрэщытым епхыгъ. Ау Исус зэшIуихыгъэм уасэ фэтшIыным пае, Ар зылIэужыгъуагъэр къыдгурэIокIэ икъущтэп, тэ тызылIэужыгъори тшIэн фае. Ащ Iофэу ышIагъэр – тэщ пай. Ар цIыфэу цIыфмэ апае зэшIуихыгъ, цIыфхэр зыфэныкъор афизгъэкъужьын зылъэкIыщт закъом ар ыгъэцэкIэгъэ Iоф. Ащ фэдэ амалыр къезытыгъэр – Ар Тхьэу зэрэщытыр ары; тэ тызфэныкъор – типсэкIод шIагъэмэ къапкъырэкIы. Ащ иамалхэр тэ тыуплъэкIугъэх. Джы тэ тызщыкIэрэр нафэу къэдгъэлъэгъон фае.

Арышъ, Христос тыкъыкIэрэкIышъ, цIыфым зыфэтэгъазэ, псэкIодшIагъэ зэримыIэмрэ ищытхъурэ къащетэгъажьэшъ – псэкIодэу ыкIи емыкIоу тэ тшIэрэмэ тыкъякIу. Гъунэм нэсэу тэ тызлIэужыгъор къызыдгурыIокIэ ары ныIэп Ащ къытфишIагъэмрэ къытфищэирэмрэ зызэхэтшIыкIыщтыр. Тиуз зыфэдэ шъыпкъэр зытшIэкIэ ары ныIэп, къытфыратхыкIыгъэ уцым тешъонэу зитхъухьащтыр.

ПсэкIодыр – ащ утегущыIэныр бэмэ агу рихьырэп, ащ бэрэ зэрэрыгущыIэхэрэм пае, христианхэр мымакIэу агъэмысэх. Ау дунаир изытеткIэ тэрэзэу къагурэIошъ ары христианмэ аущтэу зыкIашIырэр. Пасторхэр IофшIэнчъэу къэмынэнхэм пае ар къаугупшысыгъэп – цIыфым ищыIэныгъэ къыгъэнэфагъ нахь.

Аужырэ лIэшIэгъум ихъишъэ тшIошъы ыгъэхъугъ: ер

цIыф зэдэпсэукIэм къытырэ къодыеу щымытэу, ежь цIыфым хэлъэу. Я XIX-рэ лIэшIэгъум бэмэ аштэгъэ еплъыкIэу щыIагъэмкIэ цIыфым шIур зэрехьэ, ер къызхэкIырэр – цIыфыр зэрэмыгъэсагъэр ыкIи щыIэкIэ дэй зэриIэр ары, гъэсэныгъэ ябгъэгъотэу, ящыIакIэ нахьышIу зышIын амалхэр зепхьэхэмэ, зэфэкIэщыгъохэуи насыпышIохэуи цIыфхэр зэдыщыIэщтых. Ау хъишъэм къыщыхъугъэ фактмэ а шIошъ нэпцIыр агъэтэкъуагъ. КъохьапIэм гъэсэныгъэ щыбгъотын плъэкIынэу псынкIэу хъугъэ, шIушIэ хасабэ ащ щызэхащагъ. Ау щытми дунэе зэуитIоу щыIагъэмэ хьэкIэ-къокIагъэу ащызэрахьагъэмэ, хэгъэгу зэмыкIуныгъэхэу ахэмэ къакIэлъыкIуагъэмэ, политикэ еплъыкIэм пае цIыфхэр къызэрэрафэкIыхэрэм, лъэпкъ зэхэдз зэрашIырэм, егъэзыгъэ щыIакIэмрэ бзэджэшIагъэмрэ зэрахахъорэм зэхэшIыкI зиIэ цIыфхэр рагъэуцолIагъэх ыкIи арагъэштагъ нэбгырэ пэпчъ лыеу шIу зызэрилъэгъужьырэр, шъхьэгъэшIожь уз зэряIэр.

Тызэсагъэу, цивилизациер зылъыIэсыгъэмэ аущтэу ащыщытын фаеу къытщыхъурэмэ ащыщ бэ зэрепхыгъэр, цIыфмэ псэкIодыр ащэпсэоу зэрэтлъытэрэр. Хэбзэ гъэуцугъэу щыIэр зэкI пIоми хъунэу къызкIежьагъэр – зэфагъэкIэ, шъхьадж ифедэ къызэрэхихыным пымылъэу, зэнэкъокъоу азфагу къихьэрэр зэшIуахын амылъэкIынэу къашIошIыщтыгъэшъ ары. ГущыIэу яттырэр икъурэп: контрактым тыкIэтхэн фае; пчъэр зэригъэсагъэр икъурэп: IункIыбзэкIэ ебгъэтынышъ, сэхыр рыбгъэчъэжьын фае. ГъогупкIэр птыныр икъурэп; хэуутынхэшъ, ууплъэкIужьынхэшъ, билетхэр уугъоижьынхэ фае. Хабзэмрэ гъэпсыкIэмрэ икъурэп: ахэр агъэцэкIэнхэм пае полицие ищыкIагъ. А пстэури къызхэкIырэр цIыфыр зэрэпсэкIодышIэр ары. Цыхьэ зэфэтшIыжьын тлъэкIырэп. Зыр адрэм щыухъумэгъэн фае. Ар – цIыфым ишэнгъэпсыкIэ лъэшэу зыумысрэ акт гъэшIэгъон.

### ПсэкIод зимыIэ щыIэп

Библиер зытхыгъэмэ псэкIод зимыIэ зэрэщымыIэр къыуагъашIэ. «ЩыIэп цIыф, псэкIод ымышIэу» – Тхьэм иунэшхо агъэуцу зэхъум пачъыхьэ Сэлмэн къыIуагъ. «ПсэкIодшIагъэ имыIэу, шIу ышIэу, шъыпкъагъэ иIэу цIыф щыIэп», – уазэ

гъэIугъэм къыщеIо тхылъэу Екклесиаст, Гугъэ Орэдхэм цIыфхэр зэкIэ зэрэпсэкIодышIэхэм пае нэпсыр рагъэхы. Я 13-рэ Гугъэ Орэдым Тхьэ зимыIэм – «зэкIокIыгъэм», къытегущыIэзэ, цIыфым ибзэджэшIагъэхэр гукIодыгъо хэлъэу къегъэлъагъох:

*Нэпэнчъагъэхэр зэрахъэ,*
*Ахэр зэщыкъуагъэх,*
*ШIу зышIэрэ щыIэп,*
*Зиусхьаныр ошъогум къеплъыхышъ,*
*Дунэе цIыфмэ къахаплъэ,*
*Акъыл зиIэрэ Ежъым лъыхъурэ*
*Ахэтмэ зэригъэлъэгъунэу.*
*ЗэкIэхэри Тхьэм игъогу текIыгъэх,*
*Зэфэдэу зыщыкъуагъэх;*
*ШIу зышIэрэ ахэтэп,– зы нэбгыри.*

Гугъэ Орэдхэр зэхэзылъхьагъэмэ агукIэ зэраIорэмкIэ, цIыфым хьыкум тыришIыхьанэу Тхьэм зыкъыIэтыгъагъэмэ, ащыгъум зы нэбгыри ымыгъэмысагъэу къэнэныеп. «О, Зиусхьан, бзэджагъэхэр плъытэхэмэ, хэта ЗИУСХЬАН, хэта умыгъэмысэу къэнэщтыр?» (Гугъэ Орэд 129:3). Джащ къыпкъырэкIы тхьэлъэIури: «УиунэIут умыгъэмысэ, сыда пIомэ шъыпкъагъэкIэ щыIэу зи уапашъхьэ итэп».

Гугъэ Орэдхэр къэзыIорэмэ афэдэу, пегъымбархэми цIыфхэр зэкIэ псэкIодышIэхэу алъытэ, анахьэу теубытагъэ хэлъэу ащ ехьылIагъэу къаIуагъэхэр Исайас итхылъ иятIонэрэ кIылъэныкъо итхэр арын фае: «Тэ зэкIэхэми мэлмэ афэдэу гъощагъэу тыхэтыгъ, шъхьаджи игъогу щыдэхыгъ» (53:6) ыкIи «Тэ зэкIэхэри мыкъабзэм фэдэ тыхъугъ, тишъыпкъагъи зэрэщытэу – щыгъын ушIоигъэм фэд» (64:6).

Апэрэ Зэзэгъыныгъэм итхакIомэ язакъоп ащ фэдэхэр къэзыIуагъэхэр. Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Рим къэлэшхом дэсхэм тхылъэу афитхыгъэр ащ бэкIэ фэдэу къырегъажьэ – апэрэ шъхьищми ар ахэт: цIыфхэр зэкIэ, орэджуртых е орэхамэ лъэпкъхэр, Тхьэм ыпашъхьэкIэ псэкIодышIэх. Хамэ лъэпкъхэм яцIыфыгъэ шапхъэхэр зэрэзэIыхьагъэхэр къегъэлъагъошъ, джуртхэри ахэмэ анахьышIухэу зэрэщы-

мытхэр къыхегъэхъожьы. Аужыпкъэм ежьы Тхьэм ихэбзэ лъапIэ иIэу, адрэ цIыфхэр ащ регъаджэх, ау ар зэриукъорэмкIэ ащи мысагъэ иI. Ащ къыкIэлъыкIоу апостолым Гугъэ Орэдхэм ащыщхэр щысэу къехьых, пегъымбарэу Исайас игущыIэхэри къеIох – а гупшысэр нахь нафэ къышIыным пае ыкIи моущтэу къеухыжьы: «ЦIыф зэхэдз зи щыIэп, сыда пIомэ цIыф пстэуми псэкIод ашIагъ, Тхьэм ищытхъушхокIи Iахьэ яIэп». Иуан ащ нахьи нахь IупкIэ ар къешIы, моущтэу къызиIокIэ: «Тэ псэкIод зи тимыIэу тIомэ, зытэгъэпцIэжьы, псэкIод тымышIагъэу тIомэ, Тхьэр пцIыусэу тIуагъэу мэхъу» (Рим 3:22-23; 1 Иуан 1:8-10).

Ау сыд лIэужыгъуа псэкIодыр? Ащ зэкIэри къызэрэзэлъиубытырэр нэфагъэ, ау сыдэущтэу ар къыбгурыIон фая? Ар зылIэужыгъор къыгъэлъэгъоным пае, Библием гущыIэ заул ыгъэфедагъэр. ЗекIокIэ мытэрэзым лъэныкъоу укъызэрекIолIэщтым елъытыгъэу ахэр тIоу бгощынхэ плъэкIыщт. Зы гущыIэм хэукъоныгъэ ин пшIынэу ары къикIырэр. Адрэ гущыIэм къикIырэр – псагъэм уещэрыо зыхъукIэ зэрэхъоу, темыгъэфэныр ары. Ящанэрэм – цIыфым ежь хэлъ Iэягъэу шIугъэм, ащ епэсыгъэм димыштэрэр ары.

Зы лъэныкъомкIэ укъэкIымэ, псэкIодыр – мышIапхъэр, емыкIур ары. Зы гущыIэм псэкIодыр гъунапкъэр хэбзэнчъагъэкIэ зэпыпчыным яхьыщыры ешIы. Адрэм ар зэрэхэбзэнчъэр къегъэлъагъо, ящанэрэм зэфагъэр зэщызыгъакъорэ мышIапхъэ горэу тегъэлъэгъу.

А пстэуми цIыфыгъэм ишапхъэ горэ зэрэщыIэр къыдалъытэ. Ар тиамал къыхьын ымылъэкIын идеал ин дэдэ гор, е хабзэу тыукъорэр ары. «ШIугъэу ыгъэцэкIэн фаер гурыIо пэтми, зымыгъэцакIэрэм псэкIод ешIы», – еIо Якъубэ (4:17). Ар негативнэ лъэныкъор ары. «Хэти псэкIод зышIэрэр Тхьэм иунашъо текIы, сыда пIомэ псэкIодшIэныр унагъом текIыныр ары», – еIо Иуан. Ар позитивнэ лъэныкъу.

ЦIыфмэ шэпхъэ зэфэшъхьафхэр зэряIэхэм Библиер къеуцуалIэ. Джуртхэм яI Мусэ и-Тэурат хабзэ. Хамэ лъэпкъхэм агукIэ мыхъун зэдашIэжьыным ихабзэ яI. Ау цIыфмэ зэкIэми хабзэу ашIэрэр аукъуагъ ыкIи ахэр шапхъэ зыфашIыжьыгъэмэ атетхэп. Сыд лIэужыгъуа цIыфыгъэм икодексэу тлъытэрэр? Ар Мусэ и-Тэурат хэбзэу е Исус ихэбзэн ылъэкIыщт.

Ар пштэ хъунэу фэшъуашэу тефэу е зэкIэхэми зэдаштагъэу щыт гор, е цIыфмэ агъэуцугъэ хабз. Ар буддистмэ ялъэгъошIоу лъэуений хъурэр е быслъымэнхэм щыIэкIэ гъэпсыкIэм фэгъэхьыгъэ пкъэуифэу яIэр ары. Ау сыд ащ къерэкI фаеми, тэ хабзэм тетэу тызекIон тлъэкIырэп. Тэ зэкIэхэми тэр-тэрэу зытэгъэмысэжьы.

ШIушIэным есэгъэ цIыф зырызхэмкIэ ар ныбжьи зэмынэгуегъэхэ Iоф. Ахэмэ идеалхэр яIэх ыкIи ахэмэ ежьхэр адештэхэу къащэхъу. Ахэр ащ фэдизэу зэгупшысэжьыхэрэп. Лыеу загъэмысэжьыным есагъэхэп. Загъорэ хэукъохэу къызэрэхэкIыгъэр ашIэ. Яшэны щыкIагъэхэр зэриIэхэр зыдашIэжьы. Ау ащ фэдизэу ащ ахэр ыгъэгумэкIхэрэп, нэмыкIхэм зыкIи анахь мыдэйхэуи закъыщэхъужьы. IофыгъуитIу тыгу къэтэгъэкIыжьыфэ, а пстэуми япIолIэн щыIэп. Апэрэр, тызэрэхэукъуагъэр зэрэзыдэтшIэжьыщтыр шапхъэу зыфэдгъэуцужьыгъэм илъэгагъэ елъытыгъ. Убгы нахь лъагэу узалъэрэ пхъэмбгъу псыгъор ныбжьи умыIэтыгъэмэ, къин къыпщымыхъоу дэгъоу олъэу къыпшIошIыщт. ЯтIуанэрэр, ТхьэмкIэ мэхьанэ зиIэр Iофэу зэшIопхырэм гухэлъэу фыуиIэр ыкIи уизекIуакIэ къызхэкIырэр ары. Iуашъхьэм тетэу уазэу Исус къышIыгъэм ар нафэу къыхэщы. А къэтIогъитIумэ уарыгъуазэзэ, унэшъуипшIэу Мусэ пегъымбарым ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм ия 20-рэ шъхьэ хэтхэр шапхъэкIэ пштэхэу, ахэмэ узэрадиштэрэр ууплъэкIумэ ишIуагъэ къэкIощтыгъ.

**Тхьэм иунэшъуипшIыр**

*1. Сэ СапашъхъэкIэ Сэщ нэмыкI Тхъэ уерэмыI*

Ар – лъытэныгъэ ин дэдэ Ежь нэмыкI къыфимышIынэу Тхьэм унашъоу цIыфым къыфигъэуцурэр ары. Тыгъэр, мазэр, жъуагъохэр умыгъэлъапIэхэрэми, а унашъор уукъон плъэкIыщт. ТызэгупшысэхэрэмкIэ, тыгу зыфакIохэрэмкIэ Тхьэм ыпэ зыгорэ зидгъэшъыкIэ, ар укъуагъэ мэхъу. Ар спорт лъэпкъэгъун, узIэпызыщэрэ спорт горэу е пшъхьэ ифедэ пае къаигъэ пшIыгъэ горэн ылъэкIыщт. Тхьэ папкIэу тызэплъырэ цIыфыр арынкIи мэхъу. Дышъэмрэ тыжьынымрэ я Тхьэ

тэгъэлъэпIэнкIи мэхъу – федэ къэкIуапIэкIэ зыгорэм хэтлъхьагъэу е банкэм итлъхьагъэу – е мыжъомрэ пхъэмрэ я Тхьэ унэ теплъэ иIэу. А пстэури ежьхэм язэрэщыткIэ дэеп. Ахэр дэи зыхъущтхэр тигъашIэ Тхьэм чIыпIэу щиубытын фаер ахэмэ зяттыкIэ ары. ПсэкIодым лъапсэу иIэр – Тхьэм ычIыпIэкIэ тэ зызэрэдгъэиныжьрэр ары. Зэгорэм цIыф горэм пае атхыгъагъэр тэ зэкIэхэми къытэпэсыгъ: ар – «цIыфэу ежь-ежьырэу зызышIыжьыгъэу, зышIыгъэр зыгъэлъапIэрэр ары».

Апэрэ унашъом уфэшъыпкъэным тэркIэ къикIырэр, Исус зэриIуагъэу, Зиусхьанэу Тхьэр зэрэпсэоу тыгукIэ, тпсэкIэ, зэхэшIыкIэу тиIэмкIэ шIу тлъэгъунэу, Ащ шIоигъор жъогъо гъуазэ тфэхъунэу, Ащ щытхъу фэтшIыныр – гухэлъэу тиIэнэу ары; тигущыIэхэми тигупшысэхэми Ар пстэуми апэу къахэфэнэу, джащ фэдэу тиIофшIэнхэми, тигъэпсэфыгъуи, ныбджэгъуныгъэми, ахъщэр, уахътэр, тиамал, кIуачIэ зэрэдгъэкIодхэрэм, IофшIапIэм ыкIи унэм апэрэ чIыпIэр ащиубытынэу. Назарет щыщ Исус нэмыкIэу зыми а унашъор ыгъэцэкIагъэп.

## *2. Тхьэ нэпцI зыфэмышIыжь*

Апэрэ унашъор дгъэлъэпIэн фаем къытегущыIэмэ, ятIуанэрэр – зэрэбгъэлъэпIэщт шIыкIэм фэгъэхьыгъ. Апэрэ унашъом сыдрэ амалэу уиIэмкIи бгъэлъэпIэн фаеу къеIо, ятIуанэрэм – гукъэбзагъэкIэ ыкIи упсэкIэ бгъэлъэпIэнэу ары. Сыда пIомэ «Тхьэр – псэ, арышъ Ащ елъэIухэрэри Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэкIи шъыпкъагъэкIи елъэIунхэ фае» (Иуан 4:24).

БгъэлъэпIэн фаеу пкъыгъо гомыIу гори тIэхэмкIэ тымышIырэнкIи мэхъу, ау сыд гупшысакIэ Iаеу тиIэр? ТыжэкIэ Тхьэр дгъэлъапIэмэ, тыгукIи дгъэлъэпIэн фай, армырмэ а зэкIэ пкIэнчъ. Чылысым тыкIонкIи мэхъу, ау зэрэфэшъуашэу Тхьэр тэгъэлъапIа? Тхьэм телъэIункIи мэхъу, ау зэрищыкIэгъэ шъыпкъэу Тхьэм телъэIуа? Библием теджагъэнкIи мэхъу, ау а тхылъымкIэ зэ нэмыIэми Тхьэр къыздэдгъэгущыIагъа ыкIи Ащ къытиIорэм тетэу тыпсэуа? Тхьэм тIупэхэмкIэ дгъэлъэпIэныгъ пкIэнчъ, тыгу Ащ пэчыжьэмэ (Исайас 29:13; Марк 7:6). Ар пкIэнчъэ шъыпкъ.

*3. Зиусхъаным, уи Тхьэ ыцIэ, пкIэнчъэу къэмыIу*

Тхьэм ыцIэ Тхьэм изэрэщыт шъыпкъэ хэт. Ащ ыцIэ дгъэлъэпIэн фаеу Библием бэрэ къыщеIо, «Тятэ ЛъапIэу уашъом щыIэм» зыфиIорэм цIыфхэм Ащ ыцIэ агъэлъэпIэным пае Тхьэм телъэIунэу тегъашIэ. Уемыгугъоу къапIомэ, Ащ ыцIэ уушIоинкIэ мэхъу, арышъ тащыщыбэмэ бзэу аIулъыр ауплъэкIужьын фае. Ау пкIэнчъэу Тхьэм ыцIэ къэпIоным къикIырэр пIорэм имызакъоу, угу илъми пшIэрэми мэхьанэ зэряIэр ары. ТизекIуакIэ тишIошъхъуныгъэ димыштэ къэс е тшIэрэр шIошъхъуныгъэм фэгъэхьыгъэу къатIорэм темыфэ зыхъукIэ, Тхьэм ыцIэ пкIэнчъэу къэтIуагъэу мэхъу. Тхьэм «Зиусхьан» епIоныр, Тхьэр «Тят» пIоныр ыкIи а охътэ дэдэм гумэкIрэ джэнджэшрэ угу илъыныр – Тхьэм ыцIэ уфэмышъыпкъэныр ары ащ къикIырэр. Тхьэм ыцIэ зыщимыщыкIагъэм къепIоным къикIырэр – зы пIоу, нэмыкIэу узекIоныр ары. Ар – шъорышIыгъ.

*4. Шэмбэт мафэр бгъэлъэпIэнэу зыщымыгъэгъупш*

Джуртхэм яшэмбэтрэ христианмэ ятхьаумафэрэ Тхьэм ыгъэнэфагъэх. Мэфиблым зы мафэ къыхэпхыныр – аущтэу цIыфхэр фаехэкIэ е зэзэгъы-гъэхэкIэ арэп, ар – Тхьэм ыухэбзыгъ. Исус теIункIэзэ къыIуагъ шэмбэтыр цIыфым пае Тхьэм зэригъэпсыгъэр (Марк 2:27). Ау шэмбэтыр зыфигъэнэфэгъэ цIыфыри Ежьырышъ къэзыгъэшIыгъэр, а мафэр цIыфым фигъэпсыгъ Ащ. ЦIыфым ыпкъынэ-лынэрэ иакъылрэ загъэпсэфын фае, Тхьэр ыгъэлъэпIэным пае амал ищыкIагъ. Арышъ, шэмбэтыр – гъэпсэфыгъомрэ тхьэелъэIумрэ ямаф.

Ау тэ тшъхьэкIэ шIугъэ зыфэтшIэжьын закъом паеп шэмбэтыр дгъэлъэпIэн зыкIэфаер. ПкIэнчъэу а мафэм цIыфмэ Iоф ятымыгъэшIэнэу, тыгу илъын фае.

Джащ фэдэу, тхьаумафэр – «мэфэ лъапI», ар Тхьэм пае хэушъхьафыкIыгъ. Ар Зиусхьаным имаф нахь, тэ тиеп. Арышъ, Ежь зэрэфаем тетэу, тэ тхъагъо хэтхын закъом пэмыкIэу, Тхьэр дгъэлъапIэзэ, Ащ тыфэлажьэзэ ар дгъэкIон фае.

*5. Уяти уяни лъытэныгъэ афэшI*

Мы ятфэнэрэ унашъор Тхьэм ичIыфэу ттелъым фэгъэхьыгъэ хабзэм иапэрэ кIэлъэныкъо джыри рапхы. Тисабыигъо екIыфэ тянэ-тятэхэр Тхьэм ычIыпIэ аубыты.

Тэ тапашъхьэкIэ Тхьэм илъэкI зэрахьэ. Аущтми, цIыфхэм, анахьэу ныбжьыкIэхэм, шъхьэгъэшIожьыныгъэрэ сакъынчъагъэрэ къызщахафэрэр унэгъо кIоцIыр ары. Адэ шъыпкъэба, шIоу къыпфашIагъэр зэхэмышIыкIэу, уянэ-уятэхэр пхъэтэпэмыхь пшIыхэу, лъытэныгъи шIулъэгъуи афыуимыIэныр къинэп ныIа. Бэрэ тэ ахэмэ тахахьа, письмэ афэтэтха? АхъщэкIэ тишIуагъэу ядгъэкIын тлъэкIыщгъагъэр ятэгъэкIа?

*6. ЦIыф умыукIы*

ЦIыфыр умыукIын закъор арэп ащ къикIырэр. Нэплъэгъу-кIэ уукIынхэ плъэкIынэу щытыгъэмэ, бэмэ аущтэу ашIыощтыгъ. ГущыIэ жъалымхэмкIэ уукIынхэ плъэкIынэу щытмэ, ащыгъум бэхэр бгъэмысэнхэ плъэкIыщт. Исус къызэриIуагъэмкIэ, лажьэ зимыIэм уфэгубжыныр ыкIи цIыфым шъхьакIо епхыныр уукIыным фэд; Иуани Iофыр зытетыр тэрэзэу къыгуреIо, моущтэу зитхыкIэ: «Хэти зыш зыуджэгъурэр укIакIоу щыт» (1 Иуан 3:15). ЗыпфэмыщыIэжьэу ухъу къэс, пфэмыщыIэу уигубж къыдэуаемэ, зымышIэжьэу узыхъукIэ шъхьэкIошхо ошIымэ ыкIи лъышIэжьым узэлъиштагъэмэ – ащ фэдэ пэпчъ уукIакIу. Уягуаозэ бзэгу охьыхэмэ – уукIакIу. ПшIэзэ пхъэтэпэмыхь ошIыхэмэ, ужъалыммэ – уукIакIу. ГубзэджагъэкIэ, шъугъонымкIэ уукIынхэ плъэкIыщт. Ахэмэ афэдэ горэкIэ тэ зэкIэ тылажь.

*7. Зинэ умышIэ*

А унашъом уишъхьэгъусэ уфэмышъыпкъэным нахь баIо къекIы. Къэзэрэщагъэхэр зэкIымыгъухэу сексым фэпхьын зылъэкIыщтэу ашIэрэр пстэури ащ къыхеубытэ. Уимышъхьэгъусэм укъыдекIокIыныр, джэгукIэхэр, уизакъоу секс Iоф зепхьаныр – ахэри ащ къыхеубытэх. Секс тэрэзым ишапхъэ-

мэ арымыт пстэури ащ къыхеубытэ, сыда пIомэ, тэрэзыджагъэу икъэхъукIэкIэ къыздиштагъэм пае пшъэдэкIыжь ымыхьырэми, ежьхэри нэмыкIхэри ащ фэзыгъэблырэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри мысэх. О уизакъоу узфаем тетэу унагъом щызекIонхэм укIэдэунри, зэрэзэгокIынхэри ащ къыхеубытэх. Порнографием фэгъэхьыгъэ тхылъхэм уяджэнри, шIоигъэ зыхэлъхэм акIэхъопсынхэри ащ къыхеубытэх. Исус а пстэури нафэ къышIыгъ, моущтэу къыIуи: «хэти ехъуапсэзэ бзылъфыгъэм еплъырэм, ыгукIэ зинэ ышIэгъах».

Зыгорэ уукIыным угукIэ укIэхъопсымэ, ащ уукIакIоу къызэрикIырэм фэдэкъабзэу, уишъхьэгъусэ бгъэпцIэным укIэхъопсымэ, ар бгъэпцIэгъахэу къекIы.

А унашъом Тхьэм итын къэбзэ, тын лъапIэ шъхьакIоу етхырэр зэкIэ къегъэлъагъо.

*8. Умытыгъу*

Утыгъоным къикIырэр – цIыфым иIэр зэкIэ шIопхьыныр е тефэрэр зэкIэ пхьыныр ары. Ахъщэр е мылъкур птыгъун закъор арэп а унашъор къызтегущыIэрэр. Хьакъулахьыр умытымэ – тыгъугъ, таможнем уетхьагъэпцIэкIыми – тыгъугъ. ПкIуачIэ къызэрихьэу Iоф умышIэрэми, джащ фэд. КъулайныгъэкIэ цIыфхэр заджэхэрэр ТхьэмкIэ тыгъугъ. ЦIыфхэм лыеу Iоф ябгъашIэу, атефэрэр ямытыжьыными мы унашъор уукъуагъэу къекIы. МэкIэ дэдэн фае тащыщэу ежь иIофхэри бизнесри, анахь Iоф цIыкIуми нэсыжьэу, гукъэбзагъэкIэ зезыхьэрэр.

Узфимытхэр къэзыгъэлъэгъорэ унашъоми шIугъэхэри хэлъых. Зи умыукIыным пае, нэмыкIхэм япсаунычгъэрэ ягъашIэрэ уафэгумэкIын фае. Зинэ умышIэкIэ икъурэп. ЗэфыщытыкIэ тэрэз, лъытэныгъи, псаунычгъэр зыгъэпытэрэ нэшани хэлъхэу зэфытиIэн фае. ЦIыфыр нэепсыеу, гу бзаджэ иIэмэ, мытыгъорэми, ащ цIыфышIугъэшхо, горэ хэлъэу плъытэ хъущтэп. ТыгъуакIом тыгъоныр щегъэтыжькIэ Паул ригъэкъущтыгъэп, ащ Iоф ышIэу ригъэжьэн фае. КъэпIопэн зыхъукIэ, IэпыIэгъу зищыкIагъэмэ адеIэн ылъэкIынэу охъуфэ нэс ащ шъыпкъагъэ хэлъэу Iоф ышIэн фэягъ.

*9. Уигъунэгъу шыхьат нэпцI темылъхь*

ШIулъэгъу шъыпкъэ уиIэныр ары къикIырэр аужырэ унэшъуитфмэ лъытэныгъэу цIыфым фэпшIын фаеу къагъэлъагъорэм. А унашъохэр уукъонхэм къикIырэр – цIыфым анахь лъапIэу иIэр Iыпхыныр ары: игъашI («умыукIы»), иунагъу е ицIыфыгъэ нап («зинэ умышIэ»), имылъку («умытыгъу») ыкIи зэралъытэрэр («уигъунэгъу шыхьат нэпцI темылъхь»).

Хьыкум закъор арэп а унашъор зыщыбгъэфедэн плъэкIыщтыр. Шыхьат нэпцIы ухъу зэрэмыхъущтыр ащ къыхеубытэ. Ау ащ къыхеубытэх сыд фэдэрэ зэщыхьэгъуи, уубэнри, имыщыкIагъэкIэ уатегущыIэныр, бзэгу пхьыныр, пцIы пстэури ыкIи пшIэзэ шъыпкъэм изытет ебгъэхъуныр е ар мытэрэзэу къэбгъэлъэгъоныр. Шыхьат нэпцIы ухъун плъэкIыщт къэбар гуаомэ уядэIумэ, е ахэр оIотэжьхэмэ – кIэнэкIэлъагъэхэр япIуалIэхэзэ, зэрэщымытэу къашIобгъэшIэу, мытэрэзэу къаIорэм упэмыуцужьэу, зи умыIоу ощыIэмэ, ари адебгъэштагъэм фэд.

*10. Уямыхъуапс*

ЯпшIэнэрэ унашъом адрэ пстэуми анахьыбэ къекIы пIон плъэкIыщт. А унэшъуипшIыр япшIанэрэм хэбзэ гъэуцугъэ зэдэштагъэм игъунапкъэмэ арещыхэшъ, тыгу-тпсэкIэ тищыкIэгъэ шапхъэ ешIых. ЦIыфымэ агъэуцугъэ хэбзэм узэрэтыгъуагъэм пае уигъэпщынэн ылъэкIыщт, ау зыгорэ тиIэ зэрэтшIоигъом пае тигъэпщынэрэп. Ухъопсэныр – цIыфым ыгу щыхъурэмэ ащыщ. ИзэхэшIыкIырэ ыгурэ ар ахэушъэфагъ. Бзылъфыгъэм укIэхъопсыныр – зинэ пшIэным фэд, губж лъэш пшIыныр – уукIыным зэрэфэдэхэу, ушъугъонри – утыгъоным фэд.

ТызкIэхъопсы мыхъунхэу унашъом къыIохэрэр непэ атхыгъэхэм фэд. Зэрыс унэр фимыкъу зыхъукIэ, игъунэгъум иунэ яенэу бэхэр фаех. ХьыкумэшIхэр зэгокIыжьрэмэ яIофмэ ащ фэдизэу бэрэ ахэплъэныехэп, хъулъфыгъэхэр ягъунэгъумэ яшъузмэ ямыхъуапсэщтыгъэхэмэ. «Нэйпсыягъэр тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным фэд», – ытхыщтыгъэ Паул ыкIи ащ пыщытэу, – «цIыф горэм рыразэу щытмэ, Тхьэм

ищынагъуи ыгу илъмэ, шIуагъэу ащ хэлъыр ины» (Колосс 3:5; 1 Тим. 6:6).

А унашъохэр къызэрэтпчъыгъэхэм псэкIодмэ ясатыр гоIуджэ нэфынэ тырыригъэдзагъ. Тыгурэ тиакъылрэ бэ къащышIэрэр, къащыхъурэр. Ар нэмыкIмэ алъэгъурэп, тэри зышIодгъэбылъыжьын тэлъэкIы. Ау а пстэури Тхьэм къелъэгъу. Ащ инэплъэгъу тыгу ианахь къогъупэ чыжьэмэ анэсы. «Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми ащыщэу зи ежьым ыпашъхьэ гъэбылъыгъэу щыIэп. Тхьэм ынэхэм апашъхьэ Iоф пстэури шъхьэихыгъэу ыкIи нафэу щытых. Ежьыр ары пэгъокIыр зэттыщтыр». (Еврей. 4:13). Тызтет шъыпкъэм тетэу тэ Ащ тыкъелъэгъу. Шыпкъэм теткIэ, хабзэм пшъэрылъэу къыттырилъхьэрэр псэкIодыр зыфэдэр тигъэшIэныр ары, сыда пIомэ «Тэурат хабзэм итхэр ары псэкIод зэрэтшIагъэр тэзыгъашIэхэрэр» (Рим 3:20).

Я XIX-рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ уазэ зыгъэIу цIэрыIоу К.Х. Сперджен илъэс 14 зеныбжьым псэкIодшIагъэхэр зэриIэхэр кIочIэ лъэш дэдэкIэ зэхишIагъ. Ныбжьырэм фэмыдэу ащ шъыпкъитIу къыгурыIуагъ – «Тхьэм иинагъэрэ сэ псэкIодшIагъэ зэрэсиIэмрэ». ЩыкIагъэу иIэхэр ащ гукъэошхокIэ зэхишIагъэх.

> *«СищыIэныгъэ зыуплъэкIурэм псэкIод щынэгъо дэдэхэр къызэримыгъотыщтгъагъэхэм сэ щэч хаслъхьэрэп; ау щытми, сызызэплъыжьым, Тхьэм ыпашъхьэкIэ угу зыгъэкIодрэ псэкIодшIагъэ зэрэсиIэр слъэгъугъэ. ПцIы зыусрэ, хьилагъэхэр зезыхьэрэ, гущыIэ Iаехэр зыIорэ кIэлэцIыкIумэ сэ сафэдагъэп. ЗэкIэм хабзэр, Тхьэм иунэшъуипшI зезыхьэрэ Мусэ сыIукIагъ… ахэмэ сызяджэм, щэунае ЛъапIэу Тхьэм ыпашъхьэ сыщагъэмысэным пае ахэр зэкIэ зэгохьажьыгъэхэу къысщыхъугъ»*

Тэ тызэрыгущыIэрэ IофыгъомкIи, Тхьэм иунашъоу лъапIэу ыкIи лъагэм нахь лъэшэу хэти тшIошъы ыгъэхъущтэп, псэкIодышIэу тызэрэщытыр.

## 6. ПсэкIодым къыхэкIыхэрэр

ПсэкIодыр зылIэужыгъомрэ псэкIодшIэнымрэ цIыф пстэуми ядагъоу зэрэщытымрэ зэдгъэшIагъэ. А Iофыгъо гомыIум ыуж тикIынышъ, Христос тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьырэм икъэбарышIу зыфэдгъэазэ тшIоигъу, ау ащ джыри тыфэхьазырэп. Тэ псэкIодым къыхэкIыхэрэр къыдгурыIонхэ фае – Тхьэм къытфишIагъэр зыфэдэм ыкIи Христос ихьатыркIэ къытпигъохрэм уасэ афэтшIыным пае.

ШъыпкъэмкIэ, псэкIодыр арэу Iофышхо екъуа? Ар пстэуми анахьышIоу къызыбгурыIощтыр – ащ ифэмэ-бжьымэ Тхьэм, тэр шъыпкъэми ыкIи ткъошхэм-цIыфхэм зэратырихьэрэр зызэхэтфыкIэ ары.

**Тхьэм пэчыжьэ тызэрэхъурэр**

Джыдэдэм ар зэхэтымышIэрэми, псэкIодым анахь кIэух дэеу иIэр – ащ Тхьэм пэчыжьэ тызэришIырэр ары. ЦIыфым анахь пшъэрылъ лъапIэу иIэр – Тхьэр ышIэныр, ежь ышъхьэкIэ ащ дэгущыIэныр ары. ТызэрэцIыфыр зыдэтшIэжьэу, анахь шIуагъэу тхэлъын ылъэкIыщтыр – Тхьэм Ежьым тыфэдэнэу тыкъызэригъэхъугъэр ыкIи ащ къыхэкIэу Ар къыдгурыIон тлъэкIынэу зэрэщытыр. Ау а Тхьэу зэдгъэшIэн фаер ыкIи зэдгъэшIэни тлъэкIыщтыр – шъыпкъагъэ зыхэлъэу, шIугъэу хэлъхэмкIэ гъунэ зимыIэу щыIэр ары. Тхылъ лъапIэм ар бэрэ къыкIеIотыкIыжьы:

> *Сыда пIомэ Тхьэу Лъагэм ыкIи Iэтыгъэм, зигъашIэ мыкIодыжьынэу щытым джаущтэу къеIо – Ащ ыцIэр лъапIэ: Сэ уашъомэ ялъэгапIэ ыкIи чIыпIэ лъапIэм сащэпсэу... (Исайас 57:15). Пачъыхьэмэ я Пачъыхьэжь, тхьэматэмэ я Тхьэматэжь ... УзэмыкIо-лIэшъущт нэфынэм хэтыр (1 Тим. 6:15-16).*
>
> *Тхьэр – нэфынэу щыт, шIункIыгъи зи Ежьым хэлъэп. Тхьэм тэ тыригъусэу тIо пэтми, етIани шIункIыгъэм тыхэтэу тызекIомэ, пцIы тэусы, шъыпкъагъэри дгъэцакIэрэп (I Иуан 1:5-6). Ти Тхьэ – зэкIэ зыгъэстырэ машIу (Еврей. 12:29; ЯтIонэрэ Хабзэм 4:24).*

*О унэ къабзэхэм бзэджэшIагъэмэ яплъынхэр янэшанэп, егъэзыгъэ зэрашIыхэрэми О уеплъын плъэкIырэп (Аввакум 1:13).*

Тхьэм ицIыфхэу Библием итхэу, нэгъэупIэпIэгъу закъом къыкIоцI нэмыIэми Тхьэм ищытхъу зылъэгъугъэхэм, япсэкIодхэр щынагъо къащыхъоу зэрэзыдашIэжьыгъэм къыхэкIэу укIытэм заригъэутIыIугъ. Куандэу машIом зэлъиштагъэм хэтэу Тхьэр къызыфакIом, Мусэ ынэгу ыIапэкIэ ыупIыцIагъ, сыда пIомэ Тхьэм еплъынкIэ щынагъэ (ИкIыжь 3:1-6). Зэрэин дэдэр къэзгъэлъэгъорэ гущыIэхэмкIэ Тхьэр «жьыбгъэшхом хэтэу» Еюб къыдэгущыIэ зэхъум, ар къэкууагъ: «ТхьакIумэм зэхихырэмкIэ сэ О уикъэбар зэхэсхыгъ; джы сынэмэ уалъэгъу; джащ пае сапэрэ ыкIи яжьэрэ сыхъугъэу сипсэкIодхэм сакIыб афэсэгъэзэжьы ыкIи сафыкIэгъожьы» (Еюб 4:5-6). Исайас шъэожъыезэ, къулыкъу гъогум теуцогъэ къодыеу, джуртмэ япачъыхьэу Тхьэм зыкъыригъэлъэгъугъагъ, «тэхътэ лъагэм ыкIи Iэтыгъэм тесэу», ищытхъу зыIотэрэ мэлэIичхэр къеуцокIыгъэхэу, илъэпIагъэрэ ищытхъурэ орэдкIэ аIуатэу. ДжащыгъумИсайас къыIуагъ: «Сыхьатмыгъо сежьагъ! СыкIодыгъ сэ! Сыда пIомэ сиIупшIэхэр къабзэхэп ыкIи зыIупшIэхэр мыкъэбзэ цIыфмэ садэпсэу, – ыкIи сынэхэм Пачъыхьэр, Зиусхьанэу ЛъэкIышхо ЗиIэр алъэгъугъ: (Исайас 6:1-6). Тамэ аготэу псэ зыпыт горэхэр ыкIи щэрэхъэу чэрэгъухэрэр Тхьэм Езекиил къыригъэлъэгъугъэх. Ахэмэ акIыIу тахътэр щыIэу, ащ ыкIыIу лэгъупкъопсымрэ машIом инэфрэ къешIэкIыгъэхэу, цIыф теплъэ зиIэр тесэу, ар «Зиусхьаным ищытхъу яхьыщырэу» къыгурыIуагъ ыкIи къыпигъэхъуагъ: «ар зысэлъэгъум, сынэгу егъэзыхыгъэу чIыгум сытефагъ» (Езекиел 1:28-2:1).

Тарс къалэм щыщ Саул, христианмэ афэгубжьэу Дамаск къалэм кIозэ, щэджэгъо тыгъэм нахь нэфынэу ошъогум зэпэшIэтыжьрэ нэфынэу къехыгъэм чIыгум тыридзи, ынэхэр ыгъэушIункIыгъагъэх – Христосэу икIэрыкIэу къэхъужьыгъэр зэрилъэгъугъэр нэужым къытхыжьыгъагъ: «ЗэкIэмэ аужы сэри зысигъэлъэгъугъ» (Иоф. 9:1-9; I Кор. 15:8). Гъэрэу аубытыгъэу Патмос ращыгъэ Иуан, жъы дэдэ хъугъэу, хэзыгъэнчъэу къеIотэжьы къэхъужьыгъэу ыкIи зищы-

тхъу ыгъотыгъэ Исус зэрилъэгъугъэр, ынэхэр «мэшІотхъуабзэм фэдэхэу», ынэгу «зэкІэ ыкІуачІэкІэ къэнэфрэ тыгъэм» яхьыщырэу ыкІи къеІо: «Сэ Ар зысэлъэгъум, хьадэм фэдэу ыпашъхьэ сифагъ» (Іоф. 1:9-17).

Тхьэм иинагъэу джыри къамыІошъурэр зыгъэбылърэ пэІухъор зы нэгъэупІэпІэгъукІэ нэмыІэми къыІуахыгъагъэмэ, тэри тлъэгъурэр тфэщыІэщтыгъэп. ЛъэкІ пстэури зиІэ Тхьэм ищытхъу зыфэдэщтгъэр джыдэдэм тэ зэхэфыгъуаеу тэлъэгъу ныІэп. Ау псэкІодышІэу гъощагъэм Тхьэ лъапІэм ныбжьи пэблагъэ зишІын зэримылъэкІыщтыр къыдгурыІоным паекІэ тшІэрэр икъущт. ПсэкІод зышІэрэ цІыфымрэ шъыпкъагъэ зиІэ Тхьэмрэ азыфагу тІокІэ инышхо дэлъ. «Шъыпкъагъэмрэ бзэджагъэмрэ сыдэущтэу гъусэ зэфэхъущта? Нэфынэмрэ шІункІыгъэмрэ сыд фэдэ гъусагъэ зыфыряІэр?» – къэупчІэ Паул (2 Кор. 6:6-14).

Тхьэм иунэшхо ашІы зэхъум, псэкІодым Тхьэм пэчыжьэ тызэришІырэр Апэрэ Зэзэгъыныгъэм лъэш дэдэу щызэхашІагъ. Іахьыгъо тІурытІоу зэхэтыгъ: апэрэм ыкІи нахь иным Унэ КІоцІ ЛъапІ раІощтыгъэ, нахь чыжьэу ыкІи нахь цІыкІум Унэ КІоцІэу анахь ЛъапІэр раІощтыгъэ. Унэ КІоцІэу анахь ЛъапІэм Тхьэм ищытхъу щыІагъ – Тхьэр мыщ зэрэщыІэр озыгъэлъэгъурэ тамыгъэр. А Іахьыгъуитіумэ азфагу «пэІухъо» иІагъ – Унэ кІоцІэу анахь ЛъапІэр озымыгъэлъэгъурэ пэІухъо Іужъур. Дин пэщэшхом нэмыкІ гори Тхьэр зыдэщыІэм чІэхьан фитыгъэп – ар ежьыри илъэсым зэ нахь ащ чІэхьан фитыгъэп, ПсэкІодмэ ЯпщыныжьыгъоМ и-Мафэ, ари псэкІодхэр зыгъэгъурэ къурмэныпхъэм ылъ къызыздихькІэ арыгъэ.

Апэрэ Зэзэгъыныгъэмрэ КъэбарышІумрэ зытхыгъэхэм джуртхэм джащ тетэу нэрылъэгъу зэрафашІыгъэр къаІо: псэкІодым шІокІыпІэ имыІэу Тхьэм угуегъэкІы, ащ къикІырэр «хьадэгъу», псэу уиІэм ихьадэгъу, Тхьэ закъоу щыІэныгъэ къыозытын зылъэкІырэм угокІыныр ары. «ПсэкІодым къыхэкІырэр лІэныгъэр ары».

Мы дунаим тытетыфэ Исус Христос зэдэтшІэу такІыб фэдгъазэмэ (Ащ нэмыкІ зыми мыкІодыжьын щыІэныгъэм тыфищэн ылъэкІыщтэп), тэ ныбжьи тыкъэмыхъужьынэу адрэ дунаем тыщылІэщт. Джэхьнэмыр – угу зыгъэкІодрэ

щынагъоу щыIэ шъыпкъ. Хэти зешъумыгъэгъапцI. Ежь Исуси ащ игугъу къышIыщтыгъэ. Тхьэу – Нэфынэм гъунэнчъэу зэрэгоушъхьафыкIыгъэм къыхэкIэу Ар «IэкIыбым щыIэ шIункIыкIэ» ащ еджагъ. Библием джэхьнэмым «ятIонэрэ хьадэгъукIэ», «мэшIо псыхъураекIэ» щеджэх. А гущыIэмэ къарыкIырэр – ныбжьи къэгъэзэжь уимыIэнэу Тхьэм угокIы, упсэкIэ гъаблэр зэхапшIэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэм ухэны (еплъ, гущыIэм фэшI, Маттэ 25:30; Iофхэр 20:14-15; Лука 16:19-31).

ПсэкIодэу пшIэрэм Тхьэм узэрэгуищырэр Библием къыIотэ къодыеу щытэп, ар цIыфмэ ящыIакIи къыщэшъыпкъэжьы. ГумэкIэу сызхэтыгъэр къэсэшIэжьы сыкIэлэцIыкIоу, Тхьэм нахь игъунэгъу сыхъунэу сызэрелъэIущтыгъэр. КъызгурыIощтыгъэп Тхьэр пщагъом хэт фэдэу, ащ къыхэкIэуи секIолIэн сымылъэкIэу къызкIысщыхъурэр. Ар спэчыжьэу ыкIи зищыIэу къысшIошIыщтыгъэ. Аущтэу зыкIэхъущтыгъэр джы къызгурыIуагъ. Исайас джэуап къыситыгъ.

*Мары, Зиусхъаным ыIэ кIако хъугъэп,*
*къыгъэнэжьынхэм фэшI,*
*ыкIи Ащ ытхъакIум жъажъэ хъугъэп,*
*зэхихынным фэшI.*
*Ау хэбзэнчъагъэу шъо зешъухъэхэрэм*
*зэгощыгъэ шъуашIыгъ шъоррэ Ежъыррэ,*
*ыкIи псэкIодэу шъушIагъэмэ Ащ ынэгу дыргъэзэкIы*
*шъузэхимыхынэу (Исайас 59:1-2).*

Тхьэм етIо тшIоигъоу пIоми хъущт, Еремие игъыбзэ тхылъ къызэрэщиIоу: «О ошъуапщэр зытепхъуагъ, тилъэIу зэхэмыхынэу къыбнэмысынэу» (Еремие и-Гъыбз 3:44). Ау, къэпIон зыхъукIэ, а ошъуапщэмкIэ Тхьэм илажьэп, ар тэры зилажьэр. ПсэкIодэу тшIагъэмэ, ошъуапщэмэ тыгъэр дэгъоу зэрагъэбылъэу, Тхьэм ынэгу тагъэлъэгъурэп.

Джащ фэдэу агукIэ унэкIыгъэ зэрэхъугъэхэр цIыфыбэмэ къысфаIуатэу къыхэкIыгъ. Загъорэ чIыпIэ къин итхэу, щынагъо е гушIуагъо зэхашIэу, е дэхагъэр алъэгъу зыхъукIэ, зыми имыщыкIагъэхэу, джарэу Тхьэм пэчыжьэ хъугъэхэу

ахэмэ къащэхъу. ЕтIани ар къащыхъурэ къодыеу щытэп, ар шъыпкъэ. ПсэкIодэу тшIагъэр къытфегъэгъуфэ, тэ тиунэ шъыпкъэм тырафи пэчыжьэ ташIыгъэ фэд. Тэ Тхьэм тыригъусэп. Библием ыбзэкIэ къэпIощтмэ, псэкIодэу тшIагъэмэ тэ «гъощагъэ» е «псэ зыпымытыжьы» ташIыгъ.

Джары непэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри зыгъэгумэкIхэрэр. ЦIыфхэм агукIэ гъаблэ зэхашIэ, Тхьэ закъор ары ахэр зыгъэшхэкIынхэ зылъэкIыщтыр; агухэр нэкIых, ащ изы зышIын зылъэкIыщтыр Тхьэ закъор ары. ЦIыфым зигъэрэзэжьы зэрэшIоигъом ишыхьатых: къэбар гъэшIэгъон дэдэхэм, узIэпызыщэрэ шIулъэгъуныгъэ къэбар е детектив зыхэлъ фильмэхэм, зыгъэпскIыпIэхэм, шхэпIэешъуапIэхэм, узщычэфын чIыпIэхэм, наркотикхэм, сексым, егъэзыгъэкIэ цIыфхэм атепхыным цIыфхэр непэ зэракIэхъопсхэрэр. Тхьэм зэрэфалIэхэрэр ыкIи ахэр Ащ зэрэпэчыжьэхэр ащ къегъэлъагъо. Августин пцIы ыусыгъэп «СызэуцолIагъэхэр» зыфиIорэм ипэублэ гущыIэхэу бэрэ зигугъу къашIыхэрэр къызеIохэм: «Ощ пае тэ тыкъэбгъэшIыгъ ыкIи О тыбгъэгупсэфыфэ тэ тыгухэм гупсэф агъотырэп». Ар къэмыIошъурэ тхьамыкIэгъошху. Тхьэм къызфигъэшIыгъэр цIыфым зыIэкIегъэкIы.

## О пшъхьэ пщылIы зыфэпшIыжьыныр

ПсэкIодым Тхьэм пэчыжьэ уишIырэ къодыеу щытэп; ащ пщылIы уехъулIэ. Тхьэм пэчыжьэ тызэришIырэм фэдэу, ащ гъэрэуи тешIы.

Джы тэ псэкIодым «ыкIоцIы» типлъэн фае. Ар тэрэзэу узэрэземыкIуагъэм е шэны пфэхъугъэм нахь иныIо гор; куоу пхэушъэфагъэу ащ узэIегъахьэ. ПIопэн зыхъукIэ, тэ псэкIодэу тшIэхэрэр – ахэр тымылъэгъурэ кIоцI узым ыкIыIу щыIэу плъэгъухэрэр арых, тишэн сымаджэ зэрэхъугъэм итамыгъэх. ЧIэгъ-чIэлъ гущыIэкIэ Исус чъыгымрэ ащ къыпыкIэхэрэмрэ ыгъэфедагъэх. Чъыгым къыпыкIэрэмрэ (гущыIэм фэшI, къурма е сэнашъхьа), ыкIи ахэмэ ядэгъугъэ (дэгъуха хьаумэ дэйха) зэлъытыгъэр ежь чъыгым изэрэщытрэ ипсаунығъэрэ. Джаущтэ шъыпкъэу «жэм къыдэкIырэр гум илъыр ары».

Джащ епхыгъэу Исус Христос джы рэгущыIэх реформэмэ ыкIи революциемэ афэщэгъэ цIыфыбэхэр. Шъыпкъэ, гъэсэныгъэу тиIэм, щыIэкIэ-гъэпсыкIэу тызхэтым, тыздэпсэухэрэм яфэмэ-бжьымэ дэгъукIэ е дэйкIэ къыттырехьэ. Шъыпкъэ, зэкIэхэми апае тэ зэфагъэм, шъхьафитныгъэм ыкIи щыIэкIэ дэгъум такIэдэун фае. Ау цIыфмэ ящыIэныгъэ мыхъунэу хэлъмэ къатегущыIэ зэхъум Исус зыфиIогъагъэр а шъхьафитныгъэр, зэфагъэр, нэмыкIхэр имыкъухэкIэ арэп, Ащ зыфиIуагъэр цIыфым изэрэщыт, тэ «тыгоу» зыфиIуагъэр ары. Мары Ащ игущыIэ шъыпкъэхэр:

> *Сыда пIомэ цIыфым ыкIоцIырэ, ыгурэ ары мыхэр къызэрыкIыхэрэр: гупшысэ бзаджэхэр, зинэ шIэныр,тыгъоныр, цIыф укIыныр, нэйпсыеныр, бзэджагъэр, тхьагъэпцIыгъэр, мыхъомышIэ псэукIэр, шъугъоныр, цIыфхэм IэягъэкIэ уатегущыIэныр, пэгагъэр, делагъэр. А бзэджэгъэ пстэури гу кIоцIым къэкIыхэшъ цIыфыр мыкъабзэу ашIы» (Марк 7:21-23).*

Апэрэ Зэзэгъыныгъэм а шъыпкъагъэр бэшIагъэу къыщеIо. Еремие къызэриIуагъэу: «Пстэуми анахьэу тхьагъэпцI цIыфым ыгу ыкIи зэIыхьагъ; хэт гур изышIыкIыщтыр?» (Еремие 17:9). ШъыпкъэмкIи, цIыфым а узэу хэлъым е «къыдалъфыгъэ псэкIодым» Библиер бэрэ къытегущыIэ: анахьэу ышъхьэ фэгумэкIыжьыным цIыфыр зэрэфэщагъэр тыкъэзылъфыгъэмэ къакIэрытэхы, ащ ылъапсэхэр цIыфым ишэн-гъэпсыкIэмэ чыжьэкIэ къащежьэ ыкIи минрэ IэягъэкIэ зыкъегъэлъагъо. Паул ащ зэреджэрэр «псэкIодышIэ шэныжъ». «ПсэкIодышIэ шэныжъым къыпыкIэхэрэр» Паул къепчъых:

> *ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ Iэягъэу къыхэкIыхэрэр нафэх. Мыхэр арых: зинэ шIэныр, гумыкъэбзагъэр, мыхъомышIэ псэукIэр, тхьэ нэпцIхэр гъэлъэпIэныгъэр, ушхъухьаныр, зэпыиныр ыкIи зэщыхьаныр, шъугъоныр, губжыныр, цIыфым ежьым ышъхьэ нэмыкI шIу ымылъэгъуныр, зэмызэгъыныр, куп-купэу зэхэкIыныр, зэрэуджэгъуныр, цIыф укIыныр, утэшъоныр, шъхьарытIупщэу ешхэ-ешъошхо шIыныр, ащ фэдэ нэмыкI Iофхэри (Гал. 5:19-21).*

ПсэкIодыр – цIыфым ишэн-гъэпсыкIэ зэрэзэIыхьагъэм ишыхьат, ащ гъэры уехъулIэ. Тызэсагъэ Iаехэр е зекIокIэ гъэнэфагъэу къытхафэхэрэр арэп тызыгъэпщылIырэр, уз бзаджэу ахэр тэзыгъашIэхэрэр ары нахь. Джащ фэдэу, Къэ-барышIум бэрэ «пщылIым» тыфэдэу тыкъегъэлъагъо. Тыгу хэкIыми, ар шъыпкъэ. Фарисейхэм ащыщхэр Исус къыфэ-губжыгъэх, зареIом. «Сэ сигущыIэхэр шъугухэм арылъ-хэмэ, шъыпкъэу сигъогу рыкIохэрэм шъуащыщ. Джащы-гъум шъыпкъагъэр къэшъушIэщт, шъыпкъагъэми шъхьа-фит шъуишIыжьыщт» (Иуан 8:31).

Ахэр къенэкъокъужьыгъэх: «Тэ Ибрахьимэ къытехъу-кIыгъэ цIыфхэм тащыщ, зыми тырипщылIыгъэп. Адэ сы-дэущтэу къытапIора: «шъхьафит шъухъужьыщт»?

Исус ахэмэ джэуап аритыжьыщтыгъэ: «Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, хэтми псэкIод зышIэрэр, псэкIодым пщылI фэхъужьы».

ПсэкIодым пыуты уехъулIэу пщылIы узэришIырэр Паул тхыгъэу афигъэхьыгъэмэ заулэрэ къахэфэ:

*Ау Тхьэм щытхъу фэтэшIы, сыда пIомэ псэкIодым шъурипщы-лIыщтыгъ, ау тишIошъхъуныгъэ тигъашIэрэ Iофхэу зызэшъу-тыгъэхэр джы шъугу етыгъэу шъуядэIу (Рим 6:17).*
*Тэ пстэури а цIыфхэм тахэтэу, типсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсыщтыгъэ Iоф мыхъунхэм атетэу тыпсэущтыгъ (Ефес 2:3).*

*Сыда пIомэ тэри зэхэшIыкIынығъэ тимыIэу, Тхьэм темы-дэIоу тыпсэущтыгъ. Тыгъощагъэу тыщытыгъ, тыгухэр зыкIэ-хъопсыщтыгъэ Iоф мыхъомышIэ зэмылIэужыгъохэмрэ тызы-гъатхъэщтыгъэ Iоф мыхъомышIэ зымылIэужыгъохэмрэ ты-ряпщылIыщтыгъ (Тит 3:3).*

ТкIуачIэ зэрэтфимыкъужьырэмрэ, тынаIэ зытедгъэты-жьын зэрэтымылъэкIырэмрэ ящысэу, тыбзэгу тIэжэн зэрэ-тымылъэкIырэр Якъубэ къегъэлъагъо. Зэгъэпшэн гъэшIэ-гъонхэр зыхиз чIыпIэу дэгъоу зэлъашIэрэ шъхьэм ащ къы-щеIо: «гущыIэкIэ псэкIод зымышIырэр ар зыпкъ ыгъэ-IорышIэн цIыф икъугъэ шъыпкъ». Ащ къеIо: «бзэгур пкъым щыщэу зы пкъыгъо цIыкIу, ау бэ егъахъэ». Ащ ифэ-

мэ-бжьымэ машIом фэдэу мэзекIо, ар – «къэбгъэуцун умылъэкIэу бзаджэ гор» ыкIи «лIэныгъэ къызыхэкIырэ щынаутри хиз». Мы сыдрэ хьэкIэ-къуакIи, бзыуи дгъэIэсэни къедгъэуцолIэни тлъэкIыщт, къыхегъахъо ащ, ау «бзэгур ... зыми ыгъэIэсэн ылъэкIырэп» (Якъуб 3:1-12).

Тэри ар дэгъущэу тэшIэ. Тэ гухэлъ инхэр тиIэх, ау гу кIуачIэу тиIэр макIэ. ТигъашIэ шъыпкъагъэ тхэлъэу къэтхьы тшIоигъу, ау шIулъэгъуныгъэу зыфытиIэжьым ихьапсэ тишIыхьагъ. Шъхьафитныгъэу тиIэм пае сыд фэдизрэ тызыщытхъужьыгъэми, зэрэщыт шъыпкъэмкIэ тыпщылI ныIэп. Тэ Тхьэм ыдэжь тыкIонышъ, етIон фае:

*Сэ сиIоф сыухын слъэкIыгъэп, Зиусхьан.*
*Сэ, пIопэн зыхъукIэ, зыпари сфэшIагъэп.*
*СигъашIи ащ фэдэ зао Iоф къыхэфагъэп,*
*Шъыпкъэм теткIэ текIоныгъэр къыщыдэсхыгъэу.*
*Сэ О къыпфэсIотэнэу сыкъэкIуагъ,*
*Сызэрэбэнагъэр ыкIи къызэрэстекIуагъэхэр –*
*Джащ фэдэ цIыф хъишъ, пкIэнчъагъэмрэ кIочIэджагъэмрэ*
*Афэгъэхьыгъэ цIыф хъишъэ шъыпкъ.*

ЦIыф зекIокIэ шапхъэхэр тэбгъэшIэнхэр пкIэнчъ; ахэмэ тэ тарыкIон тлъэкIыщтэп, Тхьэм зэпымыоу къытеIокIи: «УмышIэ», дунаир окIодыжьыфы тшIэрэр зэпыдгъэущтэп. Тызэрагъасэрэм тиIофхэр зэшIохыгъэ ышIыхэрэп; тымыкIодынэу КъэгъэнэжьакIо тищыкIагъ. Угу зэхъокIыгъэ мыхъоу, уизэхэшIыкIы зэхъокIныгъэ зэрэщыхъурэм пкIэ иIэп. ЦIыфым ядернэ реакцием ыкIуачIэ къыгъотыгъ, пкъы зиIэм икIочIэ гъэбылъыгъи ары. Джы ежьежьырэу гъэры зэрэзэхъулIэжьыгъэм шъхьафитныгъэ щигъотыжьын фае, гукIуачIэкIэ ежь-ежьырэу зыкъыригъэуцолIэжьынышъ, зигъэIорышIэжьын ылъэкIынэу; кIуачIэ ащ ищыкIагъ, шIэныгъэм ылъэныкъокIэ ылэжьыгъэмэ алъыкIигъахьэу цIыфыгъэ шэнышIу къыхэзылъхьанхэ.

**НэмыкI цIыфхэм уямызэгъэныр**

ПсэкIодым къыхэкIырэу къэтпчъыгъэхэр джыри къэтыухыгъэхэп, зы зэхэтфын фае – нэмыкI цIыфмэ тызэрафыщытым псэкIодым ифэмэ-бжьымэу тырихьэрэр.

ПсэкIодыр – тицIыф шэн куоу хэс узэу зэрэщытыр тлъэгъугъ. ТкIоцI шъыпкъэ ар ипытыхьагъ. Ащ тицIыфышъхьэ егъэIорышIэ. ПIопэщтмэ, псэкIодыр – ар тэры. ПсэкIодэу тшIэрэ пстэури – е Тхьэм тыпэшIуекIозэ тэ тшъхьэ тэгъэлъэшы, е джаущтэу цIыфым тыпэшIуекIо. УнэшъуипшIыми тызфимытхэр къаIуатэми, Тхьэмрэ цIыфхэмрэ апашъхьэкIэ пшъэрылъэу тиIэхэр ахэмэ къытагъашIэ. Хабзэм къикIырэр зэфихьысыжьи, Тынхэм (Левит) ясатыррэ (19:18) ЯтIонэнэ Хабзэм щыщ исатыррэ (6:15) зызэхегъахъом, Исус а гупшысэ зэфэхьысыжьыр нахь нафэ къытфишIыгъ: «ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыныгъэкIи Зиусхьанэу уи Тхьэр шIу лъэгъу; анахь ин дэдэу, апэрэ унашъор джары; ятIонэрэ унашъор ащ фэд: о пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу; пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэм итхэмрэ зэкIэ адрэ пегъымбархэм аIуагъэхэмрэ зэкIэ мы унэшъуитIум къырагъэубытых».

Апэрэ унашъор, цIыфхэр армырэу, Тхьэм ыпашъхьэкIэ пшъэрылъэу тиIэм къызэрэтегущыIэрэм гу лъыптэным мэхьанэ иI. ЫпэрапшIэу Тхьэр шIу тлъэгъун фае, ащ ыужы, тэ шIу зызэрэтлъэгъужьэу, тигъунэгъу шIу тлъэгъун фае. Джаущтэу, Тхьэм игущыIэ тетэу, тэ Ар апэрэ чIыпIэм итэгъэуцо, етIанэ – нэмыкIхэр, зэкIэхэм аужы – тэры. ПсэкIодыр – зэрэтыуухыгъэмкIэ къебгъэжьэжьымэ ары. Ащ къикIырэр – о зэкIэмэ апэ зиогъэуцо, етIанэ – уигъунэгъу, Тхьэр зэкIэми аужы мэхъу. КъыгъэшIэгъэ гъогур къэзытхыжьи, ащ «Сэры ЛъапIэр» шъхьэу фэзышIыгъэм тэ тызэрэзэгупшысэжьырэр ары ныIэп къыгъэлъэгъуагъэр. КIэлэцIыкIумэ ямэфэкIы мороженэ къызахькIэ, куо макъэм зыкъеIэты: «Сэры апэрэр!» Тыныбжьы зэрэхахъорэм дакIоу, ащ фэдэхэр зэхахэу тымыIонхэу тагъасэ; ау джащ фэдэкъабзэу тыгупшысэу тыкъэнэжьы. Архиепископэу Уильям Гемпл къыддалъфыгъэ псэкIодыр зэ-

ригъэунэфыгъэм а шъыпкъагъэр дэгъу дэдэу къегъэлъагъо:

*«Сэ – слъэгъурэ дунаим ипчэгу сит; дунаеу, сэ сыздэщытым ошъочапэр чIылъэм зыщыунэсырэ гъунапкъэр елъытыгъэу, зыщыщытым ... Гъэсэныгъэу згъотырэм сызэрэзэгупшысэжьырэр нахь щэIэгъошIу ышIынкIи мэхъу, сшIогъэшIэгъонэу сызпылъхэм яошъочапэ гъунапIэхэр нахь шъуамбгъо ышIымэ; джырэкIэ ар зыфэдэгор – плъэпIэ лъагэм сызыдэкIуаекIэ, слъэгъурэ ошъочапэр гъунапкъэр нахь чъыжъэ зэрэхъурэ ары, ау етIани гупчэу ыкIи егъэжъапIэуи сыкъэнэжъы». («Христиан динымрэ щыIэкIэ гъэпсыкIэмрэ», 1942).*

ЗэкIэхэмкIи тызэфэдэу лыеу тшъхьэ тызэрэфэгумэкIыжьырэм ифэмэ-бжьымэ тизекIуакIэ къытырехьэ. НэмыкI цIыфмэ зягъэсэгъуае къытфэхъу. Е ахэр тфэлъэгъу хъухэрэп, е тяхъуапсэ, тазэрэнахь дэгъур, е щыкIагъэхэр зэрэтиIэр зэхэтэшIэ. Сыда пIомэ, Паул ытхыгъэмэ яджэхэрэр зэрэфигъэблыщтыгъэхэм фэдэу, сакъыныгъэ тхэлъэу тызэрэзэплъыжьырэр загъо дэд. Загъорэ тыгу зэрэзэгъужьырэр къытфырекъу, нэмыкI уахътэм – щытхъум тыкIэнэцIы, тэ зэрэтIоу псэухэ тшIоигъу е шIулъэгъуныгъэшхо зыфэтэшIыжьы.

ЗэфыщытыкIэ пстэури къызэрыкIоу щытхэп – ны-тыхэмрэ ясабыйхэмрэ язэфыщытыкIэ, шъузымрэ лIымрэ, Iэшъхьэтетымрэ ыIэ илъхэмрэ. НыбжьыкIэмэ ябзэджэшIагъэхэр, укIэмыупчIэжьынэу, бэмэ къапкъырэкIых, къэзыухъумэнхэ зэрэщымыIэхэм, унагъор зэрэмыпытэм ахэр япхыгъэх, ау зытет шъыпкъэмкIэ бзэджашIэхэр (сыдым къыхэрэкI фаеми), цIыфмэ апэуцужьых. ЗэхэкIыжьрэ унэгъуишъэ пчъагъэ къызэтебгъэнэжьын плъэкIыни, ишъхьэгъусэ ыгъэмысэным ычIыпIэкIэ, ежь зигъэмысэжьын ылъэкIынэу шъхьаджи къеуцуалIэщтыгъэмэ. ЗэлI-зэшъузхэу зиунагъо зэщыкъохэрэр садэжь къызыкIохэкIэ, зэшъхьэгъусэмэ къяхъулIагъэр зэфэшъхьафэу къызэраIуатэрэм ренэу гу лъысэтэ. ПэшIорыгъэшъэу Iофым ущымыгъуазэмэ, хъугъэ шъыпкъэр къэпшIэн умылъэкIынэу, джарэу зэтемыфэу къаIуатэ.

НахьыбэрэмкIэ зыфызэщыхьэхэрэр зэрэзэгурымыIохэрэр ары, зэгурымыIоным ылъапсэр – ощ нэмыкIым иеплъыкIэ къимыдзэныр ары. Тэ нахь къытэкIу тыгущыIэныр – тыдэIоным ычIыпIэкIэ, тыпэуцужьыныр – теуцолIэным ычIыпIэкIэ. Унэгъо кIоцIым аущтэу зэрэщыщытым фэдэкъабз IофшIапIэмкIи. ЧыракIохэмрэ яIэшъхьэтетхэмрэ азфагу къихьэрэ зэнэкъокъухэр щыбгъэзыенхэ плъэкIыщтыгъэ, бгъуитIумкIи нахьыпэ рапшIэу ежьхэр зафэу зэплъыжьхэу, етIанэ нэшIукIэ адрэ лъэныкъом плъэщтыгъэхэмэ. Ащ ычIыпIэкIэ тэ нэмыкIхэр тэгъэмысэх, тэ нэшIукIэ тызэплъыжьы. Джа дэдэр къепIолIэн плъэкIыщт дунаим къэралыгъохэм зэфыщытыкIэу, гумэкIыгъо къинэу щыIэм. Щынагъоу зэхашIэрэмрэ, акъылынчъагъэу къахафэрэмрэ бэкIэ япхыгъэх непэрэ къиныгъохэр. Тэ тидунэе еплъыкIэ лъэныкъогъазэу гъэпсыгъэ. Тэ шIуагъэу тхэлъхэри, нэмыкIхэм ахэтлъэгъорэ щыкIагъэхэри егъэлыекIыгъэу тэлъэгъух.

Непэрэ цIыф зэфыщытыкIэхэр уумысхэу утхэныр псынкIэгъо дэд. Ау аущтэу зыкIэтшIырэ закъор – цIыфым псэкIодэу ышIэрэмрэ, е ежь лыеу ышъхьэ зэрегупшысэжьырэмрэ зэкIэ тиIофыгъохэр къызэрагъэтэджыхэрэр ары. Тызхэт цIыфхэми джа дэдэр ары тащызыгъахьэрэр. Тшъхьэ зэрэдгъэинырэм ычIыпIэкIэ нэмыкIхэм къурмэн зафэтшIын тлъэкIэу зедгъэсэгъагъэмэ, зэмызэгъыныгъэ гори щыIэжьыщтгъэп. Къурмэн зафэпшIыным къикIырэр, Библием «шIулъэгъум» къыригъэкIырэр ары. ПсэкIод зышIэрэр ежь пае мэлажьэ, шIулъэгъум – ареты. ПсэкIод зышIэрэм къаIехы, шIу зылъэгъурэм ареты.

ЗэкIэмкIи, цIыфым ищыкIагъэр – ишэн гъэпсыкIэ шъхьаф шъыпкъэу зэрихъокIыныр ары. Профессорэу Гваткин Х. М. ащ зэреджагъэр – «сэрыр» «сэрэп»- пшIынэу ары. ЦIыфым ар ежь-ежьырэу фызэшIохыщтэп: КъэгъэнэжьакIор ащ пае ищыкIагъ.

ПсэкIодыр ащ фэдэу нэрылъэгъу шъыпкъэ къызэрэтшIырэм зы гухэлъ закъу фытиIэр. Аущтэу зыкIэтшIырэр, Исус Христос зэрэтищыкIагъэр тшIошъы хъуным пай ыкIи Ащ къытфигъэшъуашэрэ пстэури къыдгурыIонышъ, тштэным апай. Фэныкъоныгъэ уиIэным шIошъхъуныгъэр

къыхэкIы. Тызэрэамалынчъэр зыдэтымышIэжьэу, Христос цыхьэ фэтшIыщтэп. «Псауныгъэ зиIэхэр арэп Iазэр зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр арых. Шъыпкъагъэ зиIэхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIод зышIэхэрэр япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу сяджэнэу ары нахь» (Маттэ 9:12-13). Уз хьылъэ зэрэтиIэр къызыдгурыIуапэкIэ ары ныIэп, псынкIэу тызэрэзэIэзэжьын фаем тызеуцолIэщтыр.

# Ящэнэрэ Iахь. Христос къытфигъэхъагъэр

## 7. Христос илIакI

Христиан диныр – умыкIодэу укъэнэжьыным фэгъэхьыгъэ дин. ПсэкIодмэ таIэкIихынэу Исус Христос Тхьэм къытфигъакIуи, ащ иIэмыркIэ къызэрэтпэгъокIыгъэр ащ къеIо. Ары – Библиер анахьэу къызтегущыIэрэр.

*«Мерэм къо къыпфэхъущт, о ащ цIэу фэуусыщтри Исус; сыда пIомэ ащ ылъэпкъ ипсэкIодхэм къаIэкIихыжьынышъ, мыкIодынхэу къыгъэнэжьыщтых» (Маттэ 1:21).*

*«Сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым ЫIкъо къызфэкIуагъэр цIыфхэу кIодыгъэхэм алъэхъунышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр ары» (Лука 19:10).*

*«Ау Исус Христос зэкIэмэ апэу сэ гукIэгъу къызфысфишIыгъэр сэ къызэрэздэзекIорэмкIэ ищыIэгъэшхо къыгъэлъэгъонэуи ары, ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъун цIыфхэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм шапхъэ сафэхъунэуи ары» (I Тим. 1:16).*

*«Ты лъапIэм дунаим ицIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынэм пае, ежь ЫIкъо къызэригъэкIуагъэр тлъэгъугъэ ыкIи шыхьат тыфэхъу» (I Иуан 4:14).*

ПсэкIодым къыхэкIырэр Iофыгъуищ мэхъушъ, гъэнэфагъэ хэлъэу угущыIэщтмэ, «къэбгъэнэжьыным» а Iофыгъуищым тыкъаIэкIехыжьы. Исус Христос – Тыкъэзыгъэнэжьырэм ихьатыркIэ Тхьэм тешIужьын тлъэкIыщт; икIэрыкIэу тыкъэхъужьынышъ, шэн гъэпсыкIэ шъхьаф дгъотыгъэу, лъахъэу ттелъыгъэхэр зытетыдзыжьыщтых, зэмызэгъыныгъэу тазфагу илъыгъэхэр шIулъэгъу зыхэлъ зэфыщытыкIэхэмкIэ зэблэтхъунхэ тлъэкIыщт. Хьадэгъум къинэу ригъэлъэгъугъэмкIэ тыкъэнэжьынымкIэ апэрэ лъэубэкъур Христос тигъэшIыгъ. ЯтIуанэрэр – Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр къызэрэтхилъхьагъэмкIэ, ящанэрэр – ичылыс зэIукIэ зэригъэуцугъэмкIэ. Апэрэр джы зэхэтфынышъ, мыщ къыкIэлъыкIоу къэнэритIумэ етIанэ татегущыIэщт.

Паул иIоф къыриIолIагъ: «ЦIыфхэр Тхьэм езыгъэшIужьыхэрэр» арэу; сикъэбари цIыфхэр «Тхьэм ешIужьынхэ зэрэфаем икъэбар».Тхьэм уешIужьыным лъапсэу иIэр ащ нэфэшъыпкъэу къыгъэлъэгъуагъ. Ар Тхьэр ары, къеIо ащ, Тхьэр ары Iоф зышIэрэри. «ЗэкIэри Тхьэм ыдэжь къэкIы, Ащ Исус Христос Iофэу ригъэшIагъэмкIэ Ащ тешIужьыгъэу тигъэхъугъ» (2 Кор. 5:18). ЕтIани къеIо: «Тхьэм Христос ригъэшIагъэмкIэ дунаем ицIыфхэр Ежь къешIужьыгъэхэу хъугъэх». Исус Христос къащым теIулIагъэу хьадэгъоу ыгъотыгъэм цIыфмэ къафихьыгъэр зэкIэ, ныбжьи мыкIодыжьынэу щыт Тхьэм изэхэшIыкIырэ ыгурэ къащежьагъэх. Ар умыштэу Христос зэрэлIэгъэ шIыкIэм е цIыфхэр къызэрэнэжьыщтхэм утегущыIэмэ, ащыгъум Библием къыIорэм упэуцужьы. «Сыда пIомэ Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае» (Иуан 3:16). Джащ фэдэу «Тхьэм игъоу ылъытагъэти ищытыкIэ зэкIэ Ыкъо хэлъ хъугъэ. Лъэу Ыкъо къащым щыкIэкIыгъэмкIэ Тхьэм зэшIужьыныгъэ ыгъэхъузэ, Iофэу Ыкъо ышIагъэмкIэ чIылъэми уашъоми щыIэр зэкIэ Ежьым ешIужьыгъэу ыгъэхъунэу игъоу ылъытагъ» (Кол.1:19-20). Ау сыда «Тхьэм уешIужьыным» къыкIырэр? А гущыIэ дэдэм «тшъхьэхэр ыщэфыжьыгъ» къекIы. Ащ къикIырэр зэпыйрэ купитIур «зы хъуным» пае зыгорэ пшIэныр е ахэр зэгурыIуагъэхэу зэрэщыIэхэм гушIуагъо къыпфихьыныр ары. Тхьэм уезыгъэшIужьырэр, апостолэу Паул къызэриIорэмкIэ, ти-Зиусхьанэу ыкIи ти-КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос ары. Тэ ткIуачIэ етхьылIэу ащ тыфэбэнагъэп, ар тынэу Ащ къытитыгъ. ПсэкIодым цIыфхэр Тхьэм пэкIыжьэу ешIых; Христос къащым хьадэгъоу щигъотыгъэм типсэкIодхэр ыпщыныжьыгъэх. ПсэкIодым зэпыи тызэфишIыгъ, къащым зэшIуныгъэр къыщытфихьыгъ. ПсэкIодым Тхьэмрэ цIыфымрэ азфагу тIокIэ куу къыдигъэуцуагъ, къащыр ащ лъэмыджэу къытырилъхьагъ. ПсэкIодым Тхьэм фыщытыкIэу фытиIэр зэщигъэкъуагъ, къащым ахэр зыпкъ ригъэуцожьыгъэх. Рим къалэ дэсхэм афитхыгъэ тхылъым апостол Паул къы-

зэрэщиIуагъэм фэдэу, нэмыкI гущыIэхэмкIэ ар къэпIон плъэкIыщт: «Сыда пIомэ псэкIодым къыхэкIырэр лIэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти-Зиусхьан тыгухэм зэрарылъым пае Тхьэм тынышхоу къытитырэр мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары» (Рим 6:23).

Ау цIыфхэр къэнэжьынхэм сыда къащыр зэрищыкIэгъагъэр? Христианхэм ящыIэныгъэкIэ ащ арэу мэхьанэшхо иIа? Сыда ащ ышIэн ылъэкIыгъэр? Къащым гупчэ чIыпIэу ыубытрэмрэ ащ имэхьанэрэ ары джы тызэрыгущыIэщтыр.

*Къащым гупчэ чIыпIэу ыубытрэр*

Исус зэлIэм, псэкIодхэр зыпщыныжьырэ къурмэныпхъэу зэрэтфэхъугъэр къэзыIотэрэ къэбарым БиблиемкIэ анахь мэхьанэ иIэу зэрэщытыр къыдгурыIоным пае, Апэрэ Зэзэгъыныгъэм къыфэдгъэзэжьын фае. Апэрэ Зэзэгъыныгъэм идин къурмэныпхъэхэр арых лъапсэ фэхъугъэхэр. Хьавэл иIэхъогъу шъынэхэр къыхиххи къыхьхи, «Зиусхьаным Хьавэли ащ итыни къызилъэгъугъэхэм» щыублагъэу («УблапIэ» 1 Мусэ 4:4), Тхьэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэм Ащ къурмэнхэр фашIыщтыгъэх. Мусэ ихабзэхэр щыIэнхэм бэкIэ къыпэу цIыфмэ къурмэн шIыпIэхэр агъэпсыхэти, былымхэр шIуабзыхэти, лъыр агъачъэщтыгъэ. Хэбзэ гъэнэфагъэ хэмылъэу ар апэрэмкIэ ашIыщтыгъэ, ау Мусэ итэурат хабзэкIэ, Синай къушъхьэм Тхьэмрэ цIыфхэмрэ зэзэгъыныгъэ зыщызэдашIы ыуж, Тхьэм иIуагъэкIэ гъэпсыкIэ гъэнэфагъэ хэлъы хъугъагъэ.

Тэ тиэрэ ыпэкIэ я VIII-VII лIэшIэгъухэм щыIэгъэ пегъымбархэр мэхьэнэнчъэ-цIыфыгъэнчъэ шIыкIэкIэ Тхьэр зыгъэлъапIэхэрэм апэуцужьыщтыгъэх, ау Христос къызыхъугъэм ыуж я 70-рэ илъэсым, Тхьэм иунэшхо зызэхакъутагъэм нэс, къурмэн ашIыныр щагъэтыгъэп. Къурмэныпхъэр зэрэбгъэстыщт шIыкIэр, уипсэкIодхэм пае къепхьылIэн фэе тынхэм, къурмэныпхъэ шъонхэу ищыкIагъэхэм хэтрэ джурти дэгъоу ащыгъозагъ. Нэфэшъхьафэу ищыкIагъэхэри зэкIэ дэгъоу ашIэщтыгъэх – а къурмэныпхъэхэр къызщепхьылIэщт мафэхэри, тхьэмафэхэри, мазэхэри, илъэсхэри. Зы джурт горэми анахь мэхьанэ зиIэр зэримыгъэшIэн ылъэкIыгъэп –

«пкъым ыпсэ лъым хэлъ» ыкIи «лъыр умыгъачъэу, псэкIод гъэгъуныр щыIэп» («Тынхэр» 3 Мусэ 17:11; Еврей. 9:22).

Апэрэ Зэзэгъыныгъэм къурмэнэу зигугъу къышIыхэрэр Христос цIыфхэм къурмэны зызэрафишIыжьыщтыр; пегъымбархэмрэ Гугъэ Орэдхэр къэзыIощтыгъэхэмрэ ащ фэдэ къурмэн щыIэ зэрэхъущтыр гущыIэхэмкIэ къаIотагъ. Мысагъэ имыIэу агъэпщынагъэу Гугъэ Орэд зырызхэм къахафэу, нэужым Исус къырагъэкIэу ашIыжьыгъэм ар хэтэлъагъо. Зимэлхэр чIыгу чыжьэмэ арытэкъогъэ пегъымбарэу Захарие итхылъ хэт Iахъоу шIулъэгъу зиIэм ар щытэшIэжьы, е пегъымбарэу Даниел итхылъ хэт пщым, е «дагъэр зыщафагъэм», нэужым «паупкIыжьыгъэу». Ау пстэуми анахьэу ар зыхэтлъагъорэр – Исайас пегъымбарым зигугъу къышIырэ цIыфышIур ары – Тхьэм иIофышIэу къин зыщэкIырэр, «нэшхъэигъом илIэу» къырамыдзэрэр, нэмыкIхэм ябзэджэшIагъэмэ ауIагъэу, шъынэм фэдэу шIуабзынэу ащэрэр ыкIи бэмэ япсэкIодхэр зыхьыхэрэр. Шъыпкъэ, «джаущтэу тхыгъэ ыкIи джаущтэу Христос къин ылъэгъунэу щытыгъ» (Захарие 13:7; егъапш Марк 14:27; Даниел 9:25, 26; Исайас 53; Лука 24:46).

Исус чIыгум къызэкIом, къырыкIощтыр Ащ ышIэщтыгъэ. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр ЕжьыркIэ зэрэшыхьатхэр ыкIи ахэр зыщыгугъыхэрэр игъашIэ къызэрэщышъыпкъэщтхэр Ащ къыгурыIощтыгъэ. Къинэу ылъэгъущтхэр къэблагъэхэ зыхъукIэ ары нэфэ шъыпкъэ ар къызыхъурэр. Iофэу Ащ ышIэрэм къэгъэзапIэ фэхъугъэр Кайсарфилиппие къуаджэр ары, Симон Петрэ Ар Христосэу зэрэщытым къызэреуцолIагъэм лъыпытэу «ЦIыф Лъэпкъым ЫкъоуАр зэрэщытыр ыкIи къиныбэ зэрилъэгъущтыр агуригъаIоу зырегъэжьэм» (Марк 8:31).

Джаущтэу «хъун фаеу» зэрэщытыр, Тхьэм игущыIэ тхыгъэмэ а шIокIыпIэнчъэу тыралъхьагъэр Ащ цIыфхэм аригъэшIагъэм ренэу къыхэщы. Аущтэу Тхьэр зыфаер агуригъэIуагъ. Ар «къин ылъэгъузэ аумэхъын фае», тыралъхьэгъэ пстэури къэшъыпкъэжьыфэ ышъхьэ зэрэфимытыр Ащ зыдишIэжьыщтыгъэ (Лука 12:50). Ежь «исыхьаткIэ» зэджэжьыгъэм Ар дэх имыIэу факIощтыгъэ, а уахътэр джыри къэсыгъэп ыIозэ, КъэбарышIум ащ бэрэ игугъу къешIы. Аубытыным къыпэу охътабэ къэмынэжьыгъэу, плъэмэ, къащыр

зэхишIыкIын ылъэкIэу зэхъум, а «сыхьатым» Ащ игугъу къышIыгъ: «Сэ Сят, игъор къэсыгъ!» (Иуан 17:1).

КъыщышIынэу ыпэ илъыр Ащ ыгукIэ лъэшэу зэхишIэщтыгъэ: «Джы спсэкIэ лъэшэу сэгумэкIы, – къэкууагъ Ар, – сыда сIощтыр? Сятэ ЛъапI! О пцIэ ищытхъу ягъэлъэгъу!» (Иуан 12:27-28). Зыщаубытыщт сыхьатыр къэси, Ащ IэпыIэгъу фэхъунэу Симон ичатэ къызырехым, Исус ащ егыигъ: «Чатэр чэтапIэм илъхьажь,- ыIуи Исус Петрэ риIуагъ. – Ты ЛъапIэм къыситыгъэ къиныгъом ишъуалъэ итым сешъон фаеба?» (Иуан 18.11). Маттэ КъэбарышIур къызэриIотэжьырэмкIэ Исус къыпигъэхъожьыгъ: «Хьаури Сятэ семылъэIушъункIэ огугъа? СелъэIумэ, ащ джы дэдэм мэлэIич дзэ пшIыкIутIум ехъоу къысфигъэкIощт. Ау етIанэ сыдэущтэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр къэшъыпкъэжьыщтха?» (Маттэ 26:53,54).

Къащым апшъэрэ мэхьанэу иIэм – ауштэу зэрэхъущтыр Апэрэ Зэзэгъыныгъэм къыщеIо ыкIи Христоси ащ фигъасэщтыгъэх – КъэбарышIур зытхыгъэхэри къеуцуалIэх. КъэбарышIур зытхыгъэ нэбгыриплIыми Христос иаужырэ тхьамафэрэ ихьадэгъурэ чIыпIабэ арагъэубыты – Ащ игъашIи Iофэу ышIагъэми ялъытыгъэмэ, зэранахьыбэмкIэ егъэпшэгъуаеу. Апэрэ КъэбарышIум (Маттэ) итфэнитIу, ятIуанэрэм (Марк) итфэнищ, ящанэрэм (Лука) иящэнэрэ Iахь ыкIи яплIанэрэм (Иуан) ызныкъо фэдиз Ар Ерусалим зэрэдэхьагъэмрэ, уашъом зэрэдэкIоежьыгъэмрэ афэгъэхьыгъэх. Анахьэу бгъэшIэгъонэу ар къызхэщырэр Иуан ытхыгъэ КъэбарышIур ары. Ар загъорэ зэфэдэ IахьитIоу агощы, зы тхылъым «Нэшанэхэм афэгъэхьыгъэ ятхылъ» ыцIэр, адрэм – «Зиусхьаным къынэу ыщэчыгъэхэм афэгъэхьыгъэ тхылъ».

КъэбарышIум шъхьэимыхыгъэу мэхьанэу хэлъыр, адрэ тхыгъэмэ зэнкIабзэу къаIуатэ, анахьэу апостолэу Паул ытхыгъэмэ. Мы апостолыр тхылъеджэмэ къащым игугъу къафишIыным езэщыщтыгъэп. Ежь пае зызыгъэлIэгъэ КъэгъэнэжьакIом ичIыфэу къытефагъэм ар лъэшэу ыгъэгумэкIыщтыгъэ «Тхьэм ЫкъоуI, шIу сызылъэгъугъэу, – ащ ытхын ылъэкIыгъ, – сэщ пае зыпсэ зытыгъэр, ащ пае ти-Зиусхьанэу Исус Христос икъащ нэмыкIым сыщытхъужьынэу сыфаеп» (Гал. 2:20, 6:14).

Коринф къалэ дэсхэу, елыджхэм (грекхэм) яфилософие хэгъощахьынхэм ищынагъо хэтхэм апостолым афитхыгъ: «Джуртхэр нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэм афаех, урымхэри акъылышIуагъэм лъэхъух; тэ Христосэу къащым тыраIулIагъэм икъэбар тэгъэIу: джуртхэмкIэ ар агу зэмыIун Iоф мэхъу, нэмыкIрэ лъэпкъхэмкIи делагъэ мэхъу. Ау тэ, Тхьэм ибынхэм ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэмкIэ, джуртми урымми, Христос ары Тхьэм илъэкIыныгъэшхори изэхэшIыкIыныгъэшхори (1 Кор. 1:22-24). Мары Паул ятIуанэрэу Христос икъэбар агуригъаIоу къекIокIызэ, Коринф къикIи, Афин къызэкIом ариIуагъэр: «Шъуадэжь сызыщэIэм, Исус Христос икъэбар нэмыкIэу сымышIэнэу тесыубытагъ, зэкIэмэ апэу ежьыр къащым зэрэтыраIулIагъэр» (1 Кор. 2:2). ЕтIани къеIо: «Iоф пстэуми апэу къэбарышIоу Христос къысIэкIилъхьагъэр къышъуфэзгъэнагъ: Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм атетэу, типсэкIодхэр ыпщыныжьынхэм пае Христос лIагъэ» (1 Кор. 15:3).

КъэбарышIум инэмыкIрэ тхылъ пстэуми джащ фэдэкъабзэу къащым анаIэ зэрэтетыр ащыолъэгъу. Нэужым тлъэгъущт ащ Петрэ зэрегупшысэщтыгъэр ыкIи ащ фэгъэхьыгъэу ытхыгъэр. Еврейхэм афэгъэхьыгъэ тхылъым занкIэу къыщеIо Христос «зэгорэм, лъэхъанэхэмэ якIэух дэжь, Ежь ыпсэ ытынышъ, псэкIодыр ыгъэкIодынэу къызэрэкIуагъэр» (Еврей. 9:26). ЕтIанэ тхылъ гурыIогъуеу цкIи гъэшIэгъонэу «Iофхэр» (Апокалипс) зыфиIорэм тызынэскIэ, щытхъушхо зыпылъ Исусэу уашъом щыIэм исурэт нэгъэупIэпIэгъу горэкIэ тэлъэгъу «Иудэ иунэгъо лъэпкъым щыщ аслъан» къодыеу щымытэу, «Шъынэу шIуабзыгъэми фэдэу» (Iоф. 5:5-6); ыкIи цIыф лъапIабэми мэлэIичыбэми ищытхъу аIуатэу зэхэтэхы: «Шъынэу цIыфхэм шIуабзыгъэм ифэшъуашэх лъэкIыныгъэшхор, баиныгъэшхор, зэхэшIыкIыныгъэшхор, кIочIэшхор, лъытэныгъэшхор, щытхъушхор, шъхьэкIэфэныгъэшхор» (Iоф. 5:12).

ЗэрэхъурэмкIэ, Мусэ пегъымбарым иапэрэ тхылъым иапэрэ шъхьэмэ ащегъэжьагъэу Iофхэм яаужырэ шъхьэм нэс тхэкIо зырызмэ «Iудэнэ плъыжь» зыфаIорэр ащытлъэгъун тэлъэкIы. ШъыпкъэмкIи ар Ариаднэ иIуданэ яхьщыр, ащ ихьатыркIэ Тхьэм игущыIэмэ тащыгъозэн тэлъэкIы.

КъэбарышIум къащым гупчэ мэхьанэ иIэу къызэрэтиIорэм христиан чылысри къеуцуалIэ. Аумэхъыхэ зыхъукIэ чылысыбэхэм цIыфхэм къащ атыралъхьэ, тызылIэжьыкIи, тикъашъхьи къащыр щагъаIэ. Чылысыбэхэм алъапсэхэр къащым фэдэу агъэуцух – чылысым ыбгъухэмрэ анахь мэхьанэ зиIэу хэтхэмрэ къащ теплъэ яIэу ашIы. ХристианыбэмэякIэкIо пшъапIэ телъэу къащыр зэрахьэ, е пшъэхъу псыгъом пылъэу, е щыгъыжъые зэблыгъэм хэлъэу. А пстэури аукъодыеу хъурэп. Къащыр – Тхьэр тшIошъы зэрэхъурэм итамыгъ. Христиан шIошъхъуныгъэр – ар къащым раIулIыгъэ Христос ишIошъхъуныгъ. Къэбармэ къызэращаIуатэу, пачъыхьэу Константин ошъогум рилъэгъуагъэр Библием исатырмэ тэр-тэрэу ахэтлъэгъон тлъэкIыщт. Къащым ихьатыркIэ текIоныгъэр къэпхьыщт. Къащыр хэмытмэ, христиан шIошъхъуныгъэр щыIэп. Ау сыда аущтэу зыкIыщытыр? Сыда къащым къикIырэр?

**Къащым имэхьан**

Христос зэрэлIагъэм мэхьанэу иIэр къэзгъэлъэгъоным сыфежьэн слъэкIыщтэп, ащ джыри шъэфыбэ зэрэхэлъыр къэсымыIоу. Христианхэм къащыр анахь хъугъэ-шIэгъэ инэу хъишъэм хэтэу алъытэ. ГъэшIэгъонэп тэ тиакъыл макIэ ар икъоу зэхишIыкIын зэримылъэкIырэр! Зэгорэм пэIухъор егъашIэм къэмыхъужьынэу кIодынышъ, шъэф пстэури нафэ къэхъущт. Христос Ежь изэрэщыт шъыпкъэкIэ тлъэгъущт, ыкIи къытфишIагъэм пае Ащ ищытхъу тыщэIэфэ тIотэщт. «Джы Iоф пстэури мынафэу гъунджэм тызэриплъэрэм фэдэу тэлъэгъу, ау а мафэм зэкIэ нафэу тлъэгъущт, зы цIыф горэм тызэрэпэIууцорэм фэдэу. Джы сишIэныгъэ щыкIагъэ иIэу, имыкъугъэу щыт, ау а мафэм зэкIэ сшIэщт, Тхьэм шъыпкъэу сызэришIэрэм фэдэу». (1 Кор. 13:12). Джаущтэу апостол ин дэдэу Паул къыIуагъ, акъылышхо зиIагъэу, шъыпкъэгъабэ къытфызэIузыхыгъэм; адэ ащ джаущтэу къыIуагъэмэ, ежь нахьэу тэ ар зыфэтхыжьын фаеба?

Симон Петрэ иапэрэ тхылъы Исус зэрэлIагъэм фэгъэхьыгъэу щитхыгъэр къасIомэ изгъэкъун. АукъодыекIэ ащ

ытхыгъэмэ зафэзгъазэрэп. Аущтэу сшIыным пае ушъхьагъуищ сиI.

Апэрэр – нэбгырищ хъурэ апостол купым Петрэ щыщыгъ – Петр, Якъуб, Иуан аIоу, адрэ ПшIыкIутIумэ ялъытыгъэмэ, ахэр ныбджэгъуныгъэкIэ Исус нахь пэблэгъагъэх. Ащ къыхэкIэуи Исус ихьадэгъу ехьылIагъэу зэгупшысэщтыгъэри, къыIощтыгъэри, ежь зыщыщ купым фэдэу, къызэрэгурыIорэм тетэу ежьыри къыгурыIощтыгъэн фае. Зытет шъыпкъэмкIэ, и Зиусхьан фэгъэхьыгъэ гукъэкIыжь нафэхэр ащ иапэрэ Тхылъы щытэлъэгъух.

ЯтIуанэрэмкIэ, Петрэ итхылъхэм цыхьэ афэсшIэу зафэсэгъазэ, сыда пIомэ нахьыпэ рапшIэу ащ ежьыри Христос къин ылъэгъун фаеу зэрэщытым фэмыяхэу ыгукIэ еуцуалIэщтыгъэ. Христос фэдэ зэрэщымыIэм ар зэкIэми апэу еуцолIагъ, ау ежь дэдэр ары пстэуми апэу Ежь лIэнэу зымыдэщтыгъэри. «Оры Христосыр!» – зыIуагъэри. «Хьау, Зиусхьан!» – ыIуи къэкууагъ, къин ыщэчынэу къызэрэпыщылъым Христос фигъасэхэ зэхъум. Христос Тхьэм фэлажьэзэ къыкIэлъыкIогъэ мэфэ пстэухэм къакIоцIы Христос зэрэлIэн фаем Петрэ еуцолIагъэп. Чъыг хатэм хэтхэу ар Исус пае язао шIоигъуагъ, ау зэраубытыгъэр зелъэгъум, ыужы итэу лъыкIуагъ. Иакъыл шIоркъэу къышIошIэу, ар щэ унае щагум дэтэу Исус гокIыжьыгъ, ынэпсхэри зэрэкIэгъожьыгъэм изакъоп къэзгъэкIуагъэхэр, ыгу зэрэкIодыгъэми ахэр къыгъэкIуагъэх. ЕтIанэ Христос къэхъужьи, Тхылъ лъапIэм иапостолхэр «джаущтэу Христос къин ылъэгъун фаеу ыкIи Ежь ищытхъу ыгъотынэу щытыгъ» (Лука 24:26) ыIозэ, ыгъасэхэ зэхъур ары ныIэп Симон Петрэ къыгурыIоу ыкIи ышIошъ хъоу зыригъэжьагъэр.

Тхьэмэфэ заулэ зытешIэм, ащ ышIошъ хъугъэр, пытэу ыгу зэритIысхьагъэм къыхэкIэу Тхьэм иунэшхо чIэт цIыф купмэ зафигъэзэнышъ, мыщ фэдэ гущыIэхэр ариIонхэ ылъэкIыгъ: «Ипегъымбархэм зэкIэмэ къэхъунэу щытэу къаригъэIуагъэр, Христосы къин зэрилъэгъун фаер, Ащ ыгъэцэкIэжьыгъ». Ащ иапэрэ тхылъы «Христос къинэу ылъэгъугъэхэмрэ ищытхъурэ» заулэрэ къыхэфэх. Къащыр зэрищыкIагъэм апэрэмкIэ тыфэмые хъатэу теуцуалIэнкIи мэхъу, ащ имэхьани ащ лъыпытэу къыдгурымыIорэнкIи хъун, ау ар

зыгорэм тшIошъ ыгъэхъун ылъэкIынэу щытмэ, ащыгъум ар – Симон Петр ары.

ЯщанэрэмкIэ, Петрэ иапэрэ тхылъы къащым игугъ къыщешIы къодый. Христос лIэн фаеу зэрэщытыр тшIошъ ыгъэхъунэу, ар къэзыушыхьатхэрэр къыпчъыщтыгъэхэмэ, мы Iофым зыгорэ хэлъэу тегупшысэни. Ау Iофыр аущтэу щытэп. Христиан шIошъхъуныгъэм къызэриIорэм тетэу зыпкъ итэу ящыIэныгъэ агъэпсынэу ыкIи щэIагъэ ахэлъэу къинхэм апэгъокIынхэу ащ итхылъеджэмэ къареIо ныIэп, ащ ыужы, агу къыIэтыным фэшI, къащыр агу къегъэкIыжьы.

*Христос щысэ къытфыщини, лIагъэ*

А тхылъыр къызатхым яшIошъхъуныгъэ пае цIыфхэр къырафэкIыщтыгъэх. Император Нерон христиан чылысыр зэригъэпыищтыгъэм щыгъуазэ, христианмэ ащыщыбэхэм щынагъор агухэм афэщыIэщтыгъэп. ТхьамыкIэгъо заулэ къэхъугъ. Охътэ Iаехэр къэкIонхэу къащыхъущтыгъэ.

Петрэ нэиутэу егъэгъуазэх (1 Петр 2:18-25). Тхьэр зымышIэхэрэм яхристиан унэIутмэ дэеу афыщытхэмэ, унэIутхэм агу къэгъэкIыжьыгъэн фае, зыфэсакъыжьын фае ащ фэдэ пщынэжь яфэшъуашэу къямыхъулIэнэу. АIэкIэшIагъэмэ апае зэряохэрэм ахэр егъэпыутых. Ащ нахьышIу ахэмэ шъыпкъэныгъэ яIэу, Христос пае къызэрягыйхэрэр гуапэ къащыхъумэ ыкIи къин алъэгъумэ. Апэмыуцужьхэу, афагъэгъумэ нахьышIу. IорышIэ зашIын фае. ЗэфэнчъагъэкIэ къинэу уагъэлъэгъурэр пщэIэныр Тхьэм игъоу елъытэ. Ащ къыкIэлъыкIоу псынкIэу Петрэ игупшысэ къащэм фэбыбы. Пфэмышъуашэу къин пщэчыныр ары Христос къызфыоджагъэр – христианхэм янэтIэрыIу (христиан шIошъхъуныгъэм тызфигъасэрэхэм ащыщ), еIо ащ, сыда пIомэ «Христоси тэщ пае къин ылъэгъугъ, игъогу тырыкIоным фэшI щысэ къытфыщинагъэу». Ащ псэкIод шIагъи лажьи иIагъэп. Аущтэу зэрэщытзэ Ащ шъхьакIо рахыщтыгъэ. Ащ афигъэгъущтыгъэ. Къин ылъэгъу тетзэ ыгъэщынэщтыгъэхэп. Ащ Iэрылъхьэ зишIыгъ ныIэп, е, Тхылъ ЛъапIэм зэритхагъэу, къин езгъэлъэгъугъэхэр цIыфлъэпкъ пстэум хьыкум атезышIыхьащтым ыIэ рилъхьагъэх.

Христос щысэ къытфыщинагъ. Урым гущыIэу Петрэ зэзакъо КъэбарышIум щигъэфедэрэм къикIырэр кIэлэегъаджэм итхылъ, тхыкIэ шапхъэхэр, кIэлэеджакIом тхакIэ зэригъашIэ зыхъукIэ тэрэз шъыпкъэу тхыгъэ хьарыфхэу зэплъыхэрэр ары. Арышъ христиан шIулъэгъум иалфавит итхыкIэ зэтэгъашIэмэ, Исус ищыIакIэ тетэу тищыIэныгъэ дгъэпсын фае. «Ащ илъэужмэ тарыкIон» фае. А глаголыр Петрэ икъэлэм чIэгъы къыщэгущыIапэ. Исус ыуж итэу хьапсыми кIонэу, хьадэгъури ыштэнэу ыIозэ, Петрэ зыщытхъужьыщтыгъэ, ау зытет шъыпкъэмкIэ – «чыжьэкIэ кIэлъыкIуагъ». Галилей хым зынэсыр ары ныIэп Исус Петрэ икIэрыкIэу къызеджэр ащ инэIосэ гущыIэхэмкIэ: «Саужы итэу къэкIо!» Арышъ Петрэ итхылъеджэмэ къариIощтыгъэ ежь игъусэхэу, джыри нахь даIохэзэ, Зиусхьаным илъэужмэ арыкIонхэу.

ЯтIокIэнэрэ зырэ лIэшIэгъуми къащыр ипэурэм фэдэу къытэджэ, гомыIоу техъулIэ апэрэ лIэшIэгъум тызэрехъулIэщтыгъэу, ыкIи джащыгъум зэрэщытыгъэу, ащ имэхьанэ джыри ины. Уапэмыуцужьэу, пфэмышъуашэ къинхэр пщэчынхэу ыкIи ем шIукIэ утекIонэу, унашъо къытфэпшIыным нахь къытэмызэгъын щыIэны фаеп. Ау щытми къащыр къытэджэ, къытаохэмэ тщэIэнэу, типыйхэр шIу тлъэгъунхэу ыкIи аужырэ гущыIэр Тхьэм къылъэхэтынэнэу.

Ау Исус ихьадэгъу – ар узыгъэгушхорэ щысэм нахьи нахь ин гор. Ар аущтэу щымытыгъэмэ, КъэбарышIум ит къэбархэмэ къыдгурымыIоу бэ къыхэфэщтыгъэр. ГущыIэм фэшI, гурыIогъуаеу къыIуагъэхэр: цIыфыбэхэм апае ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытынэу ыкIи лъыр ыгъэчъэнэу – «Зэзэгъыныгъэм ылъ», ежь зэреджэщтыгъэу, псэкIодхэр къафигъэгъунхэм фэшI (Марк 10:45; Маттэ 26:28). Уимысагъэ дэбгъэзыжьынэу узекIонэу мыщ къикIырэп. Щысэ къызэрыкIом пфагъэгъунэу уигъэгугъэн ылъэкIыщтэп.

ЕтIани, къащыр къэблагъэ зэхъум, гукъихьэ къинхэмкIэ сыда иIоф нахь хьылъэ зыкIашIыгъэр? СыдэущтэукъыбгурыIощта чъыг хатэм псэхэкIыгъо хьазабэу щищэчыгъэр, Ащ ынэпсхэр, къызэрэхэкуукIыщтыгъэр, лъыпс пкIантIэу къехыгъэр? «Сят, амал иIэмэ мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сэ сIых. Ау Сэ сызыфаер мыхъоу, О узыфаер орэхъу» (Маттэ 26:39). ЕтIани: «Сэ Сят, мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сIы-

пхынэу мыхъунэу щытмэ, О узыфаер орэхъу» (Маттэ 26:42). Къащым хьадэгъу зэрэщигъотыщтым ынэшанэу щытыгъа ащ фэдизэу зыщыщынэщтыгъэ шъуалъэр? Ащыщынэщтыгъа а уахътэм узымрэ хьадэгъумрэ? Ар аущтэу щытмэ, ащыгъум пщэIэнымрэ IорышIэ зафэпшIынымрэ арынхэкIи хъун Ащ ищысэ къикIыхэрэр, ау щынэ умышIэным ар ищысэу Iогъуай. Платон къызэриIотэжьырэмкIэ, Афин хьэпсэ унэм исэу Сократ «фэхьазырэу ыкIи фэчэфэу» ишъуалъэ ришъугъ. ЗэрэхъурэмкIэ, Сократ Исус нахьи нахь лIыхъужъыгъ, ара? Хьаумэ яшъуалъэмэ арытыгъэ щэнаутыр зэфэшъхьафыгъа? Сыда къарыкIырэри шIункIымрэ, Исусэу «Сыда утыгум сизакъоу сыкъызкIибгъэнагъэр» ыIоу зэрэкууагъэмрэ, Тхьэм иунэшхо Унэ кIоцI анахь ЛъапIэм пэIухъоу иIэр ышъхьагъы къыщегъэжьагъэу ычIэгъы нэс зэрэзэIэтхъыгъэми? А пстэумэ къарыкIырэр зэхэпфын плъэкIыщтэп, тэ щысэ къытигъэлъэгъун закъом пае Исус лIагъэмэ. ШъыпкъэмкIи, а щысэр лъэныкъуабэхэм мыгъэшIэгъонышхоу ашIэу къыпшIошIыщт.

Ау Христос ихьадэгъу щысэ закъоу щытыгъэмэ, КъэбарышIумэ язакъоп гурыIогъуаехэу къэнэщтыгъэхэр. ЦIыфыр зыфэныкъомкIэ мыгъэрэзагъэу хъущтыгъэ. Щысэм нахь ин горэ тищыкIагъ: ар КъэгъэнэжьакIор ары. Щысэм тишIошъ къыгъэблыщт, идеализмагъэу тхэлъыр къызэкIигъэнэщт ыкIи тыгу ыгъэпытэщт, ау псэкIодэу тшIагъэмэ яшIой ыукъэбзыщтэп, тыгукIэ гупсэф тигъэгъотыщтэп, е Тхьэм тыригъэшIужьыщтэп.

Сыдэу шIы фаеми, ащ фэгъэхьыгъэу апостолмэ щэч гори тыгу къыранэрэп. Христос къызэрэкIуагъэмрэ Ащ ихьадэгъурэ ахэмэ ренэу тэ типсэкIодхэми арапхы.

> *«Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ататэу, Христос типсэкIодхэр ыпщынэжъынхэм пае лIагъэ» (1 Кор.15:3).*
>
> *«Христос ... типсэкIодхэм апае зэ къин ыщэчыгъ» (1 Петр 3:18).*
>
> *«ТипсэкIодхэр ттырихынхэу Ар къызэрэкIуагъэр шъо шъошIэ» (1 Иуан 3:5).*

Джарых тхэкIо ин нэбгырищэу, КъэбарышIум иапостолхэу – Паул, Петр, Иуан – зы нэбгырэ фэдэу зэдырагъаштэзэ, Христос ихьадэгъу тэ типсэкIодмэ языпххэрэр.

Христос зэрэлIагъэмрэ тэ типсэкIодхэмрэ зэрэзэфыщытхэмэ къатегущыIэзэ, мары Петр итхылъы зэрэритхагъэр: «Къащым зытыраIулIэм тэ типсэкIодхэр къыттырихызэ, ахэмэ афэшъошэ къиныр ежь ыпкъ тырилъхьагъ» (1 Петр 2:24). «ПсэкIодыр пхьыныр» зыфиIорэ къэIуакIэм тызэмысагъэ горэ хэлъ, арышъ ар къыдгурыIоным пае, Апэрэ Зэзэгъыныгъэм къыфэдгъэзэжьын фае. А гупшысэр Тынхэм (3 Мусэ), Пчъагъэхэр (4 Мусэ) зыфиIорэ тхылъмэ бэрэ къахэфэ ахэмэ мызэу-мытIоу къащеIо: Тхьэм тфыхихыгъэ хабзэмэ ащыщ горэ зыукъорэм ихэбзэнчъагъэ ыхьыщт е «ипсэкIод ыхьыщт».

ГущыIэм пае, «зыгорэм псэкIод ышIэмэ ыкIи Зиусхьаным иунашъомэ апэшIекIоу зыгорэ ышIэмэ, ... мысэ хъущт ыкIи ипсэкIод ежь ыхьыщт» (Тынхэм «3 Мусэ» 5:17). А къэIуакIэм къикIын ылъэкIыщтыр зы: «псэкIодыр пхьыныр» – псэкIодэу пшIагъэм къин уигъэлъэгъужьыныр, ащ пае упщынэжьыныр ары.

Ау загъорэ нэмыкIи къикIэу мэхъу: псэкIодышIэм пае нэмыкI горэм пшъэдэкIыжьыр зытырелъхьажьы. Пчъагъэхэр зыфиIорэ тхылъым ия 30-рэ шъхьэу тхьэрыIом къытегущыIэрэм Мусэ къыщызэхефы: хъулъфыгъэм е шъузабэм ятхьэрыIо пштэ хъущт. Ау дэмыкIогъэ пшъашъэм е шъузым тхьэрыIоу е Iуагъэу ашIыгъэм ятэ е илI къыгъэшъыпкъэжьын фае. Хъулъфыгъэм Iуагъэу бзылъфыгъэм ышIырэр зэхихыгъэу, ау зи ымыIомэ, ащ ыужы а Iуагъэр делагъэу къызычIэкIыжькIэ, ащыгъум, тхылъым зэритхагъэмкIэ: «ащ ипсэкIод хъулъфыгъэм зытырелъхьажьы». Джыри зы щысэ Иеремие Игъыбз зыфиIорэ тхылъым икIэух дэжь тыщыIокIэ, ащ къыщетхы Ерусалим зызэхакъутэм джуртхэр зэрэгъыщтыгъэхэр: «Тятэхэм псэкIодхэр ашIэщтыгъэх: ахэр джы щыIэжьхэп, ау ахэмэ яхэбзэнчъагъэ пае тэ пщынэжьыр тэхьы» (5:7).

Тэ типсэкIодмэ апае нэмыкI горэм пшъэдэкIыжьыр зытырилъхьажьын зэрилъэкIыщтыр Апэрэ Зэзэгъыныгъэм лъыр къызщырагъэчъырэ къурмэнэу къыхафэрэмэ нэужкIи уащыIокIэ, а къурмэнхэр джы тэ гъэшIэгъонхэу къытщэхъу-

хэми, Мусэ иунашъо ахэр къыдилъытэщтыгъэх. ПсэкIодэу ашIагъэм пае къурмэн зыкIашIырэр – «цIыфхэм псэкIодхэр атехыжьыгъэнхэм ыкIи Тхьэм ыпашъхьэкIэ къабзэ хъунхэм фэшI» (Тынхэм «3 Мусэ»10:17). Джащ яхьыщырэу, илъэс къэс, цIыфхэм япсэкIодхэр зыщапщыныжьыгъэм и-Мафэ Хьарун ыIэхэр ачъэм ышъхьэ тырилъхьанхэ фэягъ; джаущтэу ежьыри цIыфхэри ащ епхыгъэхэу ышIыщтыгъэ; ащ ыужы Хьарун цIыфмэ япсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ рилъхьанхэ фэягъ, ахэр ачъэм тырилъхьэ фэдэу, етIанэ псэушъхьэр шъоф нэкIым ратIупщыхьэщтыгъэ. Ащ къыкIэлъыкIоу тыкъеджэ: «Ахэмэ хэбзэнчъагъэу ашIагъэр зэкIэ ежь телъхэу шъоф нэкIым рихьащтых». Ащ нафэ къыпфешIы зыгорэм ипсэкIод «пхьыным» къикIырэр, псэкIод зышIагъэм ычIыпIэ уиуцонышъ, ащ пае о упщынэныр ары.

АрышъхьэкIэ ащ фэдэу пIалъэ горэкIэ псэкIодыр птезыми, Еврей тхылъыр зытхыгъэм къытеIо: «шкIэхэмрэ ачъэхэмрэ ялъы цIыфхэм япсэкIодхэр атрихын ылъэкIыщтэп» (Еврей. 10:4). Арышъ, Исайас итхылъы зэкIэмэ анахь кIыхьэу УнэIутым и-Орэдым къыхафэрэм лажьэ зимыIэ къин зыщэчырэм (Христос зыфэдэ хъущтыр къегъэлъагъо) курмэным иIоф анахьэу къыхэзыгъэщырэ гущыIэмкIэ къэтхыхьагъ. «Шъынэм фэдэу ар шIуабзынэу ащэщтыгъэ», сыда пIомэ «ыжэ къызэтырихыщтыгъэп», «тэ типсэкIодхэр зэкIэ Зиусхьаным Ащ тырилъхьагъэх», арышъ Ащ ыпсэ «тэ типсэкIодмэ къурмэн афэхъугъ». Тэ зэкIэхэр «мэл гъощагъэмэ тафэдагъ», ау Ари мэлым фэдэу, «типсэкIодмэ апае уIагъэхэр телъыгъэх, тихэбзэнчъагъэмэ апае ар уIагъэ хъугъэ; тэ тфэшъошэ пщыныжьыр Ащ телъыгъ», ыкIи Ащ иуIагъэхэмкIэ тэ зыдгъэхъужьыгъ. Джаущтэу зым ычIыпIэ нэмыкIыр иуцоныр, «Сэ слъэпкъ ибзэджэшIагъэмэ апае аукIыгъэу» къэбгъэлъэгъоныр джыри зэ гущыIэухыгъитIум щызэфэхьысыжьыгъэу къыщиIуагъ, ахэмэ Тынхэм (3 Мусэ) тащыIукIэгъагъ: «Ащ ахэмэ япсэкIодхэр Ежь ыхьыщтых» ыкIи «Ащ бэмэ япсэкIодхэр ыхьыгъэх».

ЕтIанэ лIэшIэгъубэ тешIи, Исус Христос къызэкIом, зэкIэми янэрлъэгъоу Иуан умэхъакIом гущыIэ гъэшIэгъонхэмкIэ Ащ шIуфэс рихыгъ: «Мары Тхьэм икъурмэныпхъэ ишъынэу дунаим ицIыфхэм япсэкIодхэр атезыхыжьырэр». Джащ

фэдэкъабзэу, КъэбарышIум итхылъхэр атхыхэ зыхъукIэ, ахэр зытхыгъэхэм, щэч агу къимыхьэу, Апэрэ Зэзэгъыныгъэм зигугъу къышIырэ къурмэнхэр зэкIэ аужыпкъэрэу къызщышъыпкъэжьыгъэ къурмэнэу Исус Христос ихьадэгъу алъытэ. Еврей тхылъым ар мэхьанэшхо зиIэ Iахьэгъоу ит. Ижъырэ къурмэнхэр – шкIэх, ачъэх; джы Христосы Ежь къурмэны зишIыгъ. Ижъырэ къурмэнхэр зэпымыоу ашIыщтыгъэх. Христос зэкIэхэми апае зэ лIагъэ. Ар «цIыфыбэмэ япсэкIодхэр атырихыжьынхэу къурмэныпхъэу зишIыгъ зэ закъо».

Аужырэ гущыIэмэ Петрэ къыIогъагъэр тыгу къагъэкIыжьы: «Къащым зытыраIулIэм, типсэкIодхэр къыттырихызэ, ахэмэ афэшъошэ къиныр Ежь ыпкъ тырилъхьагъ». Тхьэм Ыкъо цIыфмэ япсэкIодмэ зафигъадэщтыгъэ. Тэ тицIыф гъэпсыкIэ Ежь ыштэгъэ къодыеп, тихэбзэнчъагъэхэри зытырилъхьажьыгъэх. Мерэм ыныбэ кIоцIы Ар «цIыф хъугъэ» къодыеп, Голгофэ икъащ Ар «псэкIоды щыхъугъ».

Мы аужырэ гущыIэхэр Паул ары къэзыIуагъэхэр. Библием Исус типсэкIодхэр зэрипщыныжьыгъэхэм ехьылIагъэу тигъашIэхэрэм ащыщэу ахэр арых нахь гъэшIэгъон дэдэхэр. Ахэмэ ямэхьанэ щыбгъэзыен плъэкIыщтэп. ЫпэкIэ щыIэ исатырхэм Паул къащеIо (2 Кор. 5) Тхьэр типсэкIодхэр къытфыдилъытэнхэу ыкIи ахэмкIэ тигъэмысэнэу фэмыеу. НэмыкIэу къэпIощтмэ, къытэмыпэсыгъэхэ шIулъэгъу къытфишIыгъэу, ащ ихьатыркIэ типсэкIодхэр тигъэпщыныжьынхэу фэягъэп. Апэрэ Зэзэгъыныгъэм имафэхэм аIогъагъэр къытаригъэIолIэнэу Ар фэягъэп: «Ахэмэ яхэбзэнчъагъэхэр апщыныщтых». Сыда адэ ащ ышIагъэр? «Христосэу зи псэкIод зымышIагъэр Тхьэм псэкIодым икъурмэныпхъэу ышIыгъ. Ащ ышIыгъ – ЕжьыркIэ Тхьэм ыпашъхьэ къабзэ тыщыхъунэу». Христос тыгухэм арылъэу, Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тилъытэным пае. Исус Христос Ежь ышIагъэу псэкIод иIагъэп.

Къащым теплъы зыхъукIэ, а гущыIэмэ мэхьэнэ щынагъоу зэрахьэрэр къыдгурыIоу тэублэ. Щэджагъом «шIункIыр чIыгум изэфэдэкIэ тетыгъ», ар сыхьатищым къыкIоцI, Исус Христос олIэфэ, текIыгъэп. ШIункIым къыдэкIуагъ кIымсымри, сыда пIомэ нэ горэми ылъэгъун фитыгъэп, жэ горэ-

ми къыIотэн ылъэкIыщтгъэп псэкIод зимыIэ Шъынэм а уахътэм ыпсэкIэ хьазабэу ыщэчыщтыгъэр. ЦIыфлъэпкъым къырыкIуагъэмкIэ зэкIэ псэкIодэу ышIагъэр Ащ тыралъхьэгъагъ. Ежь зэрэфаем теткIэ ыпкъы хэлъхэу ахэр Ащ ыхьыгъэх. Ахэр Ежь иехэу ышIыгъ. АхэмкIэ пшъэдэкIыжьыр Ежь ытамэхэм атырилъхьажьыгъ.

Джащыгъум, цIыфыгъэнчъэкIэ зэкIэмэ изакъоу къызагъанэм, куо макъэр Ащ къыжэдэзыгъ: «Си Тхьэ! Сыд пае утыгум сизакъоу сыкъыбнагъ?» Гугъэ Орэдхэм я 21-рэ Орэдым ар иапэрэ сатырыгъ. Щэч хэмылъэу, хьадэгъум икъиныгъом Христос ищытхъурэ ихьазабхэмрэ а орэдым къызэрэщиIохэрэм Ар ягупшысэщтыгъэ. Ау сыда а сатырыр Ащ къызкIиIожьыгъэр? А сатырыр ары нахь, аужырэ сатырмэ ащыщэу, текIоныгъэр къызхэщырэ горэ къызкIимыIуагъэр? ГущыIэм фэшI: «Зиусхьаным щыщынэхэрэр! Ащ щытхъу фэшъушI!» Е «Тетыгъошхор Зиусхьаным ий?» Ар цIыфым имэхагъэ е игукIодыгъо икуо макъэу, е Тхьэм ЫкIо къышIошIын ылъэкIыщтмэ апэуцужьынэу фэмыягъэу уегупшысэн фая?

Хьау. КъарыкIырэ шъыпкъэм урыгъуазэзэ, а гущыIэмэ уягупшысэн фае. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр Исус, нэмыкIрэ пстэуми афэдэу, къыIуагъэх, сыда пIомэ ахэр Ежь егъэцакIэхэу ышIошъы хъущтыгъэ. Тэ типсэкIодхэр Ащ ыхьыщтыгъэх. ЫкIи Тхьэу, «зынэ къабзэхэр бзэджэшIагъэм еплъынхэ зымылъэкIыщтыгъэхэм», егъэзыгъэ зэрашIыхэрэм еплъын зымылъэкIырэм Ащ ыкIыб къыфигъэзагъ. ТипсэкIодхэр Тымрэ ЫкъоIрэ азфагу иуцуагъэх. Исус Христосэу, Ты ЛъапIэм ренэу готыгъэу, чIыгум гъашIэ щыреIэфэ зэ нэмыIэми гомыкIыгъэр джаущтэу зэу чIэдзыгъэ хъугъэ. Тэ типсэкIодхэм Христос джэхьнэмым агъэкIуагъ. Тхьэм пэчыжьэ хъугъэ псэм икъинхэр Ащ пэкIэкIыгъэх. Тэ тчIыпIэкIэ Ар лIагъэ, типсэкIодхэр зытрилъхьагъэу. Тэ тачIыпIэкIэ псэкIодэу тшIагъэмэ апае тызэрагъэпщынэн фэягъэмкIэ, Тхьэм пэчыжьэ хъуныгъэр – Ащ ыушэтыгъ.

ЕтIанэ, шIункIэу зыхэтыгъэм къызэрэхэужьэу, текIоныгъэм ымакъэкIэ Ар къэкууагъ: «СиIоф ухыгъэ!» ыкIи аужырэу. «Сят! Сэ спсэ О пIэ къысэлъхьэ!» Ар лIагъэ. ЗэшIуихын фаеу къызфэкIогъэгъэ Iофыр ыухыгъ. ЦIыфхэр мыкIодхэу къэнэжьынхэмкIэ къыдихын фэягъэр къыдэхъугъ. Дунаим

ипсэкIодхэр ыпщыныжьыгъэх. Хэтми Ащ цыхьэ фэзышIэу, Ащ къызэригъэнэжьыгъэм еуцуалIэрэр Тхьэм ешIужьын ылъэкIынэу хъугъэ. А шъыпкъагъэр къаригъэлъэгъу шIоигъуагъэм фэдэу, псынкIэ шъыпкъэу Тхьэм ыIэу умылъэгъурэм Унэ ЛъапIэм ипэIухъо зэIитхъи, Iуидзыгъ. Ар ищыкIэгъэжьыгъэп. Тхьэм илъэпIагъэ зыдэщыIэм екIурэ гъогум пэрыохъу тетыжьыгъэп. Христос «Тхьэр зышIошъ хъурэмэ зэкIэмэ апае уашъом икъэлапчъэхэр къызэIуихыгъэх». Сыхьат щэкIырэ хырэ тешIагъэу, пкIэнчъэу зэрэмылIагъэр къаушыхьатынэу, Тхьэм Ар лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ.

А къэбар къызэрыкIо гъэшIэгъоныр – Тхьэм Ыкъо типсэкIодхэр зэрихьыгъэхэр – джы зэрашIомыгъэшIэгъоныжьыр гурыIогъуай. Ащ псэкIодхэр ыхьынхэ ыкIи ахэмэ апае пщынэн фаеу зэрэщытыгъэр хабзэнчъэу, зэфагъэ хэмылъэу, шIогъэнчъэу щытыгъэу джы алъытэ. Шъыпкъэ, а пстэури кIэнэкIалъэ пшIыныр Iоф къинэп. Ау ащ къикIырэп джы тэ тшIэн гори щымыIэжьэу. УкIэмыупчIэжьынэу, тэ зэкIэхэми «Тпсэхэм я-ХъумакIоу ыкIи ти-Мэлахъом къыфэдгъэзэжьын фае – псэкIодмэ алъэныкъокIэ тылIэнышъ, шъыпкъагъэм пае тыщыIэнэу. Ар хэгъэкIи – «а пстэур Тхьэм ыдэжь къызэрэкIырэр», Ащ игукIэгъушхо дэдэ ихьатыркIэ зэрэдгъотырэр тэ тщыгъупшэрэп. Тхьэр фэмыеу, Ащ лIыгъэкIэ тыкъышIуегъэнэжьэу Исус Христос къызшIобгъэшIы хъущтэп. Ащ икIэщакIор Тхьэр ары. «Тхьэм Христос Iофэу ригъэшIагъэмкIэ, дунаим ицIыфхэр къызэригъэшIужьыгъэх». Тхьэм Христос типсэкIодхэм пае къурмэныпхъэ зэришIыгъэр сэ тэрэз шъыпкъэу къызэхэсфын слъэкIыщтэп, ау апостол Паул а шъыпкъэгъитIури а зы сатырым къыщеIо. ТишIошIымэ гъэшIэгъонэу ар атекIыми, тштэн фае, теуцолIэн фае джащ фэдэуи Назарет щыщ Исус Тхьэу ыкIи цIыфэуи, етIани зы нэбгырэу щытыгъэуи къызэриIорэм. ИцIыфышъхьэ гурыIоныгъэ фытиIэм текIымэ, иIофхэри джащ фэдэхэу къыпщыхъунхэ фае.

Ау ар зэхэтфыни къыдгурыIони тымылъэкIыщтми, Христосрэ Ащ иапостолхэмрэ Ащ типсэкIодхэр ыштагъэхэу занкIэу къаIорэм теуцолIэн фае ыкIи ар Библие мэхьанэкIэ къыдгурыIон фае – тэ типсэкIодмэ апае Ар агъэпщынагъ.

Джа дэдэр Петрэ ащ къызэрэригъэкIыщтыгъэр гулъытищкIэ нафэ къэпшIын плъэкIыщт. АпэрэмкIэ, ащ къеIо Христосы тэ типсэкIодхэр «пкъэум» дихьыягъэхэу. Ащ иапэрэ уазэм Апостолхэм Iофхэу ашIагъэхэр зыфиIорэ тхылъым дэтхэми, джаущтэу мэхьанэ гъэнэфагъэ къыригъэкIызэ а гущыIэр зэращигъэфедагъэм щэч хэлъэп, гущыIэм фэшI, моущтэу къызеIом: «Тятэжъхэм я Тхьэ Исус лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ. Ар шъо пкъэум ешъуIулIи, жъугъэлIагъэ» (Апостол 5:30). Ащ едэIурэ джуртмэ къины къащымыхъоу къагурыIощтыгъэ ащ къыIорэр ЯтIонэрэ Хабзэм (Второзаконие) 23 зэрэхэтыр, ащ итхэгъагъ: «Хэтми пкъэум кIэрагъэлIыхьэрэм Тхьэм ынае къыщефэ». Ащ къыхэкIэу Исус ыпсэ «пкъэум» зэрэщыхэкIыгъэм пае (къащым епIулIыныр джуртмэ пкъэум пыплъэным фагъадэщтыгъэ) Ащ Тхьэр ебгыгъэу къырагъэкIыщтыгъэ.

Ар амыштэным ычIыпIэкIэ, апостолхэр ащ еуцолIагъэх, Паул ащ мэхьанэу къикIырэр Гал. тхылъым иящэнэрэ шъхьэу дэтым къыщызэхифыгъ. ЯтIонэрэ Хабзэм моущтэу зэритхагъэри ащ ариIуагъ: «унэшъо тхылъым итхэгъэ пстэури хэтми сыдрэ уахъти зымыгъэцакIэхэрэм Тхьэм ынае къыщефэ». Ау ащ къыкIэлъэкIо: «Ау тимысагъэ фэшъошэ къиныр Христос зэрэзытырилъхьагъэмкIэ Таурат хабзэм тызэригъэмысэгъэ Iофыр ттырихыжьи, тшъхьэхэр къыщэфыжьыгъэх, сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Хэтми пкъэум кIэрагъэлIыхьарэм Тхьэм ынае къыщефэ». А сатырмэ къарыкIырэр нафэ ыкIи дэхыпIэ къыщатырэп. Ар мары: аукъогъэ унашъом ынае зафэу бзэджашIэмэ атефэрэр къащым раIулIыгъэ Исус тыралъхьагъ. ЗэлIэм, Ежь зытырилъхьажьи, а нэлатыр тэ ттырихыгъ.

ЯтIуанэрэмкIэ, Петрэ иапэрэ тхылъым щыщэу мы пычыгъор тфым къыщымыкIэу Исайас ия 53-рэ шъхьэ зэрепхыгъэр къыхэщы.

| 1 Петр 2 | Исайас 53 |
| --- | --- |
| Ежьым псэкIод зи ышIагъэп, узыгъэпцIэн гущыIи ыжэ зи къыдэкIыгъэп. | Ащ псэкIод ышIэщтыгъэп ыкIи ыжэ пцIы къыдэкIыгъэп. |

| | |
|---|---|
| Къехъоныщтыгъэхэми, яхъоныщтыгъэп. | Ар пхъэтэпэмыхь ашIыгъагъ ыкIи цIыфмэ зыхадзыжьыгъ |
| ТипсэкIодхэр къыттырихызэ Ежь ыпкъ тырилъхьагъ. | Ащ бэмэ япсэкIодхэр Ежь зытырилъхьагъэх. |
| Ежь иуIагъэхэмкIэ шъуигъэхъужьыгъ. | Ащ иуIагъэхэмкIэ тэ зыдгъэхъужьыгъ. |
| Шъо гъощэгъэ мэлхэм шъуафэдэу шъущытыгъ. | Мэлмэ тафэдэу тэ зэкIэхэми тыгъощэгъагъ. |

Тэ щыгъуазэ тыхъугъах Ащ лажьэ зи имыIэу къин зылъэгъоу къыхафэрэм – нэмыкIхэм япсэкIодхэм апае уIагъэу тыращагъэмэ къурмэныпхъэу арылIыкIыгъ. Щэч хэмылъэу, а тхылъым иятфэнэрэ шъхьэм къызэригъэлъэгъуагъэм фэдэу, Ежь Исус игъогу рыкIохэрэм афэдэкъабзэу зэхишIыкIыщтыгъ ипшъэрылъи ихьадэгъуи. ГущыIэм фэшI, Эфиопие щыщ Iэшъхьэтетыр Тхьэм икъэбарышIу языгъэIурэ Филипп кузэкIэтым исэу тхылъым къеджэзэ, зеупчIым: «А пычыгъом хэта пегъымбарым зигугъу къыщишIырэр?» – ыIуи, ащ лъыпытэу Филипп Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур къыфиIуатэу ыублагъ.

ЯщанэрэмкIэ, Петрэ итхылъы нэмыкI чIыпIэхэми къащыр къащыхэфэ, ахэмэ къаушыхьаты ащ игущыIэхэу ятIонэрэ шъхьэм къыхафэхэрэр тэрэзэу къызэрэдгурыIуагъэхэр. Ащ итхылъеджэхэр «Христос ылъы лъапIэкIэ ащэфыжьыгъэ цIыфхэу» къегъэлъагъох, «псэкIод зимыIэ шъынэ къабзэм», аужыпкъэм Ащ ылъ «атеутхагъэу» (1 Петр 1:2, 18, 19).

А гущыIэхэм джуртхэм Мысыр къикIыжьхэ зэхъум апэрэ Пасхэ къурмэнэу ашIыгъагъэм къыфытагъэгъэзэжьы. Джурт унагъо пэпчъ шъынэ шIуибзыти, ащ лъэу къыкIэчъырэр пчъэ шъхьагъ бгыкъум, бгъуитIуми ащафэщтыгъэ. Ащ ихьатыркIэ ахэмэ Тхьэм ихьыкъум зыщаухъумэн алъэкIыгъ ыкIи Мысырым игъэрыпIэ къыIэкIэкIыжьыгъэх. Петрэ мыщынэу Пасхэм инэшанэхэр Христос пае егъэфедэх (аущтэу ешIы Паули: «Христос, ПасхэмкIэ ти-Шъынэ, къурмэны-

пхъэ ашIыгъ»). Тхьэм ихьыкум къыттыримышIыхьанэу ыкIи псэкIодмэ якъин ттырахынэу Ащ ылъ агъэчъагъ. Ащ тэ федэ къыхэтхы тшIоигъомэ, а лъыр тыгумэ къатеутхэн фае – арышъ, нэбгырэ пэпчъи къытеткIон фае.

Ащ нэмыкIэу къащым мэхьанэ ин ритэу 1 Петрэ 3:18 къыхэфэ: «Христос Тхьэм пэгъунэгъу тигъэхъуным пае, типсэкIодхэм апае зэ къин ыщэчыгъ, джыри зэ ахэмэ къин афимыщэчыжьынэу. Ежьым шъыпкъагъэ иIэу, шъыпкъагъэ зимыIэмэ апае къин ыщэчыгъ». ПсэкIодым Тхьэм тыгуигъэкIыгъ, ау Христос икIэрыкIэу Тхьэм ыдэжь тыкъыщэжьы шIоигъоу хъугъэ, ащ къыхэкIэу тэ типсэкIодмэ апае Ащ къин ылъэгъугъ, лажьэ имыIэу Тыкъэзгъэнэжьыгъэр лажьэ зиIэ псэкIодышIэмэ апае лIэрэр. ЫкIи Ащ «зэ ар ышIагъ», теубытагъэ хэлъэу, ышIагъэр джыри зэ пшIэжьын, е нахьышIоу пшIэн, е хэгъахъо фэмышIыжьын умылъэкIынэу.

Мыщ гъэбылъыгъэу хэлъ мэхьанэр зыIэкIэдгъэкIы хъущтэп. Ащ къикIырэр – дин Iофхэр сыдэущтэу зепхьагъэхэкIи, сыд IофышIу пшIагъэкIи, Тхьэм къыпфигъэгъуныр къэблэжьын плъэкIыщтэп. Ау щытми къохьапIэм христиан шIошъхъуныгъэм ыуж щыпсэурэ цIыфыбэхэр христиан шIошъхъуныгъэм исурэт теплъаджэ фэдэу хъугъэм дихьыхыгъэх. КъокIыпIэм къикIыгъэ динхэмрэ христиан шIошъхъуныгъэмрэ зэрэзэфэмыдахэхэр ахэмэ зэрамылъэгъурэр гурыIогъошIу, сыда пIомэ ахэмэ дины пэпчъ цIыфыгъэ-шIуагъэмэ ягъэпсыкIэу алъытэ. «Ежь зыдеIэжьырэр ары Тхьэр зыдеIэрэр» – аIо ахэмэ. Ау ащ фэдэ еплъыкIэр Христос икъащы ебгъэзэгъын плъэкIыщтэп. Тэ типсэкIодхэр тпщыныжьынхэ тлъэкIыщтэпти ары Ар, типсэкIодхэр ыпщыныжьхи, зыкIэлIагъэр. Тэ ар тфызэшIокIынэу щытыгъэмэ, Христос лIэнэу ищыкIэгъагъэп. Шъыпкъэ дэдэмкIи, тэ тиамалхэмкIэ Тхьэр къызфэдгъэдэгъун тлъэкIыщтэу пIомэ, Исус Христос шъхьакIо еохы. Сыда пIомэ Христос тимыщыкIэгъахэу пIоным ар фэдэкъабз, лIэнэуи имыщыкIэгъагъэу. Паул зэритхыгъэу, «Хабзэм итхэр зыгъэцакIэрэ цIыфым шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъэмэ, ащыгъум Христос хьаулыеу лIагъэу хъущтыгъ» (Гал. 2:21).

Къытфыщанэгъэ къащым имэхьанэ непэрэ мафэхэми, Паул иуахътэ фэдэкъабзэу, акъылышIохэмкIэ делагъэу къэ-

нэжьы ыкIи шъыпкъагъэ яIэу зызылъытэжьыхэрэмкIэ – пэрыохъу узэлъэпаорэ мыжъоу. Аущтэу зэрэщытышъ, ащ цIыф миллион пчъагъэмэ гупсэфыгъо къаритыгъ. Ричард Хукер апэрэ дин пащэу ТхьэлъэIупIэ Унэм щылажьэ зэхъум 1585 илъэсым уазэу къышIыгъэм къызэрэщиIуагъэу:

> *«Гупшысэ хэмылъэу, акъылынчъагъэу е зэкIокIыгъэ нэшанэу арэлъыт – зэрэфаехэу къашIорэшI. Ар – акъылы къытэзытырэри тызыгъэрэхъатырэри ары; цIыфым псэкIод ышIагъ, Тхьэм къин ылъэгъугъ – ащ нахьрэ шIэныгъэ дунаим тэ щытищыкIагъэп; Тхьэм Ежь цIыфмэ япсэкIодым пае къурмэныпхъэу зызэришIыгъэр ыкIи цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэригъэхъугъэр ары».*

Христиан пэпчъ а гущыIэхэр къыкIиIотыкIыжьынхэ ылъэкIыщт. Ащ иуIагъэхэмкIэ цIыфхэм загъэхъужьыгъ, Ащ ихьадэгъукIэ – щыIэныгъэ агъотыгъ, Ащ узэу зэхишIагъэмкIэ – япсэкIодхэр апщыныгъэх, Ащ хьазабэу ыщэчыгъэмкIэ мыкIодынхэу къэнэжьыгъэх.

# 8. Христос тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьыгъэр

*«УмыкIодэу укъэнэжъыныр» бэу къызэлъызыубытрэ гущыI. «Къыпфагъэгъуным яхъыщыр мэхъанэ закъо ащ къикIэу плъытэ хъущтэп. КъытэрыкIогъахэм зэригъэгумэкIрэ фэдэу, Тхъэр тинепэрэ щыIакIи, тапэкIэ къэтми агъэгумэкIы. Тхъэм гухэлъэу къытфыриIэмэ ащыщ: апэрэмкIэ, Ежь тыкъызэригъэшIужьынэу, етIанэ тызэрэзыфэпщылIыжърэр хытигъэнэнышъ, Ежъырэ тэррэ ыкIи нэмыкI цIыфхэмрэ азыфагу зэфыщытыкIэ зэкIухэр илъы ышIыныр ары. Къызэрэтфигъэгъугъэмрэ Тхъэм тызэрешIужъыгъэмрэ къытфэзыхъыгъэхэр Христос ихъадэгъу ары. Ау Ащ ЫIпсэ ЛъэпIэ закъу ары тызэрэзыфэпщылIыжъырэр щигъэзыен зылъэкIыщтыр ыкIи Ащ ичылыс зэIукIэр ары ныIэп шIулъэгъуныгъэкIэ зы тызышIыжьышъущтыр. Христос тыкъызэригъэнэжъыгъэм джащ фэдэ екIолIакIэу иIэхэр арых джы тызхэплъэщтхэр.*

## Христос ЫIпсэ ЛъапI

ЫIпэкIэ зэрэтлъэгъугъэу, типсэкIодхэр зыкIи зэмыпхыгъэ хъугъэшIагъэхэу щымытэу, «кIоцI» узэу, цIыфыгъэ шапхъэмэ яузэу къыбгурыIонхэ фае. Ар нэрылъэгъу къышIыным пае, Исус чъыгымрэ ащ къыпыкIэхэрэмрэ заулэрэ щысэу къыхьыгъэх. Ащ тигъасэщтыгъэ: чъыгым изытет елъытыгъ къыпыкIэрэм изытети. «Сыдрэ чъыг дэгъуи къыпыкIэрэри дэгъу, чъыг дэим къыпыкIэрэри дэи: чъыгышIум къыпыкIэрэр дэин ылъэкIыщтэп, чъыг дэим къыпыкIэрэр дэгъун ылъэкIыщтэп» (Маттэ 7:17,18).

ЗэрэхъурэмкIэ, типсэкIодмэ алъапсэр – типсэкIод ары, къыддалъфы-гъэу, зэщыкъуагъэ хъугъэу тэ къытфэгъэзэжьыгъэ нэшанэу тхэлъыр ары. Исус къызэриIуагъэу, типсэкIодхэр ткIоцIы къыщежьэх, «тыгу» къекIых. Арышъ, уизекIуакIэ зыгорэущтэу нахьышIу пшIыщтмэ, ар уицIыф гъэпсыкIэ зэрэзэблэпхъурэм елъытыгъэщт. «Чъыгыр дэгъу шIыри, – еIо Исус, – дэгъу хъущт къыпыкIэрэри».

Ау зэблэпхъун плъэкIыщта цIыфым къыдалъфыгъэ шэнгъэпсыкIэу иIэр? Гъумы-тIымылэр рэзэгъэ цIыф гоIоу пшIыжьын плъэкIыщта, пагэр – цIыф мыпагэу, зышъхьэ щэхъу шIу зымылъэгъурэр – нэмыкIхэр шIу ылъэгъухэу? Ащ фэдэ

шIагъохэр хъунхэ зэрилъэкIыщтыр Библием бэрэ къыкIеIотыкIыжьы. Ар – КъэбарышIум ищытхъу щыщ Iахь. Тхьэм фыщытыкIэу фытиIэм имызакъоу, къыддалъфыгъэ нэшанэхэри зэблэтхъунхэ тлъэкIэу Исус къытеIо. ИкIэрыкIэу укъэхъужьын фаеу Ащ Никодим риIощтыгъэ. Ащ игущыIэхэр джыри тэркIэ тэрэзых: «Шъыпкъэр, шъыпкъэр къыосэIо: псымрэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ къахэкIэу цIыфыр икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьан ылъэкIыщтэп. ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае, къыосIуагъэр умыгъэшIагъо» (Иуан 3).

Паул зыфиIорэр нахь къинэу къыпщыхъун ылъэкIыщт, ащ гущыIэухыгъэр къедзы: «Арышъ, Христос зы цIыф горэм ыгу илъ хъумэ, а цIыфыр Тхьэм икIэрыкIэу къыгъэхъужьыгъ» (2 Кор. 5:17). Арышъ, КъэбарышIум зигугъу къышIырэ амалыр мыщ хэлъ – икIэрыкIэу гу, икIэрыкIэу шэн гъэпсыкI, икIэрыкIэу укъэхъужьыныр, икIэрыкIэу къэхъужьыгъэ цIыф.

ЗэхъокIыныгъэ инхэр цIыфым ыкIоцI щызыгъэхъурэр – Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэр ары. ИкIэрыкIэу укъэхъужьыныр – ар «ышъхьагъыкIэ», укъэхъужьыныр ары. ИкIэрыкIэу укъэзыгъэхъужьырэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэр ары. Джыдэдэм утегущыIэнэу ищыкIэгъэнэп Тхьэр зэхэлъэу зэрэщытым (Троица). Тэ гухэлъэу тиIэмкIэ икъущт Псэ ЛъапIэм фэгъэхьыгъэу апостолхэм атхыгъэхэм тяплъымэ – агу ихъыкIырэм къаIорэр къыгъэнэфэжьэу атхы зэхъум.

Ау, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэр Ар уашъом къызехыгъэ мафэм (Пэнтэкост мафэр Апост. 2) къызэрэмыхъугъэр пшIэным мэхьанэ иI. Ар – Тхьэ. Арышъ, Ар егъэшIэрэу щыт, дунаир къызщыгъэшIыгъэм щегъэжьагъэу псэущтыгъэ. Апэрэ Зэзэгъыныгъэр Ащ бэрэ къытегущыIэ, пегъымбархэри бэрэ пэплъагъэх. Ащ иIофшIэн нахь лъэшы зыщыхъущт уахътэм, Ыпсэ ЛъапIэ ицIыфмэ агухэм ахилъхьанышъ, ащ ихьатыркIэ иунашъо агъэцэкIэн алъэкIынэу ышIынхэу.

Апэрэ Зэзэгъыныгъэм пегъымбархэм къэхъущтэу къыщаIуагъэр шIэхэу къэсыщтэу Христос ыгъэгугъагъэх. Ихьадэгъу къэсыным ыпэкIэ сыхьат заулэ къэнагъэу, унэ цIыкIум изакъоу апостолхэм адитIысхьи, гукъао Ашъхьэщызы-хыхэрэм, «Шъыпкъагъэм Ыпсэ ЛъапIэу» къэкIонышъ, Ежь ычIыпIэ иуцощтым фэгъэхьыгъэу адэгущыIэгъагъ.

Шъыпкъэ ыкIи, Христос чIыгум щыIэу цIыфхэм ахэтыным нахьи, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр ахэмэ акIыгъугъэмэ нахьышIугъ: «...шъоркIэ нахьышIу Сэ сызэрэшъухэкIырэр, сыда пIомэ сышъухэмыкIымэ, гукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр къышъуфэкIощтэп. СызыкIокIэ, ар къышъуфезгъэхыщт» (Иуан 16:7). НахьышIугъэу ащ хэлъыгъэр мыщ фэд: Христос ахэмэ ахэтыгъ, аготыгъ, ау «Ар...шъо шъугухэм арылъыщт» (Иуан 14:17).

ЦIыфхэр ригъэджэнхэмкIэ Исус пшъэрылъэу иIагъэр къызэрэдэмыхъугъэ лъэныкъо горэхэри щыIэх тIон тлъэкIыщт. Игъогу рыкIорэхэм Ащ заулэрэ ариIуагъ загъэцIыкIунэу, сабыим фэдэхэу хъунхэу, ау Симон Петр зэрэзышIошIыжьэу ыкIи зэрэпагэу къэнэжьыгъ. ШIу зэрэлъэгъунхэу ариIощтыгъэ ау, сыхэмыукъомэ, Иуан «шыблэм ыкъу» тефэу раIощтыгъэ. Ау щытми, Петрэ иапэрэ тхылъ уеджэ зыхъукIэ зыбгъэцIыкIуным игугъу къызэришIырэм гу лъымытэн плъэкIыщтэп, Иуан ытхыгъэхэм шIулъэгъуныгъэр ахиз. Сыда а зэхъокIыныгъэхэр къызпкъырыкIыгъэхэр? Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр ары. ШIулъэгъу цIыфмэ афыряIэнэу ыкIи загъэцIыкIунэу Христос ахэр ыгъасэщтыгъэх; ау Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр агу къехьэфэ ыкIи Ащ акIоцIыкIэ зэхъокIыныгъэхэр афишIэу еублэфэ лъэныкъуитIумэ языкIи зызэблахъугъэп.

Пэнтэкост Мэфэшхом «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр икъукIэ агу илъ хъугъэ» (Апостол. 2:4). Апостолхэм ыкIи нэмыкIрэ цIыф лъапIэхэм язакъохэм афэхьыгъэ гъэшIэгъон хъугъэ-шIагъэу къызшIошъумыгъэшI – нахьыпэрэм фэдэу жьыбгъэшхомрэ мэшIо бзэгухэмрэ къэзэрэфхэу джы амылъэгъужьыгъэми. «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр икъугъэу шъугу ижъугъэлъ» – ар христиан пстэуми афэкIорэ унашъу. Псэ ЛъапIэр угу илъынэу – икIэрыкIэу къэхъужьыгъэ христиан пэпчъы фитыныгъэ иI. ШъыпкъэмкIэ, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр тэ тыгу имылъмэ, ащыгъум тыхристиан шъыпкъэп. «Христос ЫIпсэ ЛъапIэ зыгу имылъыр Христос ицIыфхэм ащыщэп» – ытхыщтыгъэ Паул (Ефес 5:18; Рим 8:9).

Ащыгъум мары КъэбарышIум зыфигъасэхэрэр. Исус цыхьэ фэтшIэу, Ащ Iэрылъхьэ зызыфэтшIыкIэ, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр тыгухэм къарэхьэ. Ар Тхьэм «тыгухэм къары-

хьанэу» къыгъэкIуагъ. Тэ тпкъыхэр Ащ иунэшхо зыфешIыжьых. (Гал. 4:6; 1 Кор. 6:9).

Ащ къикIырэп, а уахътэм щегъэжьагъэу псэкIод тшIэжьын тымылъэкIынэу. Хьау, ар хэгъэкIыри, лъэныкъо горэкIэ тиIоф нахь къэхьылъэ, ау текIоныгъэм игъогу къытфызэIухыгъэ мэхъу. Паул Галатмэ афитхыгъэм иятфэнэрэ шъхьэ а заор дэгъоу къыщегъэлъагъо. Заом хэлажьэхэрэр – «типсэкIодышIэ шэныжъыр ары ыкIи Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ары». «ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаер Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэр зыфаем пэуцу. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ зыфаери цIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаем пэуцужьы. Шъузыфаер шъумыгъэцэкIэшъунэу ахэр зэпэуцужьых».

Ар псэ зыхэмылъ дин гущыIэ къызэрыкIоу щытэп – шIошъхъуныгъэ зиIэм имафэ къэс джаущтэу гъэпсыгъэ. ПсэкIод къызхэкIыщт шIоигъоныгъэхэр джыри зэхэтэшIэх, ахэмэ тыракъудыехы, ау ащ пэшIуекIорэ кIуачIэ зэрэщыIэри тэшIэ, ащ тыдещае, къэбзэныгъэм пэблагъэ тишIызэ. «ТипсэкIо-дышIэ шэныжъыр» шъхьафиты пшIымэ, ащ цIыфыгъэнчъагъэм ицунэмэ тахищэщт, Паул ахэмэ ягугъу къыщешIы я19-21 сатырхэм. Ау Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ зыфэе шъыпкъэри зэкIэ ебгъашIэмэ, ащ къыкIэкIощтых: «шIулъэгъуныгъэр, гушIуагъор, гупсэфыныгъэр, щэIагъэр, шIугъэр, гукIэгъур, шIошъхъуныгъэр, гуIушъэбэныгъэр, зыщыIэжыныр». Мы шэнышIу нэшанэхэр Паул «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ къыхэкIыгъэхэкIэ» яджэ. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ылэжьырэ чъыг хатэм фегъадэ цIыфым ишэн. Тичъыгхэр Ащ чъыгышIу ерэшIых, етIанэ къапыкIагъэхэри дэгъу хъущтых.

Адэ ащыгъум сыдэущтэу «уипсэкIодышIэ шэныжъыр» бгъэIэсэщта, «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэм къыхэкIыгъэхэм» ахахъозэ игъо хъунэу? Джэуапыр – пыеу тиIэмэ тэ фыщытыкIэу афытиIэм елъытыгъ. «Христос зыгу илъ цIыфхэм япсэкIодышIэ шэныжъи, шIу алъэгъугъэ бзэджагъэхэри, яхъопсэныгъэ мыхъунъэри къащым тыраIулIагъэхэм фэд». «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм тетэу шъузекIу, ащыгъум шъуипсэкIодышIэ щэныжъ зыкIэхъопсхэрэр жъугъэцэкIэщтэп». «Къащым тытыраIулIэныр» – джа гущыIэ закъом нэмыкIыкIэ къэпIон умылъэкIынэу, джарэу кIочIэ пхъашэкIэ упэзыгъэуцужьырэ фыщытыкIэ «псэкIодышIэ шэны-

жъым» фыуиIэн ыкIи ар шъхьасынчъэу щыбгъэзыен фае. Ау тэ тыгу илъ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ цыхьэ фэтшIэу, тищыIэныгъэхэр Iэрылъхьэ шъыпкъэ фэтшIынхэ фае. ТипсэкIодышIэ шэныжъым нахь темыдэIу къэс, ащ ычIыпIэкIэ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ тыфэIорышIэу, тишэныжъым ибзэджэшIагъэхэр зэрэкIодхэрэр ыкIи ахэмэ ачIыпIэ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ къыхэкIыхэрэр зэриуцорэр нахьыбэрэ тлъэгъущт.

А шъыпкъэгъэ дэдэр Паулэ къыщеIо 2 Кор. 3:18: «Тэ зэкIэ, зынэгу имыхъуагъэу Зиусхьаным ищытхъушхо гъунджэм къызэрищырэм фэдэу еплъыхэрэм, нахь щытхъушхо тиIэ хъу зэпытэу, ежьым фэдэ тыхъоу, зэблэхъугъэу тэхъу зэпыт. Ар зэкIэри къызхэкIырэр Зиусхьаным ЫIпсэ ЛъапIэр ары». Христос ЫIпсэ ЛъапIэ ихьатыркIэ ары ныIэп тэ Ащ фэдэ тызышIын зылъэкIыщтыр, зэпымыоу Ащ теплъы зыхъукIэ. Джаущтэу тэри Iоф гъэнэфагъэ горэ зэшIотэхы – тыкIэгъожьынымкIэ, шIошъхъуныгъэ тшIынымкIэ ыкIи зыщыIэныгъэмкIэ – ау, инахьыбэрэмкIэ, гукъэбзагъэ тхэлъы зэрэхъурэр – ар Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ иIофшIэн.

Уильям Темпл а гупшысэр мары къызэригъэлъагъорэр. Сэ къысатынэу ищыкIагъэп пьесэу «Гамлет» е «Пачъыхьэу Лир», ахэмэ афэдэ горэ стхынэу укъысэлъэIуныри ищыкIагъэп. Шекспиры ар ытхын ылъэкIыгъ, сэ сфэтхыщтэп. Исус Христос ищыIакIэ фэди къысэбгъэлъэгъунышъ, ащ фэдэу сэри сыщыIэнэу семыгъэз. Исус джаущтэу щыIэн ылъэкIыгъ, сэ аущтэу сыщыIэшъущтэп. Ау Шекспир ыпсэ къысхахьэу, сэ схэлъэу сыщыIагъэмэ, ащыгъум Шекспир фэдэу сыщыIэщтыгъэ. ЫкIи Исус ЫIпсэ ЛъапIэ къысхахьэу, сэ сыгу илъэу щыIагъэмэ, ащыгъум аущтэу сыпсэун слъэкIыщтыгъ. Ар – христианым игукъэбзагъэ ишъэф. Исус фэдэу тыщыIэнэу тыхъопсэнэу щытэп, Ар ЫIпсэ ЛъапIэ къэкIонышъ, тэ тыгу щыщы хъунэу ары. Ащ ищысэ тэлъэгъу къодыекIэ икъущтэп, ти-КъэгъэнэжьакIоу хъунэу тищыкIагъ.

ЗэрэхъурэмкIэ, Ащ ихьадэгъоу типсэкIодмэ апае тымыпщынэнэу зышIыгъэр, Ащ ЫIпсэ ЛъапIэу тэ тыгу илъэу псэурэр ары типсэкIодмэ ятетыгъо зыгъэкIодыщтыр.

**Христос ичылыс**

ПсэкIодыр – укъызэкIэзыдзэрэ кIуачI. Къытпэблагъэмэ тагуригъаIорэп. ТыкъэзыгъэшIыгъэми, тэ тфэдэу Ащ къыгъэшIыгъэхэми ащ апэчыжьэ тешIы. Хэти игъашIэкIэ къыгурыIуагъ зэдэпсэурэ сыдрэ купи – института, сымэджэща, фабрика е нэмыкIрэ IофшIапIа шъугъонымрэ узэпыинымрэ яджэныкъо хъун ылъэкIыщт. ТызэгурыIоу тыщыIэныр тэркIэ къин дэд.

Ау Тхьэм ишIоигъоныгъэ щыI – цIыфхэмкIи тызэшIужьынэу, Ежьыри тешIужьынэу. Джащ пае ащ шъхьаф-шъхьафэу, зэмыпхыгъэхэу щыIэ цIыфхэр мыкIодынхэу къыгъэнэжьхэрэп. Ащ ригъэблагъэрэр илъэпкъыр ары.

Мусэ пегъымбарым иапэрэ тхылъым иапэрэ шъхьэхэм ар нафэ къащэхъу. Тхьэр Ибрахьимэ ежь иунае лъэпкъ хъунэу къеджи, Месопотамием унэу щыриIэри, къыпэблэгъэ цIыфхэри къыбгынэнхэу къыриIуагъ, аущтэу зишIыкIэ, чIыгуи, ошъогум жъуагъоу итым ыкIи хы нэпкъым пшэхъуацэу телъым афэдиз хъурэ унагъуи къытехъукIыщтхэри къыритынхэу къыгъэгугъагъ. Ибрахьимэ илIакъо ыгъэбэгъонэу ыкIи ахэм яхьатыркIэ дунаим щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пстэуми ЫнэшIу ащыфэнэу тхьэрыIоу ышIыгъэр Ибрахьимэ ыкъоу Исхьакъи, ипхъорэлъфэу Якъуби икIэрыкIэу ариIожьыгъ.

Ау Якъубэ Мысырым щыIэу хамэу щыпсэоу ащ илIыхьагъ. Ау ыкъо пшIыкIутIу псэоу къанэхи, «Израил» илIакъо пшIыкIутмэ ятэхэу хъугъэх. «Израил» – джары Тхьэр Якъубэ зэреджагъэр. «Израил цIыфхэм», илъэсыбэ зытешIэм Мысыр гъэрыпIэм къыращыжьыгъэхэм, Тхьэм зэзэгъыныгъэр къафигъэкIэжьыгъ.

Ау сыдэущтэу чIыгум щыпсэурэ унагъо пэпчъ Тхьэм ынэшIу ащыфэн ылъэкIыщта? ЛIэшIэгъухэр зэкIэлъыкIощтыгъэх, Израил игъашIэ лъыкIуатэщтыгъэ, ау а цIыф лъэпкъым Тхьэм ынае щыфагъэу умыIощтмэ, ынэшIу щыфагъэу къызшIогъэшIыгъоягъ. Ежь ыIэхэмкIэ ышIыгъэ дэпкъхэр къегъэуцокIыгъэхэу, Тхьэм ицIыф лъэпкъ хамэ лъэпкъхэм зэримыгъэушIоймэ шIоигъоу защиухъумэщтыгъэ. Ахэм яхьатыркIэ дунаим ицIыфхэм Тхьэм ынэшIу ащифэнэу Тхьэм

аритыгъэ гухэлъыр амыгъотышъунхэу къыпщыхъущтыгъэ. Сыд ащыгъум, Тхьэм Ибрахьимэ зэригъэгугъагъэр пцIэу къычIэкIынэу щытыгъа? Хьау. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм яхьатыркIэ пегъымбарыбэмэ ашIэщтыгъэ: Мэссыхьэр, Тхьэм и-Хэх къызыкIокIэ, дунаим илъэныкъо пэпчъ къарыкIынхэшъ, Тхьэм и-Тетыгъошхо чIэхьанхэу, Тхьэм елъэIухэзэ къэзыкIухьэхэрэр къэкIощтых.

Сыдэу зэхъуми Христос къэкIуагъ. Тхьэм и-Тетыгъошхо къызэрэсыгъэр Ащ къариIуагъ. Ащ къариIуагъ бэхэр темырым, къыблэм, къокIыпIэм, къохьапIэм къарыкIынхэшъ, Ибрахьим, Исхьакъы, Якъубэ ягъусэу Iанэм щыготIысхьащтых. Тхьэм илъэпкъ цIыф лъэпкъ шъхьафэу щытыжьыщтэп, зэдэпсэурэ цIыф зэхэтхэу хъущт, ащ хэтыщтхэр цIыф лъэпкъ пэпчъ, лIакъо пэпчъ, бзэ пэпчъ къахащыщт: «ШъукIу, – унашъо къафишIыгъ къэхъужьыгъэ Зиусхьаным игъогу рыкIорэмэ, – зэкIэ цIыф лъэпкъхэр жъугъасэх...» ЫкIи зэкIэ нэбгырабэ хъухэу игъогу рыкIорэмэ Ар «Ежь ичылыскIэ» яджагъ. (Маттэ 28:19, 16:18).

Арышъ, Тхьэм Ибрахьим гущыIэ пытэкIэ риIуи, заулэрэ къыкIиIотыкIыжьи, ащ ыкъохэм апае ыгъэкIэжьыгъагъэр дунэе чылысым зэрэхахъорэм къыщэшъыпкъэжьы. «Христос шъуриеу щытмэ, – ытхыщтыгъэ Паул, – Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфмэ шъуащыщ. Ащыгъум Тхьэм Ибрахьимрэ ащ къытехъукIыгъэ цIыфхэмрэ IэхьышIоу къызэригъэгугъагъэхэр шъори къышъулъысыщт» (Гал. 3:29).

Христос зышIошъ хъухэрэр зэзыпххэрэр анахьэу пшIошъы ыгъэхъоу Паул къызэригъэлъагъощтыгъэр – цIыфым ыпкъ ары. Чылысыр, ыIощтыгъэ ащ, Христосы ыпкъ. Христиан пэпчъ – а пкъым щыщ, Ежь Христос – ащ ышъхь, пкъым Iоф зэришIэрэм лъыплъэрэ шъхьэр ары. Пкъым щыщ пэпчъ яIофшIэн зэфэдэп, ау пкъым псаунызъэ иIэным ыкIи нахь шIуагъэ къыхьыным фэшI шъхьаджи ищыкIагъ.

Тхьэм ЫпсэЛъапIэу хэлъым пкъым зы гъэшIэ зэпхыгъэ иIэу ешIы. Ащ ихьатыркIэ чылысри зэу зэпхыгъ. «Зы пкъы ыкIи зы Псэ ЛъапIэ щыI», – къыкIегъэтхъы Паул. Iофхэм язэхэщэн-зехьанкIэ, чылысыр зэрэгощыгъэми ащ иIэ кIоцI мэхьанэ зэщигъакъорэп. Ар зэгопчын плъэкIыщтэп, сыда пIомэ ар – «Тхьэм ЫпсэЛъапIэм изыкIыныгъ» е Тхьэм Ыпсэ

ЛъапIэм изэдэпсэукI (Ефес 4:3; Фил. 2:1; 2 Кор. 13:13). Ащ тызэрэзэдыхэлажьэрэм куоу ыкIи егъэшIэрэу тызэрепхы.

Дунэе чылыс иным ущыщэу зыплъытэжьыныр, ащ ичылыс зырызхэм уахэмылажьэу, делагъэ хъун. ЧIыпIэ чылысым тызэрэщыщымкIэ Тхьэр дгъэлъэпIэнэу амал тэгъоты, ащ ихьатыркIэ тафэчэфэу цIыфмэ тахэхьэ ыкIи бэмэ тафэлэжьэн тэлъэкIы.

Непэ бэхэр чылысым ебэных, аужыпкъэм имыщыкIагъэу алъытэ. Ар къыбгурыIон плъэкIынэуи бэрэ къыхэкIы, сыда пIомэ чылысыр жъы хъугъэн ылъэкIыщт, хахъо ымышIэу, щыIэныгъэм димыштэжьэу. Ау пщыгъупшэ хъущтэп, чылысыр – цIыфхэр арых, псэкIод зиIэ цIыфхэр, ахэр хэукъонхэ алъэкIыщт. Арышъ, чылысым зыщыбзыенымкIэ ар ушъхьагъу хъущтэп – тэри тыпсэкIодышI ыкIи тыхэукъон тлъэкIыщт.

ЕтIани уеуцолIэн фае чылысым кIорэ пстэури Исус Христос ичылыс шъыпкъэ щыщхэу плъытэ зэрэмыхъущтым. Нэбгырэ зырызхэу, зыцIэхэр чылыс тхылъмэ адэтхэр, Исус зэриIуагъэу, ныбжьи «ошъогум щатхыгъэхэп». Библием ащ бэрэ игугъу къешIыми, ар тэ тизэхэфынэп: «Ежь иехэр Зиусхьаным ешIэх». Дин пащэм ыумэхъхэзэ, Христос ышIошъ зэрэхъурэр ИсускIэ шIошъхъуныгъэ сиI зыIохэрэр чылысым регъэблагъэх. Ау Тхьэ закъор ары зышIэрэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэу щыIэр, сыда пIомэ Тхьэ закъор ары гухэм арыплъэрэр. УкIэмыупчIэжьынэу, а купитIур бэхэмкIэ зэфэдэх. Ау тIури – зэп.

Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ чылысым изэдэпсэукIэ щыIакIэ ыгъэпсырэ къодыеп, зэкIэ зэзыпхырэ шIулъэгъури ащ къелэжьы. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэм апэрэу къыхэкIырэр – шIулъэгъу. Ар Ежь ищыпэ гъэпсыкIэкIи – шIулъэгъу ыкIи Ежь зыщыщы хъугъэ пстэуми ар ареты. Христианхэм ар зэхашIагъ: нэмыкI христианхэу, зыщыщхэри амышIэхэу, зищыIакIи ежьхэм ящыIакIэ зыкIи фэмыдэхэн зылъэкIыщтымэ гъэшIэгъонэу узэфакъудыи. Тхьэм ибынхэм азфагу илъ зэфыщытыкIэхэу зыхахъохэрэр зэIахьылмэ язэфыщытыкIэмэ анахь куунхи ыкIи зэпэблэгъэнхи алъэкIыщт. Ар Тхьэм ибынхэм язэIахьылыныгъ. Шъыпкъэ, «ЛIэныгъэм тыIэкIэкIи, щыIэныгъэм тызэрэIэкIэхьагъэр тэ тэшIэ, сыда пIомэ тшыхэр шIу тэлъэгъух», – еIо Иуан (1 Иуан 3:14). А шIулъэгъур сентимен-

талнэу щытэп, ылъапсэкIи гузэхэшIэ къодыемэ къахэкIырэп. Мэхьанэу иIэм утегущыIэн хъумэ ар – къурмэн зафэпшIыныр ары. Зыгорэм уфэлэжьэныр, IэпыIэгъу уфэхъуныр, хахъо ябгъэшIыныр – джахэмэ ар къащэлъагъо. ПсэкIодым укъызэкIэзыдзэрэ кIуачIэу иIэм упэзыгъэуцужьын зылъэкIыщтыр шIулъэгъу закъор ары, сыда пIомэ шIулъэгъум зы уешIымэ, псэкIодым уегощы, шIулъэгъум узэрегъэшIужьмэ, мыдрэм узэхеуты.

Чылысым ихъишъэ исатырмэ делагъи жъалымыгъи къахэфэ, аужыпкъэм Христос тызыфигъэсагъэм ащ пэуцужьхэуи хъугъэ. Непи чылыс зырызхэр щыIэжьхэп е мэкIодых, адрэхэр куп зэфэшъхьафмэ зэбгыратхъых е шIулъэгъу шъыпкъэ зэрэфырямыIэм зэIегъахьэх. ШIошъхъуныгъэ сиI ыIоу, христианкIэ зызылъытэжьырэ пстэуми Христос ыкIи ащ игъашIэ шIу зэрамылъэгъурэми уеуцолIэн фае.

Ау щытми, христиан шIошъхъуныгъэр зыIыгъ цIыфыр, чылыс куп зэхахьэм, щыкIагъэ а купым иIэми, ащ Христос ицIыф лъэпкъ амал къыретышъ, алъыхъунэу кIэхэу ыкIи нахьышIухэу зэфыщытыкIэхэм ыкIи джаущтэу чылысыр ыгъэлъэпIэн ыкIи ыгъэпытэн елъэкIы.

# ЯплIэнэрэ Iахь. ЦIыфым иджэуап

## 9. Уасэр къэплъытэжьзэ

Мыщ ехъулIэу Назарет щыщ Исус зыми ебгъэпшэн умылъэкIын Тхьэу зэрэщытыр къэзыушыхьатырэр зэхэтфыгъэх; цIыфыр зыфэныкъом тегупшысагъ – цIыф псэкIодышIэу, Тхьэм кIэрычыгъэу, ежь-ежьырэу егъэтыгъэ зишIыжьыгъэу, зэкIурэ фыщытыкIэ ежь нэмыкIрэ цIыфмэ афызимыIэм; умыкIодэу укъызэрэнэжьыщтым ишIыкIэхэу, Христос тэщ пае къыдихыгъэхэу къытитхэрэр дгъэунэфыгъэх. Джы игъо хъугъэ шъхьадж ежь фэгъэхьыгъэн зылъэкIыщт упчIэр гъэуцугъэнэу – Дамаск кIорэ гъогум тетэу Тарс къалэм щыщ Саулэ Исус Христос ритыгъэ упчIэр: «Зиусхьан! Сыда сшIэщтыр?», е ащ яхьыщырэу, Филипп дэт хьапсым иухъумакIор зэрэупчIагъэр: «Сыда сшIэщтыр, сымыкIодэу сыкъэнэжьыным пае?»

Зыгорэ зэрэшIэгъэн фаер нафэ. Христиан шIошъхъуныгъэр – хэбзэшэпхъэ куп горэм, ахэр шъыпкъэу щытхэми, уфэIорышIэн къодыер арэп. Христос Тхьэу зэрэщытыр ыкIи тымыкIодэу Христос тыкъызэригъэнэжьыгъэр пшIошъы хъун ылъэкIыщт, тыпсэкIодышIэу, тыкъыгъэнэжьыным тыфэныкъоуи теуцолIэщт, ау а пстэуми джыри христиан ташIырэп. Исус Христос шъхьаджи джэуап ритын фае. Ар ти-КъэгъэнэжьакIоу ыкIи ти-Зиусхьанэу Iэрылъхьэ шъыпкъэ зыфэтшIын фаер. Ащ фэдэ лъэубэкъум къикIырэ шъыпкъэм къыкIэлъыкIорэ шъхьэм тыщытегущыIэщт, джы Iофым епхьылIэн плъэкIыщт горэхэр зэхэтфын.

Исус ныбжьи ыушъэфыгъэп зэрихьэрэ диныр тын къодыеу зэрэщымытыр, ар дао, пшъэрылъ. КъэIогъэн фае, а тыныр ЕжьыркIэ уасэ хэмылъэу зэрэщытыгъэм фэдэу пшъэрылъэу къытфыхэлъыри Iончъэу зэрэщытыр. ЦIыфхэр къыгъэнэжьынхэу къегъэгугъэхэмэ, IорышIэ хъунхэуи къядэожьыщтыгъэ. Уасэу хэлъым емыгупшысэхэу игъогу рыкIонхэу зыIорэмэ афидэщтыгъэп. ПшъэдэкIыжь зымышIэрэ энтузиастхэр зыпари аримыIоу IуигъэкIыжьыщтыгъэ.

Лука къатегущыIэ нэбгырищэу Исус игъогу рыкIонхэу фэягъэхэм, е аущтэу къызэджэгъагъэхэм; ахэмэ ащыщ горэми Исус иушэтынхэр афэукIочIыгъэхэп. Тетыгъо зиIэ ныбжьыкIэ баир, цIыфыгъэ хэлъэу, гукъабзэу ыкIи гохьэу щытыр, ежь зэрэфэе шIыкIэмкIэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ ыгъотынэу фаягъ, ау чэфынчъэу ыгъэзэжьыгъ: имылъку зэрэщытэу къыфэнэжьыгъ, ау зыфэегъэ щыIэныгъэри, Христоси иIэ хъугъэхэп.

НэмыкI уахътэ горэм цIыф купышхохэр Христос ыуж итхэу кIощтыгъэх. Зэрэфэшъыпкъэхэр къаушыхьатэу, мэкъэ лъэшхэр къахэIукIыщтыгъэнкIи хъун ыкIи ар плъэгъурэм пшIошъ ыгъэхъуни. Ау Исус ышIэщтыгъэ а пстэуми шъыпкъэгъэшхо зэрэхэмылъыгъэр. Къэуцуи ыкIи зыкъызэригъэзэкIи, упчIэ фэдэу, мыщ фэдэ гъэсэпэтхыдэ ахэмэ къафиIотагъ: «Шъуащыщэу зыгорэм унэ плъэпIэ лъагэ ышIынэу фае хъумэ, ыпэрапшIэу тIысэу, тефэщтым еплъэу, а унэр зэрэригъэкъун ахъщэ иIэмэ, зэупчIыжьын фаеба? Арэущтэу ымышIымэ, лъапсэр ыгъэуцугъэу, ащ унэр ыухын зымылъэкIыкIэ, ар къэзылъэгъурэ цIыф пстэури къыдэхьащхыхэу, мырэущтэу аIощт: Мы лIым унэр ышIэу ригъэжьагъ, ау фэухыгъэп». (Лука 14:28-30).

Христианмэ ячIышъхьашъо унэ плъэпIэ лъэгэ ныкъошIхэу, чIадзыжьыгъэу зэхэтэкъожьхэрэр тепхъагъэх. Ахэр рагъажьэхи, афэухыгъэхэп. Сыда пIомэ джы къызнэсыгъэми цIыф миныбэхэм анаIэ зытрагъэтынэу Христос къариIогъагъэр мыштэ ашIы ыкIи Ащ ыужы ехьэх, ар къызэрафыдэкIыщтым емыгупшысэхэу. Ащ кIэухы фэхъурэр – христиан унэм зэмыкIуныгъэшхоу илъыр ары. Христиан диным зызщиушъомбгъугъэ хэгъэгухэм цIыфыбэмэ, уеплъынкIэ шIукIаеу жъыоу, ау пIуакIэу христиан техъо зыфашIыжьыгъ. Ахэмэ «хэлэжьэнхэ» фаеу зыфалъэгъужьыгъ, лъытэныгъэ афашIынымкIэ икъунэу, ау ежьхэм зыкIи къямыгоонэу. Ахэмэ ядин – шъхьэнтэ шъуамбгъоу, шъабэр ары. ЩыIэныгъэм илъэныкъо гомыIухэу, пхъашэхэм ащ ахэр ащеухъумэх, ащ диштэу изэрэщыти ичIыпIи зэблихъузэ. ГъэшIэгъонэп чылысым чIэтхэу нэпэнчъэхэр нэпитIумэ зэратегущыIэхэрэр ыкIи щыIэныгъэм пэчыжьэ узышIын амал фэдэу диным зэреплъыхэрэр.

Исус иунашъохэр шъхьаф шъыпкъагъэх. Къафигъэуцурэ шапхъэхэр Ащ ныбжьи къыригъэIыхыщтыгъэхэп ыкIи иIоф нахь псынкIэу аштэным фэшI зыкIэдэурэр зэблихъущтыгъэп. Ар апэу игъогу рыкIохэрэм ялъэIущтыгъэ, джыри игъогу техьагъэ пэпчъ елъэIу, икъукIэ егупшысагъэхэу фэIорышIэнхэу. НэмыкI шIыкIэ горэми Ар къезэгъырэп.

Джы тэ Ащ къыIуагъэр тэрэз шъыпкъэу зэхэтфын фае:

*«Зыгорэ сэ сауж къырыкIонэу фаемэ, ежъыр зыфэе Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ къерэшти, сауж къырэрэкIу; сыда пIомэ хэти зыпсэ мыкIодэу къэзыгъэнэжьынэу фаем ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти сэщ паерэ къэбарышIум паерэ зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт. Дунаер зэкIэ зы цIыфым ие хъоу, ежъыр кIодмэ, ишIуагъэу къэкIощтыр сыда? ЦIыфым ыпсэ пае уасэу сыд ытышъущтыр? Джырэ цIыфхэу Тхъэр зымышIэхэу, псэкIод зышIэхэрэм ащыщэу хэти сэррэ сэ сигущыIэхэмрэ къыттеукIытыхьэрэм, сэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъуи а цIыфым сытеукIытыхьажьыщт, мэлэIич лъапIэхэр сигъусэхэу сэ Сятэ ищытхъушхо фэдэ щытхъушхо сиIэу сыкъызыкIожькIэ» (Марк 8:34-38).*

## Игъогу рыкIонхэу Христос къызэрэджэрэр

Анахь къызэрыкIоу Христос къызэрэджэщтыгъэр: «Саужы шъукъихь!» АшъхьэкIэ Ежьым къыфэшъыпкъэнхэу Ар хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми ялъэIущтыгъэ. Ежь ыдэжь щызэрагъэшIэнэу, игущыIэмэ афэIорышIэнхэу ыкIи Ащ иIофы зыратынэу Ар къяджэщтыгъэ.

Ау о пшъхьэ уиIоф пстэуми анахь пшIолъапIэу, зыгорэм игъогу утехьан плъэкIыщтэп. Христос игъогу утехьаным къикIырэр Ащ нахь мэкIэн зылъэкIыщт Iоф пстэури щыбгъэзыеныр ары. Ар чIыгум щыпсэоу, цIыфхэм захэтым, ыуж уихьаным къикIыщтыгъэр уиуни уиIофшIэни чIэбдзынхэр ары. Симонрэ Индрысрэ, «хъытыухэр къыщанэхи», Ащ ыужы ихьагъэх. Якъуби Иуани, «ятэу Зеведей къуашъом ис IофшIакIомэ зэрахэтэу къагъани», Ащ ыужы ихьагъэх, Маттэ, «хьакъулахь унэм Iусэу» Христос къызэрэджэрэр зэхихи, «къэтэджи, Ащ ыужы ихьагъ».

Непэ Зиусхьанэу Исус къызэрэджэрэр зэблэхъугъэп. Джы къызнэсыгъэми Ащ «Сауж шъукъихь!» еIо ыкIи къыхегъахъо: «ИIэр зэкIэ къэзымыгъанэрэр Сэ сигъогу къырыкIон ылъэкIыщтэп».

Ау щыIэныгъэм ар къызэрэщынафэрэмкIэ, ащ къикIырэп уиунэ е уиIофшIэн чIэбдзынэу. Ащ къикIырэр къызэрэбгурыIон фаер – угукIэ ахэр Тхьэм Iэрылъхьэ фэпшIынхэу ыкIи уиунагъо е уишIоигъоныгъэхэр Тхьэм шIулъэгъоу фэпшIыгъэм ыпэ имыгъэшъынхэр ары.

Исус Христос игъогу утехьанымрэ, уиIоф зэкIэ къэбгъэнэнымрэ зэрэзэпхыгъэхэм нахь икъоу сыкъытегущыIэ сшIоигъу.

АпэрэмкIэ, псэкIод пшIэным уфэмыежьэу ухъун фае. Ащ къикIырэр – уфыкIэгъожьыныр. Христиан узэрэхъурэм ар иапэрэ Iахь. Ар сыдэу хъугъэкIи узэбгъукIо мыхъун Iоф. УфыкIэгъожьынымрэ шIошъхъуныгъэу Тхьэм фыуиIэнымрэ зэкIыгъу. ПсэкIод тымышIэжьынэу итымыхъухьэу, Христос ыужы тихьан тлъэкIыщтэп.

УфыкIэгъожьыныр – гупшысэ пхэнджхэми, гущыIэ дэими, Iоф дэйми, узэсагъэ Iаеми уагокIыныр ары. Уимысагъэ зыдэпшIэжьыныр е Тхьэм къыпфигъэгъунэу сыдэу щытми уелъэIу къодыекIэ икъурэп. Лъапсэу иIэмкIэ, укIэгъожьыныр угу къыдэчъэягъэкIэ е псалъэкIэ зэшIуахырэп. Ащ къикIырэр – гупшысакIэу уиIэр, псэкIодым узэрэфыщытри зэблэхъугъэнхэр ары – джащ уизекIуакIи зэблихъущт.

Ащ шIокIыпIэ иIэу щытэп. Щыдгъэзыепэн тымылъэкIын псэкIодхэр тищыIэныгъэ къыхафэхэнкIи хъун, ау шъхьафиты тишIыжьынэу Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, ахэмэ тафэмыежьы тшIоигъон фае. Сыда дэгъур е дэир, щыбгъэзыещтыр е къэбгъэнэщтыр пIоу узщегупшысэрэм, щэч угу къехьэмэ, христианмэ яхабзэ зэхэтыкIэхэх, зэдэпсэукIэ нэшанэхэу пшIэрэмэ яфэмэбжьымэ къыптыримыхьаным унаIэ тегъэт. Библием ишIэныгъэ нафэрэ угу къыуиIорэмрэ арыгъуаз. ЕтIанэ игъо-рыгъозэ Христос шъыпкъагъэм игъогу утырищэщт. Ащ хъущтэп зыфиIорэм – зыщыгъэзый. Ар цIыф купын, е охътэ гъэкIуакIэ горэн ылъэкIыщт, е узаджэрэ тхылъ, пэгагъэу зэхапшIэрэр, шъугъоныр, е угукIэ умыштэрэр, е афэбгъэгъу пшIомыигъоныр.

Исус игъогу техьагъэмэ къариIощтыгъэ: нэу псэкIодшIэным дэзыхьыхырэр къыратхъынэу, Iэр е лъакъор паупкIынэу. Ар дэдэу ар пшIынышъ, сэкъаты зыпшIыжьынэу ищыкIагъэп. ПсэкIодышIэным тыфыдихьыхыным пылъ Iофхэм шъхьасынчъэу узэрафыщытын фаеу ары ащ къыикIырэр.

Загъорэ шъыпкъэу уфыкIэгъожьыным къыхиубытэн фае «зыпкъ игъэуцожьыныр». Ащ къекIы уиягъэ зэбгъэкIыгъэ цIыфмэ уяшIужьынэу. ПсэкIодэу тшIэрэ пстэуми Тхьэм уIагъэ тыращэ, сыд Iоф зэшIотхыгъэкIи, а уIагъэхэр тэ дгъэкIыжьынхэ тлъэкIыщтэп. Ар зыфызышIокIын зылъэкIыщт закъор ти-КъэгъэнэжьакIо Исус Христос ихьадэгъу ары. Ащ ихьадэгъу закъор ары типсэкIодхэр зыпщыныжьырэр. Ау типсэкIодхэр нэмыкI цIыфхэм ягоуагъэхэмэ, зэщыдгъэкъуагъэр зэтедгъэуцожьын тлъэкIынэу къыхэкIы ыкIи амал щыIэмэ, аущтэу тызекIон фае. Хьакъулахьыр зыугъоищтыгъэ Закхей, нэпэнчъэм, ашIуитыгъугъэм нахьыбэ аритыжьыгъ ыкIи джы къызэбгъэгъэзэжьын умылъэкIыщт тыгъугъэхэр ыпщыныжьынхэм пае, имылъку ызныкъо тхьамыкIэмэ аритынэу ыгъэгугъагъэх.

Ащ ищысэ укIэрыплъын фае. Уахътэ е ахъщэ яттын фаеу тиIэнкIи мэхъу. Къэбарэу къекIокIырэр зэрэмышъыпкъэр агурыдгъэIон, зым имылъку едгъэгъотыжьын, къытфигъэгъунэу зыгорэм тялъэIун е зыгорэм тешIужьын фае.

Ау мы IофымкIэ «къаигъэ» дэдэу ущыты хъущтэп. Аужырэ илъэсипшIэу бгъэшIагъэм «къыщыпчъыхьэу», гущыIэу пIуагъэ пэпчъ, пшIагъэ пэпчъ, агу хэзгъэкIыгъакъомэ пIоу, уалъыхъуныр ищыкIагъэп, ахэр бэшIагъэу ащыгъупшэжьыгъэнхэкIи мэхъу. Сэ сшIэщтыгъэ студенткэ горэ, экзаменхэр аты зэхъум зэрэтыритхыкIыщтыгъэр университетым иIэшъхьэтетхэм ариIожьыгъагъэу, нэмыкI студентым тучаным чIитыгъукIыгъэ тхылъхэр аритыжьыгъагъэх. Хэгъэгур къэухъумэгъэным и-Министерствэ дзэ пащэ горэм «ыштагъэ» пкъыгъохэр итхагъэхэу тхылъ фигъэхьыжьыгъагъ.

Шъыпкъэм теткIэ тыфыкIэгъожьэу щытмэ, мыхъунэу тшIагъэр зэкIэ хэдгъэкIокIэжьыным ткIуачIэ зэкIэ етхылIэщт. Къытфагъэгъунэу тызфэлъэIорэ псэкIодхэм джащ нахьыбэрэ тхъагъо ахэтхын тлъэкIыщтэп.

ЯтIуанэрэмкIэ, о пшъхьэ иIоф щыбгъэзыен фае. Христос

ыуж уихьаным пае, псэкIод зырызхэм уафыкIэгъожькIэ икъурэп, псэкIодмэ лъапсэ афэхъурэ шIоигъоныгъэу тиIэхэм такIыб афэтэгъэзэжьы. Христос ыуж уихьаным къикIырэр уищыIэныгъэ Ащ ыIэ иплъхьаныр ары. Угу тахътэу зыфибгъэуцожьыгъэр щыбгъэзыенышъ, Ар уи-Пачъыхьэу уфэIорышIэн фае. Ар зыфэдэр Исус дэгъоу гущыIэ заулэкIэ къыIуагъ.

Ар – узыфэе Iофхэр щыбгъэзыенхэр ары. «Сауж къихьэ зышIоигъом ежь иIофхэр къерэгъанэх». А гущыIэ дэдэхэр щыгъэфедагъэх Петрэ дин пэщэшхом иунэ щагу дэтэу Зиусхьаныр ымышIэу къызыщеIом. Iоф гори тшхьэкIэ зыдитимыIэжьэу зытшIын фае, Петрэ Христос зыгокIым зэриIуагъэу: «Сэ мы цIыфыр сшIэрэп». О пшъхьэ иIофхэр къэбгъэнэныр – ар IэшIу умышхыжьынэу е тутын уемышъожьын къодыеу арэп, егъэшIэрэу е о уишIоигъоныгъэкIэ охътэ гъэнэфагъэм къыкIоцI зыпIэжэныр пщэIэныр арэп. Сыда пIомэ ащ къикIырэр – зыгорэм щыбгъэзыеныр арэп, угукIэ о пшъхьэ щыбгъэзыеныр ары нахь. Ащ къикIырэр – о «хьау» зэпIожьынышъ, Христос «ары» епIоныр ары, сэ сыщыIэп, щыIэр Христос пIоныр ары.

НэмыкI гущыIэу Христос ыгъэфедагъэр – «уикъащ пштэныр»: «Сауж къихьанэу фаем ежь шIоигъохэр къерэгъанэхи, икъащ къерэштэри, Сауж къерэхь» (Маттэ 16:24). Палестинэ тыщыпсэоу, къащыр зыхьырэ цIыф горэ тлъэгъугъагъэмэ, ащ лъыпытэу къыдгурыIощтыгъэ укI тыралъхьагъэу, зэкIэмэ анахь осэ иныр зыщитыщт чIыпIэм ар зэрэкIорэр. Палестинэр урымхэм аштэгъагъэба, укI зытыралъхьэхэрэм ахэмэ джэуащтэу арагъэшIыщтыгъэ. Профессорэу Х.Б.Суит Марк ытхыгъэ КъэбарышIум къыриIуалIэрэмэ къащеIо уикъащ пштэным «укI зытыралъхьагъэу, зыщаукIыщтым кIорэм ычIыпIэ зибгъэуцонэу къызэрикIыщтыгъэр». НэмыкIэу къэпIощтмэ, тэ тызэрэзыфыщытыжьыр къащыр къыдгурыIон фае. А гущыIэ дэдэр Паул егъэфедэ, къыIо зыхъукIэ: Христос зыгу илъхэм япсэкIодышIэ шэныжъи, шIу алъэгъурэ бзэджагъэхэри, яхъопсэныгъэ мыхъунхэри къащым тыраIулIагъэм фэд.

Лука ытхыгъэ КъэбарышIум Христос къыIуагъэм хегъэхъожьы – «мафэ къэс». Мафэ къэс Исус игъогу рыкIорэр

лIэн фае. Мафэ къэс ащ ишIоигъоныгъэхэр щегъэзыех. Мафэ къэс еIолIэнчъэу Исус Христос фэIорышIэнэу къегъэгугъэ.

УишIоигъоныгъэхэр щыбгъэзыенхэм ящэнэрэ къэIуакIэу Христос къыфигъотрэр – уищыIэныгъэ пшIокIодыныр. «ЗищыIэныгъэ зышIокIодыгъэм ... ар къыгъэнэжьыщт». Мыщ дэжьым гущыIэу «щыIэныгъэм» къикIырэр тпкъышъолкIэ е тпсэкIэ дунаем тызэрэтетыр арэп, тэры нахь. Псэр – «сэ», ар цIыфышъхьэу, егупшысэу, зэхэзышIэу, зыгорэхэр рихъухьэхэу ахадэрэр ары. Лука къыIожьыгъэ гущыIэу Христос ижэдэкIыгъэм урыгъуазэмэ, «сэры» зыфапIорэр пшIокIоды. Арышъ, Христос IорышIэ зызыфишIыкIэ, цIыфым зышIокIодыжьы. Ау ащ къикIырэп зэрэпшIэжьырэ шIыкIэр имыIэжьэу. Угу лъэкIэу иIэр Христос фэIорышIэщт, ау ежьым ицIыф гъэпсыкIэ ыгъэкIодырэп Христос. Ар нэмыкIэу зэрэхъурэр нэужым тлъэгъущт – христианым ежь шIоигъохэр зыщигъэзыехэкIэ, ежь зыкъегъотыжьы, изытет шъыпкъагъэ нафэ къыфэхъу.

ЗэрэхъурэмкIэ, Христос игъогу урыкIоным пае, уишIоигъоныгъэхэр щыбгъэзыенхэшъ, зыпшIокIодыжьын, къащым зытырядгъэIулIэн фае. Джы шIокIыпIэ имыIэу Христос даоу къытфишIырэр икъоу къэтIотагъ. Тыгу щыщы Iахь горэкIэ тедэIунэу арэп Ар къызфытаджэрэр, тыфэшъыпкъэу зеттыпэнэу ары нахь. Зиусхьан Ежь зыфэтшIыжьынэу Ар къытаджэ.

Джыдэдэм куп горэмэ умыгъэшIэгъон умылъэкIын гупшысэ зэрахьэ: Христос ЫIэ тызэрилъ шъыпкъэр умыштэу, Ащ тыкъызэригъэнэжьыгъэм ишIуагъэхэр къытIэкIэхьанхэ тлъэкIынэу ахэмэ аIо. КъэбарышIум ащ нахьрэ кIуачIэ зимыIэ гупшысэ ащ фэгъэхьыгъэу итэп. «Исус Зиусхьаныр» – христианхэм шIошъхъуныгъэу яIэм итамыгъэ джары апэрэу къызэраIуагъэр. Рим империе зэхищи, ицIыфхэм «Кайсар-Зиусхьан» къаригъаIоу зыщэтым, а гущыIэмэ теплъэ щынагъо яIагъ. Ау христианмэ загъэтхьагъэпцIыщтыгъэп. Ахэмэ Цезарь апэрэ Iуагъэ шъыпкъэ ратын алъэкIыщтыгъэп, зэрэфэшъыпкъэхэр къыраушыхьатэу, сыда пIомэ ар Исус ратыгъахэу щытыгъ. Тхьэм Ежь Ыкъоу Исус тетыгъо зыIыгъ пстэуми ыкIи тетыгъо пстэуми бэ дэдэкIэ атыриIэтыкIыгъ ыкIи чIыпIэ пстэуми анахь чIыпIэ лъагэ фигъэшъошагъ –

«щыIэ пстэури лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысынхэу... бзэ пстэуми Исус Христос зэрэ-Зиусхьаныр пстэуми апашъхьэ къыщаIонэу» (Фил. 2:10-11).

Христос Зиусхьан пшIыным къикIырэр – цIыфхэм псэукIэу адытиIэм ыкIи тэ тшъхьэкIэ дгъэшIэрэ щыIэныгъэм илъэныкъо пэпчъ Ащ ыIэ итлъхьаныр ары. ТиIофшIэнкIэ тызэрэдэкIуаерэри ащ хэхьэ. Хэты ищыIэныгъэкIи Тхьэм гухэлъ иI. Тэ типшъэрылъыр – а гухэлъыр нафэ зыфэтшIынышъ, ащ тыфэкIоныр ары. Тхьэм тэркIэ рихъухьагъэр тэ зыфэдгъэуцужьырэм е тыкъэзылъфыгъэхэр къызэрэтщыгугъырэм темыфэнкIи мэхъу. Христиан акъылышIор гуIэзэ е емыгупшысэу Iофым фежьэщтэп. Зиусхьаным фигъэнэфагъэм, Iухьэгъахэу мэлэжьэнкIи хъун, е ащ зыфегъэхьазыры. Е нэмыкIэу щытынкIэ мэхъу. Христос ти-Зиусхьанэу щытмэ, тизэхэшIыкIыныгъэ зэхъокIыныгъэу тызэрихьылIэн ылъэкIыщтмэ зафэдгъэхьазырын фае.

Щэч зыхэмылъыр – тэ зэкIэхэми тылэжьэнэу Зиусхьаныр къытэджэ, ащ къекIы Iоф тшIэнэу, Христос ихьатыркIэ нэмыкIхэм тафэлэжьэнэу. Зы христиан гори ежь пае щыIэн фитэп. Зыми ышIэрэп а IофшIэныр зыфэдэщтыр. Чылысым иIофыщIэу цIыфым ышIэнкIи мэхъу, е нэмыкI IофшIэн чылысым щишIэнкIи мэхъу, ихэгъэгу е IэкIыб хэгъэгу горэм. Ау христиан шъыпкъэ пэпчъ ауштэу щытын фае пIоныр хэукъоныгъэ хъущт. НэмыкI шIыкIэхэри иIэх Тхьэм уфэлэжьэным, ахэри «христиан IофшIэнкIэ» плъытэхэмэ хъунэу. ГущыIэм фэшI, бзылъфыгъэр шъузын фае, ны хъун унэгъо IофышIэ хъун фае, ари христиан IофшIэн, сыда пIомэ Христос фэлажьэх, яунагъо, цIыфхэм афэлажьэх. Сыдрэ IофшIэн уIутми – медицинэм, шIэныгъэм, юриспруденцием, гъэсэныгъэм, цIыфхэм яфэIо-фашIэхэр зыщагъэцакIэхэрэм, хэбзэзехьаным, промышленностым, сатыум, бизнесым ащыщ горэм ущылажьэу, Христос Iоф фэпшIэн плъэкIыщт, Тхьэм укIыгъоу зыолъытэжьмэ.

УищыIэныгъэ бгъэпсыным пае Тхьэм гухэлъэу иIэр, нафэ къызфэпшIыжьыным удэмыгуI. Тхьэм IорышIэ зыфэпшIыгъэу, Ар зыфаер нафэ къыпфишIынэу уежэмэ, ащ иуахътэ къэсыщт. Ар сыд фэдэуи къычIэрэкI, христианыр Iофынчъэу хэтын ылъэкIыщтэп. Iэшъхьэтетэу орэхъу, е къулы-

къушI, е ежь иIоф шъхьаф зэрефэ, ащ уашъом щыIэ Пащэ иI. Тхьэм игухэлъ IофшIэным къыщигъотынэу ащ зегъасэ, ащ ыгукIэ зыритыгъапэу мэлажьэ, сыда пIомэ «цIыфхэр арэп зыфэлъажьэрэр, Тхьэр ары нахь».

Исус Христос джыри тигъашIэ изылъэныкъоу тетыгъор зыщиIыгъыр – къэпщэнымрэ унагъо пшIэнымрэ. Исус зэгорэм къыIуагъ: «Зэзэгъыныгъэр чIылъэм къыфэсхьыным пае, сэ сыкъэкIуагъэу шъумыгугъ. Зэзэгъыныгъэр къэсхьынэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, сэшхор къэсхьынэу ары нахь» (Маттэ 10:34). Ащ пыдзагъэу къытегущыIагъ тетыгъор унагъом зэрэщызэтрахырэм – унагъом щыщэу зы нэбгырэр Исус игъогу техьагъэмэ.

Непи ащ фэдэ зэмызэгъыныгъэхэр унагъомэ къарэхъухьэх. Христианыр фэдэ зэщыхьэгъухэр хъунхэу ыуж итынэу щытэп. Ащ пшъэрылъ гъэнэфагъэ иI: янэ-ятэхэри, нэмыкIэу унагъом исхэри шIу ылъэгъунхэ икIи лъытэныгъэ афишIын фае. ЗэригъэшIужьынхэр ипшъэрылъышъ, Тхьэм ыпашъхьэкIэ чIыфэу телъыр зыкIи щымыгъупшэу, фэгъэкIотэныгъэу пшIын плъэкIыщтыр зэкIэ афишIыщт. Ау ащ Христос игущыIэхэр ныбжьи щыгъупшэщтхэп: «Хэтми Сэ шIу сызэрилъэгъурэм нахьи зятэ е зянэ....е зыкъо е зыпхъу нахьышIоу зылъэгъурэр сфэшъуашэу щытэп» (Маттэ 10:37).

Христианым унагъо зыдишIэн ылъэкIыщтыр христиан закъор ары. Библием ар IупкIэ шъыпкъэу къыщыIуагъ. «ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэм гъусэ шъуафэхъунэу, зыбжь шъуадыкIэмыуцу». Къэзыщэнэу е дэкIонэу язэгъыгъахэм а унашъор гукъэошхо щыхъущт, ау гукъабзэмкIэ а Iофыгъом уекIолIэн фае. Укъэзэрэщэныр – щыIэкIэ хэбзэ-шапхъэ къодыеу щытэп. Ар Тхьэм епхыгъэ гъэпсыкIэ лъапI. Унэгъо зэфыщытыкIэхэр – цIыфым зэфыщытыкIэу иIэн ылъэкIыщтмэ зэкIэмэ анахь кууx. Укъызэрэщэныр – псэкIэ узэкIыгъунэу, гукIэ зэпэблагъэ узышIырэ зэдэпсэукIэ Тхьэм рихъухьагъ, ары анахь мэхьанэ зиIэри. ПсэкIэ, шIошъхъуныгъэу уиIэмкIэ узэмызэгъыщтым псэогъу уфэхъуным къикIырэр – Тхьэми уедэIугъэп, Ар зыфэе зэдэпсэукIэми урыгъозагъэп. СабыйхэмкIи ар щынагъо: динымкIэ зэрэзэнэкъокъухэрэр ахэми зэхахыщтба; христиан динымкIэ гъэсэныгъэу агъотын фаери къадэмыхъунэу къекIы.

Шъыпкъэ дэдэмкIи, Христос игъогу утетыныр хэушъхьафыкIыгъэ шъыпкъэу щыт, зэхъокIыныгъэ ин дэдэхэр ащ уищыIэныгъэкIэ уегъэшIых, арышъ унагъом илъ зэфыщытыкIэхэри, ежь укъэзэрэщэным еплъыкIэу фыуиIэщтыри къэмышIэжьыхэнхэу зэхъокIынхэ алъэкIыщт. Хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ зэрэзэфэмыдэхэр ыкIи ахэр зэфэныкъохэу зышIырэр зэхэтфынэу тэублэ. Аущтэу щытынэу Тхьэм ыухэсыгъ. Сексыр, шъхьэгъэшIожьыгъэкIэ ащ пшъэдэкIыжьынчъэу зэрекIуалIэхэрэм къыхэкIэу, мэхьэнэ куу рамытыщтыгъэмэ, джы Тхьэм гухэлъэу фыриIагъэм ичIыпIэ еуцожьы: гуапэу, шIугъэу, шIулъэгъуныгъэр къыуигъашIэу, Тхьэм фиухэсыгъэр ыгъэцакIэу.

НэмыкIхэу, нахьыпэкIэ шъхьаджи ышъхьэ фэгъэхьыгъэ Iофыгъохэу щытыгъэхэу, джы Исус IорышIэ тызыфэхъурэм ыуж Ар Зиусхьан зыфэхъухэрэр – ахъщэмрэ уахътэмрэ. Исус бэрэ ахъщэм ыкIи ащ щынагъоу пылъым ягугъу ышIыщтыгъэ. Ащ фэгъэхьыгъэу ыIуагъэмэ нахьыбэрэмкIэ уагъэгумэкIы. Ямылъку аштэнышъ, тхьамыкIэмэ афагощынэу игъогу рыкIорэмэ ариIощтыгъэу загъорэ къыпщэхъу. Щэч хэлъэп, игъогу рыкIорэмэ ащыщхэм Ар непи джаущтэу ашIынэу къяджэ. Ау нахьыбэрэмэ Исус зыфяджэрэр ахъщэм илъэныкъокIэ агукIэ зыфэсакъыныр ары. КъэбарышIум мылъкур уиIэныр псэкIодэу ылъытэрэп.

УкIэмыупчIэжьынэу, Ежь мылъкум нахьи нахь дгъэлъэпIэнэу Христос къытщэгугъы, унэгъо кIоцI Iахьылныгъэми Ежьыр ыпэ идгъэшъы зэрэшIоигъом фэдэу. Тхьэми мылъкуми тафэлэжьэн тлъэкIыщтэп. Ар хэгъэкIыри, акъылыгъэкIэ ахъщэр дгъэкIодын фае. Ахъщэу тиIэр тэ тиежьэп. Ар гу къабзэкIэ Iушэу дгъэзекIонхэу Тхьэм пшъэрылъ къытфишIыгъ. Тэ тилIэшIэгъу, байхэмрэ тхьамыкIэхэмрэ зэпэчыжьэ нахь зыщыхъухэрэм, ищыкIэгъэ мылъкур зэрэщымыIэм къыхэкIэу миссионер Iофыр нахь къызщыхьылъэрэм, хьалэлэуи, яттырэмкIи Iэдэби зэхэшIыкIи тиIэн фае.

Тэ тилъэхъанэ уахътэм ымыгъэгумэкIырэ щыIэп, Христос игъогу иуцогъакIэм иIофхэм анахь мэхьанэ зиIэхэу ахэтхэр къыхигъэщынхэ ылъэкIэу зигъэсэн фае. Еджэфэ, еджэныр апэрэ чIыпIэм итмэ ащыщын фае. Христианхэр IофшIэкIо дэгъухэу ыкIи гукъабзэхэу цIыфмэ алъытэнхэ,

ашIэнхэ фае. Ау студентэу христиан хъугъэм охътэ лые ищыкIагъ: мафэ къэс Тхьэм елъэIунхэу, Библием еджэн фае, тхьэумафэр, Тхьэм имафэ, гъэпсэфыгъо уахътэу ыкIи Тхьэр зыщагъэлъэпIэрэ мафэу Зиусхьаным ыгъэнэфагъэшъ, зэрэпсаоу ищыкIагъ; нэмыкI христианмэ адэгущыIэнэу; христиан тхылъмэ яджэнэу; чылысым ыкIи зыхэхьэрэ купым Iоф гори щишIэнэу уахътэ ищыкIэгъэщт.

А пстэури ищыкIагъ – псэкIод тымышIэжьэу, тшъхьэ иIофхэр къэдгъанэхэу, Христос игъогу тырыкIонэу тыфаемэ.

## Христос икъэбар ядгъэшIэнэу къытэджэ

Тэ тищыIакIэкIэ Христос шъыпкъагъэ фытиIэкIэ икъурэп, цIыфмэ апашъхьэ къыщытIон фае Ащ игъогу тызэрэрыкIорэр. Тызыфэе Iофхэр шъэфэу къэдгъанэхэкIэ икъурэп, цIыфмэ апашъхьэкIэ Ежь щытэгъэзыемэ. Ащ къыIуагъ:

> *«Джырэ цIыфхэу Тхьэр зымышIэхэу, псэкIод зышIэхэрэм ащыщэу хэти сэррэ сэ сигущыIэхэмрэ къыттеукIытыхьэрэм, сэ ЦIыф Лъэпкъым ЫкъуИ а цIыфым сытеукIытыхьажьыщт, мэлэIич лъапIэхэр сигъусэхэу сэ Сятэ ищытхъушхо фэдэ щытхъушхо сиIэу сыкъызыкIожькIэ» (Марк 8:38).*
>
> *«Зыгорэм цIыфмэ апашъхьэ Сэ сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр щиIомэ, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ Сэри щысIощт. Ау хэтми сэ сигъогу рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфмэ апашъхьэ щызыIорэр, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт» (Маттэ 10:32-33).*

ТытеукIытыхьэ мыхъунэу Исус унашъо къызэрэтфишIыгъэм къегъэлъагъо, тытеукIытыхьан тлъэкIынэу чIыпIэ тызэрифэщтыр зэришIэщтыгъэр: «джырэ цIыфхэу Тхьэр зымышIэхэу, псэкIод зышIэхэрэм» зыфиIорэр къызэрэхигъэхъожьырэм къегъэлъагъо аущтэу хъун зыкIилъэкIыщтыри. УкIэмыупчIэжьынэу Ащ къышIагъ цIыфмэ янахьыбэр игъогу зэрэрымыкIощтыр. ЫкIи ащ гушхуагъэ ищыкIагъ – нахь макIэ ухъоу, нахьыбэ хъурэмэ уапэшIуекIоныр, ахэр зэлъамышIэхэу ыкIи узIэпамыщэу.

Арэу щытми Исус игъогу тызэрэрыкIорэр шъхьэихыгъэу къэпIонэу щыбгъэзые хъущтэп. УмыкIодэу укъэжьынэу уфаемэ, Исус игъогу узэрэрыкIорэр цIыфмэ апашъхьэ къыщыумыIомэ хъущтэп, Паул къыIуагъ. УмыкIодэу укъэнэжьыным пае, ытхыщтыгъэ ащ, угукIэ пшIошъ хъуныр икъурэп, ужэкIи цIыфмэ апашъхьэ къыщыпIон фае Исус зэрэ-Зиусхьаныр, сыда пIомэ Рим 10:10 мощтэу ит: «Сыда пIомэ цIыфэу зыгукIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыкъагъэ иIэу ылъытэщт, цIыфмэ апашъхьэ Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщызыIорэри мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт». Апостолыр умэхъыным къытегущыIэнкIи мэхъу. Шъыпкъэ, Исус игъогу техьагъэр аумэхъын фае, джыри амыумэхъыгъэмэ, ащ ихьатыркIэ зымкIэ псымкIэ ыгу зэриукъэбзыжьыгъэм ыкIи щыIэкIакIэм зэрэхахьэрэм инэрлъэгъу тамыгъэ къыIэкIэхьэ, адрэмкIэ Исус Христос мыкIодынэу къыгъэнэжьыгъэу ыкIи Ар и-Зиусхьанэу ышIошъ зэрэхъурэм цIыфмэ апашъхьэ щеуцуалIэ.

Ау цIыфмэ апашъхьэ Исус игъогу зэрэтехьагъэр къызэрэщиIорэр умэхъынымкIэ ухыгъэ хъурэп. Христианы зэрэхъугъэр иунагъуи иныбджэгъухэми аригъашIэ шIоигъон фае – анахьэу ищыIэкIэ-псэукIэ зэрэзэрихьэрэмкIэ. Ащ жэкIэ къэIогъэ шыхьат щыIэ хъуным иамал къытыщт – христианыр гукъабзэу ыкIи шъырытэу щытын фаеми, нэмыкIмэ ящыIэныгъэ IэдэбынчъагъэкIэ иIоф ахимылъхьэу. Чылысым хахьэ, нэмыкI христианмэ институтым е IофшIапIэм щыIэу адэгущыIэ, христианмэ зэращыщым темыщыныхьэу игугъу ешIы, тхьэлъэIукIэ, шыхьаткIэ ыкIи щысэкIэ иныбджэгъухэр Христос игъогу тырищэнхэм фэгумэкIы.

## Христос игъогу тырыкIонэу сыда зыкIытищыкIагъэр?

Христос дгъэцэкIэнхэу къыттырилъхьэхэрэр IэшIэхэп; ау ахэр зыкIищыкIагъэхэу Исус къыIохэрэм ахэр бгъэцэкIэнхэм уфагъэблы. ГущыIэм фэшI, ыIорэ пстэури дгъэцэкIэнэу къыттырилъхьэхэрэр тишъыпкъэу зэхэтэфымэ, ар зыкIищыкIагъэр къыдгурыIон фае. Апэрэр – ахэр зишIуагъэ зэкIыхэрэр тэры.

*«Сыда пIомэ хэти зыпсэ мыкIодэу къэзыгъэнэжъынэу фаем ыпсэ шIокIодыщт; ау хэти сэщпаерэ къэбарышIум паерэ зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжъыщт. Дунаер зэкIэ зы цIыфым ие хъоу, ежъыр кIодмэ ишIуагъэу къэкIощтыр сыда? ЦIыфым ыпсэ пае уасэу сыд ытыщтыр? (Марк 8:35-37).*

Исус ыIэ зыралъхьэмэ, яIоф нахь дэи хъуным цIыфыбэхэр тещынахьых. «ЩыIэныгъэр икъугъэу» ышIынэу Исус къызэрэкIуагъэр ахэмэ ащэгъупшэ. Ащ игухэлъыр – тигъэбаинэу ары, нахь тхьамыкIэ тишIынэу арэп, Ащ тыфэлажьэмэ – шъхьафитныгъэ шъыпкъэр къэдгъотыщт.

Шъыпкъэ, Христос IорышIэ зыфэтшIымэ, тшIокIодынхэри къыхэкIыщтых. Щыдгъэзыенхэ фаеу зыфэтIуагъэхэу псэкIодымрэ шIу зызэрэтлъэгъужьырэмрэ зэхэтфыгъахэх, ныбджэгъухэри тшIокIодынхэкIи мэхъу. Ау къычIэтынэрэм фэдэ пчъагъэ ахэмэ ачIыпIэ иуцожьыщт. КъызшIогъэшIыгъуаеу ыкIи гъэшIэгъон дэдэу Христос тызфигъасэхэрэм ыкIи христианым ищыIэныгъэ ахэлъыр – Христос игъогу тытетэу тэ зытшIокIодыжьмэ, зытет шъыпкъэмкIэ зыкъэдгъотыжьыгъэу ары къикIырэр. УишIоигъоныгъэ пстэури щыбгъэзыеныр – ар о уизэрэщыт шъыпкъэр къэбгъотыныр ары. О пшъхьэ пае ущыIэмэ – узэкIокIыгъ ыкIи зыогъэкIодыжьы. Христос пае ущыIэмэ – акъылышIуагъ ыкIи щыIэныгъэ шъыпкъ. Христосрэ къытпэблэгъэ цIыфхэмрэ тафэлажьэзэ, зытшIокIодыным тыфаеу охъуфэ, зыкъэдгъотыжьыным иIоф тыфежьэн тлъэкIыщтэп.

А шъыпкъагъэр ыгъэлъэшыным пае Исус дунэе псаумрэ зы нэбгырэм ыпсэрэ зэпигъэуцугъэх. ЕтIанэ зэрарымрэ чарэмрэ къакIэупчIагъ. ГущыIэм фэшI, къэупчIэ Ар, дунэе псаур уиIэ мэхъушъ, о укIодмэ, чарэу сыда ащ хэпхырэр? Ащ игъогу утетыныр зэкIэми анахь федэ хъун Iофэу зэрэщытыр пшIошъ егъэхъу. Сыда пIомэ Ащ игъогу утетыным къикIырэр о зыкъэбгъотыжьыныр ары, ау о пшъхьэ уигугъоу, Ащ уфэмышъыпкъэмэ, зыогъэкIодыжьы ыкIи мыкIодыжьын гъашIэ бгъотырэп – сыд фэдэ мылъку а уахътэм къыкIоцI зэдгъэгъотыгъэми. Сыда ауштэу зыкIэхъурэр? АпэрэмкIэ, зэрэдунаеу зыIэкIэдгъэхьан тлъэкIыщтэп. ЯтIуанэрэмкIэ, ар тые хъугъэми, ари зэгорэм кIодыжьыщт. ЯщанэрэмкIэ, ар

щэӀэфэ, уигъэразэрэп. «ЦӀыфым ыпсэ пае сыд уасау ытышъуущтыр?» Ар птынэу икъурэ уасэ щыӀэп. Шъыпкъэ, Исус игъогу тызэрэрыкӀорэм пае ыпкӀэ тэты, ау а гъогум урымыкӀомэ, ащ нахьыбэ текӀуадэ. Ар зыпшӀокӀодыжьыныр ары.

Христос игъогу тырыкӀонэу зыкӀищикӀагъэр, ятӀуанэрэмкӀэ – нэмыкӀ цӀыфхэм тишӀуагъэ ядгъэкӀыным пае. Христос тызкӀэфэӀорышӀэщтыр тэ къытфыхэкӀыщт закъом паеп, нэмыкӀхэми яттыщтым пай нахь. «КъэбарышӀум пае... зыпсэ зышӀокӀодырэм, ар къыгъэнэжьыщт». КъэбарышӀум пае зыфиӀогъэ гущыӀэхэм къарыкӀырэр нэмыкӀ цӀыфхэм КъэбарышӀур ягъэӀугъэныр ары. Христос е Ащ игущыӀэмэ татеукӀытыхьэ зэрэмыхъущтыр зэхэтхыгъах. Джы ащ тырыпэгэн фае, гушӀуагъо хэдгъуатэзэ Ащ къытфихьыгъэ къэбарышӀур цӀыфхэм ядгъэшӀэнэу.

Мы дунэе зэӀыхьагъэм итхьамыкӀэгъо щыӀакӀэ цӀыфыбэмэ агу егъэкӀоды. Псэоу тыкъэнэжьын къодыеми тицыхьэ телъэп. ЦӀыф къызэрыкӀом политикэм ибэджэхъ зэхэлъэшъуагъэ ифагъэу зыкъыщэхъужьы, е цӀи-шъхьи имыӀэу дунэе зэхэтыкӀэм имашинэ пкъыгъо цӀыкӀу горэу хэтэу. Ау христианым ыгу ыгъэкӀоды хъущтэп: Исус игъогу рыкӀорэмэ «чӀыгум ищыгъу» ыкӀи «дунаем инэфын» афиусыгъэба. ГъэучъыӀалъэр зыщэмыӀэм пцэжъыемрэ лымрэ мыкӀодынхэм пае щыгъур агъэфедэщтыгъэ. Христианхэр джаущтэу цӀыфхэр зэщымыкъонхэм фэлэжьэнхэ фае – цӀыфыгъэ шапхъэхэм атетхэу псэунхэмкӀэ ӀэпыӀэгъу афэхъухэзэ ыкӀи хэбзэ унашъохэм язэфагъэ къаухъумэзэ. «Дунаем инэфынэхэшъ», христианмэ янэфынэ къыщагъэжъыун фае. Мамырныгъэм, шӀулъэгъуныгъэм, цӀыф зэфыщытыкӀэхэм, цӀыфхэр зэрэзэхъокӀхэрэм яшъэфхэр ахэмэ къагъотыгъ, арышъ а шъэфхэр цӀыфмэ арагъэшӀэн фае. ЦӀыфхэр зыфэныкъохэр зэрагъотылӀэжьхэу щыӀэнхэм анахь ӀахьышӀоу хэплъхьан плъэкӀыщтыр – христиан шапхъэм уитэу опсэумэ, христиан унэ пшӀэу, Исус Христос икъэбарышӀу инэфынэ къыпхэжъыукӀэу дунаим утетыныр ары.

Ау пстэуми анахьэу Исус игъогу узыкӀырыкӀон фаер – Христос ары. «Сэщ пае зыпсэ зышӀокӀодырэм... ар къыгъэнэжьыщт». КъытэхьылъэкӀырэ Ӏоф горэ зэшӀотхынэу къызытаӀокӀэ, ар дгъэцэкӀэщтми тымыгъэцэкӀэщтми зэлъыты-

гъэр къытэлъэIурэр ары. КъытэлъэIурэр ащ фитмэ е къызэрэтэлъэIурэр фэтшIэн фаеу къыттефэмэ, тигуапэу ащ теуцуалIэ. Джары Христос къызэрэтаджэрэр анахьэу гурыIогъошIоу, IупкIэу пшIошъ зыгъэхъурэр.

Джа дэдэр ары пшъхьэ уиIофхэр къэбгъэнэнхэр «уикъащ пштэн фае» зыфиIорэ гущыIэхэмкIэ къызкIиIорэр. Ежь къытыгъэм нахьыбэкIэ ар къыолъэIурэп. Ар къызэрэтэлъэIурэр къащым пае – къащ. КъытфыхэкIыщт закъом паеп Ащ ыуж тызкIихьан фаер, къытитыгъэм пай нахь, джары анахьэу мэхьанэ зиIэри. Ежь тэ зыкъытитыгъ. Тэ ар лъапIэу къытфыдэкIыщта? ЕжьыркIэ ар нахь лъэпIагъ. Тадэжь къызэкIом, Ятэ ищытхъу къыгъэнагъ, уашъом ифитыныгъи, мэлэIич бэ дэдэмэ зэрагъэлъапIэщтыгъэри ары. Къогъанэ гори ымышIэу зэреуцолIагъэм къыхэкIэу Ащ цIыфыцIэ зыфаригъэусыгъ, Iэщым къыщыхъугъ, шхынлъэм дэлъыгъ, пхъашIэм ипхъэнтIэкIу тесэу Iоф ышIагъ, къоджэ пцэжъыяшэхэр ыгъэныбджэгъугъэх, къащ къызэрыкIом хьадэгъу щигъотыгъ ыкIи типсэкIодхэр ыпщыныгъэх.

Къащыр зытлъэгъукIэ ары ныIэп тшъхьэ тыпымылъыжьэу, Христос ыуж тызихьащтыр. Тэ тикъащ цIыкIухэр Ащ икъащы егъэбылъых. Тэ, тифэшъушэхэм, ащ фэдиз укIытэрэ узырэ езыгъэщэчыгъэ шIулъэгъоу къытфыриIагъэр зэрэиныр зэгорэм тлъэгъумэ, зы гъогу закъу ныIэп тэ къытфэнэжьыщтыр. Сыдэущтэу а шIулъэгъум тыфэмыен ыкIи IудгъэзыкIын е такIыб фэдгъэзэн тлъэкIына?

Ау цIыфыгъэу пхэлъыр пшIомакIэу утещыныхьэмэ, къысэдэIури, Исус игъогу пэчыжьэ зышI. УишIоигъоныгъэхэр зыфэпшIэжьхэзэ, къин умылъэгъоу ущыIэнэу уфаемэ, узфэе шъыпкъэри шIэ, ау христиан ухъуным упымылъ. Ау ор-орэу зыуушэтыжьмэ, зызэбгъэшIэжьызэ ущыIэнэу уфаемэ, угукIэ ащ тхъагъорэ гушIуагъорэ хэбгъуатэу, Тхьэм къыбдигъэшIыгъэ нэшанэмэ уалъыкIахьэу, уищыIэныгъэ гъэшIэгъонэу, Тхьэмрэ къыппэблэгъэ цIыфхэмрэ уафэлэжьэнымкIэ фэгъэкIотэныгъэ уиIэу, ощ пае лIагъэм ин дэдэу узэрэфэразэр тIэкIу нэмыIэми къызщыбгъэлъэгъон гъашIэ бгъотынэу уфаемэ, ащыгъум охътэ лые темыгъашIэу ыкIи къогъанэ гори фэмышIэу уищыIэныгъэ зэрэпсэоу уи-Зиусхьанэу, ыкIи укъэзыгъэнэжьыгъэу Исус Христос ептынэу сыкъыоджэ.

Исус игъогу утехьаным пае ащ фэгъэхьыгъэу унащъо зэрэпшIын фаем бэхэр щыгъуазэхэп. Христиан хэгъэгум къызэрихъухьагъэхэм пае христиан хъугъэхэу зылъытэхэрэр щыIэх. «Мыхъужьыхэ хъущтмэ, аIо ахэмэ, – тэ тыджуртэп, тыбыслъымэнэп, тыбуддистэп, арышъ ащ тыхристианэу къекIы!» НэмыкIхэм зэралъытэрэмкIэ, христиан пIуныгъэ зэрагъотыгъэр екъу, христиан диным икъэшIэжь тамыгъэхэр, христианыр зэрэзекIон фэе шапхъэхэр ашIэх. Ау уянэуятэхэми, пIуныгъэ-гъэсэныгъэу уагъэгъотыгъэми ямылъытыгъэу зыныбжь икъугъэ цIыфы пэпчъ, ежь-ежьырэу ышъхьэ зэрихьажьын елъэкIмэ, Христос игъусэщтмэ е имыгъусэщтмэ ежь рихъухьан фае. Лъэныкъо горэм угъэзэгъэн фае. Аущтэу къодыекIэ, Iофи къини къыпымыкIэу христиан ухъун плъэкIыщтэп. ЫкIи ощ пае ар зыми зэшIуихыщтэп. Ор-орэу ипхъухьан фае.

Аужыпкъэм мы тхылъым мыщ къэсфэ итхагъэу узэджагъэм деогъаштэкIи икъурэп. Исус Тхьэу зэрэщытым ишыхьатмэ ар пшIошъ агъэхъоу пштэ хъущт, аужыпкъэм Ар Тхьэм Ыкъоу зэрэщытми уеуцолIэн плъэкIыщт; дунаим ицIыфхэр мыкIодынхэу къыгъэнэжьынхэм пае къакIуи лIагъэу, тэ тыпсэкIодышIэу ыкIи ащ пае Ар тищыкIагъэу пшIошъы бгъэхъу хъущт. Ау а пстэуми язырызыгъокIи, зэкIэ зэрэзэхэтэуи христиан ташIырэп. Христос ехьылIэгъэ факт гъэнэфагъэхэр ыкIи Iофэу зэрихьагъэхэр пшIошъы хъунхэр – ар апэрэ лъэубэкъу, ау дин шIошъхъуныгъэ шъыпкъэр – гупшысэкIэ теубытагъэ зэрэпшIыгъэр уфыкIэмыгъожьынэу цыхьэ зыфэпшIырэ Iофы хъуныр ары. ЗэхэшIыкIэу уиIэмкIэ ипхъухьагъэм о пшъхьэкIэ Христос зептыпэным укъыфищэн фае.

Сэри нахьыпэкIэ къысшIошIыщтыгъэ Исус къащым зэрэтелIыхьагъэм ихьатыркIэ зэрэдунаеу, зи тиIоф хэмыхьэу зызэрихъокIи, Тхьэм ешIужьыгъэу. КъэсэшIэжьы сшIэн сымышIэу сызэрэхъугъагъэри, сызэрэгубжыгъагъэри, Христос зэрэлIагъэми Ащ тыкъызэригъэнэжьыгъэми сэ къысэхьылIагъэу уасэ афэсшIынэу къызысаIом. Тхьэм сыфэраз

нэужым сынэ къызэригъэплъагъэмкIэ, Ащ ихьатыркIэ слъэгъугъэ сыкъэзыгъэнэжьын горэ зэрэсищыкIагъэм сеуцолIэным нахь баIо сшIэн зэрэфаер; сэ сищыкIэгъэ шъыпкъэр арэу Христос къычIэкIыжьыгъэу сеуцолIэным нахьыби сшIэн фае. Сэ ар си-Къэгъэнэжьакloу зэрэщытым сеуцолIэн фэягъ. А цIэ папкIэр Библием анахьэу къыхегъэщы.

*«Зиусхьаныр – сэ Ар симэлахъу, зыми сыфэныкъощтэп».*
*«Зиусхьаныр – сэ Ар синэфынэу ыкIи Ары сымыкIодэу сыкъэзыгъэнэжьырэр».*
*«О Тхьэ – Оры си-Тхьэр».*
*«Сэ си-Зиусхьанэу Исус Христос ишIэныгъэ зэрэзэгъэшIэщтым шIуагъэу къысфихьыщтым елъытыгъэмэ, зэкIэри пкIэнчъэу сэлъытэ».*

ШIошъхъуныгъэм игъогу техьаным пае ищыкIэгъэ лъэубэкъоу тызтегущыIэрэр ашIынымкIэ бэмэ (сэри сызэрахэтэу) къашъхьэпагъ Ежь Исус Христос игущыIэхэр зыхэлъ сатырэу Библием дэтыр. Ащ къеIо: «Мары, пчъэм сыIутэу сыкъытео. Зыгорэм сымакъэ зэхихэу, пчъэр къыIуихымэ, сихьанышъ, сэ ащ сыдэшхэщт, ежьыри сэ къыздэшхэщт» (Iофхэр 3:20).

Хольман Хант исурэтэу «Дунаим инэфын» 1835 зыфиIорэм а сатырэм имэхьанэ къегъэлъагъо. Оксфорд щыIэ Хибл колледжым хэт тхьэлъэIупIэ унэ цIыкIум а сурэтыр пылъагъ. Илъэс 40 тешIэжьыгъэу ежь Хольман ащ тыришIыкIыжьыгъэ сурэтыр «Паул ЛъапIэ» зыцIэ тхьэлъэIупIэшхом къыщагъэлъагъо. Уахътэм зэблимыхъурэ щыIэп, ау сурэтым символэу хэлъым джыри уегъэсэжьы. Гъэзетэу «Таймс» 1854 илъэсым фитхыгъэ письмэм Джон Пескин къыщеIо:

*«Сурэтым исэмэгу лъэныкъо цIыфым ыпсэ ипчъэр тетэлъагъо. Ар пытэу хэIулIагъ: гъучIыIунэхэмрэ пчъэдадзэхэмрэ улъыигъэх; пчъэм бжалэхэр къешIэкIыгъэх ыкIи ахэмкIэ пчъаблэмэ пытэу япхыгъ, ащкIэ къэтэшIэ ар ныбжьи къызэрэIуамыхыгъэр. Пчъэм ышъхьагъы чэщ бзыур щэхьарзэ, пчъэшхьаIур мэз маткIокIэ, ыкIи коцышъхьэ нэкIхэмкIэ зэхэкIыхьагъэ ... Христос ащ чэщэу екIуалIэ...»*

Христос пачъыхьэ джанэ щыгъ, пэнэ Iэрам, благъэр ышъхьэ телъ, Iэ сэмэгумкIэ остыгъэр ыIыгъэу (дунаим инэфынэр), джабгъумкIэ пчъэм тео.

Сатырэм бэ къыбгуригъаIорэр (Iоф. 3) Христос ытхыгъэу, Лаодикие къалэм щыIэ чылысым ритыжьынэу Иуан фигъэхьыгъэм икIэух дэжь ущыIокIэ. А къалэр джы Турциер зыдэщыIэм итыгъ. Лаодикиер хэхъо ин зышIырэ къалэу щытыгъ, шэкIхэр, щыгъын дэгъухэр щашIыщтыгъэх, медицинэмкIэ еджапIэу дэтыгъэм нэм реIазэхэу, цIэрыIо хъугъэ уцыр къыщашIыщтыгъэ, банкэ байхэри къалэм дэтыгъэх.

Мылъкоу яIэм къэлэдэсхэр щыпэгыкIхэу хъугъэх, а узыр чылысми лъыIэсыгъ. Ар къызэузыгъэхэм ащыщыгъэх Тхьэм готхэу зыIощтыгъэхэу, къызэрэчIэкIыжьыгъэмкIэ, христиан шъыпкъэу щымытыгъэхэр. Ахэр фэшIыгъэ хьазырэу щытыгъэх ныIэп. Тхьэм иIоф ахэр яшъыпкъэу ыгъэгумэкIыщтыгъэхэп. Гиераполис къыщыкIэчъэрэ псэу трубэхэмкIэ Лаодикие къакIощтыгъэм фэдэхэу, ахэр (Исус зэриIощтыгъэмкIэ) чъыIагъэхэп, стырыгъэхэп, фэбэзыгъэх, арышъ Исус игъогу ыгъэгумэкIыщтыгъэхэп. АгукIэ зэрэфэбэзхэм лъапсэу иIагъэр – ежь-ежьырэу загъэпцIэжьыщтыгъэ. Сыда пIомэ моущтэу оIомэ: «Сэ сыбай, баи сыхъугъ ыкIи зыми сыфэныкъоп», ащыгъум зыдэмышIэжьэу унасыпынчъ, уегъэзыгъ, утхьамыкI, унэшъу ыкIи упцIан.

Джары къэлэ пэгэ, къэлэ баир къызэригъэлъагъорэр! Ахэр нэшъу ыкIи пцIэнэ тхьамыкIэх, щыгъын къызщашIырэ фабрикэ яIагъэми – пцIэнагъэх, нэм зэреIазэхэрэ уц дэгъу яIагъэми – нэшъугъэх, тхьамыкIагъэх – банк баихэр зэряIэхэзи.

Тэри джыдэдэм зыкIи ахэмэ татекIырэп. Тэри, ахэмэ афэдэу, тэIонкIи хъун: «Сэ зыпари сищыкIагъэп». Тпсэрэ тыгурэкIэ къытэгоонымкIэ ахэмэ анахь гущыIэ щынагъо къэгъотыгъуай. Тшъхьэ тыфитыжьэу зэрэтлъытэрэр ары пстэуми анахьэу Христос пэчыжьэ тызышIырэр. УкIэмыупчIэжьынэу тэ Ар тищыкIагъ. Ащ тыкIымыгъумэ тэ цIыфыгъэнчъэу тыхэтышъ, тыпцIан (Тхьэм ыпашъхьэ узэрихьан щыгъыни щыIэп), Тхьэм ишъыпкъагъэ тлъэгъурэпышъ, тынэшъу, Тхьэм ынэшIу зэрэтщэфын тиIэпышъ, тытхьамыкI. Ау Христос шъыпкъагъэм ищыгъын къытщилъэн ылъэ-

кIыщт, къыттеIабэмэ тыкъыгъэплъэжьыщт, ыкIи Тхьэм илъэныкъокIэ баи тишIыщт. Ар тимыгъусэмэ ыкIи Ар къидгъэхьанэу пчъэр Iутэхыфэ тэ – тынэшъу, тыпцIан ыкIи тытхьамыкI.

«Мары, пчъэм сыIутэу сикъытео» – еIо Ащ. Ар цIыфым къыпэшIошIыгъэ горэп, диным фэгъэхьыгъэ романым пае къаугупшысыгъэ нэбгырэп. Ар Назарет щыщ цIыф, ыIуагъэхэм, ишэн-гъэпсыкIэ ыкIи зэлIэм ыуж къызэрэхъужьыгъэм къаушыхьаты – Ар Тхьэу зэрэщытыр. Ар – ти-КъэгъэнэжькIоу къащым раIулIыгъэр ары. ЫIэу пчъэм къытеорэм тыркъо телъ. Ылъакъоу пчъэшъхьаIум тетым гъучIыIунэмэ ялъэужхэр теолъагъох.

ЕтIани Ар – къэхъужьыгъэ Христос. Iофхэм (Iофхэу Иуан къыфигъэнэфагъэхэм) иапэрэ шъхьэ Иуаны Ар къызэрэфэлъэгъуагъэм фэдэу. Ащ ынэхэр мэшIо тхъуабзэм фэдагъэх, ылъакъохэр хьакум щагъэплъыгъэ гъуаплъэм яхьщырыгъэх. ЫмакЪэ псы бэмэ амакъэ фэдэу къэIущтыгъэ, ынэгу зыкIуачIэ ит тыгъэу жъыущтыгъэ. Иуан Ащ ыпашъхьэ зызэрэщычIидзыгъэр бгъэшIэгъонэу щытэп. ГурыIогъуай арэу шIагъор, тэ нэшъухэм, тхьамыкIэхэу пцIанэхэм зыкъытипэсэу къызэрэтфэкIуагъэр.

Ау щытми Исус Христос щыт, тищыIэныгъэ ипчъэ къытео ыкIи къытажэ. ШъунаIэ тешъудз, пчъэм Iут, нахь къеIукIэрэп, къыддэгущыIэ, нахь къыттекуорэп. Ар етIани гъэшIэгъоны къэзышIыщтыр сыд Iо фаеми, унэр ежь зэриунэр тыгу къэкIыжьмэ ары. Ежьыр ары, архитекторыр, а унэм игъэпсыкIэр къэзыугупшысыгъэри. Ежь псэолъэшIыти, ар ышIыгъ. Ежьыр ары унэр зиер. ЗэкIэ лъэу ыгъэчъагъэмкIэ унэр ыщэфыгъ. Арышъ, къыугупшысыгъэшъ, ыгъэуцугъэшъ ыкIи ыщэфыгъэшъ, унэр Ежь ий. Тэ унэу тимыем тис ныIэп. ЫблыпкъыкIэ пчъэр къыIуихын ылъэкIыщтгъэ, ау ыIэкIэ къытеоныр нахь къырегъэкIу. КъыфыIутхынэу унашъо къышIыни ылъэкIыщтгъэ, ащ ычIыпIэкIэ тэ аущтэу тшIымэ шIоигъу. Хэти ригъэзырэп игъашIэ хэлэжьэнэу. Ащ къеIо (я 18 сатырэм): «Игъоу къыпфэсэлъытэ...» Унашъохэр къыдигъэкIынхэ ылъэкIыщтгъэ, ау упчIэжьэгъу къыпфэхъумэ регъэкъу. Джащ фэдэх Ащ ишъэбагъэ, иIэсагъэ ыкIи шъхьафитыныгъэу къытитыгъэр.

Ау сыда Исус Христос къихьэ зыкӀышӀоигъор? Ащ иджэуап зэдгъэшӀэгъах. Ар ти-Зиусхьанэу, ти-КъэгъэнэжьакӀоу хъунэу фай.

Тэ тымыкӀодэу тыкъэнэжьыным пае Ар лӀагъэ. Ар къызхэдгъахьэмэ, ихьадэгъукӀэ ыщэфыгъэ шӀугъэхэр зэкӀэ къытитынхэ ылъэкӀыщт. Унэм къихьэмэ, ар ыгъэкӀэжьыщт, кӀишӀыкӀыжьыщт, унэгъо псэолъэ шъхьафхэр ригъэуцощтых. Джаущтэу тиукъэбзыщт ыкӀи типсэкӀодхэр къытфигъэгъущтых. ТигъашӀэу блэкӀыгъэр хиуцӀэрэпхъэжьыщт. Джащ фэдэу Ащ пчыхьэшъхьашхэ къытдишӀынэу, Ежьыри зыдытигъэшӀынэу тегъэгугъэ. А гущыӀэмэ Ащ укӀыгъуныр зэрэгушӀуагъор къарэкӀы. Ащ Ежь Ӏэрылъхьэ зыкъытфишӀызэ, тэри Ежь Ӏэрылъхьэ зыфэтшӀынэу къытэлъэӀу. ТызэнэӀосагъэп, джы тызэныбджэгъу. Пчъэ зэфэшӀыгъэм зэпэӀапчъэ тишӀыщтыгъэ, джы зы Ӏанэ тызэдыпэс.

Исус Христос Зиусхьанэу ыкӀи Бысымэу къытхэхьащт. ТищыӀэныгъэ иунэ джы Ащ ыгъэӀорышӀэщт, аущтэу хъунэу тыфэмыемэ, ащыгъум пчъэр фыӀутхынэуи ищыкӀагъэп. ТипчъэшъхьаӀу къызэрэзэпичэу, ӀункӀыбзэхэр зэкӀэ еттынхэ фае, унэ пстэуми арыхьан ылъэкӀынэу. Канадэм къыритхыкӀи, яплӀэнэрэ курсым щеджэрэ горэм къысфитхыгъагъ: «Унабэмэ яӀункӀыбзэхэр зэкӀэ естынхэм ычӀыпӀэкӀэ... пчъэ пстэуми якӀоу зы ӀункӀыбзэ Христос естыгъ». Ащ пае уфыкӀэгъожьын фае, Ащ тэ зэрэтшӀэу, ыгу римыхьын ылъэкӀыщт пстэури теубытагъэ тхэлъэу, щыдгъэзыен фае. Ар къызщихьащтым ыпэкӀэ нахьышӀум тетэу тыпсэункӀэ арэп. Хьау, Ар къихьанэу тэ тищыкӀагъ, сыда пӀомэ тэр-тэрэу зыфэдгъэгъужьын ыкӀи нахьышӀу зытшӀыжьын тлъэкӀыщтэп. Ау Ар къызихьэкӀэ, зэхъокӀыныгъэу ышӀын ылъэкӀыщтмэ тафэхьазырын фае. Упэуцужьынэу е зэзэгъыныгъэ Ӏоф къыпэпӀэтынэу щытэп. Христос Ӏэрылъхьэ шъыпкъэ зыфэпшӀын фае, уемыдаоу ыкӀи зэзэгъыныгъэ дэмышӀэу. Ащ сыда къикӀырэр? Гъэунэфыгъапэу ар къэстхын слъэкӀыщтэп. Ау изэрэщыткӀэ – ер щыбгъэзыенышъ, Христос ыуж уихьаныр ары.

Угу щэч къехьа? ШӀункӀым ухэтэу Христос ыӀэ зиплъхьаным акъылыгъэ хэмылъэу оӀуа? Хьау, аущтэу щытэп. Къызэрэзэрэщэхэрэм акъылыгъэу хэлъым нахьыбэ мыдрэм хэо-

гъуатэ. Унагъор рагъажьэ зыхъукIэ, хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ, зэзэгъыныгъэ зэдамышIэу, зыр адрэм фэIорышIэ. АпэкIэ къэтыр ахэмэ ашIэрэп. Ау шIу зэрэлъэгъух ыкIи цыхьэ зэфашIы. Ахэмэ зэрэштэнхэу гущыIэ къаты, «мы мафэм къыщегъэжьагъэу ыIыгъынэу, дэгъуми, дэйми, байми, тхьамыкIэми, псауныгъэ иIэми, сымаджэми; хьадэгъум зэкIерэчыфэхэ шIу зэрэлъэгъунхэу ыкIи зэрэгъэлъэпIэнхэу». Зы цIыфым аущтэу адрэ цIыфым цыхьэ фишIын елъэкIымэ, сыдэущтэу Тхьэм Ыкъо цыхьэ фэтымышIын тлъэкIына? Анахь цIыфышIум ыIэ зиплъхьаным нахьи бэкIэ нахь Iушыгъэ хъущт Тхьэм Ыкъо Христос Iэрылъхьэ зыфэпшIыныр. Исус гъэшIэным къумалыгъэ къыхэфэщтэп ыкIи цыхьэу фэтшIыгъэмкIэ тыкIигъэгъожьыщтэп.

Адэ сыд тшIэн фаер? ЫпэрапшIэу Ащ ымакъэ зэхэтхын фае. Ащ фэдэ тхьамыкIэгъо амал ренэу щыI – зэхэзымыхрэ тхьакIумэмкIэ Христос зыфэбгъэзэнышъ, Iушъэшъэ макъэкIэ къызэрэуаджэрэр зэхэмыхы зыпшIынэу. ТыгукIэ мыхъун зэрэзыдэтшIэжьыгъэм пае загъорэ Христос ымакъэ зэхэтэхы, е тизэхэшIыкI лъыхъозэ къегъоты. НэмыкIэуи зэхэтхын тлъэкIыщт: псэкIодшIэным тыхафэмэ, тищыIэныгъэ нэкIэу ыкIи пкIэнчъэу къытщыхъумэ, дэхагъэм, къэбзагъэм тафалIэмэ, зыгорэ ттырахыгъэмэ, уз е щынагъо зэхэтэшIэмэ – а пстэуми Исус ымакъэ зэхытагъэхын алъэкIыщт, пчъэм ыкIыб дэтэу ыкIи къыддэгущыIэу. Ащ ымакъэ зэхэтхы къэс тедэIун фае. «ТхьакIум зиIэм зэхерэх» – еIо Христос.

ЕтIанэ пчъэр къыIутхын фае. Ащ ымакъэ зызэхэпхыкIэ, пчъэм къытеомэ, къыIупхын фае. Пчъэу фызэIутхырэр – Исус Христос ти-КъэгъэнэжьакIоу зэрэщытыр тшIошъы зэрэхъурэм, ти-Зиусхьанэу IорышIэ зызэрэфэтшIырэм янэрылъэгъу шыхьат.

Ар – зыдэпшIэжьжу IофшIэгъэ гъэнэфагъ. Урым глаголыр чIыпIэу зыдэщытым ащкIэ щэч уигъэшIыжьырэп. Ау щыт къодыеу пчъэр къызэIукIын ылъэкIыщтэп. КъыIущэикIыгъэуи ар щытэп. Пчъэр егъэтыгъ ыкIи ар къыIухыгъэн фае. Ащи блэкIышъ, ар Христос Ежь къызэIуихыщтэп. Хольман Хант исурэты иты пчъэм IэубытыпIэ иIэп, къопс иIэп пчъэр къырыпкъудыинэу. СурэтышIэм ар фэшIэу ышIыгъэу аIо, IэубытыпIэр пчъэ кIоцIымкIэ зэ-

рэщыӀэр къыгъэлъэгъонэу. Христос къытео къыӀузыхын фаер тэры.

Ар шъхьаджи изакъоу зэшӀуихын фэе Ӏоф. ЗэрэщытымкӀэ, тхыгъэр чылысым пае тхыгъэ, Лаодикие дэт чылысэу «мыфэбэм ыкӀи мычъыӀэм» пае. Ау ар нэбгырэ пэпчъ къедао. «Зыгорэм (къикӀырэр – хэтми ары) сымакъэ зэхихэу, пчъэр къыӀуихмэ, ащ ыдэжь сихьащт». Шъхьаджи рихъухьанышъ, а лъэубэкъур ышӀын фае. НэмыкӀ горэми ар ощ пае ышӀэщтэп. Ны-тыхэм, христиан кӀэлэегъаджэхэм, ныбджэгъухэм, дин пащэхэм гъогур къагъэлъэгъон алъэкӀыщт, ау оры, о пӀэ закъу пчъэдадзэр дихынышъ, пчъэкъопсым теӀункӀэн зылъэкӀыщтыр.

Ар – зэбгъэпшэн щымыӀэ ӀофшӀэн. Фэдэ лъэубэкъур ягъашӀэкӀэ зэ зэрашӀырэр. Христос къызихьэкӀэ, унэ кӀоцӀымкӀэ Ащ пчъэр къыригъэтынышъ, къыхиӀулӀэжьыщт. ПсэкӀодым кӀашъом дигъэкӀоен е чӀыунэм чӀигъэхьан ылъэкӀыщт, ау къызэрыхьэгъэ унэр Ащ ныбжьи ыбгынэжьыщтэп. «Уизакъоу укъэзгъэнэщтэп ыкӀи усыбгынэщтэп» – еӀо Ащ. МэлэӀичым ытэмэ шъыпкъэхэр къыбгокӀагъэхэу узыгъэгумэкӀыщтыгъэмэ укъахэкӀыжьынэу сэ сӀорэп. НэгъэупӀэпӀэгъум къыкӀоцӀ щыкӀагъэ зимыӀахэ цӀыфы икъугъэу ухъунэу сӀорэп. НэгъэупӀэпӀэгъукӀэ христиан ухъун ылъэкӀыщт, ау христиан икъугъэ ухъущтэп. Секунд заулэкӀэ Христос къихьанышъ, псэкӀод уимыӀэжьэу уишӀын, къыпфигъэгъун ылъэкӀыщт, ау уишэн-гъэпсыкӀэ зэблихъунышъ Ежь ыкӀуачӀэкӀэ цӀыф шъхьафы уишӀыжьыным бэкӀэ нахьыбэу уахътэ текӀодэщт. Къэзэрэщэхэрэр зэлӀ-зэшъузы хъуным такъикъ заул ныӀэп ищыкӀагъэр, унэгъо шӀэным иӀоф мыухыжьмэ илъэсыбэ зыдахьыщт нэбгыритӀур зы нэбгырэ фэдэу зэгурыӀохэу охъуфэ. Арышъ, Христос тштэ зыхъукӀэ, нэгъэупӀэпӀэгъум къыкӀоцӀ ыӀэ зитэлъхьэшъ, тыщэӀэфэ зедгъэкӀущт.

Ар – джыдэдэм шӀэгъэн фэе Ӏоф. ИщыкӀагъэм нахьыбэрэ шъуемыж. Уахътэр макӀо. Къэхъущтыр гъэнэфагъэп. Ащ нахь чӀыпӀэ дэгъу ныбжьи шъуимыфэжьынкӀи мэхъу. «Неущырэ мафэмкӀэ узыщымытхъужь, сыда пӀомэ ащ къыздихьыщтыр пшӀэрэп» (Сэлмэн игущыӀэжъхэм 27:1). «Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэ къеӀо, джы Ащ ымакъэ зызэхэшъухкӀэ, шъугу-

хэр гуркъэхэу щышъумыгъэт» (Еврей. 3:7,8). Нахь цIыфышIу е Христос епэсыгъэу сэхъуфэ, е зэкIэ сиIофхэр сыуххэмэ ары шъуIозэ, игъор блэшъумыгъэкI. Исус Христос Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр ыкIи Ар укъыгъэнэжьыным пае зэрэлIагъэр пшIошъы мэхъумэ, джар икъущт. Адрэ пстэури зыщигъом къэкIощт. Iофым уфежьэн зэрэфаер угукIэ лъэшэу зэхэошIэмэ, игъор темыгъэшIэжь.

Ар – шIокI имыIэу шIэгъэн фаер ары. Шъыпкъэ, христиан щыIэныгъэм ащ нэмыкI Iаджи къыхэхьэ. НэужыкIэ зэрэтлъэгъущтэу, ащ къыхэхьэщтых чылысым ицIыфхэр пшIэнхэр, Тхьэр зышIоигъор нафэ къызфэпшIынышъ, ащ урыгъозэныр, Тхьэмрэ цIыфхэмрэ уафэлэжьэным ишIуагъэрэ ар къызэрэбгурыIорэмрэ ахэхъоныр; ау мы лъэубэкъур – пэубл ыкIи ар нэмыкI горэкIи зэблэпхъун плъэкIыщтэп. ЗэхэшIыкIэу уиIэмкIэ Христос пшIошъ хъун ыкIи Ар лъэшэу бгъэшIэгъон плъэкIыщт. Пчъэр зэпагъо пшIыгъэу Тхьэм уелъэIун плъэкIыщт (сэ илъэсыбэрэ зэрэсшIыгъэу), гукIэгъу къызфебгъэшIынэу, пчъэ чIэгъым ахъщэ жъгъэйхэр фычIэбгъэпшынхэ плъэкIыщт; уцIыфышIоу, шэнышIоу, шъыпкъагъэ пхэлъэу уцIыф дэгъун плъэкIыщт; диныр пшIошъ хъун, зябгъэумэхъын плъэкIыщт; дин философием куоу ухэхьан плъэкIыщт; Тхьэмрэ дин шIэныгъэмрэ уапылъын, аужыпкъэм дин пащэ ухъун плъэкIыщт – ау а пстэуми аужи пчъэр Христос пае къыIумыхын плъэкIыщт. Ар сыдкIи зэблэпхъун плъэкIыщтэп.

Университетым ипрофессор горэм игъэшIэ гъогу къытхыжьзэ, автобусым ышъхьэ тесэу зэгорэм зэрэкIогъагъэр къеIотэжьы:

> *«... гущыIэ хэмытэу ыкIи (аущтэу сегупшысэ) теплъэ гори имыIэу зыгорэущтэу сэ сызэгупшысэжьыгъ. Зыгорэ зыIэкIэсымытIупщы е спэблагъэ зесымыгъэшIы сшIоигъоу къызгурыIуагъ. Е, шъуфаемэ, щыгъын пытэ горэ, бгъэкIапхэм къэларкъыщым ыкIышъо фэдэу сщыгъэу къысщэхъу. Джащыгъум, джа чIыпIэ шъыпкъэм шъхъафитэу сыхэдэн слъэкIынэу амал къысатэу къысщыхъущтыгъ.. Пчъэр къыIусхын е зэрегъэтыгъэу къэзгъэнэн слъэкIыщтыгъэ. Ашъоу стелъыр зытесыдзын е къызтезгъэнэн слъэкIыщтыгъэ. СшIэн слъэкIыщтмэ ащыщ гори пшъэрылъ*

*фэдэу къысшыхъущтыгъэп ыкIи пчъэр Iусхыным е щыгъын пытэу сщыгъыр зытесыдзыным пэшIорыгъэшъэу къэпшIэн умылъэкIын горэ къызэрарыкIрэр сшIэщтыгъэми, щынагъуи, ащ фэдэ къызхэкIыни зэхасшIэщтыгъэп. Пчъэр къыIусхынэу исхъухъагъ, вожхэри згъэлэлэнхэу. Исхъухъагъ сэIо, ау зэрэщыт шъыпкъэмкIэ, ащ пыщыт сшIэн сымылъэкIыхэнэу къысщыхъущтыгъэ».*

Профессорэу К. Льюис ыгу ихъыкIыгъэхэр джаущтэу къыщетхыжьых «СигъэгушIоу згъэшIэгъуагъэр» зыфиIорэ тхылъэу ытхыгъэм.

Зы бзылъфыгъэ цIэрыIо горэ, КъэбарышIур зыгъэIурэ цIыфхэм язэIукIэ зыщаухырэм, зэкIэхэм апашъхьэ къиуцуагъ, Билли Грэм зэриIуагъэм тетэу. Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащыщ горэм нэIуасэ зыфашIэм, ащ, бзылъфыгъэм ищыIэныгъэ джыри Христос Iэрылъхьэ зэрэфимышIыгъэр ащ зыраIом, джыдэдэм, мы такъикъым Тхьэм елъэIунэу къыриIуагъ. ЫIшъхьэ риуфэхи, бзылъфыгъэм къыIуагъ: «ЗгъэлъапIэу Зиусхьанэу Исус! ДунаимкIэ анахьэу сызыфаер О сыгу щыщы ухъунэу ары, Амин!»

Шъэожъые Iэтахъор тхьаумэфэ пчыхьэ горэм зэрыс унэм ит пIэкIорым ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ итIысхьагъ. КъызэрыкIоу, ау теубытагъэ иIэу ищыIэныгъэ зэрэщыгъоцагъэр Христос риIуагъ, ипсэкIодмэ яуцолIэжьыгъ, ежь пае Христос зэрэлIагъэмкIэ зэрэфэразэр риIуагъ ыкIи ищыIэныгъэ къыхэхьанэу елъэIугъ. КъыкIэлъыкIорэ мафэм ащ ихъугъэ-шIагъэхэр зыдитхэрэ тхылъ дитхагъ:

*«Тыгъуасэ шъыпкъэ дэдэмкIэ бэ хъугъэр! ... Джы нэс Христос сэркIэ чыжьагъэ, Iэрылъхьэ зыфэсшIыным ычIыпIэкIэ, сэ Ащ сигъэгъозэнэу ары ныIэп сызэрелъэIущтыгъэр. Ары шъхьае Ежь пчъэм къытеошъ щыт. Сэ Ащ ымакъэ зэхэсхыгъ ыкIи сиунэ къизгъэхьагъ. Ащ сиунэ ыукъэбзыгъ ыкIи джы тетыгъор щиIыгъ...»*

Зы мафэ зытешIэми:

*«Мэфэ реным шъыпкъэ дэдэмкIэ гушIогъошхо, гушIогъуакIэ зэхэсшIагъэ. Ар – дунаем уекIоу утетыным ыкIи Тхьэм укIыгъуным*

*ягушIуагъу. Сэ Ащ сызэригъэIорышIэрэр ыкIи нахьыпэкIэ Ащ изытет шъыпкъэ зыгори зэрэхэсымышIыкIыщтыгъэр джы сыдэу дэгъоу къызгурыIора…»*

Мыхэр сэ сихъугъэ-шIагъэхэр зыдастхэрэ тхылъ къыдэхыгъэ пычыгъох. Ахэмэ ягугъу къызкIэсшIырэр – сэ сымышIыгъэ лъэубэкъур шъо шъозгъэшIы сшIоигъоу къышъушIомышIыным пай.

О ухристиана? Шъыпкъагъэ зиIэ христианэу ущыта? О уиджэуап зэлъытыгъэр нэмыкI упчI – чылысым окIуа, омыкIуа, шIошъхъуныгъэм илъапсэхэр пшIошъ мэхъуа, хьаумэ пшIошъ хъурэп, уищыIэныгъэ къабзэу зэохьа, хьаумэ земыхьа (а пстэуми мэхьанэ яIэу зэгорэм къычIэкIыжьыщтми) зыфэпIощтхэр арэп, джэуапыр зэлъытыгъэщтыр мыщ фэдэ упчI: уипчъэ исыдрэ лъэныкъо щыта Исус Христос? ЫнэIуа, ыкIыба? Джары анахь мэхьанэ зиIэр.

Христос пчъэр фыIупхыным уфэхьазырынкIи мэхъу. Аущтэу пшIыгъэмэ, е умышIыгъэмэ уицыхьэ зытемылъыжьымэ, къысэдэIу – ар пшIошъ бгъэхъунэу зекIо, къэлэмкIэ тхыгъэр мэрчэпкIэ къэбгъэчъыхьажьыщтми (зыгорэм зэриIуагъэу).

Тхьэм уелъэIуным пае, уизакъо зыпшIынэу къыосэIо. Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ уипсэкIодмэ яуцолIэжьыри, щыгъэзыех. Ощ пае ыкIи о пчIыпIэкIэ зэрэлIагъэм пае Исус Христос щытхъу фэшI. ЕтIанэ пчъэр Iухри, уи-КъэгъэнэжьакIоу ыкIи уи-Зиусхьанэу уадэжь къихьанэу Ащ елъэIу.

УгукIэ къэпIон плъэкIыщт тхьэлъэIум, ишIуагъэ къыокIынкIи мэхъу.

*Зиусхьанэу Исус Христос, сэ сигъогукIэ сызэрэкIощтыгъэм сеуцолIэжьы. СыгукIи, сигущыIэкIи, сиIофкIи псэкIод сшIагъэ. СипсэкIодхэм сафыкIэгъожьы. СафыкIэгъожьзэ, ахэр IэкIыб сэшIых. О ппкъышъолкIэ сипсэкIодхэр пхъыхэзэ, сэщ пае узэрэлIагъэр сшIошъ мэхъу. ШIулъэгъуныгъэ ин дэдэу уиIэм пае щытхъу пфэсэшIы, сыпфэраз.*

*Джы сэ пчъэр къыIусэхы. Къихь, Зиусхьанэу Исус! СымыкIодэу сыкъэбгъэнэжьынэу къихь ыкIи сыкъэукъэбз. Къихь сэркIэ у-Зиусхьанэу ыкIи О сыгъэIорышI. Ощ пае сылэжьэщт, сыда*

*пIомэ Оры сэ кIуачIэ къысэзытырэр, сищыIэныгъэ зэрэпсаоу къысэзытырэр. Аминь.*

Шъыпкъэу угукIэ аущтэу Исус уелъэIумэ, уиунэ къызэрихьагъэм пае Христос щытхъу фэшI. Сыда пIомэ къызэрихьащтыр Ащ къыIогъагъ. Ащ гущыIэ къытитыгъ. «Зыгорэм сымакъэ къызэхихэу, пчъэр къыIуихмэ, ыдэжь сихьащт ...» ЗэхэпшIэхэрэм зямгъэгъэгумэкI, гущыIэу къытыгъэр пшIошъ гъэхъу ыкIи ар зеригъэцэкIэжьыгъэм пае щытхъу фэшI.

# 11. Христианэу ущытыныр

Мы тхылъым иаужырэ Іахьыр зыфэгъэхьыгъэхэр – ищыІэныгъэ ипчъэ Исус Христос къыфызэІузыхыгъэхэр арых. Ахэмэ Ащ ІэрылъхьэзыфашІыгъ. Зэрэхъурэмкlэ, христиан щыІакІэр аублагъ. Ау христиан ухъуныр – ар зы, христианэу ущытыныр – ар шъхьафы. Джы «христианэу ущытыным» къикІырэм тегупшысэн фае.

Лъэубэкъу къызэрыкІо пшІыгъэ: уи-КъэгъэнэжьакІоу ыкІи уи-Зиусхьанэу Христос уадэжь къэкІонэу уелъэІугъ. Ащ дэжьым къыохъулІагъэм епІолІэщт закъор – шІэгъо дэд. Тхьэм ынэшІу къыпщымыфагъэмэ, уипсэкІодхэм уафыкІэгъожьыщтгъэп ыкІи Ар пшІошъ хъущтгъэп, джы о Ащ щыІэныгъакІэ къыуитыгъ. ИкІэрыкІэу укъэхъужьыгъ. Тхьэм ибын ухъуи, иунагъо ухэхьагъ. КъыохъулІагъэр зэхэмышІагъэнкІи мэхъу – уянэ укъылъфы зэхъум къыохъулІэрэр зэрэзэхэмышІэгъагъэм фэдэу. О угукІэ упсэкІэ зэрэпхахъорэм – щыщ Іахь о уизэхэшІыкІ къызэрэкІорэр, узылІэужыгъор къызэрэбгурыІорэр. Ау щытми укъызэхъум, ышъхьэ фитыжь нэбгырэу дунаем укъытехьагъ, мыдрэри джащ фэд: УгукІэ икІэрыкІэу укъызалъфыжьым, Христос угу зэрилъым пае Тхьэм укъигъэшІыжьыгъэу хъугъэ.

Ау (аущтэу уегупшысэнкІи мэхъу) Тхьэр цІыфмэ зэкІэмэ Ятэба? ЦІыфхэр зэкІэ – Тхьэм ибынхэба? Ары ыкІи хьау! Шъыпкъэ, Тхьэр – зэкІэ КъэзыгъэшІыгъэр ары, хэти ищыІэныгъэ Ащ къыкІэрыкІыгъ (еплъ Іоф. 17:28). Ау Библием ар тІоу егощы: Тхьэр дунэе цІыфлъэпкъым Ежь икъэгъэшІыгъэм зэрэфыщытымрэ, тыр исабый зэрэфыщытым фэдэу, Исус Христос ихьатыркІэ щыІэныгъакІэ зыгъотыгъэмэ зэрафыщытымрэ. КъэбарышІоу ытхыгъэм ипэублэ Иуан ар моущтэу къыдгурегъаІо:

> *«Ежь (Исус) ихэгъэгу къэкІуагъ, ау ицІыфхэм Ежьыр аштагъэп. Ау Ежьыр зэкІэ зыштэгъэ цІыфхэу ежьымкІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэр Тхьэм ибын хъунхэу фитыныгъэ аритыгъ.*

Тхьэм ибынхэр – Тхьэм къыкІэрыкІыгъэхэр арых ыкІи ящыІэныгъэ Христос хагъахьи, Ащ ыцІэ ашІошъ хъугъэ.

Ащ елъытыгъэу сыда «Тхьэм ибын» пIомэ къикIырэр? Сыдрэ унагъуи зэрэщыщытым фэдэу, ащ фэгъэкIотэныгъэхэр пшъэдэкIыжьи къызэдеубытых. Ахэр тлъэгъунхэм пае, джыри тыплъэн фае.

## Христиан фэгъэкIотэныгъэхэр

Тхьэм ибын щыщы хъугъэхэм икIэрыкIэу къэхъужьыгъэхэм зыфэдэ мыхъурэ фэгъэкIотэныгъэу яIэр – ахэр Тхьэм зэрепхыгъэхэр ары.

А зэфыщытыкIэхэм тяплъын.

*Зэпэблэгъэ зэфыщытыкIэхэр*

Мыщ ыпэкIэ тлъэгъугъэ типсэкIодхэм Тхьэм пэчыжьэ тызэрашIыгъэр.

НэмыкI гущыIэкIэ къэпIон зыхъукIэ, чIыгум и-ХьыкумэшIы тигъэмысэщтыгъэ. Ау джы, Христос ихьатыркIэ, тимысагъэ зытезылъхьажьи, шIошъхъуныгъэу тшIыгъэмкIэ тызгохьагъэм, «Тхьэм шъыпкъагъэ тиIэу телъытэ», ащ къикIырэр Тхьэм тиштагъ ыкIи Ащ ыпашъхьэкIэ тыкъабзэу хъугъэ. Тызыгъэмысэщтыгъэр Тятэ хъужьыгъэ. «Ты лъапIэм шIулъэгъоу къытфыриIэм шъуегупшыс, ‘шъо шъусибын’, еIо. Ежь ибынхэуи тыщыт», – ытхыщтыгъэ Иуан. «Тыр» ыкIи «Ыкъор» – а цIэ лъэпитIур Исус Тхьэмрэ Ежьыррэ афиусыгъ; тэри а цIэ дэдэхэр дгъэфедэнхэу фит тешIы! ГузэфихыныгъэфыщытыкIэ шъэфэу Тхьэм фыриIэм щыщ горэ Ежь тыригъусэу дэдгощынэу фиты тешIы. Тиэрэ иящэнэрэ лIэшIэгъум ыгузэгу Карфаген епископэу дэсыгъэ Киприан, Зиусхьаным итхьэлъэIу къытегущыIэ зыхъукIэ, ар дэгъоу къегъэлъагъо:

> *«Сыдэу къытфэшъэбэ дэда Зиусхъаныр! Сыдэу инха гукIэгъоуи ишIушIэ нэхъоеуи къытитхэрэр; Тхьэм телъэIунэу унашъо къызэрэтфишIыгъэм теплъымэ, Тхъэр Тятэу тэ Ащ тырибын тIозэ, Ежъ Христос Тхъэм ЫкIъоу зэрэщытым фэдэу – а цIэр къыIонэу зыгорэми гу тыришIыхьэныеп Ащ Ежъым джаущтэу Тхъэм телъэIунэу фиты тимышIыгъагъэмэ».*

НэшIошIыгъэ хэмылъэу джы Зиусхьаным итхьэлъэIу къатIозэ тшIын тлъэкIыщт. Нахьыпэм гущыIэмэ зи къарымыкIырэм фэдагъ, джы ахэмэ шIугъэр зыхэлъ мэхьанакIэ яIэ хъугъэ. Тхьэр – шъыпкъэм теткIэ о уашъом щыIэ Тят , тэ темылъэIузэ, тызфэныкъохэр Ащ къешIэх ыкIи ибынхэм шIу афишIэным Ар езэщыщтэп.

Ащ ыIэкIэ зэхъокIыныгъэ горэхэр тигъашIэ загъорэ фэхъунхэ ылъэкIыщт, сыда пIомэ «Зиусхьаным шIу ылъэгъурэр егъэдаIо; хэти ибын фэдэу ыдэрэми къин регъэщэчы» (Еврей.12:6). Ау мыщ дэжьми Ар ибынхэм фэдэу къыддэзекIо ыкIи тэ шIоу къыддэхъущтым пае тегъэпщынэ. Ащ фэдэу шIу тызылъэгъоу, акъылышIоу ыкIи кIочIэшхом тыригъусэмэ, щынэгъо пстэури тшъхьащыкIыщт (еплъ Маттэ 6:7-13, 25-34, 7:7-12, Ащ тызэригъэпщынэщтымкIэ – Еврей.12:3-11).

*Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ зэфыщытыкIэ*

Христианыр Тхьэм зэрэфыщытыр – сабыир ятэ зэрэфыщытым фэдэу гузэфихыгъ ыкIи цыхьэшIэгъуи хэлъ. НахьышIум бэхэр щэгугъых ныIэп. Ары шъхьае ар зэбгъэшIэпэн плъэкIыщт.

Ащ уицыхьэ телъыпэн ылъэкIыщт. Ар Тхьэр зышIоигъоу нафэ къытфишIыгъэр ары. Тхьэм тызэрепхыгъэм тицыхьэ зыкIытелъын фаер тизэхэшIыкIи гупсэфэу, нэмыкIхэми IэпыIэгъу тафэхъун закъом паеп, Тхьэр фэягъэшъ ары тицыхьэ телъынэу. Иуан теубытэгъэ ин хэлъэу къеIо: апэрэ тхылъыр ытхы зэхъум а дэдэр ары ащ къыщиIо шIоигъуагъэр: «Шъо Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъугъэ зиIэхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэр шъушIэным пае, мы Iофхэр къышъуфэсэтхых».

Ау уицыхьэ телъыныр – ар уицыхьэ зэрэтелъыр зэхэпшIэн закъор арэп. Христиан щыIакIэр аублэгъэ къодыеу а хэукъоныгъэр бэмэ ашIы. ЗэхашIэрэ закъом щэгугъыщэх. Непэ Тхьэм зэрэпэблагъэхэр зэхашIэ, неущы пэчыжьэ хъугъэхэу къащэхъу. ЕтIанэ зэхашIэрэм агу илъ шъыпкъэр къегъэнафэу алъытэшъ, яцыхьэ зэрэзытемылъыжьым зэрегъэкIокIых. ЯщыIэныгъэ зыпкъ имытэу зэкIэлъэкIо – хъэренэм

исхэм фэдэу, лъагэ зыхъухэкIэ, гушIохэу, къефэхыжьхэмэ, гукIодыгъом IэкIафэхэу.

Аущтэу хэукъоныгъэкIэ ущыIэнэу Тхьэм ибынхэм афыхихыгъэп. ЗэхапшIэрэмэ ащ фэдизэу цыхьэ афэмышIынэу зебгъэсэн фае. Ахэмэ псынкIэу зызэблахъу. ОшIуа, уая, Iофхэр зэрэкIохэрэр, псаунышгъэм изытет – ахэмэ ялъытыгъэх ахэр. Тэ зыпкъ ит шэн-гъэпсыкIэ тиIэп. Сэхъуджагъи къытхэфэ, тыгукIи тызэокIы, ыкIи Тхьэм фыщытыкIэу тиIэм шIукIэ зэрэхахъорэр тизэхашIэмэ зызэрэзэблахъурэм нахьыбэрэмкIэ зыкIи епхыгъэп.

Тхьэм фыщытыкIэу фытиIэм ылъапсэр – тэ зэхатшIэрэр арэп, ащ ехьылIагъэу Тхьэм къыIорэр ары нахь. ЗызэрэтыуплъэкIужьырэ шIыкIэм шъыпкъагъэ хэлъыщт. Тхьэм тызэригъусэр къэзыушыхьатыщтмэ талъымыхъоу, тыдэплъыен фае Тхьэмрэ Ащ игущыIэрэ тлъэгъунхэу. Ау тыдэ ар къыщыдгъотыщта – Тхьэм игущыIэу, Ащ тызэрибыныр тшIошъ зыгъэхъущтыр?

АпэрэмкIэ, Христос зыштэхэрэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ агъотынэу Тхьэм и-ГущыIэ Тхыгъэ гугъэ къыщытеты. «Шыхьатныгъэр мары: Тхьэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытитыгъ, а мыкIодыжьын щыIэныгъэри Тхьэм Ежь Ыкъо иIэмыркIэ къытитыгъ. Къо лъапIэр зыгу илъ цIыфым а щыIэныгъэ иI. Къо ЛъапIэр зыгу имылъым а щыIэныгъэ иIэп» (1 Иуан 5:11-12). ЗэрэхъурэмкIэ, мыкIодыжьын щыIэныгъэ тиIэу шъырытэу тшIошъ зэрэхъурэм лъэпсэнчъэу тызщыгугъыжьыщэу къикIырэп. КъикIырэр шъхьаф шъыпкъ, Тхьэм игущыIэ пшIошъ хъуныр пэгагъэп, шъырытыгъ нахь, зышIошIыжьыныгъэп, акъылышIуагъ нахь. АщкIэ щэч угу къехьэмэ, ар делагъэ ыкIи псэкIод, сыда пIомэ «ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зимыIэм Тхьэр пцIыусэу ыIуагъэу мэхъу, сыда пIомэ Тхьэм Ежь Ыкъо шыхьатныгъэу фишIагъэр ышIошъ хъугъэпышъ ары» (1 Иуан 5:10).

Библием Тхьэм тыкъызэригъэгугъэрэ Iофыбэ ит. Акъыл зиIэ христианым ахэр псынкIэу икъэшIэжьы ригъэубытынхэм пылъ. Нэужым, гукIодыгъом имафэ зифэкIэ, Тхьэм тыкъызэригъэгугъэхэр, машэм къикIыжьыным пае, кIапсэм фэдэу ыгъэфедэнхэ ылъэкIыщт.

Мары езбырэу зэбгъэшIэнхэу уфежьэным пае сатыр

заулэ. Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэхэри сатыр пэпчъым хэлъых.

*Ты ЛъапIэм къыситырэ цIыф пстэури садэжь къэкIощтых, хэт щыщми садэжь къакIорэри IузгъэкIыжьыщтэп: Иуан 6:37*

*Ахэмэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ ясэты, егъашIэми кIодыжьыщтхэп: Иуан 10:28*

*Сэ ренэу сышъуигъусэщт, шъуизакъоуи шъукъэзгъэнэжьыщтэп: Маттэ 28:20; Еврей. 13:5,6*

*Тхьэр шъыпкъэ, зэрэшъулъэкIыщтым блэкIэу, псэкIод шъушIэнэу дэзыхъыхын Iоф горэ шъуапэ къифэнэу фит ышIыщтэп: 1 Кор. 10:13*

*ТипсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьэхэмэ, ар шъыпкъэу ыкIи зафэу зэрэщытым пае, типсэкIодхэр къытфигъэгъущтых: 1 Иуан 1:9*

*Зыгорэм изэхэшIыкIыныгъэ щикIагъэ иIэмэ, Тхьэм ерэлъэIу, ащи зэхэшIыкIыныгъэ къыритыщт: Якъубэ 1:5*

ЯтIуанэрэмкIэ, Тхьэр тыгухэм къадэгущыIэ. ШъыпкъагъэкIэ мы къыIорэмэ шъукъядэIу: «Тхьэм Ежь ЫIпсэ ЛъапIэу къытытыгъэмкIэ ишIулъэгъуныгъэ инэу тыгухэм къарилъхьагъ» ыкIи «а Псэ ЛъапIэм ‘Аввэу Ты ЛъапIэ’ тIоу Тхьэм тырегъаджэ. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Тхьэм тызэрибыныр къыIозэ, тыгухэм ягъусэу къеушыхьаты» (Рим 5:5, 8:15,16). Хэтрэ христиан ащ къикIырэр ешIэ. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ къытфиушыхьатырэр тыгу илъ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэу тэ тигъашIэ щыщым дештэ. Ащ къикIырэр – псынкIэу зызэблэзыхъурэ зэхашIэмэ цыхьэ афэтымышIэу, тыгухэм нахь куу ащыхъурэ шIошъхъуныгъэм упэплъэныр ары. ТхьэлъэIу тшIы зыхъукIэ, Тхьэм ынэгу тызэрэлъыхъоу, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ шIу тэ Тхьэм тызэрилъэгъурэр тшIошъы ыгъэхъоу ыкIи «Тят!» тIонышъ, тыджэнэу къытеIожьы.

ЯщанэрэмкIэ, а Тхьэм ЫIпсэ дэдэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмкIэ ыкIи тэ тигъашIэкIэ Тхьэм ибын тызэрэщыщыр къэзыушыхьатрэм тэ шэн-гъэпсыкIэу тиIэм ишыхьатныгъэ регъэкъу. Тэ икIэрыкIэу Тхьэм ибын тыкъыщэхъужьымэ, ащыгъум Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ тыгу илъ. Зэрэщыт шъыпкъэмкIэ,

Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ тыгу зэрилъыр – Тхьэм ибынхэм фэгъэкIотэныгъэ ин дэдэу яIэмэ ащыщ. АщкIэ ахэр нэмыкIмэ ахэошIыкIых: «Сыда пIомэ, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ едэIурэ цIыф пстэури Тхьэм ибыных». Джыри: «Христос ЫIпсэ ЛъапIэ зыгу имылъыр Христос ицIыфхэм ащыщэп». (Рим 8:9-17). Тыгухэм ащыпсэу зыхъугъэм ыуж охътабэ темышIэу Ащ тищыIакIэ зэхъокIныгъэхэр фишIыхэу ыублэщт. Иуан иапэрэ тхылъы ащ фэдэ ушэтыным шъхьасынчъэу къыщытегущыIэ. Тхьэм иунашъохэм ямыдэIоу, къыпэблэгъэ цIыфхэмкIэ ипшъэрылъ зымыгъэцакIэрэр, сыд ежь ерэIу фаеми, христиан шъыпкъэп. Шъыпкъагъэмрэ шIулъэгъумрэ – зэблэпхъун умылъэкIын шэнэу Тхьэм ибын щыщмэ ахэлъых.

*ЦыхъэшIэгъу зэфыщытыкIэхэр*

Гузэфихыгъэкlэ Тхьэм фыщыт ыкIэ фэтшIыгъэу ыкIи аущтэу зэрэщытыр Тхьэм и-ГущыIэ шъыпкъэкIэ тшIошъ хъужьыгъэу къызшIодгъэшIын. Ау цыхьэ афэпшIы хъущта ащ фэдэ зэфыщытыкIэхэм? Хьаумэ джы дэдэм Тхьэм ибын щыщы ухъунышъ, ащ лъыпытэу ащ мыштэ къыпфашIын алъэкIыщта? Библием бэрэ къыщеIо – Тхьэм фыщытыкIэу фыуиIэр зэпыунэу зэрэщымытыр. Паул зэритхыщтыгъэмкIэ, бынхэми а фыщытыкIэр къафэнэжьыщт ыкIи Рим къалэ дэсхэм афитхыгъэ тхылъым ияенэрэ шъхьэ дэгъу дэдэу къызэрэщитхыгъэу, Тхьэм ибынхэр зыми Тхьэм пэчыжьэ ышIынхэ ылъэкIыщтэп, сыда пIомэ Ащ шIулъэгъоу къытфыриIэм тыхигъэнынэу зыми гъэшIэным ыкIуачIэ къыхьыщтэп.

«Ау псэкIод сшIэ зыхъукIэ, сыда хъурэр?» – укъэупчIэн плъэкIыщт. «Тхьэм ибынэу сызэрэщытымкIэ фитныгъэу сиIагъэхэм сагокIыжьэу, Тхьэм ибын сыщымыщыжьэу мэхъуа?» Хьау. ЦIыфым иунагъо ар ежъугъапш. Сабыим идысыгъэкIэ янэ-ятэхэм агу хегъэкIы. Яунагъо ошъуапщэр къышъхьэрэхьэ. Мыхъун горэ къэхъунэу паплъэх. Ятэрэ ыкъорэ зэдэгущыIэхэрэп. Сыда къэхъугъэр? Шъэожъыер ятэ ыкъожьба? Ахэмэ язэфыщытыкIэ зэблэхъугъэ хъугъэп. Язэзэгъыныгъэ зэщыкъуагъэ. ЗэфыщытыкIэр уикъэхъукIэ елъытыгъ, адрэр зэпхыгъэр уизекIуакI. Шъэожъыер изе-

кIуакIэ къыфагъэгъунэу къызэрэкIэлъэIоу, ащ фагъэгъущт. ЗыфагъэгъукIэ, зэдэгущыIэхэу аублэжьыщт. Ащ фэдизым зэфыщытыкIэхэр зыпкъ итыгъэх. Сабыир а уахътэм къыкIоцI даIощтыгъэп, уигъэгубжынэу зекIощтыгъэ, ау ятэ ыкъоу къэнэжьыщтыгъэ.

Тхьэм ибынхэри джащ фэдэх. ПсэкIод тшIэ зыхъукIэ, фыщытыкIэу Тхьэм фытиIэр зэрэщыIэу къэнэжьы, ибын тызэрэщыщ, ау тизэзэгъыныгъэ зэщыкIуагъэ ыкIи ар зыпкъ иуцожьыным пае, псэкIодэу тшIагъэмэ тяуцолIэжьынышъ, ахэр къытфагъэгъунхэу Тхьэм телъэIун фае. «ТипсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьэхэмэ, Ар шъыпкъэу ыкIи зафэу зэрэщытым пае, типсэкIодхэр къытфигъэгъущтых, зэкIэ къончагъэхэри тыгухэм аригъэкъэбзыкIыжьыщтых», сыда пIомэ «зыгорэм псэкIод ышIэмэ, Ты ЛъапIэм тэ къытфелъэIунэу зыгорэ тиI – ар шъыпкъагъэ зиIэ Исус Христос ары. КъурмэныпхъэуТэ типсэкIодхэр тфэзыпщыныжьырэр Ежьыр ары» (1 Иуан 1:9, 2:1-2). Арышъ непэ мытэрэзэу шъушIагъэр жъугъэтэрэзыжьыным пае, пчыхьэ нэс шъуемыж, къэкIощт тхьаумафэм нэс уежэныр хэгъэкIыри. Ащ ычIыпIэкIэ лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыри, Тхьэм къыпфигъэгъунэу шъырытэу елъэIу. Угу къабзэу ыкIи мыушIоркъыгъэу зепхьаным ыуж ит зэпыт.

Ар нэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, зэ ныIэп Тхьэм ыпашъхьэ шъыпкъагъэ тиIэу зэрыт чIыпIэ тиуцон зэрэтлъэкIыщтыр; ау мафэ къэс къытфигъэгъунэу тищыкIагъ ыкIи телъэIун фае. Исус апостолхэм алъакъохэр зетхьакIхэм, ащкIэ щысэ дэгъу аригъэлъэгъугъ. ЫIэхэри ышъхьи джауштэу къыфитхьакIынхэу Петр Ащ елъэIугъ. Ау Исус джэуап къытыгъ: «ЗызыгъэпскIыгъэм ылъэкъохэр ары ныIэп ытхьакIынхэ фаер, сыда пIомэ ар зэкIэ къабзэ». Ерусалим мэфэкIэу щыIэм рагъэблэгъагъэм кIоным ыпэкIэ зигъэпскIыщт. Иныбджэгъу иунэ ар къызыскIэ, джыри зэ зигъэпскIынэу къыраIощтэп, ау унэIутыр пчъэшъхьаIум къыщыпэгъокIынышъ, ылъакъохэр фитхьакIыщтых. Джащ фэдэу, типсэкIодхэм тафыкIэгъожьызэ, апэрэу Исус дэжь тыкъызыкIокIэ, зытэгъэпскIы (ащкIэ шъыпкъагъэ тиIэу Тхьэм телъытэ ыкIи таумэхъы). Ар ащ нахьыбэрэ кIашIыкIыжьырэп. Ау дунаим игъогу сэпалъэмэ татетыфэ, тэ ренэу тлъакъохэр ттхьакIы-

хэзэ тшIын фае (джары мафэ къэс уипсэкIодмэ уафыкIэгъожьыным ыкIи Тхьэм къыпфигъэгъуным къикIырэри).

*Христианым ипшъэрылъхэр*

Тхьэм ибын ущыщыныр – фэгъэкIотэныгъэ шIэгъо дэд. Ау ащ пшъэрылъ горэхэри къыпфешIых. Джары Петрэ къыригъэкIыгъэр, мощтэу зетхым: «Сабыеу къалъфыгъакIэхэр янэ ибыдзыщэ зэрэкIэхъопсыхэрэм фэдэу, шъори Тхьэм игущыIэхэу щэ къабзэм фэдэхэм шъуакIэхъопс, ахэмкIэ иныгъэ шъухъоу, шъумыкIодэу Тхьэм шъукъигъэнэжьыным пае» (1 Петр 2:2).

Тхьэм ибын фэгъэкIотэныгъэ ин дэдэу иIэр – фыщытыкIэу Тхьэм фыриIэр, пшъэрылъ ин дэдэу иIэр – ащкIэ иныухъуныр. ЗэкIэхэми ясабыйхэр шIу алъэгъух, ау ахэр егъэшIэрэу кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм къычIэнэнхэу хэти фаеп. Ау тхьамыкIагъоу хъун ылъэкIыщтыр – икIэрыкIэу щыIэныгъэ зыгъотыгъэ христианхэм ащыщ бэхэр зытетыгъэм зэрэтетхэу, хахъо амышIэу къэнэжьых. Ар нэмыкI цIыфхэми къягуао. Адрэ лъэныкъомкIэ, уашъом щыIэ Тятэ ыгъэнэфагъ Христос щыIэныгъакIэ зэритыгъэхэм «Христос зэрэфышъыпкъэхэмкIэ анныбжь икъунэу». Укъызыхъугъэм ыуж пхэхъон фае. Тхьэм ибын тызыхилъытэкIэ, Тхьэм ыпашъхьэкIэ тигукъэбзагъэ хэхъон фае (ащ Петрэ зэреджэрэр – «тымыкIодэу тыкъэнэжьыным пае хахъо тшIыныр»).

Христианым хахъо щишIын фаеу щыIэныгъэм лъэныкъуитIу иI. Апэрэр – зэхэшIыкIыныгъэр, ятIуанэрэр – Тхьэм ыпашъхьэкIэ угу нахь къабзэ хъуныр ары. Христиан щыIакIэр зытыублэкIэ, тэ джыри мэкIэ дэд къыдгурыIорэр ыкIи Тхьэр нэIуасэ тфэхъугъэ къодый ныIэп. Джы Тхьэри, тиЗиусхьанэу, тыкъэзыгъэнэжьыгъэу Исус Христос зэрэтшIэхэрэм ахэдгъэхъон фае. А шIэныгъэр – зымкIэ зэхэшIыкIыныгъэм епхыгъ, адрэмкIэ тишэн епхыгъ. Ащ елъытыгъэу къышъуасIо сшIоигъу: Библием зэрэзэжъугъашIэрэм дакIоу, христиан шIошъхъуныгъэм фэгъэхьыгъэ тхылъ дэгъухэми шъуяджэн фае. Тхьэр къыбгурыIоным зэрэхэбгъэхъон фаем къикIырэр зэхэмышIыкIыным ищынагъо уIукIэныр ары.

Тигукъэбзагъэми хэдгъэхъон фае. КъэбарышIур зытхы-

гъэхэм Тхьэм шIошъхъуныгъэу фытиIэм зэрэхэхъон фаем игугъу къашIы. Тхьэм ибын щыщыр ишэнкIи изекIуакIэкIи Тхьэм Ыкъо фэдэу зэрэхъуным сыдигъуи кIэхъопсы. Христиан щыIакIэр – ар шъыпкъагъэ зыхэлъ щыIакI. Тхьэм иунашъохэмрэ ишIоигъоныгъэмрэ тызэрафэшъыпкъэщтым ыуж титын фае. Зы лъэныкъо горэмкIи ащ пай Тхьэм Ежь ЫПсэ ЛъапIэр къызфытититыгъэр. Ащ тэ тпкъышъол унэ лъапIэ зыфишIыжьыгъ. Ар тэ тыгу илъ. Ащ тыфэIорышIэу, игъогу тытетэу тыщэIэфэ, Ащ къончагъэу тыгу къихьэхэрэр егъэкIодых, илэжьыгъи тищыIэныгъэ къыхилъхьащт, ар «шIулъэгъуныгъэр, гушIуагъор, щыIагъэр, шIугъэр, гукIэгъуныгъэр, шIошъхъуныгъэр, гушъэбагъэр, зыщыIэныгъэр» (Гал. 5:16, 22-23).

Ау сыдэущтэу зыхэдгъэхъощта? Фэдэ хахъо зэрэпшIыщтым ишIыкIэу шъэфищ щыI. А дэдэхэр арых Тхьэм ибынхэм пшъэрылъэу яIэхэри.

*Тхьэм ыпашъхьэкIэ типшъэрылъ*

Тхьэм фыщытыкIэу фытиIэхэр цыхьэшIэгъухэми, зы чIыпIэ итхэу щытэп. Мафэ къэс ахэр пэблагъэхэ хъунхэу, ахэмэ хахъо ашIынэу, Ар фай. Христианмэ ялIэуж зэтекIмэ зэрагъэшIагъ ащ уфэзыщэщт гъогур – Библием уеджэзэ ыкIи Тхьэм уелъэIузэ мафэ къэс ыпашъхьэ уихьаныр ары. Хахъо зышIы зышIоигъо христианымкIэ ар умышIэмэ мыхъунэу щыт. Тэ зэкIэхэми Iоф горэ тиIэ зэпыт, ау Тхьэм тыфэлэжьэныр апэ идгъэшъынэу уахътэ къэдгъотын фае. Ащ ренэу тынаIэ зытетыжьын фаеу тишIыщт, ау Библиемрэ уахътэр тэрэзэу зэрэдгъэфедэрэм лъыплъэрэ сыхьат къытеомрэ хахъо зэрэтшIырэм тицыхьэ тырагъэлъыщт.

Библием тызэреджэрэмрэ Тхьэм тызэрелъэIумрэ зэрэзэкIэлъыкIохэрэм улъыплъэным мэхьанэ иI, сыда пIомэ Тхьэм и-ГущыIэ тхыгъэкIэ Ар тэ къыддэгущыIэ, Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, тэ Ежь тыдэгущыIэ. Библием тызэреджэрэм гъэпсыкIэ тэрэз иIэмэ нахьышIу. ШIыкIэ зэфэшъхьафхэр щыIэх. Уеджэным уфемыжьэзэ, Тхьэм ЫПсэ ЛъапIэм елъэIу унэхэр къыгъэплъэнхэу ыкIи уиакъыл къыгъэнэфынэу. Ащ ыуж умыгуIэу, уегупшысэзэ ыкIи зэхэпшIыкIэу еджь. Къэзгъэнэфэ-

рэ тхыгъэхэр бгъэфедэхэмэ дэеп. ЕтIанэ узэджагъэхэр о уищыIэныгъэ щыгъэфедэхэзэ шIы. Унашъохэу, бгъэцэкIэн фаехэри Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэхэри къыхэгъэщых, узкIырыплъын плъэкIыщт щысэхэм, зызщыудзыен фае псэкIодхэм унаIэ атедз. ЗэбгъашIэрэр зэкIэ дэптхэнэу тхылъ цIыкIу уиIэмэ дэгъу. Анахьэу узлъыплъэщтыр Исус Христос. Ар – анахь мэхьанэ зиIэу Библием хэтыр. Ежь ышъхьэкIэ нафэ зыкъызэришIырэр зэрэтлъэгъурэм дакIоу, Библием инэкIубгъохэмкIэ Ащ нэIуасэ тыфэхъущт.

ЕтIанэ Тхьэм елъэIу. Джы дэдэм Тхьэм къыуиIуагъэм тетэу удэгущыIэнымкIэ къегъажь. Узэджагъэм утемыкI! Ежьым ыкIи щытхъушхоу иIэм афэгъэхьыгъэу къыбдэгущыIагъэмэ, ори Ащ ищытхъу Iуатэ. ЫкIи о уипсэкIодхэм къатегущыIагъэмэ, ахэр ыпашъхьэ илъхьэхи, афыкIэгъожь. Узэджагъэм шIоу пфиIуагъэу къыхэфагъэмэ апае щытхъу фэшI, ори уиныбджэгъухэми гъуазэу хэпхыгъэр къашъхьэпэнэу кIэлъэIу.

Библием щыщэу узэджагъэм фэгъэхьыгъэу Тхьэм узелъэIурэм ыуж, джыри Тхьэм уелъэIу пшIоигъоу ухъущт. Тхьэм лъэIу фэпшIынымкIэ Библиер апэрэ IэпыIэгъоу уиIэмэ, уитхылъ цIыкIу – ятIонэрэ IэпыIэгъу. Мафэу уапэ илъыр зэрипхъухьэрэр ащ датх, пчыхьэм джыри зэ еплъыжь, псэкIодэу пшIагъэмэ яуцолIэжь, Тхьэм шIоу къыпфишIагъэхэмэ апае щытхъу фэшI, цIыфэу узэрихьылIагъэхэм апае елъэIу.

Тхьэр – о Уят. Узэрэщымытэу зымышI, цыхьэ шIы, гушхуагъэ къызхэгъаф. О къыохьылIагъэ IофхэмкIэ, АщкIэ цIыкIу-шъокIу щыIэп. Бэ темышIэу къыбгурыIощт уиныбджэгъухэу, Iахьыл-благъэхэу узыфелъэIу пшIоигъохэм ацIэхэр птхыхэмэ зэрэнахьышIур. Узфаер хэбгъэхъонэу е хэбгъэкIынэу ар гъэпсыгъэмэ нахьышIу.

*Чылысым ыпашъхьэкIэ типшъэрылъ*

Христиан щыIакIэр – о пшъхьэ закъо фэгъэхьыгъэу щытэп. Тхьэм ибын цIыфыкIэу укъыхэхъожьыгъэмэ, Ар у-Ятэу зэрэхъурэм дакIоу, Тхьэр зышIошъ хъоу хэти дунаим тетыр, сыд фэдэрэ цIыф лъэпкъ щыщми е конфессие хэтми, Христос

узэрэготымкIэ ар пшы е пшыпхъу мэхъу. Библием христианмэ зэряджэхэ хабзэу къыхафэрэр – «зэшыхэр». Ар – шъыпкъэгъэ ин. Ау Христос идунэе чылыс ухэт закъокIэ екъу пшIошIыныр тэрэзэп. Ащ ичIыпIэ къутамэ ухэтын фае. Джащ фэд, университетым е нэмыкI чIыпIэ горэм щызэхэщэгъэ христиан хасэм ухэт къодыекIи икъущтэп (ащ иIофшIэн дэгъоу ухэлэжьэнэу сицыхьэ телъми). Христиан пэпчъ ичIыпIэ – чылысым хэтэу, дин Iофэу ащ зэрихьэрэ пстэуми ахэлэжьэн фае.

Сыд фэдэ чылыса сыздэкIощтыр пIоу ащ фэдэ упчIэ къэптынкIи мэхъу. Узщыщ унагъом илъ хабзэмкIэ чылыс гъэнэфагъэ горэм уепхыгъахэу щытмэ, е мы аужырэ уахътэм укIоу уихэбзагъэмэ, ушъхьагъушхо щымыIэмэ, ащ укIоныр зэпымыгъэу. Ау чылысэу уздэкIощтыр къыхэпхын уфитмэ, ащыгъум мары узэрыгъозэн плъэкIыщтхэр. Апэрэр – дин пащэр, ятIуанэрэр – зэIукIэр. Дин пащэр Тхьэм и-ГущыIэ Тхыгъэмэ лъытэныгъэ икъукIэ афэIорышIа, ахэр тэрэзэу къыIуатэхэу ыкIи непэрэ щыIакIэм рипхынхэ ылъэкIэу? ЗэIукIэр, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ цIыф зэхэтыкIэу Христос шIу зылъэгъухэу, ежьхэри шIу зэрэлъэгъужьхэу, дунаим ицIыфхэр шIу зылъэгъухэрэм пэблагъэу гъэпсыгъа?

Умэхъыныр – нэкIэ плъэгъурэ христиан зэдэпсэукIэм екIурэ лъагъу. Ащ нэмыкI мэхьанэхэри зэриIэр тлъэгъугъэ, ау о уамыумэхъыгъэмэ, чылысым идин пащэ ащ уфиухьазырынэу елъэIу. Ащ ыужы христианмэ уахахьэу, уакIыгъоу ублэ. АпэрэмкIэ бэхэр къыбгурымыIохэу къыпшIошIын ылъэкIыщт, ау ащ пае уахэхьаныр къэмыгъан. Тхьаумэфэ мафэм чылысым е тхьэлъэIупIэ унэм укIоныр – ар христианым ипшъэрылъ. Христиан чылысым зэкIэ икъутамэхэм зэралъытэрэмкIэ, Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэр – анахь мэхьанэ зиIэу Христос къытфигъэуцугъэ пшъэрылъ, ащ ихьатыркIэ узэхэтэу, Христос зэрэлIагъэр угу къызэдэогъэкIыжьы.

Чылысым ущызэхэхьаныр – тхьэумафэр чэфэу зэрэбгъэкIощт амалэу къышъушIомышIыгъэнэу сэгугъэ. НэмыкI христианхэр шIу плъэгъунхэр, апэрэмкIэ ар шIошъхъугъуаеу щытми – ар кIэу ыкIи хъун зылъэкIынэу гузэхашI. ЯкъэхъукIэкIи аныбжькIи зэфэшъхьафхэу христианхэр зэхахьэхэ

зыхъукIэ, ащ ныбджэгъуныгъэ зэфыуиIэным ыкIи узэрэгъэбаижьыным иамалыкIэхэр къетых. Христианым анахь ныбджэгъу благъэу иIэщтхэри, игъэшIэ гъогукIэ шъхьэгъусэу хищтри христианынхэу щыт къытшIошIы (еплъ, гущыIэм фэшI, 2 Кор. 6:14).

*Дунаим ыпашъхьэкIэ типшъэрылъ*

Христиан щыIакIэр – унэгъо зэфыщытыкIэхэу сабыйхэмрэ тымрэ зэрэзэгъусэхэм ыкIи ежьхэри зэрэзэгъусэхэм гушIуагъо зыщыхагъуатэрэ щыIакIэр ары. Ау христианым ипшъэрылъ ащ щеухэу зы такъикъкIи къызшIобгъэшIы хъущтэп. Ашъхьэ щэхъу ымыгъэгумэкIырэ шъхьэгъэшIожьхэу, зыфэрэзэжьхэу ыкIи зыщыгушхукIыжьрэ куп горэу христианхэр щытхэп. Хьау, христиан пэпчъ ежь нэмыкI цIыфхэм яIофхэм лъэшэу агъэгумэкIы ыкIи фэшIэщтымкIэ ахэмэ афэлэжьэныр ипшъэрылъ лъапIэмэ ащыщ.

Христиан чылысым бэ IофышIоу зэшIуихыгъэр фэныкъуагъэ зиIэхэм, пыдз ашIыгъэ цIыфхэм апае – тхьамыкIэхэр, зышхын зимыIэхэр, сымаджэхэр, егъэзыгъэхэр, фитыгъуаджэхэр, пщылIхэр, хьапсдэсхэр, ибэхэр, зичIыгу рафыгъэхэр. Непэрэ мафэхэми Христос ыцIэкIэ христианмэ цIыфмэ якъинхэмрэ янэшхъэигъэрэ нахь макIэ ашIыным пылъых. Ау IофшIэныбэ джыри тэ къытэжэ. Христиан диным щымыщхэм загъорэ тэ, диныр зылэжьхэрэм, гукIэгъоу къытхэфэрэм нахьыбэ къахэфэ.

Христианхэм дунай-цIыфмэ афэгъэхьыгъэу хэушъхьафыкIыгъэ пшъэрылъ яI (дунай-цIыфхэр – Библиер джары зэряджэрэр Христосыри чылысыри зышIошъ мыхъурэмэ). А пшъэрылъыр – евангелизмэр ары. Ащ къикIырэр – Исус Христос фэгъэхьыгъэ къэбарышIур цIыфмэ зэлъябгъэшIэныр ары. Христос ыкIи Ар цIыфхэр мыкIодэу къызэригъэнэжьхэрэм афэгъэхьыгъэу зи амышIэу бэ джыри Азиеми, Африкэми, Латинэ Америкэми арысыр, къохьэпIэ лъэпкъхэми ахэтыр. ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм къакIоцI чылысыр шъхьаукъагъэм фэдагъ. Хэты ышIэра, тэ тилъэхъан христианхэр къэущыжьынхэшъ, Христос пае дунаир зэлъаубытынкIи мэхъуба? Ори Ар къыпщэгугъынкIи мэхъу, Къэбары-

шIум уфэлажьэзэ, е шIошъхъуныгъэм игъогу цIыфмэ зэлъябгъашIэзэ, а къызэрэпщыгугърэр зэшIопхынэу? Джы дэдэм гъэсэныгъэ зэогъэгъотымэ е уигъогу къыхэпхыгъахэмэ, ипхъухьащтымкIэ умыгуI. Ау Тхьэр къызэрэпщыгугъырэр уигъашIэ щыбгъэунэфынышъ, ащ уфэIорышIэным упылъын фае.

Христиан пэпчъ дин пащэу е миссионерэу щытынэу хэхыгъэп, ау хэтрэ христиани Исус Христос шыхьат фэхъунэу Тхьэм унашъо пытэ ешIы. Иунэ исми, иныбджэгъумэ ахэтми, IофышIэ щыIэми, христианым Христос фэдэу шIулъэгъуныгъэ, шъырытыгъэ ыкIи гукъэбзагъэ зыхэлъ щыIакIэ зэрихьан, фэдэ щыIакIэм нэмыкIхэри кIигъэхъопсынхэ фае. Къаигъэ ымышIыхэу, шъхьэкIафэ афишIэу, ау теубытагъэ къыхэфэзэ зекIон фае.

ТхьэлъэIукIэ уублэн фае. Тхьэм елъэIу уиныбджэгъу зытIу горэм шыхьат уафэхъунымкIэ. О ухъулъфыгъэмэ, хъулъфыгъэхэмэ шыхьат афэхъу, о убзылъфыгъэмэ бзылъфыгъэхэм шыхьат афэхъу. Шъузэлэгъумэ дэгъу. Ащ ыуж ахэмэ Тхьэр ашIошъ хъунэу зэпымыоу шъуафелъэIу. Ныбджэгъуныгъэу шъуазфагу илъым, а ныбджэгъуныгъэм пае, хэхъоным уфэгумэкIэу егугъу, бэрэ акIыгъунэу шIы ыкIи ежьхэм шIуагъэ къызэрафихьыщтым пае шIу лъэгъух. Чылысым е нэмыкI зэIукIэ горэм къебгъэблэгъэнхэу амал уиIэ хъущт, ащ КъэбарышIум нэIуасэ щыфэхъущтых е христиан шIошъхъуныгъэм фэгъэхьыгъэ тхылъ горэ еджэнхэу яптыщт, е къафэIуат Исус Христос оркIэ мэхьанэу иIэр, Ар о къызэрэбгъотыгъэр. Игугъу къэсшIыжьынэу ищыкIагъэпщтын, о уизекIуакIэ димыштэрэ шIошъхъуныгъэу къафэпIуатэрэм зи мэхьанэ зэримыIэщтым. О уищыIакIэу нэрлъэгъоу Христос зэрихъокIырэм нахьи, нахь лъэкIыныгъэ иIэнкIи мэхъу Христос пае кIуачIэ зыхэлъ шыхьатныгъэ цIыкIум.

Джащ фэдэ фэгъэкIотэныгъэ ин дэдэхэр ыкIи пшъэрылъхэр Тхьэм ибынхэм яIэх. Тхьэм иунагъо къихъухьагъэу, уашъом щыIэ Ятэ пэблагъэу, фэшъыпкъэу ыкIи зэщымыкъон фыщытыкIэ зэрэфыриIэм гушIуагъо хигъуатэу, христианыр Iэдэб хэлъэу мафэ къэс Библием еджэ ыкIи Тхьэм елъэIу, чылысым фэлэжьэнымкIэ шъыпкъагъэ фыриI, ишъыпкъэу фэлажьэ Тхьэм ыкIи Христос игъогу зэрэтетыр ищыIакIэкIэ къегъэшъыпкъэжьы.

Христианым ищыIэныгъэ зэригъэпсын фаеу къэтIотагъэм нафэ къешIы Христос игъогу рыкIорэм къин зэрилъэгъурэр. КIэкIэу къэпIощтмэ, дунэитIу – тетыгъуитIу – тащэпсэу, уашъомрэ чIыгумрэ. ТIуми къытфашIырэ пшъэрылъхэм защытыдзыен тыфитэп.

Зы бгъумкIэ, КъэбарышIур зытхыгъэмэ къэралыгъом, Iэшъхьэтетэу тиIэмыкIи зэкIэ цIыфхэм апашъхьэ щытиIэ пшъэрылъхэм бэрэ ягугъу къашIы. А пшъэрылъхэм такIэрыкIынэу Библием фит тишIырэп – мистицизмэми монастырми зяттынэуи, ары пакIошъ, христиан куп зэхэхьагъи тахэхьанэу, мы дунаим зыхэдгъэкIыгъэу.

НэмыкI лъэныкъомкIэ укъекIуалIэмэ, КъэбарышIур зытхыгъэмэ тыгу къагъэкIыжьы тэ «хымэу ыкIи хымэхэсэу чIыгум тызэрэтетыр», «тихэку уашъор ары» ыкIи мыкIодыжьын псэупIэу тиIэм тэкIо (еплъ, гущыIэм фэшI, 1 Петр 2:11; Фил. 3:20; 2 Кор. 4:16-18). ЕтIани, тэ чIыгум мылъкушхо щытыугъоеу тыщымытынэу, е тшъхьэ тыфэлэжьэнэу, е къинэу мы дунэе гъашIэм щытлъэгъурэмэ зядгъэгъэнэшхъэеу тыщымытынэу Библием къытфегъэпытэ, е мы дунаим ихабзэхэм тыкъыращэкIэу тыщымытынэу.

Христианым къин лые фэдэу пэкIэкIырэр нахь макIэ ышIын ылъэкIыщт, Христос пае дунэе гумэкIхэр щигъэзыягъэхэу фежьэмэ, е Христос щыгъупшэным пае дунэе гъашIэм зыритмэ. Ау а шIыкIитIумэ язи христиан шъыпкъэм къыхихын ылъэкIыщтэп, сыда пIомэ тIуми христианым ипшъэрылъ зыщыбгъэзыен фаеу къашIы. Зыпкъ ит христианэу Библием рыгъуазэр Христоси ыгъэлъапIэу, цIыфхэми адэпсэоу щыIэн ылъэкIыщт. ТIумэ язи щигъэзыен ылъэкIыщтэп.

А щыIакIэр – Христос ыуж ихьагъэмэ къызэряджэрэ щыIакIэр ары. Ар зэлIэм ыуж къэхъужьыгъ, гъэкIэжьыгъэ щыIакIэ тэ къытитыным пае. Ащ фэдэ щыIэныгъэ тиIэным пае тэ Ащ ЫIпсэ ЛъапIэ къытхилъхьагъ.

Джы дэдэм Ар игъогу тырыкIонэу къытэджэ, къытэджэ щыIэныгъэу тиIэмкIэ зэрэпсаоу ыкIи гъунэнчъэу зеттыгъэу Ежь тыфэлэжьэнэу.